# KÀDDUY SËRIÑ MBAY JAXATE

V3 - 06/2025



**Indications : (source Drouss.org)**

| | **Wolof** | **Français** |
|---|---|---|
| **e** = é | per | pér |
| **u** = ou | rus | rous |
| **c** = th | caam | thiam |
| **ñ** = gn | ñam | gnam |
| **x** = kh | xol | khol |
| **j** = j | jibi | jibi |
| **nj** = nd | njaay | ndiaye |
| **nd** = nd | nday | ndeye |
| **ŋ** | ŋaam | (machoire) |
| **ë** = eu | gëm = | gueum |
| **é** = è (plus dur) = rér | | perdu |
| **óo** = au | góor | gaure |
| **q** = xx | suqali | soukh khali |
| **ii** - uu - oo - aa ee (tirer sur le son) ; Ex : biir - suur -xool - gaal - xeer | | |

“Alhamdulilaahi fas naa yéene tàmbali tay
Ag cant goo xamni dootul dog ta noo gi dogul

Ta **noo gi sax bu dogee may sant fàww ndaxam**
Ngir Yàlla may nama ag noo at yu yàgg asal”

*SMJ*

# ADDIYA
# **SËRIÑ MBAY JAXATE**

Contacts : Sëriñmbayjaxate@gmail.com
Neuilly sur Marne, France
16/06/2025

# Table des matières


Ñaanal Sëriñ Mbay ........................................................ 24

Ndaxam ab Murid ... ....................................................... 27

Murid dafay gaaw ... ...................................................... 34

Sama jëmm a ngii .......................................................... 36

Yaw Mustafaa awma sag pay ........................................ 38

Jaajëf ku dul yaw ligéey ul gaa ya wéy da ñu daa ........... 39

Yaw Mustafaa mangi nii lew naala jënd nga ma !........... 40

Ma jóg ligéey al Sëriñ Tuubaa mu tedd ma man............. 42

Bàmba a ma takkalu sàllam Mustafaa ne ma cas ........... 43

Yaw Mustafaa boo amee as coxla .................................. 45

Murid bu sab sang nekke bis fi as mbarabam ................ 47

Weeru Koor .................................................................. 49

Maa bon te Baax ub Sëriñ * ......................................... 51

Kudul yaw bawul * ........................................................ 51

Alhamdulilaahi ... .......................................................... 52

Jooyal ma junni bi at ... ................................................. 58

Mo jaa lu deefi defati .................................................... 60

Sëriñ bi yaa gën alal....................................................... 64

Bastul a bon ... .............................................................. 66

Rikk Asan lu man a xew ... ............................................ 69

Ma jug caw ub yar ........................................................ 71
Lu dul ni ñokket ........................................................ 74
Murid dëgg bul mer… ................................................... 77
Xarit dëgg yewwul… ..................................................... 79
Xarit bul tàmmal yaw sa bopp uw lëjal .......................... 81
Masamba sëmbal ci geejug BÀMBA … ........................... 83
Ma wax fi Ahmadu Kumbay…......................................... 85
Àddina bëgg na laa fab waaye… .................................... 88
Àddina moo mën a nax ................................................. 90
Sëriñ bi ayee na jëw...................................................... 92
Yaw foo dajeeteek u nit jàppal...................................... 93
Jàppal sa xol bi defar .................................................... 95
Xam naa ne ag ñàkk a maandoo bon ............................ 97
Nañ jàpp tànk yi ak làmmiñ yi ...................................... 99
Yaw miy nelaw … ........................................................ 101
Maroon naa … ............................................................ 103
Sëriñ bi yiw wu nu xamul … ........................................ 105
Meloy Bàmba … .......................................................... 108
Naa jóg ta ware ku waaru waare ................................. 111
Sa mbind daa na waral … ............................................ 116
Foo bëgg a dem* ......................................................... 117

Bu cér yépp gàntoo def as lëf jafe ................................ 118
Xarit da lay xaral us lëf ciy yëfam ................................ 120
Fasoo nama fase dunyaa ............................................ 122
Yàllaa di géej ug njariñ............................................... 124
Génnal ci ñépp ba set, ................................................ 126
Murid bi yaw jeexalal sag dundu.................................. 128
Damaa dem fi ay sëg .................................................. 130
Sëriñ bee matub sang.................................................. 132
Sëriñ day woote Ibliis di woote … ................................ 134
Sëriñ bi yaa nu fayal taal ub tawat ba mu fay .............. 136
Sheexi gannààraki kajoor ............................................ 138
Ma jóg defal gaayi Tindoodi ........................................ 141
Képp ku séq ub jéego bis............................................. 143
Ku toppatul Yàlla yit boum deeti … .............................. 144
Xarit dëgg yaw bul defub tëddkat ................................ 147
Gaa yile man jébbalu naa ............................................ 149
Ludul ndigal amul njariñ.............................................. 151
Sa jëmm ji lee tax ay du ñëw........................................ 154
Sa jëf ju baaxul bu muy tax * ....................................... 156
Yaa denc yaw ndaw sa................................................. 157
Sëriñ Abdul Ahad … .................................................... 159

Ma jóg man ligéey al Sëriñ Bàmba mii .......................... 162
Yaw Abdu Xaadr laxasul ............................................. 164
Gisuma man lu jar taxaw ............................................. 166
Ndaxam gaayi may siis akay dox di bañ ........................ 167
Ku dof bay ndamoo baaya mit mbaa ndayam .............. 169
Ma jóg wuti ndëndum cant ak galen ub ngëram .......... 172
Nangul a féete ñépp suuf ............................................ 174
Sëriñ bi man yaa ma gën ............................................. 175
Sëriñ Masàmba Mbàkke............................................. 176
Ndaxam Bàmba yaa jar di sonnal ................................ 178
Ku xëy di neexalu nit ngir * ......................................... 180
Sëriñ bi yaw nanga nu may, Ngir Yàlla ......................... 181
Ndaxam gaayi koo xam ne bàmmeel a koy................... 185
Salamun hãlaykum Mbàkke ........................................ 187
Di bay di bay ba sa mbay ñor xomb nag nga ne cas...... 189
Ma dimbali koo man Yàlla ak Yonenam ........................ 191
Bàyyil ku lay ba * ......................................................... 194
Manoon nga maa wacc bañ maa ma sàkk .................... 199
Doo kenn yaw, ken du yaw* ........................................ 200
Njegam bëgg nga sag murid jag te wér ........................ 201
Murid dëgg bul gaaw a wut kër muñal ........................ 203

Bakan ye nu tee dem na kon leg nu dem ...................... 206
Jaaraaki doomam a jël ndam ñoo am it ........................ 208
Sëriñ bile ak mbooleem ñi njëkkoon a ŋëb ci moom .... 210
La ñu defoon ca soppe ya ........................................... 213
Sëriñ bu nekk Yàl na bég ........................................... 214
Sab sang yaw buko muñ saa........................................ 216
Yàllaa ñu jox ki fi sut* ............................................... 217
Naa tudd fii gaa yu am ndam yuy waral xol a tooy ....... 218
Li xol bi yéene ci aw yiw Yàlla daal a ko xam ................ 220
Ma jóg yafal sama fas wi genn sax jotagul .................... 223
Yàl na nu wuute fàww layoo ba .................................. 225
Àddina moo di kër ug séytaane.................................. 227
Yàlla li muy def sotti na ............................................ 229
Jàppal ñi dee defi nawlee ki xarit aki kem..................... 232
Moo waarekat bile yaw miy waare waaru nga ndax ?.. 234
Mboolo mi tay jii la kori.............................................. 236
Ganug njariñ gaa ngi tàggoo,....................................... 238
Yaw ngën ji képp kuy ligéey ! ...................................... 240
Koo gis da lay raas a key wut lef ti yaw lumu for .......... 243
Yaa gën luñuy bëgg..................................................... 245
Bakan bi neena ma bis................................................. 247

Da noo dàq mbooloo akub jur ba jot ............................ 249
Muñal kem li ngay muñ .............................................. 251
Bul ñéddloo buur ...................................................... 253
Yàlla nii cas yermandeem ak xewalam ni ma am.......... 255
Sëriñ bi yaw yaa war a sant Yàlla ................................. 257
Nit ñi nga gis jaru ñoo waxal jaru ñoo defal.................. 263
Muñal ta def ndànk .................................................... 266
La mat mbég, du am soxna ak fas wu suur, .................. 268
Ña jebbaloon Yàlla ak Yonent ba seeni bakkan ............ 270
Séytaane moo bon, bu seeroo ab murid di dawal ........ 272
Njàccaar a ngii silmaxaa ngi gàddu seeni fetal............. 276
Suñu digg ak Àjjana Yàl nay Àjjana ............................... 278
Dawal ba raw ñi gilay yuuxooka sow aka naw ............. 281
Ndegam gaa ya bay daal a xal seeta añ, ....................... 283
Pexem Yàlla mo gën pexem ......................................... 285
Bu saw jiwu moy sam tooba tex ca sa lépp yaw ........... 287
Tawat ja deñ na .......................................................... 289
Sarax nu mbalaanum cant ak suturaaku yiw ................ 292
Ma tagg sangu sang yi ................................................ 295
Aw gaaya ngi ci suñu suuf ........................................... 297
Xarit nit ñi ................................................................. 300

Xarit dëgg .......................................................... 302
Sëriñ Ndaam Abdu Rahmaan LO .................................. 304
Rëy ug bon du tee man ma jug jëm ci yaw ................... 306
Xastee fi xew aki fen ................................................... 308
Àddina loo ci gis it day wéy nde lëf du fi sax ................. 310
Lu YÀLLA bind, amoo ci ndend ..................................... 313
Sëriñ bi nëbb nga saa mbon gii ba dee fi ma jox ........... 315
Ndegam ndey ak murit ak soxnaa ngi xëy di tawat ...... 318
Àjjana jaa ngii ............................................................ 320
Sëriñ bee di saa koor ak samag julli fàwwu man .......... 327
Dolli nu doo jeele dara ............................................... 329
Bakan bi jàpp ko yar ngir sas ngonee su jubul .............. 330
Taqool akum njàpp ak tuub ak sikar su bari .................. 332
Jébbal nu yaw suñu Boroom ........................................ 334
Yaw ki nu bind ciy nelaw ............................................ 337
Saxaar ug ngërëm gaa ngi nii tey fi nun ........................ 340
Ba naa bépp buntub sang ñëw ci sa buntu bii .............. 342
Jegeb dex xarit am na lor am njariñ ............................. 344
Gawar gum fasam të lumuy laaji fas ............................ 346
Yàllaa la may dund akub wér may ko jaamu wér .......... 348
Yaw mii di sàkku ngëram luy wéy di wéy laxasul .......... 351

Jiley wax it def na wax joj xam ko war na kune ............ 355
Yaaw mii murid yi la wër ............................................ 356
Bàyyil ayib yile ngay yër yaw ta yër sa ayib................... 357
Boo kër këreetee ba am ay jëmm sàkkal i ruu .............. 358
Koo xamni neenab murid laa ...................................... 360
Ma jug defal saa xarit bii nag lu ñépp di gis .................. 362
Ma wax fi Ahmadu Sekk ub dénk tay jile nag................ 363
Fàttee ka bon fàtte dee rekk ay waral nit a bew .......... 364
Ma jox fi Aaminatu'b dénkam ..................................... 366
Budul kon ag ñàkk yóbbal kon ma nemmiku tay .......... 368
Ka soxna ak njël di jaaxal kooka bokku nu man ............ 371
Añ yaa ngi sas yaa ngi kuy wut añ ta waccu sasam....... 373
Soppal ka def Al Jànnay firdawsi moo gën a war .......... 375
Sëriñ bi ku nekk ak nun nag di muñ ba xol ba jeex ....... 377
Réeray waral nit a bon réer ay waral nit a bew ............ 379
Musal nu falaŋ ñu dog bu duuf ak i cantati................... 381
Àddina yaw waxal ak say far yu bon yi la nob ............... 383
Murid bu nekkul fa sangam bay ligéey aka daw ........... 385
Yaw ŋoy ci Yàlla ak ub Yonnentam a la jig .................... 386
Bu ay jugee jëm ci nun, yaw Bàmba wëlbati ko ............ 388
Sa wax ji suuxal na mbooleem wax ju nit mësa wax..... 389

Sëriñ bi sab soppe may koy mbegte fàww aki peñ ....... 390
Waajal nga gaayi ta waajoo yaa ka doy keemaan......... 391
Sëriñ bi yaw mile tabe ............................................... 395
Sëriñ bi yee ma ta may ma ag farlu waxtu wu jot......... 402
Ndaxam lëf a ngii xew loo xamni gaayi dee ko gën ! .... 404
Gaayaa ngi taax ak a jël soxnaa'ka jëndi wota ............. 406
Gaa yi tabax bii tabax man xawma seen i ayib ............. 407
Wut leen a wut bàrke tay muñ wépp tiis ak u naaj ...... 409
Bis boo xëyee lekk ba suur ......................................... 411
Ma jug man ta déeyaale ak sang bi .............................. 414
Lu yàgg yàgg lu baaxay am lu sedd xolay ...................... 416
Sëriñ bi gaa yaa ngi rëbi ............................................ 418
Yal na nu far tawat gu am .......................................... 421
At mile wéy yal na wéy ak ........................................... 426
Nun gaayi ley dundu nañ jug léegi sàkku yóbbal .......... 430
Sëriñ bi nun bëccëg bu jot.......................................... 432
Yaa xam ta yaa am, ta yaa di'b tab, xañoo ñi la moy .... 434
Diirub li ñuy dundu, tuub ak rëccu daal a nu war ......... 436
Sëriñ bi bokkoo ci say wax jëf la moo gën i wax ........... 438
Sa benn kaasub kafe daa dàkk ab komiseer ................. 440
Tay marsàndis um ngëram maa ngii di wékke ni xus.... 442

Li ngay defal Yàlla du doy .......................................... 446
Mbooleem ku nekk ci kaw suuf sii ta yéene ma lëf ...... 448
Firdawsi rekk a nu saf, firdawsi rek a nu doy ................ 450
Sëriñ bi bégal sab xol na sedd nga sant yaw ................. 452
Saxal nu ci péeyib Yàlla xejjal nu fàww nag .................. 454
Sëriñ baa ngi yonne ndaw ci nun ................................. 455
Dugal naa saw nit ñépp ak sama jëmm jii ..................... 456
Yàllante tay jile may suukar, nga def ma kafe............... 457
Ku fiy asar sama digg ak moom akay tilimal ................. 459
Bul yedd kuy sàcc yéerey Bàmba mukkati ngir ............ 461
Xarit xarit bala ngaa yeddaate yaw na nga nég ........... 462
Musal nga nu biir ak biti, fal nga nu door a dem .......... 463
Ma fàtteleeti waa àddinaati Allaaxira .......................... 465
Ma fàtteleeti waa àddinaati Àjjana .............................. 467
Fegal nu yaw ki mën dara sawara ak waa sawara ........ 470
Xarit Yàlla yombul te moo am njariñ............................ 471
Sëriñ bi yaw ki ma may loo xamne kenn amu ko .......... 474
Sëriñ bi tay amoo moroom, fi nit ñi ak fa sa Boroom, .. 477
Laajal ma mbooleem ña am xam-xam ba xam lu ñu wax
........................................................................................ 479
Sëriñ bi yaw mii ........................................................ 481

Da ñoo war a booloo fab xar ug dee ta jox Sëriñ .......... 502
Murid la ko war, tuub ub moyam, sant ag mayam ....... 504
Nañ jéem a sant gëřëm buur ub aras ki nu jox ............ 506
Ca guddi nga woo mbër yépp daane nu xëy du miim ... 508
Ma way ka ñu daa yuuxoo'k a naa bu mu raw, mu far . 510
Saañal sa nopp yi tay noppeeka gëmm di wéy ............ 512
Alhamdulilllaahi rabbil haalamina ma jug ..................... 514
Saa bon gu rëy gi ma xam ak saa ayib gi ma yëg........... 516
Ma jug sant Bàmbaati ngir mooma may ....................... 520
Ba naa lépp maa ngii ci sab àtte tay ............................ 523
Ku jëm ci ab dëkk xeebum ngir du yegg du dem .......... 528
Bàmbaa nu jox li fi dee faa dox di bëgg aka wut........... 530
Sëriñ bi ak bàrkeb "Dibéer" (dimanche), ...................... 532
Nëbbal tawat yi ne fi yaw ........................................... 534
Yàlla na nu yees a yees a yees ..................................... 538
Xarit feddalil gëm feddali'g laxasaayati........................ 541
Bu ñépp dee daw di jëm ciy teen ak ay wuti ndox........ 543
Am leen a am gëm dollikooti'g wóolu it ....................... 545
Yaw ahmadul Xaali déglul nag ma wax la yaw it........... 547
Yaw xaali xàllal sa digg ak Yàlla xàll wu set ................... 548
Bu gaayi dee war i fas tay kaalawooka tëbal ................ 550

Danaa la taggati kat yaw Mbàkke-Mbàkke bile ............ 552
Julleek a màgg ku kàbbar sànni say yoxo nag ............... 554
Sëriñ baa ngi nii tay di tàllal loxoom ............................. 556
Xam naa ci Yaw lu ma saf, am naa ci Yaw lu ma saf...... 558
Ma wax fi lëf lul dafay leeral diggante murid................ 559
Yaa gën ci aajo kudul yaw ken melul ni nga mel........... 562
Man jàpp naa sama xol bii teg fa Yàlla bu wér.............. 564
Bàyyil bàyyil jaloorey gaa yi ngay yër akay ................... 567
Ka xas ŋàbb caabi'b Yàlla Yàl na nu far jubóo ............... 569
Sëriñ bi sa digg ak Yàlla raw nam xel ak xalam ............. 571
Bul moslu sab sang ag jur, dee ko moslu ngëram ......... 573
Gis naa fi man senn ndaw soo xam ne fuq na bët ........ 575
Man xejju Yàlla yi daa naa sàkku bokk ci ñoom ............ 577
Yàllante may xaj su ànd ak xejji Yàlla ya ndax ............... 578
Ma jug feddali'g tuub akub cant man ........................... 580
Sëriñ bi fas naala yéene sant dëgg fi nja ....................... 582
Mbooloo mi ab yeetee ngi nii, waa juy nelaw .............. 583
Sa xol bi génné ci soxnaaki murid aki kër...................... 585
Sëriñ bi doy ngama doyloo naala it ci lune ................... 587
Toolub Sëriñ baa ngi nii yoolub ku koy bay a ngii ......... 589
Ludul Sëriñ bile man mii sànni naako bu wér ............... 591

Nañ yeesal ug tuub ak ub njébbal ak ug bàyyiku .......... 592
Xalaase ñoo ngoogu tay yéeneeka lott ci jëf................. 595
Yàl na nu am gëm gu wér ak jëf ju rafet........................ 597
Diggante Tuubaaki Njaareem ak Nja Yàl na fi taw ........ 601
Mbooleem ku ŋëb ci Sëriñ bii mbaa mu ŋëb ci kokam . 603
Ma sant Bàmba ki xëy teggil ma dég yi ma jam ........... 605
Ma fab fi ay xalimaaki daa ta santati la ........................ 607
Masàmba Xumma fabul jëm kaw li kaw ta fexee ......... 609
Sëriñ bi maa ngii, Saa mbàttu saa ngii.......................... 611
Sëriñ bi ndab laa ta lu tilim laa .................................... 614
Wërsëg, njariñ, bàrke, mbooloo, Gàmmu daal a ko am 620
Bu dee si séddoo ........................................................ 621
Sóobul ngirum Àjjanay waaxooka lagg aka daw ........... 624
Làmboo nga lépp njariñ, làmboo nga lépp ngëram ...... 626
Yaw Bàmba dàqul nu'b murid boo xamne day ............. 628
Yaw mii fasoo jot ci Buur ............................................ 630
Yàl na nu waxtuy juróom daaldi waxal suñu Borooom. 633
Déggal Muhammadu Maamun ak yiwam wu bari ........ 635
Sëriñ bi ngir Yàlla ak Yonnen ba tay gantandul ............ 637
Jubal nga nit ñi ta kenn xeexul waxul fitalul ................. 639
Naa jug fexee sant cant ug xol gu rëy gu rafet............. 641

Ka saytu lépp, ta bëggul lëf, ku topp ci moom ............. 643
Man mii fasoowoon a dox yaw mii nga teg ma ca kaw 645
Firdawsi dëkk bu sedd ub xol la, Yàl na ko mbër .......... 647
Sëriñ bi tay maa ngi nile ........................................... 649
Waa jii rusal gaa yi xëy jëm àll ngir sa ndigal ................ 652
Ma jug feddali'g tuub akub cant man ......................... 653
Manoon nga maa wacc, bañ maa sàkk ......................... 655
Fab naa samay mbir ta fab saa bopp dénkatila ............ 656
Di xutbay murid ta doo def ludul nelaw....................... 658
Ma jug way fi man Baabakar way wu jub..................... 660
Mbooloo mi ag yeetee ngi nii...................................... 662
Sëriñ bi dëgg na mbooleem fan yi gudd....................... 664
Xamal ni taalibe diineemay gëm ub sëriñam ................ 666
Boo jaamuwul Yàlla ngir jëmmam ja jaamu ko ngir...... 668
Li tax man ma jaaxal samay kem.................................. 670
Buurub Aras yaa ngi ànd ak say malaaka bu wér.......... 672
Fan yaa ngi nii li ci des nag Yàlla na gën li ci wéy.......... 674
Farlul ta waxtu wu jot ngay yër sa bopp ba xam .......... 676
Sëriñ bi gaa yi ne fi nun .............................................. 678
Sëriñ bi nun yaa nu rokkas yaa nu roofat u yiw ........... 681
Ey yaw murid bile bul sol dàll ak mbaxana .................. 683

Bi Yàlla àttee nga def nag bunt yewwula yaw............... 684
Lii tee mu taw ñoo ko def ngir ñoo deful la nu war ...... 686
Budul kon ak la ma déggoon jëkk tay ci lu jub .............. 688
Sëriñ bi may nga nu ñu baax ....................................... 690
Njaaréem a di dig dex................................................. 693
Tawat naa samag bon ci yaw miy fajal.......................... 697
Tee ngeen a far muñ Sëriñ baa ngii ñëw ak lu rafet ..... 699
Ba naala ag mbir yi tay maa ngi ci say yoxo man .......... 702
Nañ nég ba dem àjjanay maareeka.............................. 704
Dëkkal ci xol yi ............................................................ 706
Ni xam-xam jafee kug jur ku xëy boole yépp am .......... 710
Xamal say ayib te far say ayib..................................... 713
Ngirum Sëriñ bile jàpp ug njàmburay la ci war ............ 714
Ma wax fi lëf lul dafay leeral diggante murid................ 716
Jumaa ji Bàmba digal mboolem ñoñam sog a dem ...... 718
Julleek a màgg ku kàbbar sànni say yoxo nag ............... 719
Sëriñ bi man bu ma santee sant bay bëg a ba .............. 721
Bu gaayi dee war i fas tay kaalawooka tëbal ................ 723
Am leen a am gëm........................................................ 725
Jugal fa ñépp di buxbuxloo.......................................... 727
Fabal sa ñam joxe te xiif ............................................... 730

Demba kebe ma dénk la ............................................ 733
Murit moo di koo xam ne bëggul dara .......................... 736
Murit boo bëggee raw lu bon jot ngëram ..................... 738
Murit saxaar a ngi ni seetal mbiram ta xalam ............... 740
Koo xamne man mi maa ko tooñ ................................. 742
Sànnil sa sang bi'g.................................................... 744
Ma jóg te fàggul jullit ñi yóbbal .................................. 747
Sëriñ bi yaa mat a jubóol ........................................... 752
Dàq nga lor mu sori nu ............................................... 755
Ligéeyal nga Yàlla, ligéeyal Jabeel ............................... 758
Gis naa lu rëy la nga def ............................................ 760
Baaxal ta bul gis mukk nit kuy bon di bon .................... 762
Moyul lu bon kem sa kàttan, dab ngëram la nga mën . 764
Xamal ni Yàlla bu tijjee bunt ken du ko tëj.................... 766
Xëy naa la gaawu di sàkku'b wallu gaawe ma yaw ....... 768
Sëriñ bi yaa gën a am yërmànde may nga nu xaat ....... 769
Sëriñ bi sa'b lar bu yakaarul ludul yaw a ngii ................ 771
Alhamdullillaahi yaw yaa gën alal gën u nit .................. 773
Sëriñ bi yaa baax ........................................................ 775
Man Bàmba doy nama ................................................. 777
Yaw Ibra xujja wutal ab yar ta not sa bakkan................ 779

Jaaraama gaa yi Bàmba yi ........................................... 781
Gëram naala yaa xutbal waraa Mbàkke, ndaxte man .. 784
Xarit defal bàyyi'g tawat ak sa bakkan muy sag tawat . 785
Gis naa fi ndaw su ma nob ........................................... 788
Kulay jiiñati'b sang akay naw sa mbir............................ 790
Sëriñ bee ne fii, moo nekk fépp .................................. 792
Yaa baaxi benne ta sax cay wéy di wéy aka wéy........... 794
Ku bëgg a am gàncaxub ndollen bu jub bu rafet .......... 797
Naa jug siyaare ji Sëriñ ................................................ 799
Ndegam awma ndam boppam......................................... 803
Bari'y wax ak bari'y nelaw tageefuko........................... 805
And ak lu bon gën a bon............................................... 807
Ma ñaanal ki xëy jébbal ma mboleem samay mbébét . 808
Ma tagg Bàmba ........................................................... 810
Nit ñaa ngi wer àddina'kay jaab a kay wuti yëf............ 821
Ngëneeli Àdduna ak Alaaxira ngi fi yaw ........................ 823
Murid bu itte ja daanoo matul a waarati sax ................ 825
Luy tee nga ñëw nima jaajëf fàww Yaalna ma moy ...... 827
Maryama Yàlla moo la móom ....................................... 829
Yaw rekk a am solo, aa cam jox ma sab loxo man ........ 832
Jàppal sa dund bi dundal lépp ak jëf i yiw..................... 834

Murit dëgg seeyal ci sab sang yaw ................................ 836
Lar ub Yàlla bii yaw mii na ngay ñàkke lenn lëf ............ 838
Yaa gën alal gën u nit, fab naala wettalikoo ................. 840
Yaw yeete kat bile, yewwul yaa ngi yeete ba far .......... 842
Sëriñ bi yaw ki ame’y xarbaax aki kemaan.................... 845
Yàl naa gëram Yàlla ak Yonnen ba sant Sëriñ................ 847
Buurub Aras def moroomam rekk a jomb .................... 849
Jugal ta dem, ku nar a dem danala jot .......................... 851
Yaw ngën ji wéttalu bët tay ngën ji wéttalu xol ........... 852
Ci bunt bi laa xalseet a nekk ba dee fi man .................. 854
Bu nuy dem, bu nu jekkee, Yàlla yaa ngi fi yaw ........... 856
Sëriñ baa ngi ànd ak nun di xool aka sàmm daal .......... 858
Sarax nga ña daa yalwaani ñépp ba koo ci gis ............. 860
Yaw miy ligéeyal ku bëggul lëf sa xel bumu dal ........... 862
Murid bu dàqee yenentii yëf ñu génn xolam ................ 864
Da ngay maye rekk uw yiw ku ñuy dégg yaa ko may .... 866

# Ñaanal Sëriñ Mbay ...

Yal na nu fab mbay
Fàww ak ndamal mbay
Ak njariñal mbay
Jébbal Sëriñ Mbay !

Yal na dugub daw
Bàrkeb dugub daw
Mbóotum dugub daw
So ci Sëriñ Mbay !

Yàl na ngëram daw
Xam-xam bu wér daw
Diine ju wér daw
So ci Sëriñ Mbay !

Yal na'g ragal fëx
Dëddu gu wér fëx
Wërsëg wu lew fëx
So ci Sëriñ Mbay !

Yal na njariñ ñëw
Dund ak njariñ ñëw
Gudd fan it ñëw
Dëkk ak Sëriñ Mbay !

Yal na sox ub ndam
Buy dolli nit ndam
Buy dolli nit gëm
Jib ci Sëriñ Mbay !

Yal na'g juboo ñëw
Sutura yit ñëw
Mujj gu rafet ñëw
Sax fi Sëriñ Mbay !

Yal na'g tawat daw
Lu koy waral daw
Lépp lu bon daw
Teggi Sëriñ Mbay !

Yal na ña gëm ñëw
Mboolem ña jub ñëw
Ña Yàlla saf ñëw
Far ak Sëriñ Mbay !

Yal na xorom ñëw
Ña am xorom ñëw
Ña koy wut it ñëw
Ànd ak Sëriñ Mbay !

Yal na'y murid ñëw
Séen iy sëriñ ñëw
Ñu bokk xëy ñëw
ŋoy ci Sëriñ Mbay !

Yal na ñu feesal
Ñépp ak i ndimbal
Dell te feesal
Ruq i Sëriñ Mbay !

***Amiin !***

# Ndaxam ab Murid ...

Ndaxam ab murid saa su bëggee ludul
Ndigal ak ngëram dootu bennub murid

Murid dëgg yombul la yombay nga wax
Ne man ab murid laa te doo ab murid

Ku tàggoogul ak soxla kay dub murid
Ka tàggooki soxla a di ngën jib murid

Fabal sab Sëriñ teg fi sab xol, xalam
Ba far fàtte say soxla, lii dig murid

Murid bub sëriñ dul tuxoo fib xolam
Du am soxla yal naa di boobee murid

Yëgal kat ne dunyaa ni ag dex la mel
Te nag ab Sëriñ moo di gaalug murid

Ndegam nag Sëriñ moo di gaalug murid
Moyul genn jëm fenn yaw kiy murid

Ku gennul du lab mukk, kuy genn lab
Akay leb te yii yaar a yaqug murid

Te lëf manla tee kat nga leb lab ludul
Nga wut sab sëriñ yaw te muñ ag murid

Ku wut lëf ludul sab Sëriñ dal di lab
Te leb ñépp far xëtt sartiy murid

Wutal sab Sëriñ yaw te loo ñàkk muñ
Te loo am fabal jox ko, kon ngay murid

Murid day muñug ñàkk muñ jépp lor
Ba sangam ba dàkkul ko luy lor murid

Lu lay dal ci ag ñàkk mbaa lor muñal
Ba sab sang teggil la koo yaw murid

Bu sab sang teggee sa ñàkk ak sa lor
Ku lay deeti teg ñàkk akiy lor murid ?

Bu teggeegul it nag sa ñàkk ak sa lor
Ku koy deeti teggeeti tontul murid ?

Joxal sab Sëriñ sag jur ak sab xol it
Te bul waxlu, bul wax, lilee dig murid !

Ludul “maa ngi nii” aska di yaa ngi nii
Bu koy wax, bu koy waxlu, déggal murid !

Yabal nit ci sab sang waxloo ko lëf
Ludul maa ngi koy sopp kay dug murid

Bàyyil dëgg yóbbante lëf sab Sëriñ
Ludul ag jur ak bëgg a def ab murid

Da ngay sangloo sab Sëriñ saw yaram
Te boo yënggtoo kat mu daw la a murid

Xamal yaw ne ab sang day sang nit
Te doo gis mu sang it ku deewul murid

“Mukàllaf” mu deewul ku koy sang moy
Te ab sang moytil, yëgal lii murid

Lilee tax ku tuddub murid yomb a gis
La të a gis ku tuddub murid tey murid

Murid dëgg day dee te deewul asal
Li dee metti-metti jotul ag murid

Amaanaa nga gis waa ju tëb dal di dee
Te doo gis ku tëb dal di def ab murid

Gisal waay a ngii jóg di daw cig murid
Ba am ay murid nag te kat dub murid

Gisal kii itam jog di daw cig murid
Ba dundam ba far jee mu réereg murid

Ku fas ne ku am ay murid dib murid
Te fas ne ku ñàkkiy murid dub murid

Xamul lëf, yëgul sax la am ak la xew
Te kat dub murid sax, xamul ag murid

Lilee tax ba Séytaane wor gaa yi tay
Tënkkug murid nag ci am ay murid

Te sax kuy murid ak kudul ab murid
Fa bis péncc lay feeñe, yewwul murid !

Bu deesee layook ay fexee jog di aw
Siraat it nga xam yaw ku doonub murid

Balaa kenn a xeebaate war naa nég it
Ba xam luy fasoo xew ci béppub murid

Murid yépp a ngiy mel ne gànccax gu sax
Te gànccax xamoo ag mujam kat murid

Te gànccax amaanaa mu jóg neex a gis
Maral dog ko jëkkug ñoram, céy murid !

Amaanaa nga gis gànccax it jóg woyof
Te naataange far jot ko, waarul murid !

Na ngay mujje Yàlla a ko xam, moo xam it
Keneen it la muy mujje, jàppul murid

Bayil yaw nit ak dox di xeebiy mbiram
Amaanaa nga yab koo matookob murid

Ku tàbbib nawet yaw te góoboo ba gar
Ba far mànku doo xam la ngay am murid

Ku deegul lu xam-xam du xam ay mbiram
Na ngay muslu foo tollu am ndog murid

Nangay tuub'akay yeesalug njébbal it
di xeeb it sa jëf yépp ak sag murid

Ku xeebul jëfam dal di naw ay jëfam
ku naw ay jëfam dal di set cig murid

Sa jëf boo ko dee naw da nga a réere kon
ne Yàlla a la sàkk ak sa jëf yii murid

Ndegam xam nga tay jii ne Yàlla a la jëf
bu wér ak sa jëf yii, bàyyil ndam murid

Bàyyil ndam te taqoo akug cant far
manoo lëf, defoo lëf, xamoo lëf murid

Ku gis gopp buy naw mbayam mook a dof
te wax jii ma wax yaw xalam koo murid ?

Ka yor gopp ba a bay ne goppam ba kay
bayul lëf te yaw yaa di gop bee murid

Sëriñ bee la yor moom itam Mustafaa
Ko yor, Yàlla yor Mustafaa nag murid !

Sëriñ ba a ngi jébbal ko say mbir bu wér
Te def kob Sëriñ moom mu def lab murid

Xamal lay mbiram yépp jox lay ngëram
Yudul jeeki bàrkeeki ngën jiy murid

Fegal lay lor ak ñàkk ak mépp ndog
Te yóbbal la, yóbbal sa béppub murid

Nga far jekk, jekkal sa béppub murid
Nga sellug murid nag, ñu sellug murid

Ba ngay sant, ñuy sant, ngay bég, ñu bég
Nga mat ab Sëriñ yaw, ñu mat ay murid

Lilee dig Cëriñ, lalee dig murid
Ludul lii du gennug cëriñ, dug murid

Defarkat bi maa ngeeti ak saa tilim
Defar maati yaw mii, defar sab murid

Xasaw naa te fees ak lu soof ak lu bon
Setal maaki mbég, yaa di géejug murid

Doxal saa digg ak luy waral ag tilim
Te leeral ma faf def ma jantub murid

Gëram naa la, xam naa ne mat ngab Sëriñ
Bu wér, waaye yal naa la mat ab murid

Te yal naa la saf te saf sa béppub murid
Te yal naa la am, am sa béppub murid

Joxal bépp jullit lu seddub xolam
ba mboolem jullit ñépp def say murid

Fabal say murid yépp teg nag ca kaw
bu ken gis ku suufeeti tey ab murid

Kudul sab murid yaw na ñee sab murid
te bul baati ken ree sa bennub murid !

# Murid dafay gaaw ...

Murid dafay gaaw
ba mel ni kuy naaw
Loo wax mu naa waaw
te dëkke tës-tës

Te bëgg sangam
ba fàtte boppam
Te fàtte leppam
nooye ne sunguf

Woyofe niw fel
di suufe bay mel
Ne dàll woo sol
du jekki bay raf

Ku jug mu màggal
kuy mag mu sukkël
Kuy ndaw mu yuugël
ëskaye jii jëf!!

Tay banki tàŋkam
di sajju loosam
Di fooŋki maasam
du sajji nit xef

Du benne muy xëy
ba jëmelak moy
Te loo ko moy-moy
du la moy ug sef

Day mel ne ab néew
ku mel nilee néew
Gis naa ko fii daaw
ba roy ko man lëf

Ta maa ngi sant
Bàmba, di sant
Yonnen, di sant
Yàlla mi ley def

# Sama jëmm a ngii

Sama jëmm a ngii Sama ñépp a ngii sama lépp a ngii
Mani cas tegal la ci sab loxoo yaw Mustafaa

Nangul te jël Yàllaa la jox, kumu jox nga am
Lay dëgg tay jii yaa fi gën yaw Mustafaa

Man nangu naa nangoo ma war moo gën ci man
Ngir Baabakar moo njëkk a nangul Mustafaa

Buma daa bañ it tay nangunaa ñëwnaa fi yaw
ŋëbnaa ci yaw jéggal ma nag yaw Mustafaa

Buma toppe lëf buma seete lëf buma jàpppe lëf
Lewetal yëram fàttteelu ay yaw Mustafaa !!

Yaa donnu ngor yaa nàmpu ngor yaa dis gor it
Buma màtt bis buma màttu bis yaw Mustafaa

Nun ñépp ànd ak yaw di wéy moo war ci Nun
Moo gën ci nun ŋëb naa la man yaw Mustafaa

Maa ngii di tuub aka réccu mbooleem jëf ya wéy
Mbooleem lu baaxul far ko far yaw Mustaafaa

Nun ñépp yaw la nu am te yaw mii nun nga am
Yorlaa nu war yor noo la war yaw Mustafaa

Koo seeruwul Séytaane moo fëkkum xelam
Ibliis a tee nit ñépp ànd ak Mustafaa

Kula toppul ak kula toppu nag ñoo yam ci yaw
Ngir raw nga lor jot wépp u yiw yaw Mustafaa

Kuy ñëw bégal kuy bañ bégal lu ci man xew
Yaw am nga ndam yokkal te yokku nu Mustafaa

Koo seeruwul kookee layam wa du jub ëllag
Yaa donnu mbër ak pal ga ëskey! Mustafaa

Tan yaa ngilay tuŋlooka toogaanooka wut
Ab dog ci yaw dundël te wer yaw Mustafaa

Jërëjëf jëfal say jëf du bon say wax du bon
Mbooleem ñi baax a ngi lay gëram yaw Mustafaa

## Yaw Mustafaa awma sag pay

Yaw Mustafaa awma sag pay waaye yal na nga tiim
Bu wér ci bàrkeb Sëriñ Tuubaa li jant bi tiim

Dalal nga xel yi, seral xol yépp, yal na nga faf
Suuxal ña gën seen i kem nim njàpp suuxale tiim

Sa jëmm jii nuy janool ak say ngëneel a waral
Njariñ yi dëkk fi nun, yàggal te boole nu moom

Yàggal te boole nu moom ak lépp lëf lu nu am
Sab xol ne guy ak suñuy xol ñépp sant ba luum

Ku nekk bég na ci yaw, yàkkaari kenn tasul
Asal, asal ka la jiital Mbàkke nammul a juum

Taxaw nga temm ci aw yiw yal na Yàlla taxaw
Temm ak ngëneelam ci yaw, jébbal la sépp soloom

Boo jekkiwon rekk lal sab der du yàq ci yaw
Lëf, waaye itte ju rëy jee tax nga ñàkk moroom

Defar nga àll yi ak kër yépp yaw ba ñu jag
Ku nee ngi am itte ngir yaw mat nga ñépp boroom

Fu nekk toj nga fa yit ab àll samp fa kër
Bégal fa nit, may ko fab xaalis defar fa goroom

Sag cant ñépp la war, saw tagg ñépp la war
Mag ak ndaw ak képp koo jis rembatal nga yoxoom

Ku lay xarab du'b julit, dus gor te dub murit it
Ku yewwu sant la biir ak bitti mbaa mu ne xiim

Lii laa la wax man, sa fan wii yal na gudd nga tiim
Mboolem ña tiim ak ña tiiméef ak li jant bi tiim !

## Jaajëf ku dul yaw ligéeyul gaa ya wéy da ñu daa

Jaajëf kudul yaw ligéeyul gaa ya wéy da ñu daa
Foyeeb ligéey  ak a kaf yaw dong dong ligéey

Jaaraama taawu sëriñ Tuubaa bi taawu nga ndam
Yaa tee sa baay a tawat toggam gi tee nga mu géey

Taalam bi tee nga mu fay yoonam wi tee nga mu dee
Yaa tee gannaawam a nëx yaa tax gannaawam a teey

Kenn mus la dem ba gannaawam waa ju mel ni nga
Yaatal nu nun ci sa bopp ak sab xol ak ci sa péey

Xar-baaxi Yàlla nga yaw nee wóo xasar bariwóo
Yombóo jafeñ nga labal ngag dex gu ñépp di féey

Yaa sanc Daaru Nahiim ak Taayif ak Gélawul
Te sanc boo mas a sanc it Yàlla moo la ko déey

Fu nekk def nga toolub Yàlla def fa këram
Foo téqe yal na nga jam say bañ di sooy ak a seey

Ku rëy ki ngay dox di raas ug cantam ak ngëramam
Fu nekk yal naŋ fa for cantam gu ñépp labeey

Leeral nga ngir yépp leeral àll yépp nañax
Fu nekk nee na nañax ngir yaw sa nday rusuleey

Sa nday rusul yaw te rusloowóo ko yal nanga sax
Cig mucc fàww te sut aw tur ku nee ku faneey

Yaa def lu lew domm ngir yaa jàpp àll yi toj
Rajax ñu mokk nga bay am lépp lii daganeey

Man ak samay kem danuy jéemub ligéey  ak a caa
Xaaneb ligéey  ak a kaf yaw dong dong a ligéey

## Yaw Mustafaa mangi nii lew naala jënd nga ma !

Yaw Mustafaa mangi nii lew naala jënd nga ma !
Yaa jël lu ëpp samag njëg jox ma sàng ngama

Diirug limay dund, sax naa man fi say yoxo faf
Ta sax ci Yaw, ta sax ci say wax fàww jàpp ngama

Kay rëcci, kooka du man, kay rëccu kooka du man
Kay deeti génnati du man, ti ngama

Yaa yewwu yaa mën a yeewus gor ba dootu fa jog
Terànga ngay yeewee as gor, pinti panta ngama

Yaa tedd, yaa ma teral, yaa mucc, yaa ma musal
Yaa jàppu, yaa ma jafal, jaaraama sédd nga ma

Yaw aayewoo ma sa ay gii, Yàlla boo jisu ay
Ci ay gi, yal na nga yàgg ug pal falaale nga ma

Manon nga maa jébbal as ndaw su gën su ñu xam
Te jébbaloo ma sëtub Yonnen bi, bett nga ma

Xañoo ma wërsëg, xañoo ma'b sag, xañoo ma njariñ
Xañoo ma bàrke, xañoo maw nit, joyanti nga ma

Man née[g] bu joy rekk laa woon, yaa ma ron jën i weñ
Defar ma nag ba ma jag, yeesal ma, faale nga ma

Sëriñ bi ak Yàlla ak Yonen bi ñii da ñu laa
Yaatal nga yaatal ma, yokkul fàww, yokk nga ma

# Ma jóg ligéey al Sëriñ Tuubaa mu tedd ma man

Ma jóg ligéey al Sëriñ Tuubaa mu tedd ma man
Ci Mustafaa Mbàkke doomam jii mu wacc fi nun

Te Mustafaa mile àqam rëy na ndaxte da dib
Sëriñ di doomi sëriñ màggal te fonk a ci gën

Suñub Sëriñ moo di baayam léegi moo nu yilif
Ñu xëy nu yan yaari àqam yépp noo rëy i yan

Koo xam ne fob nañu aw say yan ko yokk ca lëf
Day yokk itte di yokk ug farlu mbaate mu bon

Buurub aras la ko baayam dénk jàpp ko teg
Fi nun te jis na ñi dëggal ñépp seenu jëfiin

Ganaawu baaxul, ku koy def sag njullit rafetul
Yaw loo manul woon ba ngay jis Bàmba, tay bu ko man

Séytaane ray nag murit, raykat bi yal na ko ray
Te dëggal ug murit ak xàllam wa tax nu yéwén

La tax suniy bir yéwén nun ñii du jàng lëwël
Du jàng saanee ki denc ug jur, baleeni xaran

Sëriñ bi ñépp la daa yee waaye nag naka dem
Ñu neeti yeete ba yee, Séytaane dellu nu man

Ñaq ak joxeb xol akug jur, yatt yii waraloon
Mbooleem suniy bir yéwén, tuubaat a jaadu ci nun

Di sant fàww ak a dem Tuubaa ka tuub a nu war
Nun ñépp yal nanu koy def ndax nu boole nu tin

Sëriñ bi Yàl na nu dundal am ngiram te jubóo
Fàww ak Sëriñ Mustafaa, doomam ji nekk fi nun

## Bàmba a ma takkalu sàllam Mustafaa ne ma cas

Bàmba a ma takkalu sàllam Mustafaa ne ma cas
Ne tegg fàww ca kaw maa war di sant ba tas

Maa war di sant ba tas ngir lépp lëf lu ma daa
Ngéejoo ka dox di mébet am naa ko ñàkkuma tus

Man Mustafaa ma ne sojjet teg ca kaw bu rafet
Ma xëy ne dàŋŋ ca kaw nib jant ñépp di jis

Nee naa ko yaw xës nga raw mbooloo mi kenn du la jot
Yoral la say jataŋ ak  sàntoo ka sant a ci des

Nee naa ko yaw yaa di góor it aw jigéen a fi des
Ka lay wan ug das du man maa la nob duma das

Nee naa ko xaalis bu yor xaalis nga yit di wurus
Wu yor wurus tey ku ñuy rus nag ku am ku ñu rus

Nee naa ko yit ba Sëriñ Tuubaa xëyee ne melas
Bu dul kon ak yaw hasal bépp ub murit ne mbaras

Nee naa ko yit ba nga nee cas waa ja denc ba ñëw
Ku nekk xam na ne yaa tee wunti ndam ne tërës

Nee naa ko dundal te wér sag dundu am na njariñ
Yaa tee jullit bu ne rus yaa tee jullit bu ne ras

Nee naa ko yaa nu musal ciw ay te yaa nu mosal
Jàmm ak njariñ yaa nu tee bon Mbàkke yaa jar a jis

Xëy teg ci yaw bët a gën xëy taawu junni bu wér
Nun ñépp yal nanu lay jox junni fàww ak a jis

Xëy teg ci sab loxo junnee am njariñ te rafet
Ka koy def ay ëpp ndam kay waaxu ñëw ne ko cas

Alhamdu lillaahi dundal yaa dalal suñu xel
Diirub li ngay dund yaw yaakaari kenn du tas

## Yaw Mustafaa boo amee as coxla

Yaw Mustafaa boo amee as coxla képp ku am
Ngor ak jom ak worma war caa jéem a def lu mu man

Sa baay a tax koo fu jis ma ñuy bay ak fu ñu bay
Ak ñuy wal ak lu ñu wal sag jiitu bir na ma man

Sa baay a sànniy dërëm penkoo ki soww di for
Mu dëddu ñépp di way askëy sa baay a fi gën

Sa baay a gën démb yaa gën tay defóo ku nasax
Sayam wu rëy wa ñu daa musloo ka daw la la yan

Dëeral nu yal na la Yàllay dëeral ak ngëramam
Ak ndimmalam ba nga yegg ak jàmm fépp fu gën

Nit ñaa ngi def xaaji xaaj ak  pàcc pàcc ci yaw
Wayal te wéy bañ a ànd ak kenn ak sa bakkan

Yàlla a ngi ànd ak yaw ak Yónnen ba ak ka la jur
Yii yatti bër ku ñu àndal fàww raw nga lu bon

Yaa raw lu bon Mbàkke sab yar jub na say pexe jub
Say soppe bég nañu say bañ sew ba tol ni karan

Tay jii ñi jàpp ci yaw mii rekk ñoo ŋëbu yiw
Ñi ŋëb ci kenn ku dul yaw rekk ñoo ŋëbu fen

Fa Yàlla jëm fa la dëgg ak bàrke jëm te fi yaw
La jëm fi yaw la yabal mbooleem ña muy xal a tin

Kuy wax lu bon tabaxal kuy def lu bon tabaxal
Waay dëgg yal nanga sut mbër yépp tur aku fan

Samas këdiyya a ngi nii jàppal te xam ne samb
Xol fas na lëf waaye tay jii nag waxay la ma man.

# Murid bu sab sang nekke bis fi as mbarabam

Murid bu sab sang nekke bis fi as mbarabam
Bul dem ni jawwu ta diisoo woo ba nee fi ñëwal

Diisoo rafet na ku diisoo wul mbiram du rafet
Ku ñëw ni jawwu ta diisoowul ne bukki, lemal

Waxal Salaamun halaykum ñatt yoon ta taxaw
Ba dégg nee fi la dellul mbaa nga dégg ñëwal

Njegam nuyóo nga ta déggoo kenn wax dara nag
Xanaa sa xel maa ngi ànd ak yaw dofoo xalamal

Nuyóo ngi def xeeti xeet it nag yu wuute ba dee
Sëkkët nuyóo la joxe's lëf ag nuyóo la xamal

Yëng ug lëf ak yëngal us lëf ag nuyóo la batay
Tuflit nuyóo la nuyóo yaa ngi ni gàññi fobal

Xeetu'w nuyóo woo ci fab nag def nga yaw lu rafet
Ludul ne ñëwwu ci kaw aw nit ta kenn yëgul

Murid bu ab sëriñam nekkee'ku nit fi barab
Ta xam ni woowu ko day yëgloo'ka déglu ndigal

Murid du waaxu ni jolley fekk ab sëriñam
Ci as mbarab su ko kenn woowul di xoole ni pël

Sab sang boo ko bëggee gis nag ta yombu la yaw
Tegginalal ña ca jëm yóbbante leen i alal

Ku ñëw fi ag bënn mar, day yónni baag aki goj
Ca ndox ma baag ak goj ay may nit ca ndox ma asal

Ku jëm ci sab sang gaawal may ko aajo bu wér
Fajal ko aajo bu wér kon lee ñu woo la bégal

Suñub Sëriñ Yàlla na ñuy baagam ta di'b gojam it
Ta di'g saxaaram gudul taardee'ka yeexal u xél

Ta Yàlla na waamey mbégam yoo xamne dootu ñu dog
Noor ak nawet sax fi nun ñuy sax ci mbég di saxal

Ta Yàl na ñuy jañ i tawféexam ak i ngëramam
Fàww ak nawet yu nu baaxal yuy teral suñu xol

Mbooleem lu nuy ñaan akay bay Yàl na nangu bu wér
Nu mucci ci'w maral ak mer bàrke bokk nu dal

Buur ak ñoñam Yàl na seen i xol di sedd ci nun
Ba saa su jot bëkk-néegam ñëw di wax ne ñëwal

## Weeru Koor

Mbooloo mi gan ñëw na tay nun ñépp nan ko dalal
Yaatal ko jublu ko ak mbég may ko yitte ju rëy

Te weeru koor ay ganug mbooleem ku soxla ngëram
Nun ñépp war na nu koo may aajo leegi mu wéy

Ku muñ te farlu ci day xëy benne tàggu la dem
Ba laaki cant yu dootul jeex akiy mayi may

Moo tedd moo tabe day ub bépp bunt bu bon
Di ubbi wunti mbég ak yérmaande tey fegi moy

Di sas wu tuuti wu làmboo añ bu rëy bu rafet
Ku muñ te bay ko ñu jox lab añ musal la ci ay

Bu deesi um fàww ñuy ub wunti naari bu wér
Te ubbi àjjana tëj Séytaane jéng ko cëy !

Fasoo nanoo um, di sellal fàww tey rafetal
Ba xëy matal, doge koobaakiy giléem aki ñay

Yal nan ko léemu bu wér sargal ko jox ko nganam
Ba xëy ko gunge nu tàggoo far des ak suñu way

Yal nan ci am may yu rëy yoo xam ne dootu nu jee
Te dàq lem, dàq suukar, dàq i ceeb aki lay

Noo ngii di sàkkooti barkeem ak ñu gëm ñu ko um
Ndolleen lu àndul akiy coonooki tiis aki jay

Koor ay njariñ moo di aw yiw waaye ken du ko muñ
Ku dul ku gëm Yàlla ak yonnen ba séenu ca pay

Nun ñépp yal nanu am ay woorukaay aki yëf
Yu am njariñ aki ndogook xëdd fàww yu doy

Te yal nanuy woor ak ay farlook a xëdd ak a dog
Ba xëy woreeki mbég ak saa-bees i cant yu rëy

## Maa bon te Baax ub Sëriñ *

Maa bon te baax ub Sëriñ nit ñépp ñépp a ma gën
Te maa fi gën ab Sëriñ saa mbon gi dootu ma lor

Ku ñàkk i sér ku ko fab tàbbal ci guddi mu bég
Ku bëgga leeral ku fab aj jant jox ko du mer

Ku jug di sàku ci ndox gis dex xolam ba du wow
Ku jug di yalwaani njël for dàgga jekki sa kër

## Kudul yaw bawul *

Kudul yaw bawul góor ak jigéen ak këram ne mes
Ci àll ba ay at ken dajul Mbàkke lii nga daj

Kudul yaw du fab xaalis di sànni ci biiri dex
La sang ya daa jeexaat'akay làmb yaa ko daj

Yaw it ñi la fiy jeexaatu yal na ñu for nu for
Ñi lay dox di làmb it ñépp yal na ñu bokk daj

**Potentellement incomplet*

# Alhamdulilaahi ...

Buurub aras moo di buurub dëgg-dëgg budul
Dee bis, du folliku bis, Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Rabbil haalamiina ndaxam
Ag réer a tee ñépp naa Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Rabbil haalamiina ndaxam
Ibliis a tee ñépp naa Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Rabbil haalamiina ndaxam
Bon dong a tee ñépp naa Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Rabbil haalamiina ndaxam
Nun ñépp war na nu naa Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Rabbil haalamiina ndaxam
Mbooleem ñi baax a ngi naa Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Rabbil haalamiina ndaxam
Mbooleem jullit ñaa ngi naa Alhamdu Lillaahi !ŋ

Alhamdu Lillaahi Rabbil haalamiina ndaxam
Ñi sopp Yàlla a ngi naa Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Rabbil haalamiina ndaxam
Ñi Yàlla sopp a ngi naa Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Rabbil haalamiina ndaxam
Mbooleem sëriñ sa a ngi naa Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Rabbil haalamiina ndaxam
Mbooleem murid ya a ngi naa Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Rabbil haalamiina ndaxam
Yàlla a ngi sant ñi naa Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Rabbil haalamiina ndaxam
Yàlla a ngi dolli ñi naa Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Rabbil haalamiina ndaxam
Ña yor Aras ña nga naa Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Rabbil haalamiina ndaxam
Malaaka yépp a ngi naa Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Rabbil haalamiina ndaxam
Séytaane rekk a waxul Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Rabbil haalamiina ndaxam
Buurub Aras moo saxal Alhamdu Lillaahi !

Nun ñépp yal na nu sax cig sant sax ci lu ñuy
Santaane lépp, saxal Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Rabbil haalamiina na sax
Ci séeni làmmiñ bu wér Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Rabbil haalamiina na sax
Ci xol yi sax gu rafet, Alhamdu Lillaahi !

Santay ndigal moo nu war moo jaadu fàww ci Nun
Moo taaru fàww ci Nun, Alhamdu Lillaahi !

Yàlla a rafet, ëpp naa wax lëf ludul "Jarajëf"
Du wax lu bon du ko def, Alhamdu Lillaahi !

Moo gën ku nekk, waxam gën jépp wax, jëfam it
Gën jépp jëf, ayibul, Alhamdu Lillaahi !

Tabaarak'Allaahu moo mat moo desul desewul
Te moo matal gaa yi mat, Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi rekkay wax ju am ja njariñ
Nun ñépp yal na nu naa Alhamdu Lillaahi !

Ba tàbbi Firdawsi biir ak bitti tàbbi gu wér
Xol yépp sedd nu naa Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi nun noo am lu jomb lu gën
Ay réewi réewaki pal Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Yàlla a ëpp lépp lu rëy
Xam koo gën it lépp lëf Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi nun noo ëpp Buur i njariñ
Gën koo dalum xel Asal Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lilaahi nun noo ŋoy ci Kenn ku gën
Buur ak dagam ya ko wër Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lilaahi nun noo jàpp dëgg ci lëf
Lu wér lu rëy lu rafet Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lilaahi nun noo am lu sedd xolub
Koo jis te jomp bëtëm Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lilaahi nun noo am ku sikk newul
Te am lu sikk newul Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lilaahi noo am nun lu kenn amul
Njëgam te ken du ko am Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lilaahi noo am nun lu jomb ci Nun
Lu gën Kajoor ak Bawol Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lilaahi nun noo am lu buuraki dag
Amul te gën la ñu am Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi ag baadoola dem na nu dem
Nu bokk féewoo soree Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi noo am may gu farlu gu rëy
ak fit wu rëy mayewul Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi noo am may gu itte ju rëy
Ak xel mu rëy mayewul Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi nun noo am Sëriñ bu nu fob
Jébbal Boroomub Aras Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi noo baax ab Sëriñ te juboo
Juboo gu sax gu rafet Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi noo gën ab Sëriñ ku nu moy
Gën ñépp ab Yonnen it Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi noo am nun Sëriñ bi te am
Yonnen ba am Yàlla nag Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Yàlla a taawu lépp njariñ
Te moo nu taawu ca kaw Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Bàmba a tax nu xam lu nu xam
Moo tax nu am lu nu am Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Bàmba a tee nu bokk torox
Moo tee nu dee sax ba tay Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Bàmba a tax nu teggi lu bon
Raw jépp lor jotu yiw Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Bàmba a tedd moo nu teral
Nun ñépp moo nu bégal Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Bàmba a may ku nekk ndawal
Kunee ngi yàpp ak a bég Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Bàmba a am njariñ maye ndam
Yal nay mbégam sax fi nun Alhamdu Lillaahi !

Alhamdu Lillaahi Yàlla a sax te yal na saxal
Gëmam gu wér ga ci nun Alhamdu Lillaahi !

## Jooyal ma junni bi at ...

Jooyal ma junni bi at saa waa ja moo mat a jooy
Ku ñàkk saa waa ja sab xol ñor nga bis-bisi joy

Sa waa ja ken masu koo am kenn dootu ko am
Da daa fajal ñépp daan ak mer di baax'ak a nooy

Masee fu koo jis te deeful jis ku mel ni mu mel
Toolub ngëram bi mu daa bay fenn daawu ci booy

Mbooleem ndigal yi la daa def lenn daawu ci des
Daawul def it dara cis mbon-mbon du rëbb bu sooy

Sooyul ña koy topp sooyuñ yal na am mébetam
Ci gàncaxam gi mu daa wolleek a bay ba du gooy

Te yal na am ci njabootam gii mu dëddu ne mes
Lu dal xelam ma te tooyal ab xolam ba mu tooy

Suuf ak kaw ak asamaaw ak ñépp a ngiy rët a kay
Jooyug demam rekk "ëh-ëh!" àddinaa mat a joy

Amul ku dem gii mu dem bettul ci suuf aki kaw
Demam gi bette na koo jis rët na bay xaw a sooy

Cëy Yàlla cëy Yàlla cëy cëy cëy ma dellu ne cëy
Te dellu rekk ni cëy at mii nu nekk a di kuuy

At mii nu nekk du maasum at ya màgg ya wéy
Te at mu màgge ni moom it dootu niit a ka xuuy

Te at ma Yonnen ba delloo saaba yépp gëlam
At mii ko ñaareelagun tee ngéen a dëgmu te jooy !

## Mo jaa lu deefi defati ...

Moo jaa lu deefi defati ?
Moo jaa lu deefi waxati ?
Moo jaa ku deefi royati ?
Bu kilifay moy ak a fo

Ku war a boole aw nitam
di waar akay ful seen i gëm
Defu ko far boolew nitam
di moy akay soow, ak a fo

Àddina yàqu na yaxeet
ku yabu wut barab bu wéet
Nekk fa tay jaamooka wéet
Te sori kuy moy ak a fo

Àddina yàqu na te kat
kilifa yoo ko yàq kat
Du séenu nit ko yàq kat
Kilifa yoo fiy dox di fo

Ku yabu wub sa bunt kër
Rekk te daw nelawi far
Nelaw a gën génn di lor
Aw nit akay lorooka fo

Ay am na nag ndegam nelaw
Mu bon milee fiy tax a raw
Xamal ne kon ken dóotu raw
Nelaw gënul lëf ndare fo

Waa juy nelaw gënul kudul
Waa juy foyeek a moy ndigal
Nelaw du tax ñu xëy la fal
Néewal ko tey moyu ku fo

Kilifa day moyu ku fo
ba noppi tey tere ku fo
Bu man la tee nag kenn fo
na tëye boppam bañ a fo

Sawara bég na mbég mu rëy
Ngir moy yu rëy yi deefi moy
Ngir xam ne xéll ne ñi moy
Lay dunde ëllëg ak ñi fo

Foo tollu gis góor ak jigéen
Di jaxasoo kay dox di been
Sunnas Yonnen bi ak a téen
Rekk di xalxalee ka fo

Àjjana yal na bég ci nun
Sëriñ bi yal na bég ci nun
Yonnen ba yal na bég ci nun
Ak Yàlla miy aaye ku fo

Sëriñ bi wax na bind na
Def na nu gis te digle na
Yii moo ko war kat wàcci na
Musu la moy musu la fo

Waxam a gën waxi ku ne
Jëfëm a gën jëfi ku ne
Waayam a gën waayi ku ne
Waayam ja dëgg nag du fo

Foo gis ku nee fi waayam a
muy fok a nekk foppam a
Bul gëm ne koo ku waayam a
waayam ja dëgg dóotu fo

Foo gis ku nee fi waayam a
Muy fok a moy xumaagam a
Foo gis ku nee fi waayam a
Weddil ndegam gis nga mu fo

Wurus bu yàggee am xumaag
Xaalis bu yàggee am xumaag
Lépp lu yàgg am xumaag
Xumaag a fiy ruus ak a fo

Bàmba wurus wu sell la
Waayam dërëm bu sotti la
Te ku ame'b rax yaru la
Ab rax a bon day tax a fo

Xànjar lu dar-dar ci wurus
Asal bu kob tëgg di gis
Xam ne dafay niru wurus
Nde du wurus, wurus du fo

Wurus lu sellul bokku ca
xaalis lu weexul bokku ca
Bàmba lu baaxul bokku ca
nan bàyyi fo jullit du fo

Na Bàmba bëgg ku na mel
Yal na nu Yàlla may nu mel
Noo nële ndax te ku na mel
Doo fo te doo digle ku fo

Yal na Sëriñ bi dimbëli
Seexam yi nag te dimbëli
Murid yi géppug dimbëli
Ba xam ne ken du moy du fo

Lii rekk lay fexe ci Nun
Nde soxla wul dara ci Nun
Lu dul nu def murid yu gën
Yu kenn dul seere ñu fo

Moo tax ma naa la yal na am
Li miy mbébét ci nun nu am
Li niy mbébét ci moom itam
kon lépp jag te ken du fo

# Sëriñ bi yaa gën alal

Sëriñ bi yaa gën alal, yaa gën barab, gënu nit
Ku way ci yaw mucc am mbooleem mbébét ya asal

Yaa gën ci nit bakkanam, yaa gën ci nit barabam
Yaa gën ci nit mbokkam ak léppam ku weddi xamul

Kuy bëgg boppam akay wut kenn akay fexe lëf
Mbaa muy fexee yewwi kuy jëm fenn dof la fajal

Man naŋ ma dimbali nag baa fàtte saa bakkan ak
Saa mbokk ak saa barab ak lépp, man nga, defal !

May ma'g cofeel'it ci yaw buy fàtte loo sama xol
Bànneexi àddina ak àllaaxiraa ki mbugël

Saytul sama'b xol ba dóotul fas ludul sa ngëram
Sàmmal samay cér ba dóotul jëf ludul sa ndigal

Jox naa la saa xol bi ak saa cér yi nanguko yor
Saytul ma, sàmmal ma, jur gaa ngii ma jox la, fabal !

Sama'b xol ak sama cër yii yépp ak sama xel
Nay dëkk fàww ci yaw may dëkk nag ci sa xel

Saa xol bi feesal ko dell ak yaw ba xam ne ludul
Yaw dóotu am ci sama xol as mbarab sumu dal

Fegal ma képp ak lu nekk ak fépp dar ma ci yaw
Bu lenn dox sama digg ak yaw ludul li nga sol

Lu bëggë dox suñu digganteeti far ko falaŋ
Ci àll, boo ma defoon sax mbubb sol ma ma jël

Naa far di bopp ci yaw, naa far di tànkk ci yaw
Naa far di kenn ci yaw, saa aajo jaa ngi fajal

Def naala wéttal ci àll ak kër te déf la nday ak
Baay ak najaay ak Sëriñ yaa jar lu nekk asal

# Bastul a bon ...

Bastul a bon bu dee taxaw
Séytaane daaldi jog taxaw
Ne jongamaa jogal taxaw
Naxle ma gaa yi bey aaréen

Mbooleem murit bu bey aaréen
Waxtu wu dee làpp aaréen
Xel ma ne lapp ci jigéen
Ku farluwul sa lépp neen

Jongama day jaayoo ka jaay
Murit bu jog mu ne ko kaay
Tàggale kookug laxasaay
Ak itte muy niru jigéen

Jigéen a bon ci ab murit
Moo gëna bon ci ab murit
Lépp lu bon ci ab murit
Yaw bu ko séenu bu ko séen

Ku jox jigéenam la mu laaj
Xañ sëriñam la mu ko laaj
Ku xañ Sëriñ nag la mu laaj
Réccu ko gaa yi dégg léen

Murit da daa wut sëriñam
Tey daw lu dul ab sëriñam
Ba Yàlla jox kob sëriñam
Ak njariñam mu boole leen

Wut léena wut seen ub sëriñ
Moo gën di foo ka wut njariñ
Ab sëriñ ay joxey njariñ
Tey ak ëllëg nde du leneen

Ku muñ te sàkku sab sëriiñ
Te baña wut lenn njariiñ
Leegi nga gis lépp njariiñ
Jog di la wut laxasu leen

Koo xam ne kii la deefi wut
Lépp da laa mujj di wut
Loo soxla am te doo ko wut
Amleen i yitte, yewwu leen

Ku bëgg a mujj jariñu
Day loru ngir ku jariñu
Loru na doora jariñu
Ag dëgg a ngii te bir na leen

Ku bëgga dem day awu yoon
Koo xam ne kii awul u yoon
Mbiram dafay dënnoo ka xiin
Waaye du gis lu dul ngëléen

Ku joxewul deefu ko jox
Lu ñu jiwul du mana sax
Ku naxewul deefu ko nax
Yëgleen ne gaa yi bey aréen

## Rikk Asan lu man a xew ...

Rikk Asan lu mana xew
Awal ndigal te yaru yaw
Kon dinga làq wépp yiiw
Tey ak ëllëg maa la ko wax

Mbooleem lu deefi jog di wut
Yar a ko gën gën koo rafet
Moo jara dox junni bi at
Di wut Sëriñ bu la ko jox

Ku yaru rekk a mata am
Ku yaru rekk a mata xam
Ku yaruwul matula am
Matula xam turam wa sax

Ab yar li tax amul moroom
Day taxa gën fa say moroom
Tey taxa gën fa sa boroom
Ku la yarul rekk a la nax

Ku la mayoon i junni yit
Te jàppul ub yar may la yit
Leegi nga gis junni ya rot
Woroomi yar for ko te sex

Ku yaruwul matula yër
Ku yaruwul matula yor
Ku yaruwul alku na far
Ku yabu far tàbbal ko pax

Ab yar yamoowul ak dara
Ku ko amul amul dara
Ku ko am it ñakkul dara
Sëriñ bi yal na nu ko jox

Ab yar la deefi gën e nit
Ab yar la deefi sute nit
Ab yar la deefi raw e nit
Nde du alal ale rëy i yax

Juddoo ki jur matla damoo
Ragal Yàllaa mata damoo
Te ku ko am du ko damoo
Ngir dootu gis baaxam ga sax

Ku gis boroomam dootu gis
Boppam te moona dootu gis
Moroomam it te dootu gis
Daraaka wax wax i larax

Moo tax ba Yàlla ku ko xam
Yaru te ken du ko xam
Te amul ub Sëriñ ndaxam
Ku xam du weddi lii ma wax

Ngir Yàlla nee ci Alxuraan
Wut al ci man ab kerkeraan
Teb Sëriñ ay ab kerkeraan
Asan jàppal ci jile wax

## Ma jug caw ub yar ...

Ma jug caw ub yar
Ku amul ub yar
Ku amul ub yar
Mata caw ub yar

Koo xam ne loo wax
Mu teg ca ay wax
Weddee ko say wax
Ngay muñ akay mer

Moo ana teggiin
Ak yoonu teggiin
Ak waxi teggiin
Ja daa jubal mbir

Foo waxe as mbaat
Nu teg ca as mbaat
Su bon su tax mbaat
Soosee nga wax far

Teggin a ngiy jooy
ñoñam a ngiy jooy
Yal na ñu far jooy
Yépp ak suñuy lor

Tey foo waxes lëf
Nit wax ca as lëf
Te du ca wax lëf
Lu dul dangay nar

Du la ni nar nga
Du la ni fen nga
Yaw waaye gis nga
Sa wax ja muy cor

Ndaw dootu ër mag
Ndaw dootu rus mag
Day dog nawug mag
Xañ kob céram far

Moo tax ba fan yi
Gàtt te may yi
Tuuti te moy yi
Bareeki kër-kër

Teggiin a lay may
Gudd fan ak way
Ak jàmm akug doy
Moo lay may ug jur

Teggiin a gën yaay
Te moo gën it baay
Moo gën bariy gaay
Jàpp ko yaw yor

Moo mata taqool
Moo ëppa tàggool
Day not akay mool
Te du caw ab yar

# Lu dul ni ñokket

Lu dul ni ñokket
Rekk ni waqet
Dabi ngëram kat
Gaa yi du mbir kat

Dee gi du jekki
Day xëy di songe
Di gont songe
Te ku ko gis rët

Du diñe mukk
Du fande mukk
Du ñàkk lekk
Tey xëy di gis nit

Farlu gu nekk
War na ku nekk
Ngir nit ku nekk
Dee gaa ngi koy-wut

Ndaw ñaa ngi koy daw
Mag ñaa ngi koy daw
Ku nee ngi koy daw
Te ñépp lay jot

Ku mu jotul tey
Jot la bu dul tey
Nelawatoo kay
Bul gëmm say bët

Dégg nga li daa xew
Te gis lilee xew
Xam li fasoo xew
Gaawal fexee set

Dee fab na say maam
Fab maami say maam
Ba amatoo maam
Dana la fab yit

Dee ken la dul ba
Donte dafay ba
Yonen ba lay ba
Kay ngën ji aw nit

Dee daw ko dum xel
Muslu ko dom xel
Fàww mu teeral
Gaalam fi sag wet

Fexeela am yaw
Ngëram ak uw yiiw
Te ba fen ak jëw
Fab sa bakkan not

Dangaa fasoo dem
Te ku fasoo dem
War na balaa dem
Yóbbalam mat

Yokkal sa itte
Yokk gu metti
Tey daw werente
Fàww ak barig jot

Moyul barig jot
Ngir ku barig jot
Kenn la dul jot
Te ñépp a koy jot

Ku bari ag jot
Foo ko gis ak bët
Nanga ni téppét
Séytaane saa kat

Bu ko dawey xél
Dawe ko am xel
Ngir koo dawey xél
Mu sànni law yat

Ku bari am xel
Day dawe am xel
Nde du dawey xél
Lii laa la wax kat

## Murid dëgg bul mer...

Murid dëgg bul mer te bul jàpp mer
Mer ak jàpp mer day alak ab murid

Mereel say ayib, gëram sab sëriñ
Te daw nemmatam nag ba am say murid

Te neexal dereet, ku neexul dereet,
Du am ay ngëram du am ay murid.

Bàyyil jom ngirub rëbb day ñàkk jom
Ba jam doora am jom te rëbb ay murid

Jom ak jikko ak fulla yii yatt a bon
Jigul rëbb ak ub dag jigul ab murid

Ku am yatt yii du am yatt yii
Ngëram, bàrke, wërsëg, yëgal yaw murid

Defal ndànk tey waaf akay daw ba jam
Bariy jikko kat moodi gàkk ub murid

Di am fulla ak jikko ak jom ba tax
Sa rab wii di raw yaw lu jar lii murid

Di sàggan di sàggan ba saw rab di raw
Nga waat ug ndawal yaw moyul lii murid

Digal naa la aw yiiw te man lii ma war
Defal lii ku def lii di ngën jiy murid

Defal boo defee ma def boo deful
Ma def tey digal man beneen ub murid

Te kat sant naa la gëram naa la yit
Damaa bëgg ngay jiitu bépp ub murid

Duyal naa la ndab laa ngi nii boo yanoo
Te tuuroo ko am bàrke am say murid.

# Xarit dëgg yewwul...

Xarit dëgg yewwul ba yewwuy jariñ
Te bul nég ba yewwuy yem ak ay nelaw

Sa kër gii nga nekk ak murit yii la ëw
Du tee kat nu xëy fab la bis suuli yaw

Nga des nag fi sam kan ni comm ak sa jëf
Te dootoo gis it menn mag mbaate ndaw

Nangay nekk fii yaw te sam xel ne fee
Ku jàppul xelam teg ko fee ñàkk u yiiw

Bàyyil saw yaram tey fi kër gii mu jëf
Te fab nag sa xel teg ca kër gee te daw

Li ngay mujje moo tee nga koo jëkke far
Dangay mujj daw bis te doo daw ba raw

Dabal léegi aw yiiw te daw leegi lor
Lu wéy dab ko fajtil lu dul xol bu wow

Te mbay sax nawet lay jariñ gaa ya bey
Bayal rikk waa jii balaa noora ñëw

Te kuy dox di sàggan ba farmànku jot
Mbayam dootu faj gàcce ngir dootu taw

Nawet moo di dunyaa mbay ay jëf ju yiiw
Dugub jee di sag pey bu sottee nga naw

Ku bay yaw na ngay bay ku dul bay nga bay
Te bul geesu añ bul tàyyeekay taxaw

Bàyyil xëy di waxtaan akay tëddi lal
Ku koy def te tuubooko sag pey ngelaw

Dangay sàmm ay béy yu am laf te sob
Sa cér yee di say béy moyul ay nelaw

Na ngay xëy di jëf jëf ju saf sab sëriñ
Akay wax wa illaa nga xëy jàppu yaw

# Xarit bul tàmmal yaw sa bopp uw lëjal

Xarit bul tàmmal yaw sa bopp uw lëjal
Te loo man la tàggoolatee di'w lëjal

Kafeek iy ataayaaki mbiskit jarul
Di xaareeka ñaaneeka leb cam muñal

Ndegam am nga naanal ndegam nag amoo
Faral muñ ba am kooti déggal ndigal

Guroo kug ndawal yit jarul leb batey
Ka leb war dafay ñàkk sër ñakk njël

Te ab lal bu ñuy tëdd akuw fas ba tey
Jarul leb ku leb yii bakkan lay lebal

Ndegam bëg nga yii nag te am séeni njëg
Fabal mbaa nga jox sab sëriñ far mu jël

Nangay not bakkan yaw te kat bum la not
Bu lay woo ci loo xam ne woorul bañal

Bu lay wooti cis mbor da lay lor bañal
Bu lay gàdduloo nit da lay nax dawal

Leb ak leble ak gàddu nit yatt yii
Ku koy def asal lee lu bon xëy ko dal

Ngor ak diine ak worma yii jeex na tey
Te yii nag bu jeexee lu dul ay desul

Ku ñëw may ko loo man te bañ koo lebal
Lilee gën di soowooka réccooka xul

Lebal Yàlla moo gën lebal ab laram
Dawal lépp luy lëjle ak kuy lëjal

## Masamba sëmbal ci geejug BÀMBA ...

Masàmba sëmbal ci géejug Bàmba sangu ba set
Tey xuus akay wéy ba far def waa ju yegg ju lab

Xuusal te wéy, dëgg bul gajafal sa der bile yaw
Ba noppi nag te setoo ; kuy wàlli làmb na ub

Daasal sa itte mu ñaw bay mel ne jaasi ju wat
Ngay dagge ndog yi ni lawbey dox di dagge garab

Melal ne gaynde, ku mel neg gaynde, ken du la dog
Ngir képp kuy doge day daw gaynde moy fu mu sab

Doo seeru ngën jib murit muy jog di waaxu di wéy
Ba jongamay bari man-man nag ba jog di ko dab

Doo seeru ngën jiy murit muy nekk fenn di wax
Ba jongomay jog di fookay jëm fa booba barab

Ngën jiy murit fu mujëm, Séytaane dootu fajëm
Te jongamaa di ndawal Séytaane, ëy bu ko nob !

Loo xamne day mujj nëb bis, loola yaw bu ko nob
Te jépp jongama joo gis lee mu médd ba nëb

Sël-sël ja muy dëkke ak bun-bun ja, yaw bu ko gis
Seetal ba muy nëb, ba sax yay jàpp lex ya Ajab

Bul gis lexam ya mu naa nes-nes ba tax nga ne cas
Sa itte jox ko ko, kon boo dee, sa lay wa du jub

Jigéen a dog gaa ya daa wut Yàlla maa la ko wax
Ngir moo di pettngalub Séytaane, yaw bu ko jub

Dangaa amew sas, te yaw sellal ko rekk a la war
Bul génn sas wi di wut añ, lee nga seeru sa ndab

Di jaamu Yàlla bu wér, tey topptoo ndigalal
Sëriñ bi, sas waa ngi nii kat, bey ko yaw bu ko tëb

Lii doy na wollëre, jàppal wollëree ngi wu rëy
Masàmba sab dénka ngii, santal ma Yàlla te fab

Wéyal ba géejug sëriñ bi far la wann tërëx
Nga far ne mengg ba neefaa Bacc wéy na ba lab

Tey làmb jaa ngii di gor, koo seeru nag mi ngi tëb
Ngir bëgga ub, yóbbu ndam, yal nan ko ub te nga ub

## Ma wax fi Ahmadu Kumbay...

Ma wax fi Ahmadu Kumbay wax ju koy tax a raw
Séytaane ak bakkan ak mbooleem lu dee fi ragal

Yaw mii di Ahmadu tey ndab laa ngi nii jegesil
Tey tibb akay sex te farluy lekk nag ba doyal

Fayal sa bor yépp yar saw nit te yar sa bakkan
Tey wut ngëram tey siyaaraakay yoraale alal

Dee yóbbu bor day waral kër-kër ku xam du ko def
Sàggan ba dee yori bor yal nan ko Yàlla fegal

Foo xam ne boo fa demee yokkoo fa yaw bu fa gëj
Te képp kuy gëj fa muy yokkoo du jub du jubal

Notal sa bakkan te foo tolluy siyaareji yaw
Bul yittewoo rekk ay soxnaaki doom aki njël

Di soxlawoo ay ngorookay yeggleeka jamoo
Du tax nga yegg du tax ngay jam ngëram ba mu fél

Tey boo bëggee yegg mbaa ngay jam ngëram ba mu fél,
Jaayal sa bopp Sëriñ Tuubaa te jox ko sa xol

Kuy jënd i soxnaaki fas jëndal sëriñ bile yaw
Ku am sëriñ bile am loo xam ne ëpp na xel

Wax naa la man la ma xam, santal te def la nga man
Te jéem a jóg defi mbooleem lépp loo fi manul

Xarit du faj lëf lu dul laabiire ab xaritam
Te lii ma wax doy na ag laabiire daane fabal

Neexal deret te maneel ak mbokk ak dëkkandoo
Bul moslu kenn te kuy moslooti dee ko mosal

Bul mer te kuy mer demal neexal ko bam bég a bég
Bul topp yaw sa bakkan, bul topp yit ku xamul

Murid bu dul julli ak bay julli bul ko xalam
Foo gis ku bon defaral mbaa boo mënul suturaal

Boo dee xalam xalamal sag bon te fàtte bon ug
Jàmbur xamal ne bon ug jàmbur xalam ko warul

Murid bu ndaw ak bu mag ak koo fu gis te mu gëm
Yonen ba ak Yàlla jàppal seen i xol di seral

Tiijaan ak ub xaadir ak koo seeru dee ko bégal
Mbégum jullit rëy na, kuy merloo jullit texewul

Jullit bu mer Yàlla mer buy bég mu daaldi bég it
Moo tax nga xam ni ku fiy merloo jullit xamagul

Jàppal sa ndey ak sa mbooleem bokk yépp teral
Te bul weranteek u nit yaw ngir werante gënul

Noppil te bul dox di sikkal ay sëriñ aki ngir
Bul jàpp mukki sëriñ ak séeni ngir di bonal

Sëriñ si ak séeni ngér ak séeni nit defaral
Tey fonk tay suturaal ndax Yàlla far la gënal

Bul xaste mukk te mbooleem waa ju jug di la xas
Tuubal te bul fayu yaw kon Yàlla far la fayul

Lii moo di saafara, naanal kon nga wér ni peleŋ
Te am li ngay wut te dootoo gis lu dee fi ragal

# Àddina bëgg na laa fab waaye...

Àddina bëgg na laa fab waaye yaw nanga bañ
Lu fab fab it nanga fab say tànk samp fi suuf

Jekkil te riigu fi suufus Yàlla sii bu fi jóg
Loo jëm jëm it kaw dangay dellooti rekk fi suuf

Lalub gitax ak lalub weñ ak lalub tagar ak
Lalub selen boo ci tëdd it wàcci dellu fi suuf

Mbaam ak gëléem ak fafal-naaw ak wata'aku ngélaw
Loo ciy war it dula tee xëy bis ne céng fi suuf

Néegub ñax'ak mbaari seng ak taaxi suuf aki kaw
Loo yàgg yàgg ci ñoom it génn dugg fi suuf

Cerey lay ak wataboor ak ndàbb ndiir aku sëb
Ak mbuum akub cox a faf yam bis ba ngay gane suuf

Baadoola ak buur akub dag ñépp ñoo xala yam
Lu yàgg yàgg dañiy booloo ne meng ci suuf

Jëlub lingeer ak jëlub jaam ak jëlub xaj a yam
Loo jël jël it dee gi xëy bis jël la dénk la suuf

Adduna wor na mag ak ndaw wor ko leegi bu wér
Te ŋoy ci Yàlla ki yor suuf ak ñi nekk ci suuf

Lu yàgg yàgg nangay def Yàlla wettalu xol
Moo lay fegal lori kaw, moo lay fegal lori suuf

Suuf ak kaw ak fépp a am lor fépp a am njariñ it
Ku dëddu am njariñal kaw, am njariñ li ci suuf

Am yitte ciw sas ba fàtteb añ du tee añ a ñëw
Fexeel a am ca kaw ug pal fàww am ko ci suuf

Nun ñépp yal nanu am ag pal ca kaw gu rafet
Gu sax te am ko fi suuf it ñépp féete nu suuf !

## Àddina moo mën a nax

Àddina moo mën a nax ndaw nax na jopp ku xam
Na dooni buur aki baadoolooti sax ana ñu ?

Na daa dawal seeni fas tey jàppi jaam aka maf
Di jaay i jaam aka jiital moo ku xam ana ñu ?

Ku xam ña daa xëy di war njar-fukk ak ña fi daa
Xëy bis toj ub dëkk, ñuy jooyoo ka daw ana ñu ?

Ku xam ña daa tëgg i junjung woote ñépp di ñëw
Ak gaa ya daa xeebi baadoolooka xas ana ñu ?

Moo jaa ña mbooloo ya daa wër gàddu seeni fital
Di sënk akay sanke tey jii nag ku xam ana ñu ?

Moo jaa ña daa dox di wëndéeluy xareeka wasal
Akay piccaarooka dàkk uw nit ku xam ana nu ?

ña daa rey uw nit akay reylooka jekki ca kaw
Di xulli ay gët akay xooleeka bew ana ñu ?

Ña daa reyanteeka woo aw nit ñu xëy ni tirim
Di déglu seeniy ndigal ñooñee ku xam ana ñu ?

Ña daa bañanteeka bindanteeka yooli sëriñ
Akay añaan aka ñaanuw ay ku xam ana ñu ?

Ña daa weranteeka bojjantey gobar di xulóo
Di naan akay màndi moo ñooñee ku xam ana ñu ?

Moy Yàlla moo bon ku koy def ag mujjam du rafet
Mbooleem ña daa def lu baaxul ken xamul ana ñu

Ña doon i buur aki baadooloo ngi bokk ni mes
Ci suusi gaaya rëyoon ak gaaya sew ana ñu ?

Tuubal te sant te wut jaajëf fa Yàlla bu wér
Bul bokk mukk ci ni neefaa ku xam ana ñu

## Sëriñ bi ayee na jëw

Sëriñ bi aaye na jëw yonen ba aaye na jëw
Te Yàlla aaye na jëw ngir jëw dafay alake

Jëw mii dafay joxe ay bon bon di rékk ngëm it
Luy rékki ngëm di joxe ay bon-bon dafay alake

Ku di'b jullit lum bon bon bul ko jëw bu ko yab
Yab ub jullit jëw ko day suufeel akay alake

Ku dolliwul sab ligéey it bul ko faf joxe des
Te fab sa dàgga di lokkat mbir la muy alake

Jullit bu dee jëw moroom um jullitam dafa dof
Ngir jàpp saw yiw di jox nit dof la koy alake

Doo gis ku yewwu ku am xel mukk muy jëw u nit
Ku yewwu gistee ko muy def mukk luy alake

Sëriñ bi moo yewwu yal nan yee ba dootunu def
Jëw ak lu koy nuru sax ak lenn luy alake

Sëriñ bi deefu ko gis muy jëw te nanguwul it
Ku jëw kilee dib sëriñ moo feg lu daa alake

## Yaw foo dajeeteek u nit jàppal

Yaw foo dajeeteek u nit jàppal sa bopp bu wér
Séytaane mbër la te foo jekkeek u nit ma nga fa

Te fuw jullit daje bay waxtaane Yàlla di bég
Fa lay gëne loru nit ndax kenn foogu ko fa

Ab sàcc boo ko yëgul foogoo ko lay gën a bon
Te sàcc rekk la foo koy yëg mu daw sori fa

Wattul ma ab jaxasoo ngir waxtu woo jaxasoo
Di gis ku fay lor di gis koo lor nga lor loru fa

Nëbbul berul yaw te doyloo Yàlla wëlliis u nit
Bërëb bu mbooloo dajeey xooleeka wax dawe fa

Fu fi'w jullit daje, déglul, koo fa dégg mu wax
Ag dëgg jàppal ku wax aw fen nga ree te ba fa

Ab yar bu sotti bu ànd ak dëgg moo mata yor
Yii yaari yëf ku ko yor fum jekki, jekki ji fa

Na ngay naxante ba doo moy Yàlla doo moy u nit
Bis boo tëlee, lii ma wax jaaral fa Yàlla ne fa

Te bul naxanteek u nit bay def lu Yàlla bëggul
Bul dab mbégum surga nag bay jot merum kilifa

Bu kenn wax lu amul bay tax nga naa ko amul
Koo gis ci mbooloo mu naa nit fen nga kat gënu fa

Bul jéppi kenn te bul jay it sa bopp bàyyil
Ludul la Yàlla dogal kon foo fu dem tane fa

Fu’g dëgg jëm na nga jëm foofee ngëram fa la jëm
Fu’g dëgg moy na nga moy foofee ngëram newu fa

Foo gis ku xellu ngëram lay wut du wut lu ko moy
Foo yëg werenteeti gaawal daw ngëram newu fa

Werante Séytaane moo koy sooke mbaate ndawam
Ku wax bu dee dëgg mbaa muy fen ëral ko ko fa

Ku fen fi yaw bul saxal bul dàq bul toroxal
Te bul gëm it suturaalal fen wa bam juge fa

Te bul ko jëw it gannaawam kon mu yóbbu sa jëf
Ndegam bawoo na fi yaw sax Yàlla mii ma nga fa

## Jàppal sa xol bi defar

Jàppal sa xol bi defar ngir xol bi moo di sa kër
Defar sa kër bàyyi sab xol moo lu muy xala faj ?

Sa kër lu jag jag te sab xol taq ripp lu bon
Du tax nga gën kat fa Yàllay mbaami ngonk aki xaj

Defar sa xol bii ba xol biy lerlereeka melax
Moo gën di wut néeg ak iy sàkket yu fatt taraj

Na dëkkewon taaxi kaw tey jëf lu bon ña nga tey
Ca sëg ya ñuy cawiy yar foo toll dégg "faraj".

Lu kër gi jag jag bu ruugiy rot nga génn ko dem
Yaw rekk, kenn du la topp it menn xel du ko daj

Te rikk ak sa bakkan Jàppal ma àddina wor
Te daaldi wéy bala laa wor kon sa mbir du fi lëj

Am wéttal ak ñàkk wéttal waaji ñoo xala yem
Buur ak dagam ya mu àndal ñoo xaloo yami muj

Buur ak ña koy topp ñoo yem képp ndax ku ci dee
Ni cumm ci'm kan mu xat, lëndëm ba far ni kërëj

Njegam da ngaa bëgg a am wéttal wu dul xala deñ
Tijjil sa xol bile yaw tàbbal ci Yàlla te tëj

Loo tëj ci sab xol ludul moom it mu xëy ne la mes
Nit koo fi gis dana dee ndab loofu gis dana toj

Née boo fi gis da na tas kër goo fu gis da na tas
Waa kër ga yit mujj tas àddina mbég du ci xaj

Àddina kër la gu bon ngir mësla jag te du jag
Ku aajewul lud jagam say aajo ken du ko faj

## Xam naa ne ag ñàkk a maandoo bon

Xam naa ne ag ñàkk a maandoo bon te lëf jaru ko
Ludul jariñ dara tay lor kay ku xam bàyyi ko

Kuy bëkknéegu lu muy jaglooka sacc aka mos
Du faj lu dul yeut ko ay, wañifiig peyam lor i ko

Di sàcc ak ay mos ci loo moomul xamal ne du faj
Say aajo ngir aajo sàcc ak mos asal faju ko

Ag mbëkknéeg aki géej ak teen akiy dex a yem
Kuy bëkknéegu bu toppee bakkanam alaku

Ag mbëkk néegu ka koy ngéejooka daw di ca jëm
Ab dof la rekk nde ag dex nit du daw wuti ko

Kuy bëkneegu bu neewul jàrr, yewwu bu wér
Te def ku sàmm iy céram, ay dal ko, yiw sori ko

Koo xam ne day seeru yëf yoo xam ne moomu ca lëf
Te bëgg cas lëf, bu baaxul far ca mos, moyu ko

Sa kër sëriñ noo ca tàbbee rekk génne na yaw
Bul génne kas lëf lu dul loo xamne jox na la ko

Sa kër Sëriñ loo ca gis, ak kër gu dul këram it
Muñal ba am ca ndigal, moo gën nga jalgati ko

Loo gis lu sew sew bàyyil, ngir lépp loo mana fab
Lu sew sew it daaldi rëy, ag moy du tuuti ba ko

Murid lu dul sopp ab sangam te jox ko xolam
Ak ug juram, def la muy wax, daw meram waru ko

As cuukar ak warga ak lem ak kafeek i dërëm
Ak lépp lëflu la neeful fab ko, sàggane ko

Kuy bëkknéegu juroomi yëf gënul ci mbiram
Sàcc ak dox ak xoole ak dégluy wax ak feni ko

Farlul te roy nag ci Jibriilak kemam ya ca kow
Kuy bëkknéegu ci ñi lay roy te dégg nga ko

Malaaka moo maandu moo am ngor te sell i mbir it
Du fen du nettli ndéeyit, am xelam daju ko

Malaaka yépp dañuy def tekk déglu ndigal
Lu Yàlla digle ñu daal cay maase jog defi ko

Malaaka menn du jog def lëf te xam ne ndigal
Ñëwul, ndigal du ñëw it muy deeti néggandiku

Sëriñ bi dëgg, defal jikoy malaka ci Nun
Ak gëm ga ak yar ba ak kàttan ga, yokke nu ko

Ak wér ga ak way ga ak sellal ga ndaxte nu am
Sag cant yaw ñàkka am sag cant lëf jaru ko

# Nañ jàpp tànk yi ak làmmiñ yi

Nañ jàpp tànk yi ak làmmiñ yi, jàpp gu tarr
Ku def lu dul lii ma wax, day daaldi lor te loru

Te waxtu wii, ndaw lu gàtt um xel lu kenn yarul
Moo ciy wëreelooka wax, yewwul te daaldi yaru

Jekkil sa kër, jàpp sag njaambur te nëbbu bu wér
Koo seeru muy dox akay wax nee ko : "yaa ngi xaru !"

Doxkat dafay yanu lor yët waa barab ba mu jëm
Buy ñibbi fab loru ñooñee yóbbu, far asaru

Doxkat bu yóbbuwul iy lor, delluseek i loram
Moyul ma ab dox ak ub doxkat, te def ku yaru

Dox am na kat njariñ ak lor, waande fab njariñam
Ba fay loram të na jàppul ndax nga far defaru

Koo xam ne xam nga sa lor xam say njariñ mana daw
Sa lor te fab sa njariñ, dox dootu tax nga loru

Boo mënla xàmmee sa lor ak say njariñ manulaa
Fab say njariñ, daw sa lor, jekkee la war te beru

Bul toppandoo gaa ya man ndox kon ñu mucc nga lab
Bul roy ci gaa yi manul ndox kon nga moy te xaru

Tuubal te wommatu sànnim xel te jàpp ndigal
Te jaay u ay jënde kow yiw konte doo asaru

Jaayal sa àddina jépp it jënde Àjjana yaw
Jaay ug yareediku jëndeb yar te daaldi yaru

Jàayal xiyaas aki xam-xam jënde def lu ñu wax
Jaayal kañaan ak rëy ak xér jënde ag defaru

## Yaw miy nelaw ...

Yaw miy nelaw te xamoo say mbir nangay nelawe?
Yaw miy nelaw te xamoo sak muj nangay nelawe?

Yaw miy nelaw guddi jëm waxtuw fajar te xamoo
Naareeki àjjana foofuy jëm moo nangay nelawe?

Yaw miy nelaw aka xunneekay xaran te xamoo
Na ngay doxeegun siraatit moo nangay nelawe?

Yaw mii di xunni te say kem yepp yegg nga des
Nga tolni ñépp te baaxoo moo nangay nelawe?

Yaw miy nelaw te xamoo bis peñci boofa layoo
Dangay yayam dañulay yay moo nangay nelawe?

Yaw miy nelaw ñjël te say sët yepp tollu ni yaw
Dee rekk far des ci yaw moo jaa! nangay nelawe?

Yaw miy nelaw te sa lollib dundu wey te amoo
Loo yóbbuloo fa nga jëm moo jaa! na ngay nelawe?

Yewwoo ka jot waajii taggookiy nelaw gëna jot
Ku ñépp yegg te yeggul moo! namuy nelawe?

Ak réer a bon ngir ku deewoon dekki dellusi fii
Bu ñépp dee nelaw it doo seeru muy nelawi!

Nelaw yi néewal ko, neeful nag nga far ko ba nag
Yàllaa ko bind ci yaw mii fàww ngay nelawi

Yëgal ni àddina toolub Yàlla daal a bu wér
Te kenn du yable ci toolam rekk ngir nelawi

## Maroon naa ...

Maroon naa nga bënnal ma teen ub cofeel
Ma xiifoon nga far jox ma dàggay ngënéel

Ma ñàkkoon nga jébbal ma mbooloo'ki yëf
Ma réeroon nga xëy may ma xam-xam bu teel

Ma soofoon nga far def ma géej ug xorom
Gu saf sapp seexal ma jox ma'y meteel

Gëram naala nag def ma ab santkat
Bulay sant akay way ci bàrkeb jabeel

Samay yëf du jee ndaxte say yëf du jee
Bu ab sang dul jeele jaamam du jeel

Damay sant ngir yaa ma dàqul lu bon
Bu wér ak ku bon Mbàkke yaw laafi neel

Ku lay wan cofeelam ma wan ko'y ngëram
Ku lay wan bañeelam ma wan ko'y bañeel

Ku lay soppu dundam ga jag dee ga jag
Ku lay bañ ba dee daal di dem naari beel

Kudul yaw pexeem ak soloom ak mbiram
Jubul sam pexee jub te yaa nuy fexeel

Yërëm ñooti dolleeti ñu'y mbég yu rëy
Yu tooyal suñuy xol te may nu'g noteel

Bu Siin ak Bawol ak Kajoor ak Jolof
Ñëwoon daal di feesal te doo xaaj a jeel

Fa hëb lii ghinan an jamii al waraa
Muriidan shakuuran, bu doyley ngëneel

## Sëriñ bi yiw wu nu xamul ...

Sëriñ bi yiw wu nu xamul
Yiw woowa na nga nu ko xamal

Te wépp u yiw wu nu amul
Yiw woowa na nga nu ko amal

Te wépp yiw wu nu mënul
Yiw woowa na nga nu ko mënal

Te lépp loo nu tànnalul
Loolale naŋ nu ko soril

Lor ju yëg ak gu nu yëgul
Nun yéppu naŋ nu ko fégal

Moy gun yëg ak gu nu yëgul
Nun yépp naŋ nu ko faral

Moy gun tay ak gun tayul
Jéggal nu nun far nu boyal

Luñ jagal ak luñ jagalul
Booleela boole yaw jagal

Luñ defar ak luñ defarul
Fabal nu lépp defaral

Sun bon gi naŋ nu suturaal
Te lépp luñ def gëramal

Loo gëramul bu nu ko gis
Te moom itam bumu nu gis

Koo gëramul bu nu ko gis
Bumu nu gis naŋ nu musal

Tay noo ngi lay jébbalati
Suñuy mbir ak sun boppati

Topp suñug njabootati
Te rikk ngir Yàlla nangul

Lunuy def ak lunuy xalam
Fun toll nay la nga gëram

Tay ngën ji loo mës a gëram
Tay dëgg-dëgg i sa ndigal

Bun dem fudul foo nu yabal
Bun def ludul loo nu digal

Bun yëg ludul loo nu yëgal
Fegal nu lépp loo bëggul

Wattu nu ba dootu nu ruur
Kenn te kenn du nu ruur

Koo wattu dëgg dootu ruur
Deesu ko ruur it taxawal

## Meloy Bàmba ...

Meloy Bàmba yaa ngii ku réere'y meloom
Na jug déglu kon lee mu xam ay meloom

Yëram ndaw teral mag teral aw ganam
Teral mépp mbokkam teral dëkkandoom

Di tàllal ndejooram mu jëm gépp wet
Di jox ndaw di jox mag ba koo seeru luum

Du wax nit ku teew ak ku teewut lu bon
Du jëw nit te bëggul ku jëw nit fi moom

Du def ay du wax ay jëfam day rafet
Waxam yit rafet kii amul kat moroom

Bu dee dox du geesoo du piis it bëtam
Du soppi'w doxiinam du sànni'y yoxoom

Ragal Yàlla gaa tax du soppi'y céram
Defar nay céram ngir yabul Yàlla moom
Ku baax ak ku bon képp lay fab teral
Ku muy gis dakoy daal di fab def ni doom

Yaram baa nga dem mag ngoram gaa ko raw
Ki lee jiitu kenn dóotu weddeeka miim

Xolam baa nga dem set soreek ug tilim
Du ëmbal nit uw ay du daaneeka bóom

Du yan nit du lor nit du yàq ub deram
Dafay faj lu bon mbaa budul faj ne xiim

Sëriñ Ahmadu Ndumbee nee Bàmba mii
Du am kat moroomam dafay am boroom

Waxam jee ka wér ngir da koo fab defar
Ta taalal ko taalam budul fay du giim

Amul kem amul kem amul kem ndaxam
Ku jeeex ub kemam, bo dajee yit du woom !

Sëriñ boo fi dégg ak Sëriñ boo fi gis
Yëgal leegi yaw mii ni Bàmba ko tiim !

Sëriñ see di biddiw yi muy Jant bi !
Ku kay tëkkaleeku'b Sëriñ mooka juum !

Mbiram raw na gët yépp raw mépp xel
Toroxloo nga mbër yépp jaajëf Xadiim !

Da ñoo bon ba dee nag ta tàggoo ki ndey
Akii baay akii mbokk ngir bëgg i koom

Ta yaa fii joxe koom i tay ak ëllëg
Sarax ñoo sarax koom i kun far yu woom

Ta am laa di koomum ëllëg jàpp tey
Ludul yaw sobeeki sagar laaki goom

Ku def tey ludul jug ta daad lay dawal
Ba am say ngëram nag ma ngay def araam

Ku am lëf ludul Yaw amul lëf ludul
Ngelaw rek ak nax yu bon mbaate doom

Defal sa dig ak yaw mu melni'b masin
Ki deeful bayeeki mbiram ak sagoom

Boroomam da koy fab ak kay diw di yër
Di saytooka yor def ma nii Yaa Kariim

Bu may bëgg lëf man, bu may wut lëf it
Ludul yaw, murid dëgg lii diw meloom

## Naa jóg ta ware ku waaru waare

Naa jóg ta waare ku waaru waare
Tay jii ma waare ngir jëmmi Yàlla

Ku ne ngi fàggu lunee'ka sàkku
Ta bañ a fàggu ak topp Yàlla

Koo gis mi ngi wut jigéen akay wut
Alal ju mii wut ba fàtte Yàlla

Àddina jaa ngi, bàyyi ko léegi !
Njëkk sa dee gii ta topp Yàlla

Ñépp a ko fi ba, ku jàppul it ba !
Ku jàpp yit ba ! Ta wuyu ji Yàlla

Ta loo fi jag jag ak loo fi bég bég
Ba fi jag ak mbég ta fekki Yàlla !

Àddina jii kat booko amoon it
bu ko yabew nit jaamo ko Yàlla

Ta bu ko dagoo mukk aka doyloo
Rik aka niiro bay fàtte Yàlla

Donte da ngay buur bay yilif i buur
Kon it nga dis mbuur su sew fa Yàlla

Donte da ngay seex ba sang ay seex
Kon it nga dis Ceex su ndaw fa Yàlla

Ku la joxub ray lo am amub ray
Mu ëpp lab ray kenn du Yàlla

Julit du Yàlla yéfar du Yàlla
Kenn du Yàlla, Yàllaa di Yàlla

Dëddul sa bopp ta dëddu képp
Ta dëddu lépp ta jublu Yàlla

Ku ñépp dëddu muy doora dëdu
Googale dëddu du maye Yàlla

Dëddu ba ngay baax boobale lay baax
Ngir booba lay neex sab sang Yàlla

Ku ñépp jublu mu daaldi jublu
Yàlla ta farlu bégloo na Yàlla

Dëddul ta daw fab yiw woo fasoo fab
Balaa ñu laa fab jébbali Yàlla

Bàyyil ku lay ba bàyyil lu lay ba
Ŋëb ka la dul ba ta moodi Yàlla

Kula ŋëb it ba lula ŋëb it ba
Yàlla a la dul ba ak waayi Yàlla

Jublu ci Yàlla ta weet ci Yàlla
Ta way ci Yàlla ak gaayi Yàlla

Ta fab sa xol bi jox ko sëriñ bi
Mu xar sa xol bii tàbbal ci Yàlla

Jajji du bënn ta xamni kenn
Jaaju ko fenn, yeewul ci Yàlla

Bul dégg Yàlla bay wuti Yàlla
Ba waayi Yàlla kon moy nga Yàlla !

Ku mar gisub teen tëb ni da fay naan
Ta yor yoxoy neen moo réere Yàlla

Ku bënn ab teen sax do ko gis naan
Ci ag yoxooy neen bul réere Yàlla

Def a la def nit, boole'm xel ak fit
Xamal ni dof kat, du làq Yàlla

Itte ak'um xel, ndab laa ngi jàppal
Joxe ñu feesal, dell ci Yàlla

Sa itte nam day, ak na sa'm xel day
Sa'b cër na lay day, fàww ci Yàlla

Nit ku'm xelam tuut, itteem itam tuut
Fàww'ub cëram tuut, giñ ko ci Yàlla

Nit kum xelam rëy, itteem itam rëy
Fàww'ub cëram rëy, giñ koci Yàlla

Ku gàtt am xel, du guddu aw xel
Ku guddul'uw xel, du jege Yàlla

Ku bëgg a seetu, na dikk seetu
Lii ku ci seetu, du mere Yàlla

Lo làq santal lo ñàkk tuubal
Sa bopp sikkal bul sikk Yàlla !

Lo bëgg fexeel bu loola dikkul
Bakan bi yeddal bul yedd Yàlla

Yàlla du kuy moy moodi ka ñii moy
Muy jéggaleek moy lu bon du Yàlla !

Bu yeete doon doy kon yeete bii doy
Waaye da dul doy bul doyle Yàlla

Kuy doyle Yàlla, sopuloo Yàlla
Ku sopp Yàlla du doyle Yàlla

Yaw bis bu nek nga jog di lekk
Doo bayi lekk bul bayi Yàlla

Guddi bu nekk bëccëg bu nekk
Do doyle lekk, bul doyle Yàlla

Yàlla la fii may ndox, mo la fii may
Ñam war nga koo may ag sant Yàlla

Sant da ngay daw ludul jëfi yiiw
Tey jëf nag aw yiw tay sant Yàlla

Di sant akay def lu bon la ngay def
Ta doo ko ba def du sant Yàlla

Foo gis ku lay may daŋ kay wattoo moy
Ngir lamu lay may, wattul ma Yàlla

Foo gis ku lay moy dooko wattoo moy
Ngir lamu lay moy, moyul ma Yàlla

Lii ku ko xam nag dellu di moy nag
Texedi nga nag nde xam nga Yàlla

Saa cër yi fab naa, saa xol bi fab naa
Saa lépp fab naa ngir jëmmi Yàlla !

Jox la bu wer nag yaw Bàmba mii nag
Nangul Yaw it nag ngir jëmmi Yàlla

## Sa mbind daa na waral ...

Sa mbind daa na waral Séytaane fecciku daw
Yonnen bu tedd ba muuñ as lëf, Aras jaayu

Yaa daa waral Yàlla ak Yonnen ba daa nu fegal
Lor, daa nu ñoddil njariñ, nuy tuub'akay jaayu

Sa mbidd a daa tax malaakay Yàlla yépp di bég
Di tudd Yàlla ak a sàbbaa teg ca nag jaayu

Yaa da waral xejji suuf ak xejji kaw di gëram
Yàlla ak a yéemu te naa jii waay a jar jaayu

Yaa daa waral Yàlla def loo xam ne deftiko kon
Lu yàgg-yàgg ndaxam yaw rekk a jar jaayu

Yaa daa waral Yàlla jàppub lar bu deefi falang
Baaxal ko nit ñépp xëy doyloo ko muy jaayu

Yaa daa waral Yàlla jéggal ab laram lu mu moy
Nëbbal ko fàwwug bonam muy sant'akay jaayu

Yaa daa defal Yàlla cib jaamam lu rëy lu ko saf
Ñu bokk sant la biir ak biti bay jaayu

Nun ñépp sant na ngir yaw ñépp bég na ci yaw
Yëgal ne buuraki xejjam ñépp a lay jaayu

Say soppe wuute na ñu’s lëf ngir ñilee ngi gëram
Ñilee ngi waaru, ñalee ngay joy’akay jaayu

Jam-jam yu rëy yi nga jam Séytaane rekk a waral
Budee si jaayu ci yaw muy moolu, ñuy jaayu

Yaa daa bégal gaa yu rëy ñuy jaayu yal na nu lay
Bégal yaw it sépp saa ngay muuñ’akay jaayu

## Foo bëgg a dem*

Foo bëgg a dem na nga wut loo yóbbaloo soog a dem
kon boo demee doo fa lor yaw nit te doo fa loru

kuy dem te yóbbaalewul yóbbal bu doy fa mu jëm
kookee du bég du bégal ngir day loreek a loru

Yóbbal bi nag moo di fàgg ub yar te wol mburu yor
foo dem di may koo fa gis ab yar, di mos sa mburu

Ku nekk war na balaa dem fab yar ak mburu yor
ngir dégg fenn di wax talal du xeetu yaru

Yóbbul yar ak mburu boo dee tukki, kon dinga bég
bégal barab ba nga jëm ngir doo loreek a loru

## Bu cér yépp gàntoo def as lëf jafe

Bu cér yépp gàntoo def as lëf jafe
Def as lëf bu yombul am'as lëf jafe

Jugal farlu ngir yaa ngi cib lolli yaw
Te ab lolli buy wéy am as lëf jafe

Ndegam réere nga'b lolli lollee ngi nii
Wér ak dund ak doole lollee jafe

Ku sab lolli ñëw nag ba say yëf ne xus
La gën ngay ku yombul, ku maasam jafe

Jëfal guddi jëf bëccëg ak sépp saa
Ba koo seeru naa kii jëfam yee jafe

Ku def nii ci sab lolli do jeele yëf
Bu nooree te doo xaare yewwoo jafe

Budul woon ngëméen ak nelaw koo fu gis
Mi ngiy farlu ngir xam ne lee jëf jafe

Bu nit nee lasar, ñépp naa dóotu jug
Mu xemmeem a jug jëf te jug jëf jafe

Ku jëm cib ja tey romb xaalis di wéy
Bu yeggee di gis yëf ya teg njëg jafe

Xarit dëgg ŋooral ci xaalis bi yaw
Te kat léegi seerub dërëm sax jafe

Ngir ug mag ak ub ràgg ak dee ngi ñëw
Bu ñuy yegsi dëf lëf lu bon bon jafe

Defal Yàlla as lëf bu mujjee jafe
Am as lëf ci Yàllaati gën koo jafe

## Xarit da lay xaral us lëf ciy yëfam

Xarit da lay xaral us lëf ciy yëfam ne la am
Koo xam ne kii du xaras lëf may la doo waayam

Seriñ da lay jariñ as lëf, yar la, yor la bu wér
Xamal la Yàlla, nga di'b santam, di ab jaamam

Baadoolo day bay di gor, may buuri ngar, di ko jey
Di wetti ñaq akay muñ sax ci ab toolam

Jëkkër dafay muñ akay muñlee ka sàmm ngoram
Ragal Boroomam te am njël, jiitu ag maasam

Jabar dafay yaru, tey muñ, neexi wax, bañ a wex
Rafet, rafet jikko, man boppam, ne cib néegam

Aw fas dafay gore, neexum ndañ, di gas aka tag
Waqam wa sew, wee wa réy, muy mingg ak ub taaram

As gor da fay gore, tey fonkiy waxam ba du deñ
Du fen, du jëw, te du sookeb jëw kii dib yaaram

Mbokkay ka bokk ak yaw xol, say wax it di waxam
Seeniy jef it bokk, muy sab caabi, ngay gaalam

Buuray ka xam Yàlla, sax cig topp, not bakkan am
Te doylu, doyle, amug baaxam, yorug leeram

Sàmmay ka sàmm iy céram, sàmm ub xolam ba du jëm
Cig moy, du jóg ci ndigal, bii sàmm a gën géeram

Jàmbur da fay jàpp ug njàmburam ci lu bon
Du def ludul noona, deeful dégg aw tooram

Sang ay ka sang i moroomam, tey jubal ak a jub
Nekkal di ab sang, yaw mii mbaate ngay waayam

## Fasoo nama fase dunyaa

Fasoo na maa fase dunyaa fàww nag bu rafet
Ba xam ne kuy tuddi gaayam doo ma tuddaale

Dunyaa safoo ma te yaw mii donte xam nga ko yit
Loo rëdd-rëddati say far doo ma rëddaale

Li ngay def ak li nga daa def ak li ngay nara def
Xam naa ko lépp asal doo tax ma bokkaale

Ndegam da ngay rëbb a kay yooteeka wor ak a lor
Sa bopp man maa ngi wut Yàllaa ka déeyaale

ŋëb naa ci koo xam ne lortil kenn wortiko yit
Te moo di Yàlla mi deeful suul a kay jaale

Ko xam ne day mujju nëb ay sax di lekki yaxam
Giñ naa ne ab dof a koy may ak paal a kay faale

Jàppal ci lii ñu la jox doyloo ko fàwwu te bul
Bul dox di xemeem a kay yóotoo'ka féqqaale

Lu Yàlla féq mu ñëw loo xam ne féqquko nag
Loo féq féq du ñëw lii fab ko yóbbaale

Tuubal te sax ci ndigal kon wépp yiw dina ñëw
Te sax ci yaw fàww ngay fàttee'ka rombaale

Lu deefi wut bu la dee wut loo fexeeti mu jub
Te lëf du jib ci digg ak kenn ngay yaale

Jàppal sa itte mu jëm kaw bay sa sas wi su jee
Ñu jox la ab añ bu dóotul jeex nga tëddaale

Bul itteewoo añ bu koy geesoo'ka tuddati sax
Añ baa ngi ñëw lépp luy ñëw matla tuddaale

## Yàllaa di géej ug njariñ

Yàllaa di géej ug njariñ goo xam ne kenn du ko as
Duykat yi duy nañu bay feesal te ken nasu ko

Doxkat yi jóg nañu ñii ngiy daagu ñi jamu xél ko
Ñii gaawe niw saan a kub sox waaye kenn jotu ko

Ñilee ngi xam tuuti ñii xam jópp ñii bañ a xam ko
Ñi ëpp faf ñépp xam-xam waaye kenn xamu ko

Ñilee ngi daj tuuti ñii daj jópp ñii bañ a daj ko
Ñii daj ba daj lu rawum xel waaye kenn daju ko

Ñilee ngi gis tuuti ñii gis jópp ñii bañ a gis ko
Ñii gis ba gis lu ñu dul wax waaye kenn gisu ko

Ñilee gi jam tuuti ñii jam jópp ñii bañ a jam ko
Ñi jam ba jam rabu “cey-cey !” waaye ken jamu ko

Dellul ca saw sas te bay nag bul ligéey e wërub ko
Tool ak wërum tooba lii day yàq mbay bàyyi ko

Ndegam xamoo ko te xam saw sas mu doy la xanaa ko
Ndegam gisoo ko te gis sag pal mu doy dagu ko

Toolam bi nag loo ko wër wër yaw te xam ne bayoo ko
Du tax nga am dara yaw luy tee nga am moyu ko

Toolam bi moo di bàyyig moy fàww sax ci ndigal ko
Mucc ak njariñ fàww a dib añ dig pal it fexe ko

Bul ittewoo xam lu dul saw sas ku bëgg njariñ ko
Day jéem a xam aw sasam tay jéem a dem bayi ko

Loo xam xamug moy te waccoo moy ga fajtila lëf ko
Loo xam xamug yiw te doo jëf ñàkk a xam tane ko

Bàyyil lu bon defu yiw añ ñëw nga añ bay a bay ko
Yamal ci lii nég fi sab cër kon mu ñëw nga ti ko

Lu am fumuy tàmbalee kay yam la xel man a jot ko
Lu àppuwul tàmbaleewul fenn xel jotu ko

Asal te farlu ku ñëw day as di as ba ne mes ko
Yóbbum ndoxam ba ko muy fellax nde kenn nasu ko !

## Génnal ci ñépp ba set,

Génnal ci ñépp ba set, nag, génne ñépp ci yaw
Bul tàbbi nit, te bu nit tàbbeeti mukk ci yaw

Ubal sa bopp ba doo am fenn buntati far
Ku ñëw fi yaw lu mu wër wër wër na mujj taxaw

Duggante wéy na, ña baaxoon wéy nañ, tay ñi fi des
Ay yàqkat lañu ak ay njuuma "doom a nga daw"

Li ëpp ci'w nit lañuy wax bokkul ak lañu fas
Ku ñëw dalay wonu yiw, buy jóg fi yaw di la jëw

Naaféq baaxul, na muy mel bokkul'ak na mu mel
Ayam wa day ne ca biiram, yiw wa nekk ca kaw

Day ree fi yaw ak a bandaañooka wax lu rafet
Te xol ba bañ la ba dee, bum gis ci yaw fu mu aw

Loo wax mu ree, loo def it muy ree di saf ku mu saf
Te xam ni say wax a ngii mel fib xolam ni ngelaw

Tay ken jarul dara ngir naaféq rekk a fi am
Foo gis ku am dara, ay naaféq daal a ko ëw

Ñu tuut a mucc ci ag naaféq tay jile kat
Ak démb sax, waaye nag lay dëgg tay dafa raw

Soññil sa bopp te wéy ak gaa yi top ci yaw
Te muñ, ñu muñ bu rafet ndax léegi wallu gi ñëw

Ku Yàlla wallu nga fàtteb coona, Yal nanu may…
Nun ñépp wallu gu rëy, guy tax ñu dab ñanu raw

Te Yal na Yàlla defar géppug defar suñu mbir
Ba dóotu yàqu te may nug doylu fàww ak u yiw

___
Dalal di fab sa kurus tay sikaroo'ka tasab
Ludul li ngay jëf, du ànd ak yaw bu dee gane see

Dee matla dox di ragal, moy daal a mat di ragal
Ak saa su wéy ta defoo aw yiw ca soosale saa

## Murid bi yaw jeexalal sag dundu

Murit bi yaw jeexalal sag dundu far ci ndigal
Sa noo gu ñëw mbaa mu wéy nay ñëw di wéy ci ndigal

Jàppal ci Yàlla te def toppam ga ab xarit ak
Baay ak nday ak soxna ak doom it te def ko alal

Te def ko ab goro def ko'w fas te def ko sa kër
Te def ko mag def ko rakk ak mbokk def ko sa njël

Te def ko wéttalu xol ak àndandoo ki sër ak
Ñam ak ndox ak lal bou nooy ak gën ji dàll te sol

Julil ci Yonnen ba mbaa ngay sikarooka xalam
Aw yiw ci sab xol te bul neenal sa waxtu jëfal

Loo mën defal loo mënul jéemal te yéene ko yaw
Kuy jéem u yiw aka yéene'w yiw mbiram bonagul

Sa cër yi nay jëf te saw làmmiñ di wax wax i yiw
Njagam mënoo wax akay jëf aw yiw it xalamal

Loo def ci aw yiw lu sew sew ak payam dina ñëw
Te pay ga waxtu wu dikkee sedd guyy sa xol

Li mbay di tiis aka sonleekay lëjal ña ko def
Bu lëf desul ndare tibb ak sex ñu sant asal

Bu lëf desul ndare ñay wax naan ku daa jëfu yiw
Na tabbi Àjjana, koo gis ngeejuwoon a jubal

Yaw Yàlla may nu ci bàrke Bàmba mii nga jubal
Jub ak wér ug yaram ak gudd uw fan ak rafetal

Ta may nu mujj gu rafet, ta may ko bépp Murid
Ak bépp julit, ta may nu'g sax ci topp ndigal

Amiiin

## Damaa dem fi ay sëg

Damaa dem fi ay sëg ma jis képp nit
Ni cundung ci bàmmeelam ak ay jëfam

Ma xam nag ni koo xamni lii dig mujjam
Bu yewwoo dafay teela jëm ciy biram

Jugal jëm ci say bir te bul toppandoo
Ñi booleek tàyyeel ak ngëmeen ag ngëlëm

Lu nit fab di yóbbaale bammeel a koy
Fajal lor ludul loolu fajtil loram

Te ak jur ak uk nit ku dee doo ko fab
Di yóbbaale fàggul ci sag jur ngëram

Te mbooleem lu nit saytu Yàllaa ko fab
Abal ko te buy dee mu nanguy yëfam

Ligéeyal ci say yëf te wut ciy njariñ
Lu jar dem ba say yëf te làqoo ca ndam

Ku xam dëgg loo am balaa jee nga am
Ca loolee ludul nammatee jee ndaxam

Ku am déq ak ub jàjji tay gas bu wér
Balaa déq baa jee mou seerum ndoxam

Te ab déq kat moo di dunyaa yëgal
Te gas moo di ag jaamu jaamul te gëm

Wér ak dundu ak wërsëg ak kër gu jak
Dou lëf kat ndare'b déq yewwul te xam

Ku déqam ba xëy jee te bënnul përëj
Mu dëkke'w mar ak mer di rëccuy jëfam

Xarit dëgg naanal te gas bënn yaw
Ku def nii bu bës baa du rëccuy jëfam

Xarit dëgg naanal te gas bënn yaw
Ku def nii bu bis baa du rëccuy jëfam

Xarit lépp loo saytu jaamoo ko yaw
Ku def nii bu bis baa mu bég ciy jëfam

## Sëriñ bee matub sang

Sëriñ bee matub sang moo gën kune
Te moo doy wolof ak tubaab ak kune

Mbiram doyna naar ak tubaab ak wolof
Te doy sëkk góor ak jigéen ak kune

Kukoy sikk nékkul ci suuf ak ci kaw
Mbiram fës na nib jant tay moo fi ne

Ba leeral na suuf ak kaw ak bépp gox
Jëfam jëm na kaw aw turam dem fune

Bëmëx nay ngënéel ak njariñ képp nit
Ba koo jis mu feesal te am nag lune

Bu seeroo ku sàggan te bon melni man
Mu fab teg ca kaw far ko may sag bune

Budee jis ku ñuy xeeb akay dox di xas
Mu nëbb uk bonam xëpp koy yiw w ne

Ku ñuy dox di suxloo ka soowug bonam
Balaa jekki kookee raweekay gëne

Bu jàppee ku bokkam ya fab sànni fee
Bu delloo fa bokkam ya moo fay tane

Ngënéelam yi ñoo daj kajoor ak bawal
Te daj penkku daj sowwu daj wet gu ne

Amul genn wet guy ngënéelam newul
Ndaxam gaayi jii waay a gën waa june

Te Yàl naw fanam ak suñuy fan di wéy
Nu far mucc am fan wu sut fan wune

Te Yàl nab xolam sedd fàww it ci nun
Te far sedd sedd it ci mbooleem kune

## Sëriñ day woote Ibliis di woote …

Sëriñ bi day woote Ibliis di woote ni ay !
Ku nekk a ngay wut kumuy yóbbaale ! moo nakamu

Ku nekk am na këram kum jàpp yóbbu këram,
Ku réere kër ya da naa jug wax ko kër ya yumu,

Ki Àjjanaa di këram kee naari moo di këram
Ku wuyyu ji Shéytaane, boo dee saw yaram xoyomu

Nañ daaldi wuyu ji Bàmba mi ken dul fab nitam di xoyom,
Shaytaane mii moo dib noonu waayi Yàlla jumu !

Kuy woote ngir nar a xéewal, wuyu ji ko gën a yay
Di wuyu kuy woote ngir nar laa alag badamu

Bu ñu jënde Bàmbaa ti lëf ngir Bàmba moo gën i ndey
Moo gën i nijaay ak i baay ak soxna yuy baramu

Di toppatoo ndigalam xam naani moo gën a yay
Di xëy di daagoo’ka naa taaxum Morel ma fumu ?

Murid ba yeg xolam dootul wëndeelu ba daj
Ludul Sëriñ ba, ku xam boobe murit ana mu ?

Sëriñ ba laa dëkkee ab xol, xol ba dootu xalam
Soxnaa’ki doom ak i waajur gaayi nañ kayamu !

Nañ génne àdduna suñ xol fab Sëriñ bi dëkkoo
Adduna day silmaxaal ub xol ba muy palamu

Ka mat di daw moo di waajay laamisoo'ka nuyóo
Di tàbbi neegub moroomam lum am it palamu

Tér ak tilim aka yendoo jëf la taalibe xam
Lu taalibe xëy di raggii yeel akay sëlamu

Ragg uw yaram bamu set ak saabu lum xala faj
Ta xol ba kay sóobi, mën koo fab di sóobi ndimoo

Teree'ka wansoo'ka sàngoo sàkku lum xala lor
Ta xam ni xol baa ngi melni'b jant nañ fetemu

Murid ba dëgg da fay xos nit, di saf nag u rab
Du tàbbi néegub jigéen it, wii meloo xoromu !!

Ag bëgg àdduna rekay tee murid di janoo
Ak taaxi firdawsi, Firdawsi dee di ngën ji lumu

# Sëriñ bi yaa nu fayal taal ub tawat ba mu fay

Sëriñ bi yaa nu fayal taal ub tawat ba mu fay
Budul kon ak yaw lu bon am taay gëram naala

Séytaane tuuti mu bég nun ñépp tuuti nu rot
Yaa tee mu bég yaa nu tee rot man gëramnaala

Yaa dong a tee nuy wëreeluy jommi-jommi di wéy
Di tappaleeka naxeekay leb, gëramnaala

Ay waa ngi daj kàpp mboleeem nit ñi teggi nu nun
Yaa tax mu teggi nu mootax man gerëmnaala

Ku nee gi rab rabi ngir xiif ak ragal ndare nun
Ta yaa nu tee boole xiif ak rët gëramnaala

Nun may nga nu dund ak ub dund it bu wér bu rafet
Ta may nga nu'm ndox mu doy, jaajëf gëramnaala

Man fab nga mboleem luñiy wut teg ci saa yoxo yi
Faf def ma sab loxo man mii kay gëramnaala

Mënon nga maa bañ a may ak yëg ta sànni ma fee !
Ta def ma faf ni ku dundul man gëramnaala

Man saytuwul sa njariñ man saytuwul sa lorit
Yaa may jariñ dima xàllal lor, gëramnaala

Gisoo ci man ci man sa njariñ, séenoo ci man sa lor it
Ta jublumaaki njariñ yaw kay gëramnaala

Fàggul nga nuy may yu doy faf ñag nu ñag bu nu daj
Alhamdulilaahi Sheexoo man ggëramnaala

# Sheexi gannààraki kajoor

Sheex i gànnaar ak i kajoor
Yépp a ngi naa yaa di góor
Kenn sikkatul ni yaa di góor
Ba nga defee lu kenn deful

Yàllaa ngi naa la jërëjëf
Yonen ba naa la jërëjëf
Sëriñ si naa la jërëjëf
Yaw ndam li lépp yaa ko jël

Ku Yàlla far di sab géwël
Yonen ba far si sab géwël
Sëriñ si far di say géwël
Ku la wayul dula soxal

Ku la wayul gis ku la way
Ku la way it gis ku la way
Ku yabu noppi mbaa mu way
Yaw am nga tànneef i géwël

Kula wayul deesu ko way
Kula mayul deesu ko may
Ku la royul deesu ko roy
ku daguwul deesu ko fal

Ku dagu yit ku faluwul
Du tax mu fal la genn pal
Ngir ken du jox nit loo amul
Yaa falu fal nu gépp pal

Da ñoo amul ta mënu nu
Te bëgg nag nga saytu nu
Te Mbàkke dëgg saytu nu
Te may nu ñuy aw sa ndigal

Donte da noo bari'y dërëm
Foo tollu yor suñuy dërëm
Te Yàlla xamna yit nga xam
Te kon mu doynu hasal

Waande njegam da ñoo xamul
Yaw xam nga mën nga ñoo xamal
Ndegam batay da ñoo mënul
Yaw mën nga ! Mën nga ñoo mënal

Bu nu xamul te nga xam it
Mbaa nu mënul te nga mën it
Mbaa nu yëgul te nga yëg it
Yëgal ni kon du nu mbugël

Xamal nu mën nga ñoo xamal
Yëgal nu mën nga ñoo yëgal
Fasal nu mën nga ñoo fasal
Defal nu mën nga ñoo defal

Wutal nu mën nga ñoo wutal
Demal nu mën nga ñoo demal
Fobal nu mën nga ñoo fobal
Musal nu mën nga ñoo musal

Sarax nu ndab yaa ngee'ki ndab
Ta feesalal ñoo'ki xëb
Yu duy a duy lem ba ñi xëb
Bay mosle lem, nee nu fobal

Lii lépp na nga nu ko defal
Ndey da na wuuf ak a tegal
Doomam ju ndaw ak a sifal
Ak a jaxal ak a sexal

Ta yaa di ngën ji jépp nday
Doy nga nu nag def nañ la nday
Amunu tay ndey ju la moy
Ndegam da ñoo bon it yoral

Fajal nu mën nga ñoo fajal
Bayal nu mën nga ñoo bayal
Dogal nu mën nga ñoo dogal
Bégal nu mën nga ñoo bégal

Sottal nu mën nga ñoo sotal
Safal nu mën nga ñoo safal
Lebal nu mën nga ñoo lebal
Fayal nu mën nga ñoo fayal

# Ma jóg defal gaayi Tindoodi

Ma jóg defal gaayi tindoodiy bëyit yu rafet
Ndax seeni xol sedd seen iy itte yëkkatiku

Ittee di koomum Murit, mbooleem Murit bu ko am
Sangam gëram ko, la muy wut lépp jàppandi ko

Wutleen i itte yu rëy, sàkkuy ngëram, fexe ndam
Te soppu séenub Sëriñ toppiy waxam te ja ko

Dableen a dab ngëramam tay sàkku fàww mbegam
Te lépp lëf lu mu bañ dawleen a daw sori ko

Mat nab Sëriñ, yéen itam matleeni taalibe nag
Te yeesalug tuub akug njébbal akug bàyyiku

Jëmleen a jëm ca kanam mbooleem lu deefi mbébet
Cig jëm kanam la ko deefi làqe sikku ma ko

Kem lub Murit jëm kanam gën faa jegeb Sëriñam
Gën faa defub xaritam, yaw sab Sëriñ jege ko !

Jegeb Sëriñ bokkul ak fus toll jis la fa kët
Ngay xool ak'ay déglu waxtaanam te santu la ko

Jegeb Sëriñ moo di, yaw mii, toppatoo ndigalam
Te lépp loo xam ne bëggul, loola yit nga ba ko

Sëriñ ku aw ndigalam yaa nekk ciw wanagam
Ne cib xolam, ab Sëriñ, kuy moy ndigal safu ko

Te doonte yaa ngi ci màndiŋ tey jëfeey ndigalam
Yëgal ni yéen a ngi riisoo, Yàlla seede na ko

Te doonte yaa ngi fi poojam tey moy it ndigalam
Seenub diggantee fi sut ndar lii ka bon moyu ko

Tay gaayi Tindoodi seenub dénk mat na mi ngii
Nun ñépp Yal na suñuy bir jub te yëkkatiku

# Képp ku séq ub jéego bis

Képp ku séq ub jéego bis
Jëmme ci man ngir bëgg a gis
Saa jëm jii ak bëgg a gis
Samay bëyit na sébbalu

Ceeboo ngënéel aki ngëram
Ak wërsëg ak mucc aki ndam
Ak bàrke ak werug yaram
Ay dal na nag kuy jombulu

Kuy jombuloo siyare nit
Doo gis mu am lami mbébet
Bul jombuloo siyaare nit
Siyaare day tax a falu

Te bul siyaare ndare ñaar
Koo xam ni kii danala waar
Ngay waaru mbaa nga di ko waar
Muy waaru lii rek ay solo

Ndegam jisoo nag ñile ñaar
Jekkil sa kër te waara waar
Sa boppu moo gën jóg di waar
Aw nit ñu naa yaa am solo

## Ku toppatul Yàlla yit boum deeti ...

Ku toppatul Yàlla yit bum deeti juk diko moy
Moy Yàlla rëyna te dee dem naari it woyoful

Ku man di julleeka werd akay joxe alalam
Na jóg te def ko te bum tax muy yab it ku manul

Ku jàng a jàng ba xam mbooleem haraf yi ñu jis
Na sant Yàlla te bum tax muy xas it ku xamul

Yàlla a xamal ku fi xam Yàlla a amal ku fi am
Moo sàkk ndab yi defiy yiw sàkk ndab yi deful

Yàlla a fi tek ndab yi mootax lépp ndab lunu gis
Nan koy teral ngir boroomam nun te bun ko bonal

Foo gis ku bon nee ko Yàl nan Yàlla boole yërëm
Xamal ni nit amewul boppam nde kon mu jubbal

Am lar namuy doxe bay rëyloo ka xeeb i kemam
Kuy xeebu nit xamagul kuy rëylu yit rëyagul

Ka rëy du rëylu ka am xam xam du xeebi kemam
Mbaa kon nga xamni dafay saf waaju xam te xamul

Yàlla a jagoo rëy te waajuy rëy mu daldi halag
Séytaane xamna ni rëy baaxul nde moo ko bonal

Xam xam lu taxtila xam jag jag lu taxtila jag
Xay xay lu taxtila xay sol-sol lu taxtila sol

Rëy rëy lu taxtila rëy am am lu taxtila
Saf saf lu taxtila saf jël jël lu taxtila jël

Yàlla a ngi yor yëfam ak yéppam di seetu nitam
Te waxtu wuy gis ka koy soob it mu jàpp ko fal

Ka Yàlla jox pal ga kookee moodi kay mata xam
Te pal ga joxna ko tay jii BÀMBA mii nu nekkal

Wallahi ! Noo texe nun gaayam yi noo fi gën it
Moo tee nu sant ta fab sun njort yii rafetal

Kuy tee nu sant ta sun waaji di waaji fi gën
Du def lu bon du ko seetan it, du wax lu warul

Ab dex la fum jis lu bon day dal di fab ni tërëx
Ku bon, na jóg wuti dex, dex reka kay suturaal

Tilim ju rëy safulub dex fum ko jàppe mu set
Ngir dex dafay jàpp santaareeki sën di labal !

Suuxal na mboolem lu dee faa wax li nii rafetul
Ngir jëmmi Yàlla ji, kii dib sang nañ ko jëfal

Fenkal na jantub ngëneel ak diine, dootul leundeum
Yombal na xaalis ta yombal lep, lëf jafewul

Ku nekk a gën baayam ak maamam ta gën ndeyam it
Ta gën nijaayam'akii maasam, ta mooko waral

Ku santul, man danaa jóg sant waaji nu may
Ndax gor su dul sant xeewal, gor soosu gore wul

Nun lii nu am bunu dolleetul woon itdana doy
Ta waxtu wun toll muy dolleeka naa "Doyagul !"

Ta lum fasoo, di nu teeteekay yërëm aka nax
Ba xëy ñu boole dugal Firdawsi, ëy naxewul !

Alhamdulillaahi, tee noo noppalooti ta jug
Ag cant sas la wu rëy nañ jekki (xaar) tuuti ta dal

Firdawsi duy nax ta koo jis mo ko tee nelaw it
Yàl nañ ko am ta suñuy fan gudd a gudd ta ful

Amiin

## Xarit dëgg yaw bul defub tëddkat

Xarit dëgg yaw bul def ub tëddkat
Njegam bëgg ngaa def nit ug tedd nga

Njegam bëgg ngaa tedd bul tëdd yaw
Ta woppoo bu wér ndaxte kuy faatu nga

Bàyyil fàww biddanti tay yewwu njël
Kudul yewwu njël kat du jël cant ga

Di ànd ak sa lal bii nelaw jëm fajar
Taxul Yàlla bindoon la ay réere nga

La tax Yàlla bindoon la kay du'y nelaw
Ta boo xelluwoon yit batay tuubi nga

Mësoo gis ku jënd ub laram ngir nelaw
Na ngay néewal ug tër larub Yàlla nga

Ta boo dee nelaw kat ba waxtuw fajar
Nga jug jàpp dem Julli, biddanti nga

Na ngay yewwu yaw jëkk waxtuw fajar
Di sàkkuy ngëram nag ba jot nodd ga

Nelaw, lekk, wax, néewalal yett yii
Ta boo néewalee yett yii kat të nga

Nelaw tuuti, wax tuuti, mos tuuti, nii
La dag yépp daa def ba for ndombo ga

Defal nii ma wax mbaa nga jébbal sa mbir
Ku def nii ma wax, kon batay wàcc nga

Kudul gis ta jox ag tumam kay gis it
Du wooloo lu neefaa ko “Yaw yegg nga”

# Gaa yile man jébbalu naa

Gaa yile man jébbalu naa
Bu wér te kat bàyyiku naa
Bu wér te kat soppiku naa
Nar a tu ma a yor séeni mbir

Nar a tu ma a yor sama mbir
Nar a tu ma a yor séeni mbir
Nar a tu ma a yor sama kër
Nar a tu ma a yor séeni kër

Nar a tu ma a yor sama jur
Nar a tu ma a yor séeni jur
Fasoo na ma a fab séeni jur
Ak sama jur joxe bu wér

Tay boole naa man séeni mbir
Ak sama mbir ak séeni kër
Ak sama kër boole gu wér
Jébbal Sëriñ Bu Mag far !

Jébbalu naa jébbale naa
Noppalu naa, noppale naa
Te noppi naa, noppilu naa
Deesu ma gadul ak a fayu bor

Lebu ma man, leble wu ma
Te moone kat leblu wu ma
Waxu ma yit waxlu wu ma
Tudd samay ayib du ngor !

Sëriñ bi man ma a ngi nile
Samag njaboot a ngi nile
Sama mbir ya a ngi nile
Na nga nu boole yor defar

Buntub tawat ubal nu ko
Fàww ba dootul ubbiku
Buntub ngëram ubbil nu ko
Fàww ba dootul ubu far

Ubal nu wunti pert yi
Ubbil nu wunti tono yi
Ubbil nu wunti cant yi
Ngir caabi yépp yaa ko yor

Yiw wu nu raw na nu ko jot
Waa ju nu raw na nu ko jot
Ba far ko jiitu bu rafet
Te bu nu lëf mbaa kenn lor

Te bu nu aw yiw rawati
Te bu nu kenn jotati
Mukk ak a dox di séenati
Sarax nu bàrkeb mépp ngér

# Ludul ndigal amul njariñ

Ludul ndigal amul njariñ
Te kat xamal ni ap Sëriñ
Du bëgg nit ba fob njariñ
Jox ko ta toppul ndigalam

Kem loo defal nag sab Sëriñ
Am luni tollu ciy njariñ
Loo defalul nag sab Sëriñ
Soo ko bëggee yit doo ko am

Ab teretaŋ ñàkkul dara
Waaye ku saytuwul dara
Du am ca njaayam ma dara
Lii mat a xam ta mat a gëm

Ku jóg ba dem cib teretaŋ
Ta yóbbuwoo dara du bég
Tab Sëriñay ab teretaŋ
Du joxe ci neeni yëfam

Bo déggatee yaw senn ndaw
So xamne moo gën sépp ndaw
Bul daw di jëm ci soo sa ndaw
Dawal a daw wutib canam

Bo bëggatee ci sab Sëriñ
Lenniy njariñ joxko'y njariñ
Sëriñ ku koy joxi njariñ
Mu di la jox ay njariñam

Ku yor yëfam, nga yor sa yëf
Ba noppi làq nag sa yëf
Di laaj yëfam, yaa gën a dof
Ne kon sa xel du ko xalam

Bul jay sa bopp bu ko nax
Xamal ni kat deesula jox
Ludul li ngay jëf aka wax
Ag dëgg a rekk a am xorom

Bul jéem a saxle loo jiwul
Ngir bëgg a saxle loo jiwul
Am xel mu gàtt la wutal
Ag njëg ta jënd ay ngëram

Kuy moy ta bëgg Àjjana
Loolee mu bëgg jomb na
Loo xamne nag lii jombna
Ab dof a koy bëgg ndaxam

Doxoo ta bëgg a raw kune
Jëfoo ta bëgg a am lune
Sonno ta bëgg a gën kune
Du mën a am nanga ko xam

Ngir Yàlla kat mën na lune
Waaye du tax kat mu def lune
Ngir sàkk na'b dëkk fu ne
Wutal ko nag ngir mu ca jëm

Dëkk bu nit sóobum ngiram
Ta taxawul, dana ca dem
Yàlla lilee dib ndogalam
Ta kenn du dindib ndogalam

Àjjana, ag topp a ca jëm
Sawara, ag moy a ca jëm
Ñaari barab yii bo ca jëm
Dalal di sóobu am ngirëm

Ab lar na bay rekk aw sasam
Ta bañ a soññ ab añam
Jekki di soññ ab añam
Ta bañ a bay gàcceema cam

Bayal a bay ta muñ a muñ
Ngir ñi ngi lay toggali añ
Baykat buñiy toggali añ
Na itteewoo rekk mbayam

Murit ludul ag bàyyiku
Ak soññ boppam waru ko
Yaw jébbalul ta bàyyiku
Ŋëb sab Sëriñ, aw ndigalam

## Sa jëmm ji lee tax ay du ñëw

Sa jëmm ji lee tax ay du ñëw Yàlla yaw la rus
Rusul ku la moy Yaw donga tee nu gisug mbugël

Lilée tax ma naa yal nang fi yàgg te saw yaram...
Di seeda ka wér, ngay may ndigal ñéppa kay bégal

Bu lor nee bërét ngir bëgga dikk nga dàl di jañ
Njariñ fëxit ngir bëgg ñoo raw nga gor ko fél

Njariñ dóotu raw, lor dóotu jot kenn lii ka rëy
Jañal nga nu bon bon yépp far bett noo ki pal

Wutal nga nu ndombog tàŋk koo séenagug palam
Amul ci sa ñooñ koo xam ne kii amulub dogal

Sëriñ nga bu gën mbooleem sëriñ sépp tey pakeb-
jullit ñépp paasal noo ti tey joowa kay dawal

Da naa boole tuub ak cant ngir boole koo ma war
Ku yor may, yoruk moy, sant tuuba ko war asal

Da naa joowalit mbooleem jullit ñi fi Yaw mi am
Lu faj lor te am yërmànde sébbi na, seppalil !

Maral wi na deñ, mbooleem ku woppu na dàl di wér !
Ku ñàkk na am, koo xam ne suufe na yékkatil

Ñi nekk ci kaww suuf sépp Yaw la ci Yàlla yëg
Te Yaw la ci àndal, Yaw la ciy xool akay waxal

Waxal nu fa as lëf ndax mu ubbil nu wunti mbég
Te tëj wunti lor ak wunti moy dàq aw maral

## Sa jëf ju baaxul bu muy tax *

Sa jëf ju baaxul bu muy tax yaw nga naagu ngëram
Sa jëf ju baax it bu muy tax yaw sa xel dal a dal

Njegam da ngaa defu hay tuubal ñu jàpp ko far
Njegam da ngaa defu yiw santal ñu jàpp ko ful

Ag topp akug moy ku koy def Lay musal ak a lor
Nde Yàlla doylu na wallis luy loreek a musal

Ab lar lu moy-moy bu tuubee moy ga mel ni moyul
Lu jëf-jëfuw yiw bu dee naw jëf ja mel ni jëful

Ag topp akuy moy ka koy def lay musal aka lor
Nde Yàlla doylu na wallis luy loreeka musal

Boo taqatee na nga daw yaw daaldi sóobu ji dex
Ta boo seetee na nga mëytoo def lu lay tilimal

Séytaane day wax Boroom ub tir yaw sa tir bu du set
Day wax Boroom ub set it doo tilim, xalamul

Séytaane day wax ku bon yaw tuubi fajtila lëf
Ba noppi nag naa ku baax it kaare yaw na nga mel

**Incomplet*

# Yaa denc yaw ndaw sa

Yaa denc yaw ndaw sa say kem daa ngorook a jamoo
Muy tog akay yakk, ngay mosleek a mos, sooyoo !

Yàlla a ko fab ne la am, Yàlla a la fab ne ko am
Ngay sant muy sant naa « Sàmbaa » nga naa « Bóoyoo »

Yaa jekk, jekki, ku jekkay jekki yal na nga sax
Cig jekk tey musle cib jooyoo akub juuyoo

Ganccax gu sax nga gu am ndox weddatoo maraloo
Ñàkkoo mbay it amulam ñax gooyaloo, gooyoo !

Ab ñag bu fatt bu lëf dul bëtt mukk a la wër
War ngaa rëyug cant ngir xiifoo, maroo, yooyoo

Ki jàpp gii may gu rëy jébbal la yal na la may
Ngay sant cant gu rëy guy tax mu naa yooyoo

Loo bëgg dikk na, loo bañ daw na yegg nga yaw
Ca digg déndd ya ñàkkoo wenn yiw  fuuyoo

Juuyoo ngëram falaŋoo ndam sànniwoo sa njariñ
Te teggiwoo bàrke foo tolliy berax xuuyoo

Yaa yanjj, yanjjle, dootoo fayle deeful a fay
Yaa mucc, yal na nga raw, suuroo, fesoo,  tooyoo !

Yaa kiilu tëj na ñu buntub lor bu jëm si ci yaw
Lor dooko fekki du ñëw faf ngeen itam juuyoo

Sa bunti mbég neena péll it  benne ubbiku far
Te kenn dootu ko tëj ñay waa ngi nii sooyoo !

## Sëriñ Abdul Ahad ...

Abdul Ahad yal na saw fan gudd Mbàkke nga wér
Te sax ci jàmm aku yiw ak jaamu Yàlla gu wér !

Farlul te wéy yal na ngay for dog bu sedd sa xol
Te mucc ciw ay'akum ndog sax ci def la la war !

Toppal sa mag Mustafaa bul génn yaw ndigalam
Ngir mag mu mat mag la mat ñéppub sëriñ te du wor !

Jëfal te bul faale nit, bul geesu nit ci sa jëf
Na Yàlla tax ngay jëf ak Yonen ba ak ka la jur !

Kalay manal dara moo jar def lëf ak bàyyi lëf
Te kooka nag moo di « Rabbul Archi » yal na la yor !

Yar bii nga yor yor ko biir ak bitti moo di sa kee
Moo gën ci yaw nit ñu baax ak kër yu baaxaki jur

Sa baay a gën ñépp teb yar dong-dong la yor
Yoral yaram ba te koo gis deeko sant ak a yar !

Sa baay a gën ñépp ab yar ngir dalay jox a jox ab yar
Ba ngay am a am ab yar te doo mos i yar !

Du yëkkatib yar di teg nit waaye moo gënu nit
Ñay teg nitub yar akay janneek a yeew ak a lor !

Nijaayi ndam yii nga am loo jis ñu am ko ci ndam
Xamal ni moo ko ca def jii wax ku nekk la bir !

Nijaayi ndam yii nga am loo jis ñu am ko ci ndam
Xamal ni moo ko waral ak cant war na gu tar !

Ag cant war na ci yaw ak ñoom gu rëy gu rafet
Gu tol ne bàjjo gu dul yam fenn mukkati far !

Loo jis ci Amsatu moo mii cib yar ak jëfu yiw
Xamal ni moo ko ca def gii wax ku nekk la bir !

Abdooki Amsatu ak Mbakkeeki Bàlla Asan
Yaw say nijaay a ngii ñoo diy sàll kenn du ciw par !

Fëxal te raw am nga ab yóbbal fëx ak raw a des
Ngir baaxi bokk a di ab yóbbal na yitte ji sar !

Saral te wéy dëgg bul yam ciy nijaayaki
Baay ak nday di sant ak a doyloo seeni cër lu ko jar ?

Foo seeru kuy fok a doyloo ab cëram na nga wut
Loo dolli yaw ci sa cër bii ndax nga am cëri-cër !

Jollil ca kaw bul fexee jëm suuf'akay wax a dal
Cig jolli ngay waare ab xiibon ca ngay note mbër !

Reggàyu jàmbur ku koy doyloo ba lekkul a xam !
Buurub Aras ba far ak bër yépp yal na la far !

Yaw yal na ngay wéy'akay jëm kaw di dolliku ndam
Ba jiitu waa kaw te nangoo suufe kuy amu tur

## Ma jóg man ligéey al Sëriñ Bàmba mii

Ma jóg man ligéey al Sëriñ Bàmba mii
Ligéey al Boroomam ba am lii mu am

Ba ñuy kër-këreek ay xareek ay wasal
Ma ngay jaamu Yàllaak a woy Yonnenam

Ba ñuy bëgg i ndongook a wooteg cëriñ
Ma ngay bëgg Yàllaak a sellal jëfam

Ba ñuy fonk i juddook a fonkiy alal
Ma ngay fonk diineek a fàggub yaram

Ba ñuy denc i jur geek a aayeek a nay
Ma ngay denc téereek a dëddug njuram

Ba ñuy daw di dab àddunaak ay kobas
Ma ngay daw di dab Yàlla daal ak ngëram

Ba ñuy xal-xaleek ay jamaaleek a jam
Ma ngay diir ak ay jam ngëram jam na ndam

Ba ñuy ŋal-ŋaleek a taal i jàngook a wal
Ma ngay sos ci suuf ug muriit cëy mbiram

Ba ñuy xamb kéeféer di xamb ug cëriñ
Ma ngay xamb taalub Boroomam di gëm

Ku daa taal akub taalam it fay na tay
Kamaj Bàmba daal ay bérax ak ñoñam

Te Yal nay bérax nuy bérax muy bérax
Nu teg cay bérax fàww koo gis wedam

Nu déggoo juboo am ngëneel ak xorom
Te wér gudd fan am lu kenn mësal am

# Yaw Abdu Xaadr laxasul

Yaw Abdu Xaadir laxasul te aw a aw yoonu ndigal
Tey wattu pakk bu la fél ngir pakk yee gën a bari

Jigéen a ngii te pakk la aw fas a ngii te pakk la
Waajaay a ngii te pakk la te pakk yii da na lore

Séytaane mii daa na féle te bakkan it daa na féle
Bànneex itam daa na féle Àddina yit daa na wore

Tay leegi yaw nag yaa ngi nii Yàlla mi ngay wut a ngi nii
Te li mu lay sant a ngi nii say noon a ngii di la tere

Say noon a ngi nii wër la fu ne, di la fexee def nag lu ne
Boo farluwul farlu gu ne, doo man a yegg fu sori

Moo tax ma naa la tubayul Te fëx a fëx wuti ndigal
Ku fëx a fëx wuti ndigal Du mer te deesu ko mère

Murit ndigal moo di saŋeem Bu ko awee tàbbi saŋeem
Bu ko awul génn saŋeem Nag di weranteek a bëre

Ndigal ku ko génn di ruur lëf mbaate lëf daal di ko ruur
Muy ruur akay gis lu ko ruur tey loru daal ak a lore

Tàbbil te bul génnati yaw Mukk te bul geesooti yaw
Mukk te bul féqooti yaw dëgg defal gor su gore

As gor bu jàppee du bàyyi, day rafetal te du tàyyi
Tey yedd képp ku tàyyi tey sant nag lu naqari

Wéyal te bul geesu ginnaaw, Xamal ne lëf newul ginnaaw
Ludul lu lay jëme ginnaaw te loola ay la wu bari

Abdu fabal sa dénk bii te dénk naa la dénk bii
Te rikk Abdu dénk bii dee ko xalam ak a tari!

# Gisuma man lu jar taxaw

Gisuma man lu jar taxaw !
Séenuma yit lu jar taxaw !
Man lima gis moo jar a daw !
Ta lima seen a ëpp a jëmm

Murit aki Soxnaa ki kër
La deesi ngeejo aki jur
Ta xamni ñaar yi ku ko yor
Bu sàgganee yées i keemam

Ku sóobu mandiŋ yoru tiis
Ta yanu say wu rëy wu diis
Far bolee aw tiis aku diis
Su bariwul kàttan du dem

Pake bu fees ak Marsandiis
Te nekk ci digg dex wu tiis
Waaja ko yor matula siis
Aka añaanee lamu am

Ngir jallagul jalleegul it
Muccagul musleegul it
Xamul lakoy xala dal it
Yaw bu ko ñee far ko yërëm

# Ndaxam gaayi may siis akay dox di bañ

Ndaxam gaayi may siis akay dox di bañ
La ñiy bañ ci man mii du man mii ko def

La ñiy bañ Sëriñ bee ko fob def ci man
Nde man lott naa sax ci def lenn lëf

Sëriñ beey ki fob ay yëfam def ci man
Yëfam rekk laa yor nde man awma yëf !

Dañuy gas ngir ug ndox di bay ngirub dugub
Mu joxma'b dex akub ràcc mbég far ko sif

Dañuy jàng xam xam di wut ay dërëm
Mu joxmay dërëm, sol ma xam-xam ba faf

Dañuy wut ngoroo ki goroo'ki jabar
Mu yët may ngoroo'ki jabar, lii du kaf

Dañuy jënd akay jur, mu ñëw far ni cax
Lañuy jur akay jënd jébbalma, tef !

Bileb dànna yombul, ta moo dàq a jam
Kemam yépp, buy téq, cin daal di saf

Bu dee téq, lor dem njarñ daal di ñëw
Ngëram yegsi, xol sedd, kii baaxi jëf

Du moy ay moroomam, ta nag am xelam
Du daj moy boroomam, ragal naa suruf !

Dafay dimbalee'kay fabee'kay jariñ
Di may ñépp ag yar, di diglee'ka jëf

Dafay wattu boppam di wattuy kemam
Du firee'ka jànnee, du wan kenn laf !

Damay dem, damay dem, damay dem ku dem-
Ma dem man, ku dul dem ma dem man ba la

Ku bëggul lu dul Yàlla ak Bàmba mii
Du sikkal samay mbir asal dëgg la

Ku bëggul lu dul aw ngerum Bàmba mii
Di wut Yàlla kookee samab soppe la

# Ku dof bay ndamoo baaya mit mbaa ndayam ...

Ku dof bay ndamoo baaya mit mbaa ndayam
Dofal bay ndamoo yaw sa Sëriñ beka gëm

Ku dof bay fexee xam alal jeeka am
Dofal bay fexee xam Sëriñ beeka gëm

Ku dof bay fobuk jur di booleeka yar
Dofal bay fobuk jur di tabal kërëm

Ku dof bay fexee def kemam bum gënul
Dofal bay fexee def laram bum gëram

Ku dof bay fexee dem fi laajik juram
Dofal bay fexee dem di dolik juram

Ku dof bay fexee japeu Yàllay gësëm
Dofal bay fexee japeu Bàmbay gësëm

Murid bul yasam yaw garab boo jotul
Ndaxam bëg ngaa am gëram saf xorom

Yasam BÀMBA mii gën yasam Yàlla mii
Yasam foo jotul kat du may ken ndam!

wolof buy rayuk dof bo juk jëm tugël
Ni day jaayi gerteem du àndib dërëm!!

Du yegit tugël nag ab reenam du jar
Dangay tonti far des du mos sax payam!

Xarit dëg jaayal fi sab teeru yaw
Te fab say dërëm delu kon doo gëlëm

Dërëm yii fisab teeru ngay seeru ak
Dërëm yii fa teerub tugël yepa yam

La Yonen ba yit doon digël aw nitam
La Bàmbay digël yit asal aw nitam

La Yonen ba yit daa defal aw nitam
La Bàmbay defal yit asal aw nitam

La yonen ba yit daa xamal aw nitam
La Bàmbay xamal yit asal aw nitam

La Yonen ba yit daa fasal aw nitam
La Bàmbay fasal yit asal aw nitam

Te Bàmbaa di Yonen ba Yonen ba moodi Yàlla
Te Bàmbaa ngi nii nan fi yem

Garab goofu jis yaw manga kub kengam
Garab gii di Yonen ba Bàmbaay kengam

Ku juk weesu sab kek asal daldi gak
Ku weesub kengam yit janoo kub kengam

Ku xam Yàlla xamnaa ni xam lii ma wax
Ku jis boo yaboo wedi nag mbaa nga gëm

# Ma jóg wuti ndëndum cant ak galen ub ngëram

Ma jóg wuti ndëndum cant ak galenub ngëram
Ba tëggal Boroom Tuubaa ki xëy jox ma ab galan

Wutal na ma ndombag tànk dolli na mab galan
Te may na ma ag ceex ak njariñ sant naa ko man

Ka koy bañ du man mii, waaja koy ayibal du man
Ka koy jëw akay sikkal du man, ku ko noonu bon

Ngiram mile moo gën mépp ngir ku ko wàcc bon
Ku wàci ngeram mii daldi jaamuy xerëm xaran

Te Yàlla akub Yonnent daala fi nekk kat
Te ñoo di Sëriñ bii moo di ñoom it ku weddi fen

Lilee tax ku dikkul jox ko say mbir da ngay xaran
Te doo ab Sëriñ doo ceddo ngir ceddo yaa la gën

Sëriñ dëgg day xam Yàlla, xam la mu def bu wér
Mu nangu ko denkaaney mbiram ay mbiram yéwén

Te ab yéefar it day nekk cig kéefaram bu wér
Di moy moy gu wr tey fóon akay naan akay seben

Lilee dig cëriñ, lee moo di keefér wéral xarit
Ku wér am lu wér, toppal Sëriñ bile moo fi man

Sëriñ boo fi dégg ak boo fi seeru du lëf mu man
Mosal bii Sëriñ boo mos budul bile mos posen

Murid yii mu àndal rekk ñoo gën sëriñ sa woon
Bu bis peñc baa wax jii ñu xam ne ju wér la woon

Xamal léegi wax jii Yaw te sóobu ci am ngiram
Ne yëkkat sa mbir jébbal ko am ndam amub galan

## Nangul a féete ñépp suuf

Nangul a féete ñépp suuf
Kuy bañ a féete ku ne suuf
Boppam ba dootu jóg fi suuf
Mukk te ñépp a koy tane

Mboolem ña am kaw it fi suuf
Lañu bawoo, ku jële suuf
Boppam ñu fab ko teg fi suuf
Muy bër-bëreek a kun-kuni

Sëriñ bi nun noo ngi fi suuf
Te rikk yaw ki jóg fi suuf
Jàpp nu yëkkatee fi suuf
May nub yar ak jàmm ju ne

Yaatal nu yit ci sépp suuf
Notal nu mbooleem gaa yi soof
Ñu nekk nag ci suñu suuf
Nu ne ca kaw di la wane

## Sëriñ bi man yaa ma gën

Sëriñ bi man yaa ma gën
Yaa gën ba gën ka ma gën
Lii nangu naa ko
Te Yaw mii rek laa ko nangul

Ngir maa ngi lay moy a moy
Yaw yaa ngi may may a may
Mbooloo mi ndax kile nit
Mës ngeen a gis kuni mel ?

Ag moy ku koy faye ag may
Man xawma fenn sa kem
Ku xam kemam na ko wax
Man laajiwut te xamut

Ku melni man bu gisul woon
Waa ju mel ni ki yaw
Mbiram du jag te du am
Mukk it ku koy sutural

Motax ba man Baabakar
Xamnani maa waa raw
Mbooleem ku lay sant
Ngir yaw rekk yaa ma teral

## Sëriñ Masàmba Mbàkke

Xarit bulay jariñookay lor asal jafe na
Xarit bulay may junnée-kay jariñ jafe na

Amnà xarit buma xëy may junni tég ca di rée
Te nàma''lii bariwul'. 'Ëy biib xarit jafe na!

Masàmba Mbàkkee ni cas ab junni bis ni ma am
Sëriñ bi Yàl na ko jox loo xamne lii jafe na

Sëriñ bi Yàl na ko jox mbooleem lu deefi mbébét
Te may ko jiitu gu mbooleem nit ñi naa jafe na

Yàl naw fanam guddu diggantéem akub Sëriñam
Ni nàññ muy ami mbég yoo xamni yii jafe na

Magam ja Yàl na ko may loo xam ni lii masu koo
May nit ba koo seeru naa''lii Bàcc am jafe na''

Te Yàl na sàmm ug ñjabootam dolli seeni ngëram
May leeni yitte yu nee faa''itte yii jafe na''

Fabnaa ko dénk Sëriñ Tuuba magam jako yar
Te yar ko yar bu rafet boo xamni bii jafe na

Bàcc ak ñjabootam séenug cant Yàl na fi sax
Ñu yokku yit ñépp naa ''Bàcc ak ñoñam jafe na”

Ku man di woppaka dee nay dundu fàww aka wér
Te am ngëram nag lu nee faa''lii ngëram jafe na''

Ku nekk Yàl na ko ñee muy waay ju ñépp di ñee
Ñu def ko nag mbër mu rëy moo xamne mii jafe na

Xolam na sedd, suñuy xol sedd sedd gu bir
Nu bokk gën gaa ña nee faa seeni kem jafe na

## Ndaxam Bàmba yaa jar di sonnal

Ndaxam Bàmba yaa jar di sonnal ba dee
Ludul jóg ligéeyal la xaw nay araam

Te fas naa la yéene ligéeyal asal
Ligéeyub ngëram bu doy képp yéem

Kudul yaw yayoowul ligéeyub ngëram
Te kat maa la wax lii yëgal loolu « Daam »

Da nga a set setal, te jag nag jagal
Te am nag amal, sa jëf matla jéem

Te man jéemu ma a def sa jëf yii ma jis
Damay jéem a def sab géwal, def sa jaam

Ma jóg nag te way laati ndax ab géwal
Bu lay way ku jog dal di feesal jibaam

Da ngay sëq ay may di jox sab géwal
Te boo dee may it sab géwal doo ko leem

Ku def sab géwal dal di am ay géwal
Yu koy dox di way akay topp weem

Maye'b junni ak maye'b tànk a yam
fi yaw mii, falaŋ nu ginaar ak giléem

Ginaar ak giléem ak fas ak gépp jur
jawoo ko jawoo yit murid yii di raam

Jawoo yaw kudul Yàlla, seeto ko sax
Bëggoo yit kudul Yàlla, yaa ngi ni kaam

Te jaaxal nga góor ak jigéen ak mag ak
ndaw ak jinne ak njuuma doo maase maam

Da ngay ndey di baay ak nijaay ak sëriñ
di maam ak xarit te gën leene « Daam »

Da ngaa yar sa bopp te yar képp nit
te yaa tax ba ken dootu wax kenn « naan »

Yar ak kersa ak maandu ak not bakkan
akug tab nga jiitoo ku jox Yàlla njaam

Kulay way du bon, kulay way du rus
Kulay jomb a way lee mu xëy mel ni mbaam

Ku def tay ludul jog te dal lay dawal
ba am say ngëram ma ngay def araam !

Defal saa digg ak Yaw mu melni'b masin
Gi deeful bàyyeey mbiram ag sagoom

Boromam dakoy fomp akay diw di yër
Akay teg ca kaw def ma nii Yaa Kariim

# Ku xëy di neexalu nit ngir *

Ku xëy di neexalu nit ngir bëgg seeni ngëram
Xëyal di neexal Sëriñ Tuubaa te mokk ko yaw

Bis boo amee ngëramam, am Yàlla am sa mebet
Am bàrke, amképp nit am lépp far falu yaw

Moo tax bàyil lépp tey wut fàww ay ngëramam
Ba am ko kon say mebet day jug te wut si la yaw
** Incomplet*

# Sëriñ bi yaw nanga nu may, Ngir Yàlla

Sëriñ bi yaw na nga nu may
Ngir Yàlla ak Yonnen ba tay
Xam-xam bu nuy fegali moy
Fàww ak a boolee'k i ndigal

Ngir nit lu xam-xam te bawul
Li Yàlla mii tere, deful
Li Yàlla mii digle asal
Feruli ijji sax dalul

Ku dem ci'b ja xamub dërëm
Du la jariñ, amub dërëm
Moo lay jariñ, moo tax ku xam
Te jëfewul xamul amul

Koo seeru xam na ab dërëm
Ba noppi tey wutub dërëm.
Doo gis ku doyloo xamub dërëm
Waliis wutub dërëm, wutal

Kem li nga jëf rekk nga xam
Kem li nga am rekk nga xam
Li nga jëful du li nga am
Du li nga xam yewwul jógal

Donte dangaa xamoon ba xam
La Yonnenub Yàlla ba xam
Ak la malaaka yépp xam
Te jëfewoo lëf nga xamul

Doonte dangaa jëf it ba jëf
La Yonnenub Yàlla ba jëf
Ak la malaaka yépp jëf
Te sellaloo, lëf nga jëful

Boo sellaloon it jépp jëf
Te xamagoo na deefi def
Ëllëg sa jëf yile nga jëf
Kon it sa xel warul a dal

Àddina ag dex la gu xóot
Ku tàbbi nag ci dex gu xóot
Te génnagul nay ree bu tuut
Ba génn mucc te labul

Képp ku dex gile ronu
Bul bég ci gaa yi lay ronu
Ngir bég ci gaa yi lay ronu
Dana waral lab ak labal

Topp ndigal moo di'g saxaar
Ku dugg nag gile saxaar
Te génniwul ci gii saxaar
Àjjana lay wàcc asal

Yàlla na nu dugg gii saxaar
ta bañ a génn gii saxaar
Muy daw a daw ak nun ba teer
Firdawsi, deefi ñu bégal

Nuy genn deefi nu teral,
fàww aka wan lunuy bégal
Fàww aka may lunuy bégal,
lii di añub topp ndigal

Kuy wut añub top ndigal,
Yaw wutal ug topp ndigal
Ndaxte añub topp ndigal
Mi ngi ci ag topp ndigal

Ku deeti muslu ag mbugal,
Yaw na nga muslug moy ndigal
Ndax na nga yëg ni ag mbugël,
Mi ngi ci biir ub moy ndigal

Ba lu bon ak def lu baax,
loo mës a dégg ci lu baax
Ca la bawoo, defal lu baax
fàww ta muslug moy ndigal

Bàmba, fegal nug moy ndigal
fàww ta may nu aw ndigal
Yaw mii nu dàkkul moy ndigal,
fàww ta mayla'g aw ndigal

Yaw mii la say aajo faju,
Ngir nit ku aajo ya faju
Wunti moyam dafay tëju,
Ñu fab ko nag tëj ci ndigal

Du manatee genn ndigal,
Du bëggatee genn ndigal
Du néegatee genn ndigal,
Mu dëkk nag ci ndigal

Na nga nu neexalal ndigal,
ta fab nu dëkkal ci ndigal
Ku nammatee genn ndigal,
Nun bunu génn ndigal

Amiin

# Ndaxam gaayi koo xam ne bàmmeel a koy

Ndaxam gaayi koo xam ne bàmmeel a koy
Xaloo mujje senn'as cagar doy na ko

Bu doon dunde am ñax di tëdd it koroŋ
Mu doy sëkk lii Yàlla yit xam na ko

Faral dëgg doyloo xarit lii nga am
Da ngay doylu doo doyle lii degg ko

Ñi am junni tay ak ñi am tànk a yam
Ku nee ngiy tawat tay wutug dolliku

Te foo seeru buur ak yëfam ak ñoñam
Ma ngay aaje lëf aajo kenn ñàkku ko

Ku am loo amul aaje loo aajewul
Ku am lëf lu bon bon na far sant ko

Te foo degg kuy wax ne man sant naa
Da dis gor nde ñàkkul lu muy nemmiku

Te foo fekk yit ab tawatkat du nit
Te dus gor ludul cant yaw moytu ko

Muñ ak cant a gën lépp loo man di def
Nangay sant ak'ay muñ tawat nag ba ko

Na ngay sant xeewël di muñ jepp lor
Ngerum gaayi Yàllaa ngi nii sóobu ko

Amaa naa nga gis gaayi ñuy ree ka beg
Di sooxaale ay lor yu dul teggiku

Dañuy dox di nëbbook a nëbbiy tawat
Ta koo gis ci ñoom as cagar doy na ko

Lu dul doy du doy nag te luy doy di doy
Murid mbubb daal ak tubëy doy na ko!

## Salamun hãlaykum Mbàkke

Salamun hãlaykum Mbàkke sab gewal lay nuyoo
Ku réere'w turam nag Baabakar moo di aw turam

Gëram naala, bég naa yit ci say jëf ta bég ci yaw
Ta sant ñi lay yaakaar akay wut ci yaw ngëram

Ña ñuy dégg ak mbooleem ña ñuy seeru yaa ci gën
Ñu rëy ña nu daa waxtaane sàkk nga seeni kem

Ta tiijaan akub Xaadir ku nekk a fi war di ñëw,
Di suufee ka bàrkeeloo ka dénkaane ay biram

Dangay defaral nit ay biram boo ko dul defar
Nga wacc mu dem yaw doo ku ñuy bone fig ronam

Saxaar ub ndigal yaa koy dawal ku la jox mbiram
Nga jàpp ko teg ko foo xamne xel man u koo xalam

Ku dugg ci Yaw mii dem!, Ku duggul ci Yaw du dem
Ne Yaw daal a fi yóbboo ka dem, yóbbu ñoo ki ndam

Dugal nu si dëseem ak suñuy yéere yépp ak
Kuréel yi nu ànd ak yépp deqi te daldi dem

Bu kenn mar bu kenn xiif it bu kenn moy bu kenn tilim
Ku nekk na sax cig cant tay jëm kanam kanam

Bu kenn gàtt fan, fan yéppnay gudd, ñépp jub
Bu lëf metti nit, nun ñépp may nu wér ug yaram

Na mboleem suñuy fan gudd, mboleem suñuy jëf it
Na sedd sa xol bii guy ñuy gaa yu am xorom

Na itte yi yépp ak xol yi ak jur gi jëm ci Yaw
Ba lépp ne tàkkat jeex ku nekk des ak aw turam

# Di bay di bay ba sa mbay ñor xomb nag nga ne cas

Di bay di bay ba sa mbay ñor xomb nag nga ne cas
Mbay mepp sànk ci àllub neen a bon bu ko def!

Ku jàpp dàgga ju rëy joo xam ne ñépp a ca xaj
Ne xërr dellu di xaaraaneeka ñàq aka dof

Bul moy te bul tudd kuy moy bul wax ug moyam it
Noppil ci kuy moy, moyam yépp it nga noppi ca faf

Bàyyil lu bon ak ka koy def ndaxte nit bu deful
Lu bon te tudd ka koy def booba def na ca lëf

Moo jaa lu jar dëgg nit kuy jëf ba am jërëjëf
Wax nit ci saa lu waral mbooleem jëfam ja ni ëf?

Man xawma ñam woo mosul sax loo ca taqe ribës
Moy goo moyul bu ca jekkiy ŋal-ŋaleeka suruf

Jàmbur bu moy defalub jàmbur ca moy ga mu moy
Màndul ci moomak yëfam far yaw te sàmm sa yëf

Lu jar moyoo deeti bokkak gaa ya moy lori moy
Ñam woo mosul dara man ngaa ñàk a wax la ca saf

Jàppul te bul jëwu nit, bul deglu kuy jëwu nit
Kuy déglu jëw ak ka koy def kenn baaxu ca jëf

Bul jàq, bu rët te tooñoo kenn, tuddula nit
Lu yàgg yàgg ku tooñul mucc, Yàlla du kaf

Xamal ne Yàlla du may nit laf ju muy lore nit
Ku am lafit bu ca dee lor daal di ñàqati laf

Tuubal te sant ñu far say moy te dolli sa ngëm
Dàkkul la mbooleem lu bon fàwwak ka koy nara def

# Ma dimbali koo man Yàlla ak Yonenam

Ma dimbali koo man Yàlla ak Yonenam ba tay
Ba sant Sëriñ Tuubaa ta ñaanal ko wépp yiw

Defal na ma luy waajur mënul Yàlla na am lu rëy
Lu sedd ub xolam foofee mu nekk lu ñépp naw

Ta Yàl na'b xolam sedd it ci nun ñii nu wacc dem
Ta Yàl na nu wacc ak mbég mu tax ñépp ñëw nu ëw

Ta Yàl na am ug cant it ci nun ñii mu denc fii
Ta Yàl na nu wacc ak moygu tax may gu nekk ñëw

Ta Yàl na ko Yàllay xëpp yërmànde sépp saa
Ta teeyal barab yépp ak suñuy xol xelaw xelaw

Fobal Yàlla jàmm ak yërmande'ku yiw ak njariñ
Joxal nu Sëriñ Tuubaa ki tax ñépp xam la yaw
Fobal ngëram ak Jaarama jo xamne dootu dañ
Joxal nu Sëriñ Tuubaa ki yee ñépp ci'y nelaw

Fobal cant i cant ak mbég yu ëppu'm xel ak xalam
Joxal nu Sëriñ Tuubaa ki tax dinee xëy taxaw

Fobal may yu deful takk akay tandalee'ka lim
Joxal nu Sëriñ Tuubaa ki tee ñépp rus ba sew

Fobal ndab i tawféex ak teraanga yu feese mbég
Joxal nu Sëriñ Tuubaa ki tee ay wu nekk xew

Fobal pal gudul dañ mukk-mukk ta dootu nëx
Joxal nu Sëriñ Tuubaa qui xëy fab nu teg ca kaw

Fobal lépp luy tooyal xolam ak lu koy seral
Joxal nu ko fàww ak ndam ta may nu ci moom u yiw

Na mboloo mi xam tay jii ni yaw Bàmba yaw laa gëram
Ta yaw rek laa sant it ta yaw rekk laa faral

Ta yaw rekk laa àndal ta yaw rekk laa safoo
Safoo wuma baay ak ndey safoo wuma it alal

Damaa weesu baay ak ndey ta weesu itam alal
Ba ñëw jox la saa bopp ak sama jur nga boole jël

Damaa boole mboolo mépp teg fële ta ŋëb ci yaw
Nga jox ma lu gën mboolo, ka rëccu du man

La faat ak la faatul lépp fab nga ko jox ma man
Ci sa'g tabe yaa mat di jëndeel akay bégal

Fegal nga nu mbooleem luy lor ak lu amul njariñ
Ta ñoddil nga nu'y cant ak njariñ yaa ka sedd xol

Sarax nu sarax mbooloo mi gudd fan ak wér ug
Yaram ak lu ñuy jaamoo'ka sant di aw ndigal

Notal nu mbër ak xiiboon notal nu suñuy bakan
Notal nu ndaw ak mag yaw notekat notal

Notal nu'b Sëriñ ak ceddo ak jinne not gu wér
Musal nu ci Séytaane'ki fiiram ya muy raxal

Saxal nu ci mucc ak jàmm ak xol bu sedd nun
Ta dolli nu naataangee'ki cant aki xel yu dal

Lu neexul na nuy moy fàww tay moy ñi ñuy jëfal
Lu soppu na ñuy dal fàww tay dal ñi ñuy jëfal

Ludul mbég bu nee ñokket na tegg i suñuy barab
Te moy nu ta moy mbooleem ñi lay sopp akay teral

## Bàyyil ku lay ba *

Bàyyil ku lay ba
Bàyyi lu lay ba
ŋëb ka la dul ba
Te moo di Yàlla

Ku la ŋëb it ba
Lu la ŋëb it ba
Yàlla a la dul ba
Ak waa yi Yàlla

Jublul ci Yàlla
Te wéeru ci Yàlla
Te way ci Yàlla
Ak gaa yi Yàlla
[…]

Ku mar jis ub teen,
Tëb ni dafay naan,
Te yor loxoy neen,
Moo réere Yàlla !

Ku bënn ab teen,
Sax doo ko jis naan,
Ca ak yoxoy neen,
Bul réere Yàlla !

Def a def lit,

Boolem xel ak fit,
Xamal ni dof kat,
Du làq Yàlla !

Itte ak um xel,
Ndab laa ngi jàppal,
Joxe ñu feesal,
Dell ci Yàlla !

Sa itte nam day,
Ak nasa xel day,
Sab cér nalay day,
Fàww ci Yàlla !

Nit kum xelam tuut,
Itteem itam tuut,
Fàww ub céram tuut,
Giñ ko ci Yàlla !

Nit kum xelam rëy,
Itteem itam rëy,
Fàww ub céram rëy,
Giñ ko ci Yàlla !

Ku kàtt am xel,
Du gudd aw xél,
Ku gudd luw xél,
Du jege Yàlla !

Ku bëgg a seetu,
Na dikk seetu,
Lii ku ci seetu,
Du mere Yàlla !

Loo làq santal,
Loo ñàkk tuubal,
Sa bopp sikkal,
Bul sikk Yàlla !

Loo bëgg féqal,
Bu loola dikkul,
Bakkan bi yeddal,
Bul yedd Yàlla !

Yàlla du kuy moy,
Moo di ku ñuy moy,
Muy jéggaleg moy,
Lu bon du Yàlla !

Bu yeete doon doy,
Kon yeete bii doy,
Waande da dul doy,
Bul doyle Yàlla !

Kuy doyle Yàlla !
Soppul a Yàlla !
Ku sopp Yàlla !
Du doyle Yàlla !

Yaw bis bu nekk,
Nga jóg di lekk,
Doo bàyyi lekk,
Bul bàyyi Yàlla !

Guddi gu nekk,
Bëccëg bu nekk,
Doo doyle lekk,
Bul doyle Yàlla !

Yàlla a fiy may,
Ndox moo la fiy may,
Ñam war nga koy may,
Ag sant Yàlla !

Sant dangay daw,
Lu dul jëfew yiw,
Tey jëf na guw yiw,
Tey sant Yàlla !

Di sant a kay def,
Lu bon la ngay def,
Te doo ko baa def,
Dug sant Yàlla !

Foo jis ku lay may,
Daŋ koy wattoo moy,
Ngir la mu lay may,

Wattul ma Yàlla !

Foo jis ku lay may,
Doo ko wattoo moy,
Ngir la mu lay may,
Moyul ma Yàlla !

Lii ku ko xam nag,
Dellu di moy nag,
Texeedi gaa nag,
Nde xam na Yàlla !

Saa cér yi fab naa,
Saa xol bi fab naa,
Saa lépp fab naa,
Ngir jëmmi Yàlla !

Jox la bu wér nag,
Yaw Bàmba mii nag,
Nangul yaw it nag,
Ngir jëmmi Yàlla !

**Incomplet (?)*

# Manoon nga maa wacc bañ maa ma sàkk

Manoon nga maa wacc bañ maa sàkk, may ku amul
Manoon nga maa sàkk, defmab ceddo may ku gëmul

Manoon nga maa sàkk defmab luu, bu silmaxa, tëx
Manoon nga maa sàkk defmab rabb wu dèffi fetal

Manoon nga maa def ku dul taggooki wopp aki lorr
Manoon nga maa def ku ñuy xaañ akay doyodal

Manoon nga maa def ku deeful dégg, dee fu ko gis
Manoon nga maa def ku ñuy suufeel akay woyofal

Jaraama yaw jërejëf, yaw yaa manoon a dogal
Ci man Lu kenn amul ub reenam,faroo ko dogal

## Doo kenn yaw, ken du yaw*

Doo kenn yaw, ken du yaw, ëskëy sa mbir woyoful
Sa ndend nekkul ci dendub suu si tay, doo maas !

Yaaram bu tedd nga yaw, as gor nga yit su rafet
Ab jaamukat nga bu rëy, yaa tee nu bon, doo maas !

Yaa tee nu bokk torox, yaa tee suñuy bañ a ree
Yaa tax suñuy soppe bég, yaa tax nu bég, doo maas !

Yaa sedd ker, rafetub xol, neexi wax jubi wax
Am ngor rafet jikko njaxlaf, ñàkku ay, doo maas !"

**Incomplet (?)*

# Njegam bëgg nga sag murid jag te wér

Njegam bëgg yaw nga sag murid jag te wér
Moyul marsandiis ak jigéen ak pexeem

Moyul marsandiis ak jigéen pexeem
Te bul déglu sax ay waxam mbaate reem

Kudul moytu yii yatt akay daw bu wér
Akay muslu woo naa, hasal, tuskareem

Te kat ñatt yii ñoo di waŋŋii murid
Dañuy muucu ittéem akug taalubéem

Te kat ñoo di ag max batay cib murid
Te lii doyna mbooleem murid yépp saam

Ku bëggul ludul Yàlla ak raw lu bon
Na def yii bëyit ci'b xolam ak jibaam

Murid dëgg day sàmm cër sàmm xol
Du xoole'ka dem fi'w jigéen it ni kaam

Ku sàmm i cëram yépp sàmm ub xolam
Du gis génn lor ndaxte génnul saŋeem

Ku jug tàbbi dex war saxaar ug ndoxam
Gu wér doo ko gis lab bu génnul pakéem

Murid boo fi gis nag pakéem ay ndigal
Bu cay jug ne candax dex ug alkutéem

Ku génnul ndigal nag du gis ag mbugël
Ku xam aw ko awloo ko it ay fereem

Waxal nag sa bopp ak saw aa kër bu wér
Ñu daw marsandiis ak jigéen ak pexeem

Ku am njëg na jëndi, ku ñàkk it na muñ
Ba am lépp a gën dem di xoolee'ka yéem

Ta koo gis mu dem di xoolee'ka yéem
Du wooloo lu(dul) leb, lab, ni meŋ ak pexeem

# Murid dëgg bul gaaw a wut kër muñal

Murid dëgg bul gaaw a wut kër muñal
Ta wut itte ngir kër da fay kar Murid

Ku jug sóobu màndiŋ ta ànd ak ndaw ak
Jigéen ak lafañ, moo na muy def Murid ?

Ku am kër, amub sang am na'w lëjal
Kër ak Sëriñ ñoo jafee yor Murid

Jagal sab Sëriñ ak sa waa kër bu wér
Ñi jag, bokk bég, loolu yombul Murid

Sa kër gii bu santee, sa kër sang mer
Këram it su santee, sa kër mer Murid

La gën nag moy muñ sa bopp ak sa kër
Ta jox lépp sab sang, lii di'g murid...

Bu sab sang santee sa kër mujj jag
Ta jóg fàww ngay ngën ji bépp ub murid

Ku sangam ba santul lu jag jag kër it
Këram doo ko gis mujje ag jag murid

Ta koo gis mu sàggan ci ab sangam it
Lu jag jag dafay xëy ni jànjañ murid

Ku néegam ya jag jug ta sangam bégul
Dafay mujj daanoo'ki néegam murid

Ku ànd ak këram daanu ngir wut ngëram
Dafay mujj ànd ak këram jug murid

Balaa kenn a jug daanu daanul murid
Balaa kenn a am ñàkk ñàkkal murid

Na ngay muuse bay xëy di am dàgga yaw
Ta tàggoowulaa'kuw jiwoogun murid ?

Na ngay muuse bay tàbbi Firdawsi it
Ta njëkkoo mos ub dee lu bon bon murid ?

Na ngay muuse bay am lu kenn mësla am
Ta kenn wékku cam xel ? bayal, gëm murid

Doxal fii ñu doxloo ku tuut ak ku rëy
Ta doxloo fa bépp ub Sëriñ ak murid

Ta yam fii ñu yamloo ñi teew ak ñi wéy
Ta yamloo fa ñay ñëw defal nit murid !

Dofay am lu ab lar sañul donte sax
Da koo sañ It kon far ko baa gën murid

Awal fii ñu daa aw ta yam fii ñu yam
Ta bul sar di wéy, fàggul ub yar murid

La ab sang sañ bokkul ak la’b laram
Di sañ, sang a sañ lépp mën koo murid

Fa mbooloo ma aw rek ngay sañ di aw
Sañoo bàddi aw mbunt soo aw murid

Njegam nag da ngay wéy ba sab sang woo
La, bàddil la sas mbunt dox faa murid

Ku sangam ba xëy bàddil us mbunt nag
Bu koy jéem a def maas akay roy murid

Dagaanal nu far lay musal fàww yaw
Ci roy lëf lu neeful nga roy koo murid

Suñub sang Yàlla na’b xolam bég ci Nun
Ta Yàlla na’b xolam bég ci béppub murid

Suñub dundu Yàlla nay ngënéel ak ngëram
Ta far yàgg, aamiina ak kuy murid

# Bakan ye nu tee dem na kon leg nu dem

Bakan yee nu tee dem nde kon leeg nu dem
Dogontee ki bakan ba tay ñépp dem

Ku jòg jëm ci aw yiw bakan daldi fel
Mu far jékki séytane def ko'b laram

Na nii def na nii def na ni def ba raw
Bakan mii fële kay teree am ngëram

Ndaxam kenn amul ndam ku dul waa ju raw
Bakan raw gu bir koo ku moo làq ndam

Bariw nit akub xaalis ak taaxi kaw
Te moomo bakan lii du faj lëf ndaxam

Ku néewi alal ak ku neewul alal
Asal seeni bammeel a xal seet a yam

Ku xam sax du def ay dëram muy alal
La mii def alal moo di sellug jëfam

Ku xam it du fab nit di def wéttalam
Boroomam ba lay jàpp def wéttalam

Sëriñ baa ngi wootee ka waaruw nitam
Akay digle ag tuub ak ub jëm kanam

Jubal nay biram not na ab noonam it
Mi ngi nag di sàkkoo jubal gaa yi gëm

Defar nab ngiram pakk nekkul ngiiram
ku aw ab ngiram doo tëraf doo gëlam

Ku toppi waxam doo torox doo suruf
Ku xam jox ko say bir te toppi waxam

Defar nab saxaaram ba dootul ayib
Ku war daldi raw ab kemam jot magam

Li miy digle koo xam ni kii daŋ ko def
Te sellal ko doo ñàkk ndam ak xoram

Ku jòg dugu gaalug ndigal gii di wéy
Te génnul du wóoloo lu àgg ay ngëram

Te tey la fasoo duggu gaalug ndigal
Di wéy nag ba jot bépp teerub ngëram

Te man dénk na kat ginaaw ak kanam
Sëriñ bii bu wer doy na nag maa ngi dem

# Jaaraaki doomam a jël ndam ñoo am it

Jaaraaki doomam a jël ndam ñoo am it jërëjëf
Moo jiitu soxna yi doomam jiitu ñiy tubayu

Kuy soxna, Jaaraa la gën mbooleem ku sol tubay it
Bàmba a ko gën fopp wax jii wér gi dem na dayo

Yaw Soxna Jaara ku am jaaraama yaa ko waral
Sa doom a gën ñépp yaa gën mag ñi gën gone yi

Yaw Soxna Jaara bégal saw ŋàññ rot na asal
Yaa jur ka jëm ci Boroomam woote ñépp wuyu

Góor ak jigéen ak mag ak ndaw koo fi jis mi ngi jag
Te yaa waral ñépp jag baykat nga bay nga bayu

Xamal ni waa penku ak waa sowwu ñépp a ngi mos
Ci sab ligéey  aka bég yaw doo ku deefi moyu

Daawoo weranteeka songanteeka dox di xuloo
Daawoo bañ it kula yab daawoo jayeeka jayu

Daawoo lebal kenn ay daawoo wax it lu jubul
Daawoo ko def Buso jaajëf man danaala nuyu

Tay maa ngi lay nuyu nag yaw mbaate jàmm nga am
Do am ludul jàmm yaa fab jàmm leble fayu

Yaa jàpp jàmm ak u yiw ak cant tex ko mu sax
Nga bayko nag ba mu ñor daagul ca àjjana yi

Ku di’b jullit warna lay ñaanal ci waxtu wu jot
Loo bëgg Yàl na nga am, dàkkul nu yiy lore it

Sarax nu nag ci sa bàrkeb sët yi ak ci yaw it
Mucc ak wér ak guddu fan lool ak way ak tubayu

# Sëriñ bile ak mbooleem ñi njëkkoon a ŋëb ci moom

Sëriñ bile ak mbooleem ñi njëkkoon a ŋëb ci moom
Asal du ñu maasum kenn, ñoo gën ku nekk ñoom

Ku def Ibra Faal'ak Seexakiy Ibra Faati ak
Sëriñ Madu Ndumbeb kem dafay ndaw lo dof te juum

Ku def Ibra Saar'ak Aadamaakiy Mabaabu Géy
Moroom it da dib dof rekk buy say nde ñoo ko tiim

Ku def Abdu Rahmaan it moroom'ak Masàmba Jóo-
Bakiy Sire Lóo yaaram bi moo mat a def ci buum

Ku wax lëf ci Fàllookiy Basiirooki Mustafaa
Lu dul jàmmakuw yiw alku tuubal te far ni xiim

Na ngay boole doomam yépp ak ñépp tagg yaw
Akay sant mbaa ngay noppi sab dénk a ngoogu doom

Ku wax lëf ci Iisaa Jenn ak Bàlla Faali Jeŋ
Lu dul ñook a gëm seenub Sëriñ yaw dalal di miim

Te moona Sulaymaan it ku wax lëf ci ay mbiram
Lu dul mook a sellub yar xamul lëf ci ay soloom

Sëriñ Madu Laamin Mbay ku wax lëf ci moom itam
Lu dul mook a jàppug njàmburam réere nay jikoom

Sëriñ Paate Ammar képp koo xam ne wax na lëf
Ci moom it lu dul aw yiw xamul booba ab dayoom

Sëriñ Madu Laamin Gay ku jóg wax ci lenn lëf
Ludul mook a dis gor dib julit réere nay meloom

Sëriñ Madu Gay Jëmmooy itam bu ca wax lu dul
Ngor'ak diine ak saytug njabootam ci ab loxoom

Te moona Madun Mbay Njaay itam bu ca wax lu dul
Rafet njort ci sab sangam akay wéye nag sagoom

Murid yépp seenug wuute aw yiw la rekk ngir
La ñiy def Sëriñ bee tax te jee na ci Yàlla moom

Te yal na nu may ag jee ci moom'ak desug ngëram
Akug cant ak ndollen lu tax ñépp bokk luum

Waxal ci Sëriñ Tuubaa lu yéemu lu sedd xol
Te koo dégg ciy gaayam ne kooku amul moroom

Sëriñ bi amul kem ñépp dongoom a, moo fi gën
Mbiram mii ngi tukkee nag fa Yàlla ki mat Boroom

Fabal yaw sa mbir jox Bàmba mba kenn ciw nitam
Te may ñépp fàwwub yar di sëgg'ak a dammi wóom

Mayal ndaw te may góor'ak jigéen'ak ku nekk ab
Yar ak kersa, bul fiireek a gaañeek a dox di bóom

Ku am laf bu dul def ndànk leegi mu gaañu nit
Defal mag mu dul dóoreek a jox kenn benn góom

Te yal na nu am nag nun ci barkeb Sëriñ bi ak
Ci barkeb ñoñam aw fan wu guddaki koomi koom

Te yal nu am Bàmbaaki gaayam ñu am nu nag
Te far bég ci nun fàww it nu far sant bég ci ño

## La ñu defoon ca soppe ya

La ñu defoon ca soppe ya
Ba ñu ni mes ca àll ya

Faf dëdu mbooleem sope ya
Def ko ci nun te tëye nu

La ñu defoon ca seen i mbir
Ba ñu ni xërr seen i jur

Teg ca ni xërr seen i kër
Def ko ci nun te saytu nu

La ñu defoon ca seen i xel
Te def ko nag ca seen i xol

Na nga ko def ci suñu xel
Ak suñu xol ta sàmmu nu

La ñu defoon ca seen i cër
Ba ñu amub yar te sawar

Te du ñu yàq tey defar
Def ko ci nun te sàntu nu

## Sëriñ bu nekk Yàl na bég

Sëriñ bu nekk Yàl na bég
Murit bu nekk Yàl na bég

Julit bu nekk Yàl na bég
Te mucci ciy lor aki moy

Ku tuubagul Yàl na tuub
Koo xamni kii nag dafa tuub

Yàl na dolli lamu touub
Ngir tuub akiy cant du doy

Bul bàyyi tuub ak cant yaw
Ku ko bawul du ñàkku yiw

Ku ko ba daldi ñàkku yiw
Saxal ko yaw fàwwu te wéy

Lar buñu may sant a ko war
Lar bu moy it tuub a ko war

Mootax ba tuub ak cant war
Ci bépp lar nanga ci ngoy

Kuy sant ñuy dollig mayam
Kuy tuubi ñuy fari moyam

Te ku ñu dolli ak mayam
Fari moyam mu sori ay

## Sab sang yaw buko muñ saa

Sab sang yaw buko muñ saa donte muñ na la yit
Muñ muñ lu sab sàngga bon day wañi sas ndoole

Koo xamne amnala am say nawle booko muñee
Mu na ngu sak càntt jox say nawle ngay xoole

Suufeela suufe te na ngoo ñakk jom te ragal
Lii rekka war ci ku japeeful ne cas suuli

Ag rëylu day xañe kaw ag suufe day maye kaw
Ku rëy du jëm kaw du doo nit mukku ngaldoole

Defal garap gu lewet, gu sedd ker, te guddul
Tay neexi doomit ba kuy mos daaldi raaseeti !

Bul wex, garab bu wexee, doomam ya ken duko sex
Mbaa waa jukoy sex itam day daaldi yabbeeti !

Feexal, sëqqël, nëtëxël, yaatul te bul ami dej
Garab gu melnii ma wax doo gis kukoy baa ti

# Yàllaa ñu jox ki fi sut*

Yàllaa nu jox ki fi sut, Yàllaa nu jox ki fi gën
Yàllaa nu jox ngir ngënéelam mbër mi fiy ubale

Kii Yàlla moo nu ko jox, kii Yàlla moo nu ko may
Kii Yàlla moo nu ko yët, moo Yàlla foo ko jëlé ?

Kii raw na bët, raw na xel, raw njort, ken du ko jot
Nan topp tànkam bi nun, tey daw di daw ba tële

**Incomplet (?)*

# Naa tudd fii gaa yu am ndam yuy waral xol a tooy

Naa tudd fii gaa yu am ndam yuy waral xol a tooy
Ndax ñépp xemmeemu yiw xol yépp dund te tooy

Koo gis ci ñoomub yaram day mat te itte ja rëy
Mu faf lewet gàttu làmmiñ wax ja sedd te nooy

Doo dégg ñuy jëwu nit, doo seeru ñuy loru nit
Ñoo sell, ñoo rafetub yar doo ca seeru ku fuuy

Mbooleem lu ñuy nëbb'akay feeñal ci Yàlla la jëm
Seeniy xol ak seeni pas-pas yépp a ràññiku suuy

Gis kenn rekk ci gaa yii jar na judd di dox
Di gont'akay a xëy baa dee foo xam ne ken du la jooy

Yàlla a nu jox nag ca ñoo ñee jenn waa ja ca gën
Muy Bàmba jam na nu aw rab waaye tuuti nu sooy

Budul konag Bàmba mbooloo mépp alku te bon
Fekkoon na nit ñépp bon fekkoon na diine ji yooy

Moo jàpp diine ji dundal boole nit ñi defar
Xamal ku nekk Boroomam ñépp far defi kuuy

Fu nekk teg na fa kuuyam jox ko xont bu doy
Kuuyam lu nekk bu nee "yaay !" it ndeyam ne ko "bóoy !"

Sëriñ bi kay nag du maasum gaa yi xëy ne melas
Ba gànccaxug Yàlla gii muy dox di gooy ak a booy

Gànccax gi nag moo di nun ñii muy dalal suñu xel
Te xam ne moo tee ba tay nuy dox di booy ak a gooy

Teewul ña xëy ne melas diy mbër yu magg yu rëy
Da ñoo jotul nag ki dem yóbboo te xol bu ne tooy

## Li xol bi yéene ci aw yiw Yàlla daal a ko xam

Li xol bi yéene ci aw yiw Yàlla daal a ko xam
Moo man ni cas benne lii may bëgg yit nima am

Mbooleem lu bon bëg naa caa génn set ca bu wér
Te dëkk ciw yiw te ànd ak Yàlla fàww te gëm

Man Yàlla laa bëgg far def àndandoo fu ma jëm
Ngir Yàlla moo ne fi man moo nekk yit fu ma jëm

Tàmmal sa bopp ludul sax loola ndof la gu bon
Te ànd boo seeru tàggoo cay xaloo tegu cam !

Sancal ci ag topp dëkk ak Yàlla doo tuxu kon
Bay wéet akay ñàkki àndaalee ka dox di gëlam

Dëkkal ci ag topp, toppay njéndi dëgg ludul
Xéy gent lar bu ca dul jòg mbég du jóg ci xolam

Ku dëkk cig topp day am yaari Àjjana far
Jee Àjjanaa ngi mu àndal jee ca ley xala jëm

Ndegam xamoo ji mu àndal moo di xam ga xolam
Xam Yàlla, jee mu xaloo dem nag ku nekk a ko xam

Tee gaa yi Yàl na nu am nun yaari Àjjana yi
Ku boolee al janna jii ak jee du ñàkk xorom

Ak topp Yàlla ni gaalug jéeri rekk la mel
Dafay daw ak yaw di wéy jëm Àjjanaaki ngëram

Bul génn ak topp, génn ug topp rekk a di ay
Ku génn gaalam te yeggul sikk am ci mbiram

Ag topp moo am njariñ, Yàl nan ca dëkk bu wér
Te sax ca fàww ba dem Firdawsi ànd aki ndam

Bul ñee kudul topp yaw kuy topp moo mat a ñee
Kuy topp moo nekk ci'w yiw jëm ca wépp yiwam

Lu'b toppekat man a am ciw yiw ci àddina jii
Lu rëy rëy it xet gu tukkee Àjjanaama ndaxam

Aajana Yàl na nu yonnee ci xetam lu nu doy
Nuy topp xet ga ba janloo ki ñamam di ca ñam

Te Yàlla nan mucc tay ji musle mucc ëlëg
Musleeti far guddati'w fan teg ca wér gu yaram

Àddina lor ji ci biiram gépp Yàl na ñu moy
Te moy suñuy nit te moy waaju nee ku nitam

Te yiw wu nekk ci biram Yàl na yegsi ci nun
Yegsiinu jàmm wu lor dul bor xalooki ndawam

Alaaxira ngaaki lor moom it yu ñépp ragal
Lor yooya Yàl na nu moy, moy waaju gëm sëriñam

Ma ngaa ki xéewal ma ngaa ki ndam te Yàl na nu am
Mboleem la fay xéewal ak ndam ak mbébét mu fa am

Te Yàl na Yàlla ni cas mbooleem lu dee fi mbébét
Tay ak ëlëg may nu fàww may gu lor bañ a am

Yaw Yàlla nangul lu teew ak luy ñëw ak lu wéy it
Ngir jëmmi Bàmba ki ley xamlee ka xam aka am

Bàmbaa la xam, am la, moo def lépp loo ko digal
Te sànni lo diglewul mootax mu xam la te am

Ey Yàlla may nu nu def nag Bàmba nii mu la def
Ba xam ko, am ko bu wér moom it mu xam nu te am

# Ma jóg yafal sama fas wi genn sax jotagul

Ma jóg yafal sama fas wi genn sax jotagul
Te bis ba may genne saa fas wi asal jotagul

Ba ñuy taxañ asamaan ak suuf si teg ci barab
Ba noppi jàpp siraat it samp nag taxawal

Boobee la génne ko, takk ak war asal sog a jot
Kuy génne leegi'w fasam, bul génne yaw yafalal

Kuy génn akay feeñ akay feeñook a feeñali yëf
Nëbbul te nëbb sa yëf as gor du fës du fësal

Bu ñépp teewee di xooleekay jaloo'ka taxaw
Ñuy peese jëf yépp loo am ñépp xam ko asal

Bul bëgg yaw kula xam bul wut ku xam sa jëf it
Ki ngay jëfal mi ngi lay gis loolu doyna xamal

Bu ñépp ni woon yaa bariy jëf yaw te Yàlla gisul
Sa jëf kon it dula faj lëf sellalal te jubal

Bu ñépp ni woon amulo'y jëf te Yàlla gis it
Sa jëf kon it dula tee am añ bu sedd sa xol

Bul dof fexeel a jubóo ak Yàlla yaw bu rafet
Ak sab sëriñ lii ndigal kat moo di ngën ji ndigal

Wutal ci àddina ab yóbbal bu doy ci sa xol
Kuy tukki day fexe yóbbal door a dem tubayul

Ku yewwu day wal a wal yóbbal bu doy fi xelam
Mu teg ko nag fi'g wetam buy tukki yóbbu ko jël

Ku yewwuwul du walub yóbbal xelam du ko jot
Day wax ni dem jotagul yóbbal bi wal ko jotul

Ba ndaw la Yàlla yabal xëy rek woo si ko bis
Muy waaru naa defewoon naa woote sax jotagul

# Yàl na nu wuute fàww layoo ba

Yàl na nu wuute fàww layoo ba
Te bañ a wuute mukk nuyóo ba

Bu xejj yay teew Buurub Aras teew
Bépp mbégam teew ànd ak janoo ba

Muy gis ku nekk moom it ku nekk
Gis ko nu bokk santante booba

Mu faf nuyóo leen yërmande may leen
Lu nekk wis leen céy jant booba !

Nu bokk fay ko bokk gëram ko
Du seeni jëf ko def la ko sooba

Ca kaw Aras lay feeñee ni tay kuy
Aajoo na wax may faj ak wisoo ba

Nu ni ngëram daal lanu la soxlaal
Mu jox ngëram daal ñépp ak daloo ba

Dellu ni kuy laaj na wax li muy laaj
Lépp luñiy laaj mi ngi fi booba

Ñépp ni jàkk jëmam ja rekk
Képp ku nekk faf melni luu ba

Muy feeñ akay leer ni jant ak weer
May ñépp ag leer bisub safoo ba

Lii dàq fopp Àjjana jépp
Yàl na nu jàpp lépp ak yëgoo ba

Yàl na nu fekke fàww nuyóo ba
Te bañ a fekke mukk layoo ba

## Àddina moo di kër ug séytaane

Àddina moo di kër ug séytaane maa la ko wax
Bis bo xëyee jekki ngir daw lor ñu fekk si la

Te donte sax bo tëjee say bunt mucc ci lor
Nga waxne tay waaye boo dee tëj [sax] ñu fëgg si la

Te donte sax bëgg Yàllaa tax ñu dikk fi yaw
Kon Yàlla dimbali leen as lëf te dimbali la

Boo nee da may jàpp saa njàmbur gi tey duma wax
Séytaane daw daldi fab nit ñépp xëpp si la

Ñii soow akay jëw akay waxtaane tey waxi fen
Boo andul ak ñom itam ngay dégg lol [lo xamni] safula

Te xamni dégg lu bon ak moy la booko tayee
Kuy def lu bon aka wax nag kenn yéesatu la

Man xawma luy pexe tay man xawma luy solo tay
Ay daj na àddina jii loo daw daw it rawula !

Séytaane, àddina, bànneex ak bakan ñu ngi nii
Ngembul la ngay kenn ñuy mboolo te yaw yëgula

Say noon a ngii yaa ngi nii bo kërkëree ba ñu daw
Loo man di sàkku lu rëy rëy rëy mu jàppandi la

Ko xamni dakkagulii noonam du jot mbebetam
Ak dëgg gaa ngii saafaraa ngii mos ko ndax werula !

Gennal ci say pexe ak say mbir te jébbale far
Sa yépp tey aw ndigal lii yit ba tay pexe la

# Yàlla li muy def sotti na

Yalla li muy def sotti na
Te lu mu dul def sotti na
Ku yabu xam ne noppi na
Ci lu mu def ak lu mu ba

Loo xam ne atte nag amam
Ku bëgg ag amam mu am
Ku bëggul ug amam mu am
Ku yabu sant àtte ba

Yaw mii di sàkku àddina
Yaa gën a réere àddina
Nde donte xam nga àddina
Nga wuti Yàlla ba ko fi

Loo fi am it ñàkkati ko
Koo fi am it ñàkkati ko
Foo fi am it ñàkkati ko
Lu mat a bëgg newu fi

Ndegam Suleymaan a fi jòg
Koo man a gis da na fi jòg
Loo man a gis da na fi jòg
Addina pakk lay défi

Yonen ya ñew na joge fi
Yonen ba ñew na jóge fi
Saaba ya ñew na jóge fi
Ku nekk ñew na jóge fi

Yàlla deful addina ker
Def na ko niy tool ak i ker
Def ko ni ay tool ak i kër
Loo bëgg nag faggoo ko fi

Faggul ragal Yàlla gu ne
Ba noppi faggu yiw wu ne
Te fàggu nag ngëram lu ne
Ndax bala ngaa dem tono fi

Tono du ag jur gu bari
Tono du aw nit ñu bari
Tono du soxna yu bari
Tonoo di xam-xam ak jëfe

Foo gisetiw yiw jàpp ko
Foo séenetiw ay sori ko
Sori gu bir te muslu ko
Kon lee nga gën fi, kawe fi

Ku xam u yiw te defu ko
Xam ga du tax mu làq ko
Ku xam u ay te bawu ko
Xam ga du tax mu mucc ci

Ku seeru luy jaay ak bëtam
Te joxe wul nag ug njëgam
Seeru ga fajti ko ndaxam
Dara lu dul loroo ti fi

Njariñ da fay wékke di jaay
Mucc it da fay wékke di jaay
Ku defu yiw bàyyi lu aay
Jënd na yépp lii jafe

Jariñu moo jëkk a jafe
Daanaka moo gën a jafe
Lépp lu neefaa moo jafe
Ngir moo di doom i xam jëfe

Te xam jëfee gën a jafe
Lu deefi wax ni moo jafe
Àddina fab ci xam jëfe
Te lu ko moy nga ba ko fa

# Jàppal ñi dee defi nawlee ki xarit aki kem

Jàppal ñi dee defi nawleeki xarit aki kem
Ta boole ñiy dundu def niy want rekk ta jëf

Defal àllaaxira yit muy dëgg dëgg i sa kër
Ta jàpp Àddina def nib gent, dëdu ko faf

Fexeel a jël ndam fa mboolo yay xaloo dajaloo
Ta bul fexe dajale'w góor ak jigéen aki yëf

Kuy denc yëf aka jàpp uw nit di wetalikoo
Bo dee roy it bu sa xel daj roy ko ngir dafa dof !

Kuy denc jur na nga denciy jëf ta wéttalikoo
Sab sang ak Yàlla miy xooleeka gis ta du xef

Bul roy ta bul ñee kudul koo xamni gis nga ko muy
Ragal Boroomam akay doylooka def la ko saf

Xamal ni kenn amewul lëf kat ci nit ni kudul
Ku doylu wëllis u nit, kii rek moo ame lëf

Boo saytu woon nit ñi ñépp ak seeni yëf ta amoo
Ag doylu yit du la tee def nit ku bon ku woyof

Ta donte yaw saytu woo ab tànk bootu la nit
Ta doylu it ñépp gis ngay mbër mu rëy bari laf

Ag doylu rek a jafee def waande jaamu gudul
Ag doylu gis nañu mboleem kuy julit di ko def

Julleeki wirdaaki koor ak jàng ñépp a ko def
Tag doylu tuut a ko def, doylul ba am jërëjëf

Nun ñépp Yàl na nu am ag doylu fàww ta am
Jàmm ak wér ak fan wu gudd ak ngën ji jëf ju ñu jëf

# Moo waarekat bile yaw miy waare waaru nga ndax ?

Moo waarekat bile yaw miy waare waaru nga ndax ?
Waaral sa bopp ba waaroo waaru jóg waare

Ku ràgg day raglu bay wér door a wut ku mu faj
Ku jinne jàpp kumuy faj doo ko gis maare

Ab dof na muy faje ay dof loola mantil a am
Lu nit di kannasu bay fajloo ku dof mbaare ?

Kuy say na muy bëse ? kuy say am xelam du ko daj
Kuy say dafay soxlawoo wér tey takk iy téere

Ku rafle day wut lu muy sàngoo ba am ko bu wér
Muy door a jóg di wutal gaayam ya ay yéere

Bul jàpp sér yu rafet jox gaa yi des ne mulung
Na nit di jàppey séram fab sànni tey gaari ?

Nan waaru tey waare tey xam nag ne lee nu laxas
Ngir bukki lum man a wiir it mujj dem ndaari

Nan sànni lépp lu bon tey sànniloo ku nu gis
Mbooleem lu bon lu mu yor lii nuy fegal naari

Nan génn jéeri te jóg nun sóobu géeju ndigal
Te rikk gaa yile bun dëkkeeti nun jéeri

Te jéeri day tax a bekkoor it ku bëgg netëx
Suturlu day sóobu dëkk ub jéeri tey wiiri

Sëriñ bi nag paki buy jàlleeti moo ko fi am
Nan daal di tàbbi balaa jóg jëm fa muy teeri

Ku dof ba jort ne man naa xuus i géej aki dex
Te tàbbiwul paki kookee moo di kay réeri

Pakee di fekk dox ub ay at mu dox ko fi saa
Te lenn lëf du ko dog yit ngir dafay fiire

Te Bàmba weeru ngëram ak bàrke rekk la kat
Weer uw ngëram fenk na nan wax ne « Taafeere »

« Taafeere, taafeere! » kumteg jàmm a ngii na nu um
Nun gaa yi gëm, ku gëmul nay lekk akay xaari

Te tàbbi àjjana jëkk ug dee la nuy doge yit
Firdawsi yit mi ngi nuy nég war na noo maare

Yawmal qiyaami da nuy booloo fi ker aras it
Tey jéggi mel nig melax nii lan xaloo jaare !

# Mboolo mi tay jii la kori

Mbooloo mi tay jii la kori
Nan sant Yàlla lu bari
Moo nu musal ba nu wori
Yal na nu fekkeeti kori

Yal na nu um koorug déwén
Ba xëy woreeti nag déwén
Te fekk nun ñépp nu gën
Fee jub te yokk lu bari

Koo xam ne kii teewe na ren
Yàlla na teeweeti déwén
Te nu musal ko ci lu bon
Fegal ko ibliis ak bëre

Yal na dugub baree bari
Jàmm ji it baree bari
Topp gi it baree bari
Ken bañ a def lu ñuy tere

Gerte gi it yal na bari
Njariñ li it Yal na bari
Lu nuy mbébét yal na bari
Lu dee fi bañ yal na sori

Ku nekk yal na nu ne ceex
Lu muy mbébét ne ko ko foox
Mu bañ a màmm bañ a xoox
Yam képp yewwu te gore

Ku nekk yal na ay mbiram
Yépp yéwén mu am ngëram
Fàww ak teraangaak i dërëm
Xolam ba nopee war wari

Ku nekk yal na yaatu lool
Ñu may ko may gu yaatu lool
Ak cër bu rëy bu yaatu lool
Bu ñépp bëgg ak i fere

Ku nekk yal na ab xolam
Sedd rafet te am xelam
Bari, rafet, neexe ni lem
Muy sàmm ngor ak wóllare

Ku nekk yal nay kilifa
Gu rëy gu boot i kilifa
Fumu ne ñépp daje fa
Muy sant a kay fekke kori.

## Ganug njariñ gaa ngi tàggoo,

Ganug njariñ gaa ngi tàggoo, Yal na fab suñu lor,
Yóbbàale fàww te dem delseeti, fekk nu fi.

Nun ñépp yal na nu teewéeti ñëwam bu rafet
déwén, te fekk nu génn fee tedd ëppale fi.

Buy délsi yal na nu fekk ak xol bu sedd ak u yiw,
Te fekk ay njariñ ak mbooloo mu jub bari fi.

Buy délsi yal na nu fekk ak may gu suuxali may,
Te fekk nuy bari tawfeex ak ngëram gañe fi.

Buy délsi yal na nu fekk ak topp Yàlla gu wér,
Te fekk nuy dollik ug njub wépp yiw daje fi.

Buy délsi yal na nu fekk ak doole ak ñu ko am,
Te fekk nuy mbër mu not mbër yépp faf tane fi.

Buy délsi yal na nu fekk ak Yàlla ak Ngëramam,
Te fekk nuy gëm a gëm yokk ak a am lu jafé.

Ganug njariñ gii li muy xalseeta ñëw ci kanam,
Nun ñépp yal na nu koy teewéek a sant ne fi.

Diirub li muy dem a kay ñëw noo gi nay dem a kay,
Ñëw fàww nuy sellal ug jaamook a xam di jëfe

Nun ñépp yal na nu wàcc ak wépp yiw wu mu am,
Ba ñépp naa bu demee yit aw yiwam jógu fi.

Nun ñépp yal na nu wàcc ak jépp yërmënde faf,
Ba ñépp naa bu demee yit yërmëndeem a ngi fi.

Yaw gann gi léemu nu léemul bii barab door a dem,
Ba senn Séytaane dootul dox ba fekk nu fi.

## Yaw ngën ji képp kuy ligéey !

Yaw ngën ji képp kuy ligéey
Te gën ku nekk ab ligéey
Sarax ma ngën ji ab ligéey
Bu gën a jub bépp ligéey

Koo xam ne kii dafay ligéey
Day bëgg kuy laajub ligéey
Moo tax ku koy laajub ligéey
Mu jox la nag te def la waay

Koo xam ne jox na lab ligéey
Te nga jubal booba ligéey
Mu dal di lay dollib ligéey
Te jox la ay ligéey ukaay

Ku bëgg aw nit na ligéey
Ku bëgg ay yëf na ligéey
Koo xam ne kii bawul ligéey
Du ñàkki yëf du ñàkki gaay

Ku bëgg xam xam na ligéey
Ku bëgg ag jur na ligéey
Ku bëgg Yàlla na ligéey
Ku bëgg lêf na ba jataay

Ku bëgg a am lu lew te teey
Na bàyyi faww ab jataay
Ku bàyyiwul fàwwub jataay
Du am lu lew du am lu teey

Donte da ngaa bëggoon haraam
Tey jekki sax doo am haraam
Kuy bëgg nag lu gën haraam
Tey jekki yaw texet nga say

Sàcci bu jekki rekk sax
Du gis lu muy for a ka sex
Ku jekki sag jekki du sax
Bul jekki boo bëggee midaay

Kuy jekki kat du am midaay
Donte da ngaa amoon midaay
Tey jekki yit ñàkk midaay
Wéyal ba àgg ngën ji péey

Tëyeel ba seeru xejji buur
Xejji yay yóbbu la fa buur
Nga agg nag fa ngën ji buur
Mu di la may jàmm a ka déey

Képp ku ñàkk bii palaas
Ndaxam amul benn palaas
Yal na nu am bile palaas
Bay joxe ay taax'aki njaay

Yàl na nu gudd a guddu fan
Tey def a def lépp lu gën
Tey moy a moy lépp lu bon
Tey gën a gën ku neb ligéey

Tiisbaki lor yal na nu moy
Tay ak ëllëg te yal na moy
Bépp ub jullit te yal na moy
Suñuy kër ak suñuy ligéey

# Koo gis da lay raas a key wut lef ti yaw lumu for

Koo gis da lay raas akay wut lëf, ci yaw lumu for
Bu ken raasati bay for lëf ci yaw mii ti

Ku namma for, na forus xaalis ta ken baña for
As wax su muy dox di wax naan “Yaa ko wax fii ti !”

Lu dul ni *Yàllaa di Buur* ak *santa war,* bu ko kenn
Foree ci yaw mii ti mukk, maa la wax lii ti !

Garab, ña kay ronu, ñoo kay for di jaay a ka mos
Ko gis, ña kay ronu rekk’ay tax ñu xam koo ti

Gertee ngi nii, dañ koy yóbboo ka jaayi tugal
Te gaa yi koy bay a koy def, te ngaa yewwoo ti

Koo wax, mu wax ka ca des, kooke wax ak ka ca des
Kooke wax ak ka ca des, ceey Yàlla “hun hun” ti

Moyul ñi nekk ci yaw ngir, ñoo waral, ñi nëwul
Fi yaw di xam ci yaw as lëf soppikul tuuti !

Ay am na, ay amna, koo déeyal mu déeyi ko nit
Xam Yàlla mat nako, xam nit ñépp mat koo ti

Nëbbul! ku xam nëbbu. Seetal dëgg ak sa bakkan,
Ni Yàlla nëbboo ki mbootam, te nga waaroti !

Nëbbël ta nëbbu ta bul fes, donte mën nga ko sax
Ngay nëb fàww sa bopp ak koo fi seeroti

Na ñépp am kumpa biir ak biti fàww ci yaw
Bu kenn yewwu fi say bir foofi tollooti !

Muural sa mbir faawu yaw mii, bul mureeti sa mbir
Ku ub ndabam, am fàww us ndoxam sumuy foote

## Yaa gën luñuy bëgg

Yaa gën luñuy bëgg aka wut
Yaa gën luñuy dox di mbébét
Yaa mat a bëgg mata wut
Yaw kula am falu di buur

Juge nga yaw fàww fi suuf
Doo dellu yaw mukku fi suuf
Safe nga doo sàppee'ka soof
Ñam nga yaw wudul nëb aka xuur

Sant nga yaw ta santlu,
Sopp nga yit ta sopplu
Topp nga yit ta topp lu,
Yaaram bi jëf nga jëfi góor

Yaa mëna sës rëkk ci buur
Yaa mëna saytu gaayu buur
Bégal nga buur ak gaayu buur
Ñépp a ngi bég ci yaw bu wóor

Naka ma xamni du ma góor
Ta yër ba xamni yaa di góor
Laa ñëw ta naa jaajëfe góor
Saw des a tax nit ñépp suur

Man duma lëf duma dara
Ta kenn du lëf kenn du dara
Yaw yaa di lëf yaa di dara
Làq nu ñun bu nu nu dóor

Tay ak ëllëg bu ñu nu dóor
Suñu kokit bu ñu ko dóor
Ta kokam it bu ñu ko dóor
Ñoo ngi fi yaw di safi liir

Tay ak ëllëg bu ñu nu daan
Suñu kokit bu ñu ko daan
Ta kokam it bu ñu ko daan
Bu ñu gis uw laq aku guur

Na nga nu def ci sa jiba
Ci darajay Yonent ba
Fegal nu mépp musiba
Ta may nu mbég mu ñépp ŋóor

Yonen ba def na la jiba
Na nga nu def fàww jiba
Ta bu nu wacc, bu nu ba
Def nu ku jub ku bari muur

Na nga nu def jibay ngëram
Guy fees a fees aki ngëram
Tay fees aki fees aki dëram
Fàww ta def nu waayi buur

## Bakan bi neena ma bis

Bakan bi neena ma bis « Moo tee nga tukki te woo
Nit ñépp, kon da nga am aw nit te doyle alal »

Ma daaldi rus te torox, ngir gaa ya daa daw u nit
Tay bañ alal aka nëbbookay yërëmtalu njël

Koo xam ni kii, la ko war kon wacc ñépp ni mes
Bu mën la def loola yit, wooteeka tukki warul

Ndegam damaa bon ba mbooleem nit ñi gën ma du tee
May sopp gaa ya aka waxtaanee ka wax na ñu mel

Gaa ya ma saf, ñoo ma dugg it, ñoo mel it na ma saf
Seen i wax ak seen i jëf, waamey njariñ la ci xol

Ko gis ci ñoom a ngi def dunyaa ni médd mu nëb
Di soxla woo Yàlla ak Yonen ba, tay rafetal

Ñoo dundu, ñoo dundal i xol, ñoo tax ba bépp jullit
Xolam di dundu ba tay, yii gaa ya sotti asal !

Bul wax ne man bala maa waxtaane mbër ya di mbër
Ngir kenn du juddu di mbër, wax jaa ngi nii xalamal !

Kuy ruuj a kay bay, dafay waxtaane dàgga yu rëy
Ndax dàgga yooyale, ñoo kay soññ akay sawaral

Waxtaane Yàllaaki gaayam, yiw wu nit mas a am
Xamal ne kat ca la juddoo, yaw murit bi yëgal

Waxtaane dunyaaki gaayam, bon gu nit mas a bon
Yëgal ni yit ca la juddoo, yaw murit bi xamal

Boo mën la def yaw lu baax it, dee ko bëgg aka wax
Bul bëgg Àddina, bul wax wax ju génn ndigal

Bu kenn dégg ci saw làmmiñ ludul wax i yiw
Bul jug sa kër ngir wuti'w nit rek mbaate alal !

## Da noo dàq mbooloo akub jur ba jot

Da noo dàq mbooloo akub jur ba jot
Te ag baax a ngii bëgg a raw, céy jala !

Ku wut waa ju mbooloo di wër, daal di gis
Ku wut nag ku mboolo saful, gis të la !

Ta koo gis ludul Yàlla mii saf ko it
Mosul Yàlla, li maa ko wax dëgg la !

Ku mos Yàlla, aw nit akub jur du saf
Ci sab xol, ku lëf saf asal yeggula!

Ku mos Yàlla, muñ àddinaakii mbéggam
Ta dooto ko sopp it ngir ub gent la !

Xarit lépp luy tee nga mos dee ko daw
Akay muslu, ngir loola Séytaane la !

Na ngay sell, sellal sa xol, set meles
Nga far dëddu dunyaa ta wéy, noonu la

Ku lay wor, faral wor ko njëkk ug woram
Ta Dunyaa, woram yii ku déegul ci la

Faral dëddu far, muñ bu wér, ngir ku ñuy
Wutal lay, muñ ub cox bu wér, war nala

Ku feesal sa biir ak cox ak am sebet
Bu ceeb ak ceerey lay jugee teggi la

Ku duy sab xol ak bëgg dunyaa ki yëf
Di woo Yàlla nag, kon nganam jomb la !

Kudul dox di xemmeem akay wut ludul
Alal daal akub nit, ndaxam gumba la !

Ku jug ngir wut uw nit asal, bokkul ak
Ku jug ngir ga daw nit lileeg wuute la !

Di am am lu as ndiine, ngir bëgg u nit
Ak ug jur lileg moy la, ag sànku la

Royal yaw ña daa nëbbu diinee'ku yiw
Ta bul feeñu ngir bëgg kenn topp la

Murit ! Seetu baa ngii, fabal seetu nag
Ndaxam taq nga as mbon-mbon, am taqula

Fabal daa di seetu, ta loo gis faxas
Ndegam bëgg nga buur ak ñoñam sopp la

Defal lépp luy tax ñu naa yaa fi gën
Ta daw lépp luy tax ñu naa baaxula !

## Muñal kem li ngay muñ

Muñal kem li ngay muñ la saw yiw di doy
Li ngay sàkku cig muñ nga koy laqqe kat

Da ngay sàkku bàrkee'ku yiw ak ngëram
Ta yii nag, muñay seen i ndey, bul tawat

Fa ñuy ruujee tool ak fa ñuy tibbe sex
Li fii muñ ci diggante bi, raw na bët

Bu ñuy góob akay gar, ña daa bay di muñ
Ña ngay ree'ka fab seeni mbay nag di fat

Bu ne faa "ku daa bay, na ñëw fab ngëram"
Nga bëggoon a am ngar lu yéemu xarit

Bu nee faa « ku daa jëf na jël si'g payam »
Nga bëgoon a am jëf ju ken dul xebat

Ku muñ muñ gu rëy, fàww am pay gu rëy
Muñal muñ gu rëy, ndax nga am say mbébét

Ku jug jëm ci ab dëkk, gis am ngiram
Da cay daal di aw, wëy ndegam def na nit

Muñay ngir ma jëm nag ca dëkk ub njariñ
Xanaa dëkk boobee nga jëm léegi yit

Bu ñuy fay kunekk ub ligéeyam ëllëg
Ñu ñee gaaya daa muñ lu diis ak lor it

Ta loo mën di gis ci’y lor ak tiis i xol
Bu ñuy yuuxu ngay sant, lii jar ko it !

Bu ñuy yuuxu ëllëg ña daa dëkke muñ
Ci dunyaa nga firdawsi, lii xam ko kat !

## Bul ñéddloo buur

Bul ñéddloo buuratis ndab ngir yayoo na ludul
Ñédd as ndab ak nég u des, tuubal te réccu bu gaaw

Ñéddal ndabam la ta bañ ko ñéddlooti sa ndab
Loo man di def bu la woo sànnil ta wuyu ji ko gaaw

Bu seeni soxla dajeetee yaw, dalal di falaŋ
Sa soxla daw jëm ca soxlaam ak mbégam ci lu gaaw

Ku wacc loo soxla ak loo bëgg, jëm ca la muy
Soxlaaka bëgg, mu faj say soxla, moo tabe gaaw

Fajal ko soxla, mu faj say soxla yépp fi saa
Fajiinamay gën a gaaw ub sox ! Fajiinam a gaaw !

Xamal ni jàkka saxaar ub àjjanaa, ku ca jëm
Bu dee si nodd la paasam tëgg, ñaani ca gaaw

Bu dee si nodd bàyyil loo jàpp dem ca ta ñëw
Tardee di ay, ta saxaar ak waxtu ñoo gën a gaaw

Ñoo yam, da ñuy gaaw a ñëw tay gaaw a wéy, du ñu neg
Kenn it, ku bëgg ñu bañ laa raw, da ngaa war a gaaw

Yaw njaxlafal yaari njaxlaf yii, ku bëgg ñu bañ
Laa raw, da ngay farlu, njaxlaf, yewwu jar ta gaaw !

Njaxlaf, ku bëgg mu bañ laa raw, da ngaa war a sax
Ci feddali'g laxasaay ak itte, dëkk ci gaaw

Tisbaar akii Tàkkusaan ak Gee, Subaa ki Timis
Yii waxtu yépp, yu cii ñëw Yàl na ñuy ña ca gaaw

Nun, Yàl na ñuy waaj akay jag njëkk waxtu wu jot
Ba waxtu wuy jot nu ànd ak Yàlla sóobu ca gaaw

# Yàlla nii cas yermandeem ak xewalam ni ma am

Yàllaa ni cas yërmandeem ak xéewalam ni ma am
Yàl naani cas mbégam ak cantam gu rëy ni ko am !

Koo xam ni kii dafa xëy am yaari ŋaax i njariñ,
Fab buum i cant ak ngëram xaabaane jàpp na ndam !

Xolam du tàng, du tiit it ngir sëfam ba du joy !
Jëm fenn, moom it du joy jëm fenn, Yàl na nu xam

Nun népp, Yàl na nu xam yiw wépp wépp, ta wut
Koo wut ba teg ca suñii gët, mos ko, bokk ko am

Yàl nay njariñ di bawoo'kub jub fa Yàlla di ñëw
Ci nun, ngëram di bawoo fàww it fi nun, di ca jëm

Moo jàpp ngaax i ngënéelam, sol ba was ni cas ak
Ngëram dugal ci suñii kër, boole ñoo ki dëram

Moo sëf njariñ yépp biir ak bitti, sippi fi nun
Jébbal nu cëfka ya yépp ak sëf ya, faf nu xoram

Nun, moo nu xëy taxanal yoonam wa, xëy nu taxan
Ni tegg benne ca dëkk ub cant baa ki gëram

Moo tee nu dox, moo nu paasal moo nu tee gis i ndog
Moo tax nu dëkk aki ndimbal, sax ci neex u yaram

Moo jàpp lépp luñuy lor fàww, nëbb nu nun
Ngir bañ nu teg ca suñii gët, bañ mu teg nu bëtam

Yàl naa di waayam judul taàgoo'ki mbég ba nu xëy
Bis boolekoo ki mbégam, tàbbal fa sedd xolam

Mbaa may jënam wu sax ak mbég ci'b dexam ba nu fab
Koo kub dexam joo ci dex juy wéy di wéy ta du yam

Yàl naa di waayam ju sedd ub xol, ju sedd u yaram
Joo xamni feg na nu tiisam yépp fomm ayam

Yàl naa di xejjam bu xejam yépp yéem i mbiram
Ta bokk ñee ko ci gépp wet, mu tiim i kemam

Yàl naa di santam bu ñii santooka sant aka gëm
Muy dolliku cant akay santooka sant aka gëm

Yàl naa di kuuyam, di ndanaanam di mbër ma ko saf
Di ab dagam fàww akub soppeem akub xaritam

Ta saa su jot Yàl na fab ndolleen lu wér, ni nu am
Nu daal di nangu ni cas cantam lu wér, ni ko am

# Sëriñ bi yaw yaa war a sant Yàlla

Sëriñ bi yaw yaa war a sant Yàlla
Ta yaw li tax nga war a sant Yàlla

Ko xam ni kii, daa na la siis aka añaan
Muj na tay jii di la xaaraan aka ñaan

Ko xam ni kii daa na la def maas ak moroom
Muj na tay ji di la def Sang ak Boroom

Koo xam ni kii daa nala ñakki aajo
Muj na tay jii, di la may si aajo

Ko xam ni kii daa na la may nag aajo
Ñéppa ngi mujj di ko may tay aajo

Ngi gis nga Ibra Faal a ngi ñiy faale
Ta xam ni ken daa wu ko xëy di faale

Ak Ibra Faati mile ken dul fàtte
Te xam ni deesaa nako dox di fàtte

Ak Madu Numbe mile ken dul yàbbi
Te xam ni ken daa wu ko sex bay yàbbi

Ak doomi Ànta jile melni'b jant
Ta xam ni kat mi ngi meloon ni bant

Adama Gëy yaa ko defoon ub sall
Yàl na ko Yàlla dolli may gu sell

Masàmba Joob i ta ngi deefi joobe
Ta yaa ko may may gu ko deefi joobe

Ta Ibra Saar it yaa ko fal may ko ngëram
Ba képp nit di ko siyaar aka gëram

Woroom i may rek nga am, amoo ku bon
Gaa yi ma tudd ak ñi ma tuddul Naka ñépp a gën !

Ñi nga defar Mbàkke maneesu leena lim
Ci aw këyit, maneesu leen a boole xam

Defar nga gaa yoo xamne sax xamoo leen
Defar nga gaa yu la xam it nga xam leen

Defar nga say mbokk defar aw jàmbur !
Ba ñépp jag nga jàpp nag sag jàmbur

Yaa tax Bawol aki Kajoor ak Njàmbur
Di def u yiw, kula sikkal du'b jàmbur

Ag cant war na nu bu wér nun ñi la ëw
Li mu ñuy war war, li mu lay war a ko raw

War na nu laa sant bu wér yaw Bàmba !
Nga war a sant nag Yàlla ak Yonent ba (SAW)

Sant nga kat cant gu kenn santul
Waaye yëgal ni yit sa may gi tuutul !

Sang bu nekk Yàlla may nako'g may
Waaye mayul ab sang may gi mula may

Sang budul Yaw, Yàlla ay yëf la ko may !
Yaw nag da laa sopp ba jëmmam la la may !

Bu Yàlla doon as ndaw ma xamne yaa ko jël
Sang ya nag, fab i yëfam, seddooko, jël

Mo yaw mi jël jëmm ji naŋ koy sante ?
Xanaa di sant aka wëréeluy sant !

Santal ta santaane **ligéeyub cant**
Ta ku la santle si naŋ ko sant

Fab naa samay mbir dikk dimbalee sila
Ta ku ma déggal dikk dimbali sila

Woo na sa may rakk, ta woo samay mag
Ci sa ligéeyu cant gii, ku dikk jag !

Woo naa samay mbokk yu ndaw yépp ak yu mag
Ci sa ligéeyu cant gii, ku dikk bég

Woo naa samay mbokk yu goor ak yu jigéen
Jëme ci yaw mi jubal goor ak jigéen !

Ku dikk boppam, ku dikkul boppam !
Man dikk naa, ta maa ngi lay sopp aka gëm

Ta maa ngi muslu lépp lëf ludul yaw
Ngir lépp lo xam ni du yaw, du aw yiw !

Musal ma man ci lépp lëf ludul yaw
Ta musalal ci man itam ludul yaw

Mosal ma nag ci yaw mi gën ludul yaw
Ta may ma nag ci yaw mi gën ludul yaw

Man naa la mos, ta buma mos ludul yaw
Ta naa la am, ta bu am ludul yaw

Naa ne ci yaw nga ne ci man ta sol ma
Baa fees a fees ak say ngëram, nga yor ma

Fab ma dugal ma ci sa xol bu sell bi
Ta bu ma gennati sa xol bu sell bii

Fabal sa bopp it dugal ci sama xol
Ta rikk, bul gennati mukk sama xol

Def ma sa mbeg mu rëy, ta def ma sa ngëram
Lu rëy a rëy, ma di sa mbeg di sa ngëram

Lu ma gëram naŋ ko gëram, ta loo gëram
Naa ko gëram, ku ma gëram naŋ ko gëram

Na ñuy dajee dajee dajee dajee daje
Ci loo gëram, ta bu nu noppeete daje

Bala nga maa woo, naa la wuyu si far yaw
Bala ma laa wuyu si, nga woo ma far yaw

Bala nga maa soxla, ma far la soxla
Bala ma laa soxla, nga far ma soxla

Foo jëm ma jëm fa, fu ma jëm nga jëm fa
Foo jug ma jug fa, fu ma jug nga jug fa

Nga di ma sant fawu nag aka gëram
Ma di la sant fawu yit aka gëram

Tay ñoo ngi lay sant aka wóolooka gëram
Ta ku la am wara saxal cant ag ngëram

Yaa sedd ab xol guy yaa dal um xel
Wurus nga yaw waaju la for sant asal

Ta kula takk, fu mu jëm gën foofa
Ta daaldi suxal gaa ya waajon foofa

Ta kula takkul doo ko gis tekki dara
Lu yagg yagg doo ko gis faj it dara

Maa sant dëgg dëgg dëgg Yàlla
Ta yaa waral Mbàkke ma sant Yàlla

Boo ma bawoon ak Yàlla kon amti ma lëf !
Ngir sama mbon gu rëy gi ak dof gii ma dof

Man sant naala naŋ ma santal Yàlla
Ci Yaw mi leeral sama digg ak Yàlla !

# Nit ñi nga gis jaru ñoo waxal jaru ñoo defal

Nit ñii nga gis, jaru ñoo waxal, jaru ñoo defal
Loo man di def, yaw dee ko def ngir Yàlla daal

Loo wax wax it, ñi wax lu bon, lo def def it
Ñuy def lu bon, lo jub jub it, ñuy dëng daal

Loo soññ, soññ it ñuy saxar, mbaa sax ñu fay
Kuy def jërét, Séytaane ñëw fay koo ti daal

Loo xamb xamb it, ken du nooy aka waaja baax
Waxu may wañax, céy lii kaa rëy, mbir am na daal

Sàmmal sa digg ak Yàlla yaw, lii rekk a des
Soññeeka yeetekay xuliw nit wëy na daal

Nit ñépp xam nañ wépp ay, xam wépp yiw
Koo gis mingookub xam-xamam dafa lott daal

Koo ciy fexee tere jëf ju bon mbaa wax ju bon
Ma nga lay fexee noonoka bañ, lii xam ko daal

Koo ciy fexee yobooka wan fa ña jub awon
Ma nga lay fexee teggeeka foñ, tay meccu daal

Li nag ndegam moo am la gën, na nga yewu yaw
Faf wacc ñépp ak seeni mbir tay waaxu daal

Nëbbul ta wëy noppil ta wëy, jàppul ta wëy
Farlul ta wëy, santal ta daw tay muslu daal

Nun ñépp Yàlla na nu Yàlla may mucc ak njariñ
Faw ak ngëram ak pal wu dul dañ mukk daal

Mbokk ak murid ak jàmbur ak koo mën di gis
Buy dem demal buy jekki it ngay ñukk daal

Ken réeratul tay ngir ma, ñépp a ko xam bu wer
Koo gis demul dafa jox mbiram séytane daal !

Kuy bañ ndigal Séytaane moo saytuy mbiram
Séytaane nag kumu saytu, mat nay wattu daal

Lii tax, dawal, lii tax moyul, lii tax bàyyil
Ñépp ak la ñuy def tay fexee raw fàww daal

Ñaaxal sa bopp ak képp koo gis muy sawar
Tay daw ludul sab sang, wax jii ŋëb ko dal

Bul wooti nit, bul soñ nit, bul xutba nit
Wëyal ak sa bopp ak waa ju daw ne la ñabb daal

Ken dootu gis may wax kudul saa bop lëf
Luma deeti wax, saa bopp a tax, xam naa ni daal

Luma dee ti wax, lu ma deeti def saa bopp a tax
Nit ñii ma gis, jaruñooti coow ak coono daal

Kuy bon, na bon, kuy jub na jub lu ci mën di am
Man may ligéeyal Bàmba, tay gëm Yàlla daal !

## Muñal ta def ndànk

Muñal te def ndànk bul yàkkamti lee nga doyal
Mësay mudul séwet ak waamee xaloo yami mbir

Wis-wis judul dog, dafay xëy benn rekke di dex
Ku muñ te def ndànk doo wóoloo lu mujj di mbër

Loo am ci nit nala doy, yaw lépp loo ca amul
Doylul ma wallis ko, doyloo gën gëleemaki xar

As gor dafay jàppu doyloo Yàlla ak la mu am
Na Yàlla far doy la sëkk'ak ñii mu teg fi sa kër

Ku def fi yaw fàww ab jàmbur, defal na mu def
Ku jekki-jekki ñëw it yaatal ko, wan ko sa ngor

Bul yóotu kenn, ta bul woo kenn, jéemal a jub
Jubal ñi nekk fi yaw, bii dénk, jàpp ko yor

Ab sàmm day sàmm boppam, sàmm jur ba mu yor
Ta fàtte sàmm ya ak seen ub jur ak la ca war

Sàmmul ta sàmm sa mbooloo mépp mucc musal
Ta muñ lor ak coono, kuy wut lépp day muñi lor

Ku bëgg dàgga ju dootul feg mukk aki dex
War na fexee laxasoo muñ, aw ndigal bañ a war

Bul toppandooti kudul saw nawle, kuy wuti kër
Bu toppandoo ku wutul ub tànk lëf du ko jar

Sa itte na ëpp mbooleem itte yépp, nga sut
Nit ñépp am xel ta gën cee yaatu, farlu ta xér

Yaw boo xaloo rawe, tee ngaa bole naaj aki ker
Ta yor ku baax ak ku bon, lii moo rafet ci sa mbir

# La mat mbég, du am soxna ak fas wu suur,

La mat mbég, du am soxna ak fas wu suur,
Du njébbal ludul dog du lekk it ba suur

La mat mbég, nga gis Yàlla ak sab Sëriñ
Ñu sax dàkk foo jëm ci sab xol bu wóor !

La mat mbég nga xëy gis sa xol set welas
Te bëggut ludul Yàlla lii baax i góor

La mat mbég, ngay xëy sa bon gii nga bon,
Te naa moo namay def ba gën gépp góor ?!

La mat mbég, nga xëy tuubi moy yii nga moy
Di rëccoo'ka farloo’ka daw wépp toor

La mat mbég, sa bët jéll kër gii di wéy
Di jëm Àjjanaa'kiy Aras, lii ka foor !

La mat mbég, nga jekkeeku nit yaw di ree,
Te sab xol di jëm nag ca Yàllaa ka buur

La mat mbég, ñu gis ngay wax ak képp nit
Te jox nag sa xol, Yàlla kiy ngën ji Buur !

La mat ndam, nga xëy ëpp laf képp nit,
Te doo dox di fireeka daaneeka dóor

La mat ndam, sa kër gii ni dell ak alal
Ak uw nit te doo yab ku yor senn ngóor !

La mat ndam, bu deesee layoo kay mbugal
Ëlëg, gaa ya daa moy nga war naaru góor

La mat ndam, ta mat mbég ëlëg mat ko tay
Bu wér, Yàlla nan boole yii am bu wóor !

# Ña jebbaloon Yàlla ak Yonent ba seeni bakkan

Ña jébbaloon Yalla ak Yonent ba seen i bakkan
Ak seeni jur raw nan ug ñakk ak lu dee si ragal

Ñoo def lu wér lu rafet, ñoo am lu wér lu rafet
Ñoo nangu nangub nawet, ñoo war saxaari ndigël

Njébbal gu wér rekk a wér, moo am njariñ, ku ko def
Raw lépp loo bañ, te jot loo bëgg, jag te jagal

Ñëlee ngi bafngu, ñëlee ngi waaxu, ñii war i fas
Murid ya faf duggu gaalu cant benne fëxal

Ñëlee ngi rotaani, ñee ngay jàjji, ñee di nasal
Murid ya faf sóobu géeju mbég ba lab di labal

Ñëlee gi jàng Harood ak Haajaroon aki Nah
Murid yi faf xëy ne ràpp ak Yàlla jàpp ko jël

Ñëlee ngi bay, ñii di jaayaatooka sàkku alal
Murid ya xëy taawu junni junni ak pali pal

Ñëlee gi tàbbi funee kay laaji yoon aki sil
Murid ya tëb, ne ca dëkk ub ndam ba jëpp fetal

Jam lépp, faf lare lépp ak ñépp, fenke ca kaw
Raw seeni kem, seeni kem xëy ngeeju leen a dawal

Ka lànda dal, dub Murid dub sang mo di ka faf
Ëpp ug murid te matul ab sang, céy la ko dal !

Nun ñépp, Yàlla na nu lii moy fàww moy gu rafet !
Te bàrke dal nu, dal ci kaw bopp ak lu dal suñu xel

Ku ànd akub dex lumuy ñaaneeti ndox aka wut ?
Bub jant fenkee lu ñiy niit ak lu dee si ragal ?

## Séytaane moo bon, bu seeroo ab murid di dawal

Séytaane moo bon, bu seeroo ab murid di dawal
Sangam ba, bay bëgg a am jaajëf mu yàqaliko

Murid bu dee jàjji teenub ndam ba ndox ma xesaw
Séytaane yàqum xelam, njortam la bon mu ba ko

Dootul nangoo jàjji, dootul def lu jub, du ko wax
Sangam ba faf suturaalko'g bonam, yewwiko

Li tax ba ab yewwikuy wuutee'ka baax aka bon
Amaana dee fi yabal nit rek ngir mere ko

Yabal gu lëf roofuwul, bo xamne andulug as
Ngaaral ci làmmiñ akub xol, ñépp kay amuñ ko

Yabal bu tukkee ci ay cant ak ngëram ñëw ni jalañ
Kune naa « kañ mu am ? », moo gën ta kenn négu ko

Amaana nga gis kuñiy woo bis yabal ko ta kat,
Moo waxlu lëf, mbaa mu wax as lëf ta kenn kay yëgu ko

Gàccee ngi, gàccee ngi, nii mbooloo mu tollu ta ken
Du cib murid ! Bàmba, lii tax rek, kenn safuko !

Ngir, gis ku nangoo defub jaamam ta melni ku dee
Mu def la muy def ba sottal ciy mbiram « të » na ko !

Ku nekk day wax akay waxlooka soññi batax,
Muy dox di wax aka def loo xamne lii ñoru ko !

Mootax mu far noppi ngir kuy rëbb ñépp di wax,
Ludul tegub fetalam fee noppi far, waru ko

Kuy gis, bu koy gumba nammee yët werante, mu far
Ba seeni tum, daadi wëy ñuy réer akay alaku

Sëriñ bii ñam wii mu yor lay sàkku ndab lu ko def
Ta wut na wut ndab lu ñam wi yell a dem gisu ko !

Ta donte jox nga ko junniy junniy it du waral
Mu jox la ñam wi te neewoo wett far bàyyiku !

Ludul ne wett ni dàll uw nepp rek wuñiy
Summee'ka sol taxtilaa mos ñam wi, dégg nga ko

Li Bàmba bëgg si Boppam lépp ak ci ñoñam
Ak ñépp, Yàl nako am ñuy teewe santle ko

Dañoo mënul lëf nde bëgg ub baax a tax ñu bawoo
Nun ñépp kër baay aki ndey dikk fekksi ko

Lu bon taxul ken jug, kuy dox di def lu bon it,
Séytaane mbër ma da koo mën waaye jubluwuko

Ndax Bàmba far nu jariñ, ndax Bàmba far nu musal
Ndax Bàmba far nu yërëm, baaxal nu sange nu ko

Bon gii ñu bon bum tax ñuy naagu yërmande nag
Ab lar bu mànkee ta sangam mat nu mottali ko

Nañ bokk farlu ta séen ug jëm kaw ak lu rafet
Ab lar bu sangam kawee day mujj yëkkatiku

Amaana ñépp am uw yiw dellu seen i barab
Ku nekk far mucc melni'b jant ñépp ja ko

Amaana léegi koo fi gis mu ñee murid bu mu gis
Amaana léegi ku'b murid seerooti it kawe ko

Al-Hamdullilahi nun ñoo am Sëriñ bu nu doy
Bu nuy fegal lépp lëf loo xamni bëggu nu ko

Fegal na nu ràgg ak dee may nu dund aku yiw
Doylul nu, wëllis kudul Moom it ba gëm na nu ko

Moo sedd ab xol te dal am xel te buuri gët it
Ta doy Sëriñ sépp ak yéefar yi, kenn yabu ko

Cantam gu ànd ak ngëram ak bàrke Yàl na nu dal
Ta dal ku ñuy sopp ak koo xamne topp na ko

Yàl na'b xolam boole sedd ak tàlli ñàyy ci nun,
Ci sépp saa, te suñiy gëm far di feddaliku

Moodi'b Sëriñ dëgg, moodi'b sang, kenn gisagul
Kemam ci suuf sile ñuy dox, Yàlla sompalu ko !

Yaw kii wut ub sang ! Jàppal Kii, mu sang la yaw !
Nga daaldi set fàww taggoo'kub bon, sori ko

Suux ak sayaan ak i déeg ak déq taxtila gën
Ku bëgg a gën fekk géej ak dex ga far jege ko !

Li tax Sëriñ bi raw um xel, nekk na'y ati at
Ci digg i noonam te kenn ak lenn yàqaluko !

Koo seeruwul tay, mu defko'b sang, jox ko mbiram,
Lum farlu-farlu du tee Séytaane yàqaliko !

## Njàccaar a ngii silmaxaa ngi gàddu seeni fetal

Njàccaar a ngii, silmaxaa ngii, gàddu seen i fetal
Di téq akay moy akay jam, jàpp rek a ware

Amaana ngay gis ku neex ub gis ta jàpptilu rab
Amaana ngay guis kudul gis lëf ta faf di lare

Amaana ngay gis ku siiweg bon ta siiwe ngëlam
Ta xamne buy dee di dem firdawsi gën ñu bari

Xalaas! Bii buur a sañ loo gis, ta moo mën a def
Loo dégg, Yàl nañu may nun ñëp mbeg mu bari

Du jëf, du xam-xam, du baay aki ndey ñu sukkandikoo,
Du kër, du mboolo, du ab xaalis du tur wu sori

Sëriñ bi ab suturaam ak yërmàndéem a waral
Ñuy séen u mucc ak ub yiw ndax moo di kay defare

Ak yërmandey Yàlla ak Yonent ag ña ñu fal
Fal ub ngëram gu ñudul wàññeeka jéem a firi

Nun ñépp Yàlla na nu gën nit ñépp, faf sut u fan
Nit ñépp, faf gën a woomal ñépp baax i fere

Nun ñépp Yàl na nu am xam-xam bu am ba njariñ
Ak jëf ju am ja njariñ jay tee lorooka lore

Suñub mujj ak suñu digg ak Yàlla Yàl na rafét
Ñu far musal nu ci Ibliis’ak lu deesi tere

Te Yàl na ñuy doy akay doylooka am lu nu doy
Di jëm ci Yàllaa ka dëdd ug moy di def lu nu war

# Suñu digg ak Àjjana Yàl nay Àjjana

Suñu digg ak Àjjana Yàl nay Àjjana
Àjjana Yàlla nañ ca duggak Àjjana

Yàlla na nu sax ci Àjjanay santaka wéy
Ba dugg Àjjanay gëram fàww aka wéy

Yàl na nu sax dàq aku yiw wu deesi yéem
Ba dugg Firdawsi ni mëll deesi yéem

La dale fi nu ne ba jàpp Àjjana
Yàl nani kepp fi nun ak dem Àjjana

Àjjana mbég mu rëy ma sax ci seeni xol
Mbég mu na tollu Yàl na sax ci suñu xol

Na ña nekk ci biiram rawe lor fàww aku ay
Yàl na ne ñépp rawe lor fàww aku ay

Ña ca nekk ñépp nu ñu weesoo yàqulee
nun ñépp Yàl na nu ne weesoo yàqulee

Yàl na nu sax ci jëf ju yiw ju nangoof
Ju Yàlla bég mbég muy waral meram giif

Yàl na nu sax waxtu wu jot cib jekk
Tay wëy ba dugg Àjjanaakub jekk

Yàl na nu jëm Àjjana sax ci Àjjana
Ba dugg Àjjana bu wóor ak Àjjana

Yàl na nu jañ dig ub kunekk aku digam
Ca wàlla dolli ko gëm ak gaa yu ko gëm

Kunekk Yàl nay baax akay fekke dëwén
Fàww aka am wépp yiw ak mbir mu yëwén

Yàl na suñuy xol sax ci guy ak gutt
Xoli ñi ñuy bañ sax ci xëtt ak futt

Képp ku ñuy bañ Yàl na tëdd wétt
Te sax ca mbaa mu ni wérét ne mott

Lu ku nu bañ yéene ci nun Yàl nako dal
Dal buy waral xelam ne fërr bañ a dal

Ka sàkku yiw te gën i soppe gën i bañ
Yàl na nu may lu gën i soppe gën i bañ

Gën seen i jëf gën seen i yéene fopp
Gënal nu ëmb ya nu ëmb yépp

Mboleem li Yàlla bind Yàl na nu nu ñee
Ci darajay mboleem ñi ñuy naw aka ñee

Yàlla na nu Yàlla musal it ci seen i lor
Yépp musal gu am njariñ gu ñàkk lor

Yàl na ñu delloo seen i lor yépp ci ñoom
Ba jenn lor dootu fi jëm bawoo ci ñoom

Yàl na li wéy lépp ak li teew ak li ñu jëm
Yéwén yéwén gub yàq dul am aka jëm

Àjjana Yàl na jëm ci nun nu jëm ci moom
Faw ta Yàl na sax ci nun nu sax ci moom

# Dawal ba raw ñi gilay yuuxooka sow aka naw

Dawal ba raw ñi gilay yuuxooka sow aka naw
Te’w rab, bukoy xaj di baw, nay yokku xël, rawagul

Aw rab bunee meŋ, dootoo seeru xaj bu ko baw
Ku dee fi yéem aka naw kookee, asal, rawagul

Marax bu maasee nu naa bidiw bu leer a nga nee
Weer it bu fenkee nu naa leeram gi ëpp na xel

Te xamne jant bu fenke ken du yéem aka naw
Ku dee fi yéem aka naw kookee asal rawagul

Sayaan a ngii déeg a ngii, ab teen a ngii, dex a ngii!
Te géej a ngii ëppleen ub ndox, xarit xalamal

Teewul ku nekk, fa say kem ngay mënee amu tur!
Ku am fa say kem u tur, saw ŋañ rotna asal

Gasal di wéy yaw te bul gesooti jal ba nga gas
Kuy gas di geesub jalam lay ngën ji ndam, duko jël

Te jal bu rëy sax du ndam xëy bënn rekk a di ndam
Lo rëy rëy ub jal ta bënnoo, ndam demul, dikkagul

Gasal te bay, bala ngaa am ndam lu kenn amul
Sag jàjji bënn, sa tool it ñor, nga muc musal!

Sëriñ bi Yàlla na nu may ay jàjjikat yu sawar
Te may nu ñuy jàjjiloo kay jàjj akay rafetal

Te Yàl na yokk suñuy xéewal te yokku nu gëm
Te dollinu'y itte may nu'b way ci topp ndigal

Te Yàl na fab jépp lor jox ko faw gaa yi nu moy
Te jox nu fàww ngënéel ak mbég mu kenn amagul

# Ndegam gaa ya bay daal a xal seeta añ,

Ndegam gaa ya bay daal a xal seeta añ,
Ku xam gaayadul bay bay funuy lekke kon.

Bu fekkee ni yaw Bàmba may yii nga yor,
Ña gën rekk a ciy jot nangay def ñi bon.

Bu fekkee ñi baaxay amus lëf ci yaw,
Ña baaxul luñi am ci yaw mii fi gën.

Te yaa yor cérub gaayi baaxag yi bon,
Faral jox ma jox ñépp jox ñii fi man.

Dangaa bay ba dagg say dàgga yaw,
Nu ñëw wër la nag kapp def tay sa gan.

Du lëf tax nu jóg ñëw fi yaw kat ludul,
Sa yërmaande yërmande lan séenu nun.

Te noo ngii di yalwaan a kay wut ci yaw,
Yerey mucc ak barke ak gudd fan.

Te boo nee balaa kenn a am lëf ci man,
Dafay mel ni man bun yaboo ñibbi kon.

Nde yaw doomi nit dootul mel nii nga mel,
Te giñ naa ni wax jii soree naa ki fen,

Waxal nag ci mbas mii sa nit ñaa ngi jee,
Tinul ñépp yaw boo tinoo Yàlla tin.

Bu ab sàmm nee cell jur gépp jee,
Bu jur gépp jeexee lumuy sàmm kon.

Banuy daddu kër baay a ki nday di ñëw,
Wutug mucc a tax mbaa lunuy wut si kon.

## Pexem Yàlla mo gën pexem

Pexem Yàlla moo gën pexem nit ndaxam
Fa Yàllay fexee yàqkat yeggu fa

Fa Yàllay fexee raw na bët raw na xel
Fa muy yokke nit ay bëñam xandu fa

Bu Yàllay fexeel ab laram yiw wu rëy
Du diisoo da koy def ñu xëy gis ko fa

Ba Yàllay falub lar ña koy bañ yëgul
Ba muy séddalew yiw ku bon nekku fa

Lu Séytaane ak nit di tee am dafay
Lu tukkee fa nit nag te say bañ ne fa

Lu tukkee fa Yonnen ba ak Yàlla jëm
Ci yaw loola day ñëw ku bañ randu fa

Ku yor say yëf it fàww day mujju ñëw
Te naa lii ma yor fab ko jël say yëf a

Na sam xel di dal, sa xol sedd nag
Sa wërsëg lu nit fab-fab it ër ko fa

Lu nit rëy-rëy it cér du yóbbaale kat
Cérub nit, cérub nit ku bëgg it ba fa

Dagaanal xér ak dëddu ak itte yaw
Te wut nag kërug doylu far tëdd fa

Kërug doylu moo lay fegal naaju lor
Seral sab xol ak saw yaram, yendu fa

Te bul jàq bul rët ngirub yàqkat
Fa mbir may bawoo, yàqkat yeggu fa

# Bu saw jiwu moy sam tooba tex ca sa lépp yaw

Bu saw jiwu moy sam tooba tex ca sa lépp yaw
Ku saw jiwu moy sam tooba cant ga teggi la

Te sab Sëriñay sam tooba tex ca sa doole ji
Te tex ca sa jur gépp ak sa mbir bay nu wallu la

Te neex ub nawet baaxul ku neex ub nawet torox !
Te neex ub ndaway neex ub nawet Yàlla yee nala

Sa dundu gi rekk ay sab nawet dee ca farlu yaw
Te bul foowe mukk dund ngir dund yombu la !

Na ngay fàttelikub dee fàttelikub mbugal ak layoo
Te fàttelikub bis penc ak ña fay daje séq la

Na ngay moyu wax joo xamne jii du ju am njariñ
Te dëkk ci jëf joo xamne baaxam ga bir nala !

Waxal wax ju lay faj lëf te jëf jëf ju lay jariñ
Mukàllaf du neenal lëf moyul kenn soppi la

Taxañ naa samay mbir yépp jox man ka lëf tëwul !
Lafañ bu ko jox say mbir mu toggu la yóbbu la !

Mi ngeekiy wotaam ak saxaaram, ku bëgg dem
Mu teg la ci lëf yóbbul la yóbbu la toggu la !

Du nax nit du jommal nit te ken mënukoo nax it !
Ma ngay nax ñi koy nax ñépp cëy Yàlla cëy jala !

Ni bàq la mel loo jàpp tex ca loola saxx
Te loo ca texul textil bis penc umpula !

Fobal li nga bëgg ak lépp loo yóbbu tex ca yaw !
Mu sax jàmm gay dóomal di sant ñu sant la

# Tawat ja deñ na

Tawat ja deñ na
Coono ba wéy na
Ceggi ba rot na
Cant gi ñëw na

Feg na ñu ay wa
Jam rab u mbég wa
Ba mos resam wa
Dànna ba bég na

Dànna ba jam na
Soxam ba ñor na
Bañam ya mer na
Pexem ma jag na !

Séytaane mer na !
Soxam ba moy na !
Xolam ba ñor na
Yéene ja des na

Mer na ba mattu
Xoole ba fattu
Yàllaa ko nattu
Rëccu ga tar na

Gis na nu jàmm
Am na nu jàmm
Faf dégg jàmm
Xel yépp dal na

Xol yaa ngi sedd
Niit ñaa ngi tedd
Tay am lu tedd
Diine gi sax na

Wato jafeetul
Tabax jafeetul
Dara jafeetul
Sëriñ bi not na

Not na ñu sew ña
Not na ñu rëy ña
Defar na nit ña
Cangam ga wér na

Jaxas na ndab ya
Teg ca ndawal ya
Jañ ko murid ya
Ku nekk mos na

Naatal na xol yi
Naatal barab yi
Fal na lawax yi
Baaxam gi fës na

Wis na ñi am lëf
May ñi amul lëf
Te rëy li muy def
Ñépp gëram na

Wasal na jox nu
Nangu na jox nu
Rëbbi na yët nu
Ndolen la ñëw na

# Sarax nu mbalaanum cant ak suturaaku yiw

Sarax nu mbalaanum cant ak suturaaku yiw
Te bole ca mbubb as ndollen ak tubayas ngëram

Te takkal nu néeg us bàrke ak jàmm ak njariñ
Xaral ñooti baax it may nu ndollen lu am xorom

Da ngaa saf te say wax saf sa jëf saf nga njaxlaf it
Te boole ngor ak jàmbaar akub tabe doo texam

Da ngay jenn waajo xamne boole ga ñépp not
Ba képp ku nangu'b dëgg jébbal nalay mbiram

Yoral samay mbir ak mbirum ku ma jox mbiram
Te dox suñu digg ak jépp lor ak moy ak tilim

Te def nuy murid yuy sant fàww yudul tawat
Yu deeful tawat yoo xamne fàggul nga leen i ndam

Suñuy pexe ak mboolem suñiy mbir a ngii yoral
Te may nu pexem baatin mu jub wu nu dolli ngëm

Te yakkal nu yakkub mbég bu yéemu bu sedd xol
Bu tax ñépp ñee ñoo ñee ba ñëw ne si nun gorom

Safal nu yaw mii may nu xet gu bawoo ci yaw
Bu ñuy jug di bantum réew akum réew akay xalam

Safal ci nun it yaw mii nu saf la nga saf nu nag
Nu far di sa ñam boo xamne moo dàq wépp ñam

Doxal suñu digg ak lépp loo xamne lii du Yaw
Te boole nu fàww ak yaw dugal nu ci saw yaram

Dugal nu ci sab xol fàww ak ci sa kër bu wér
Te guddal suñuw fan may nu yërmande ak ngëram

Mbég muy tax nu bég nun suñuy soppe bég
Ñi ñuy bañ di ñuurantooka yuuxooka meccitu

Sarax ñooti mbég muy tax nu bég ñi ñuy sopp bég
Ñi ñuy bañ di ñuurantooka yuuxooka meccitu

Xëyal benn bis ubbil nu buntu bu sedd xol
Te jox nu lu mboolo mépp bokk di làmbtu

Te dundal suñub diggante leeral ko nag nañax
Notal nu fuñuy nekk it ba kenn du fa yëngatu

Tabax ñooki doj ak weñ te boole ca far simoŋ
Ñu def sab tabax goo xamne ñépp dakoy moytu !

Te def nu'g tabax boo xamne waa ju ca dal ne woy
Ku may wallu ! dee naa nag samaw res a ngii watu

Musal nu ci fett ak toj ku ñuy bëgg toj na toj rajax
Xel ma dee muy dox di waxtooka jabbtu !

Musal nu ci mbooleem lor ju nekk ak ju dikkagul
Kuñuy bëgg randal lëf na mujju di randtu

Ku bëgg nu topp as lëf na topp ca all far
Nu gën faa amug yaatal nu far gën nu faa watu

Kuñuy jëme lor dellooko lor mu jël te muñ
Bu lor jëm ci nun yaatal nu bolee nu yit saytu

Faral def nu gàncax nun bu lëf wéddatul bu sax
Gu am mbay te teggi'w mar akum ndog akum nattu

Saxal nu bu wér yaw loo saxal loola sax bu wér
Ku bëggul nu sax nay suufe fàww aka boqtu !!

Te Yàlla na nu gudd uw fan suñuy soppe guddu fan
Ci bàrke Sëriñ Tuubaa ku tee nun nu meccitu

# Ma tagg sangu sang yi

Ma tagg sangu sang yi
Te tagg jant ub jant yi
Te tagg gaynde gaynde yii
Ngir moo yayoo tagg wune.

Sëriñ si nee na ñu daliif
Yéefér yi nee na ñu daliif
Ñépp a ngi nag nekk fi suuf
Mu féete kaw képp kune

Jullit yi nangul na ñu ko
Yéefér yi nangul na ñu ko
Koo xamne kii bañal nako dara
Ñu wan ko ay wune

Képp ku koy noono ka bañ
Ñu di ko jëw fàww aka bañ
Muy dox di dégg fàww lu mu bañ
Te diko seeru yit fune

Ko xamne kii gàntu nako
Lu deefi moytu, dal nako
Lu deefi bëgg moy nako
Yàlla na ñu koy nangul lune

Lu Yàlla def matul a bañ
Sant ca, mbaa ga far ko muñ
Mo gën a taggu di ko bañ
Ku yewwu am cant gune

Ku nangu sax teel a nelaw
Wolof yi wax nañ ko ca kaw
Nangul ñu fab la teg la ca kaw
Nga daal di gën gaa ya gëne

Nangul a féete ñépp suuf
Kuy bañ a féete ku ne suuf
Boppam ba dootu jóg fi suuf
Mukk te ñépp a koy tane

Mbooleem ña am kaw it fi suuf
La ñu bawoo, ku jële suuf
Boppam ñu fab ko teg fi suuf
Muy bër-bëreek a kun-kuni

Sëriñ bi nun noo ngi fi suuf
Te rikk yaw ki jóg fi suuf
Jàpp nu yëkkatee fi suuf
May nub yar ak jàmm ju ne

Yaatal nu yit ci sepp suuf
Notal nu mbooleem gaa yi soof
Ñu nekk nag ci suñu suuf
Nu ne ca kaw di la wane

# Aw gaaya ngi ci suñu suuf

Aw gaaya ngi ci suñu suuf
Nun ñoongi nii ci sa suuf
Ñu bokk nag ne ci sa suuf
Kune ca kaw kawe nga ko

Kawe nga yaw ña féete kaw
Mbooleem ña féete ñépp kaw
Xamal ne yaa ca féete kaw
Ku mës a rëy, suuxal nga ko

Roofal a roof a roof a roof
Ci nun mbég yu tee ñu xiiif
Nun dee ñu may jàmm aka wuuf
Foo ràccee sif, jañax nu ko

Bo jamatee, may nu ndawal
Te may ndawal ku lay dawal
Bu kenn ñàkkati ndawal
Ku ne ci yaw, dimbali ko

Ku nekk, bàrke na ko dal
Xolam ba sedd, xel ma dal
Mune fi as mbarab bu dal
Xelam, ñu gëm ko, sopp ko

Mu di la sant aka bege
Ñu di ko sant aka bege
Nga fal ko feeñuko tigi
Muy beg te dootu folliku

Yaa nu fegal ludul njariñ
Ba noppi jébbal nu njariñ
Yaw rekk a am ci nun njariñ
Luñuy ragal, dindi nga ko

Yaa nu faral gépp ug tawat
Yaa nu fegal gépp ug tawat
Ku la am ut, am ug tawat
Te lumu am ñu nangu ko

Seral nga xol dalal nga xel
Dolli nga ñub baax ak alal
Loo digle, Yàlla nañu gënal
Am am bu ñàkk dul tege

Loo bëgg nag nu diko def
Naŋ ñu may nu diko def
Te loo bañ it bu nu ko def
Musal nu yaw ci jege ko

Ludul sa mbég bu nu ko mën
Bu nu ko def sàmm nu nun
Jëméeli mbég saxal nu nun
Saxal nu nun ci yëkkatiku

Def ma ku saf ku la safoo
Te def ma fàww koo safoo
Ku sax ci yaw di la safoo
Jubula nag nga jubu ko

Yaw Bàmba am nga loo joxe
Te soxla woo ludul joxe
Yaa gën a baax it kuy joxe
Saa yoxo yaa ngi feesalal

Saa xol bi duy ko ba mu fees
Ci Yaw, ta duy kër gi mu fees
Ci jur, ba kër gi fees a fees
Del, Ag alal juy feg mbugal

Adduna jox ma ma aw yiwam
Wépp, te fegal ma aw ayam
Wépp, te may ma fuma jëm
Di mucc fàww aka musal

Nun may nu ngën ji adduna
Te jox nu ngën ji àjjana
Nañ gën ku nekk àddina
Te gën ko àddina, wuyul !

Na nga nu may nu sut u fan
Képp ku nekk nag, te gën
Fee baax i jëf fàww, te gën
Fee sàmmu, gën fee sell xol !

# Xarit nit ñi

Xarit nit ñi ken mën la tax ñii gëram
Té ken man la tée ñii goreedeeka jëw

Dañuy lekk say yëf di wax say ayib
Defal leeni yiw rek ngir Yàlla yaw

Fajal leeni lor faaw tay noppi kon
Ñu jël fàww say lor nga jël seeni yiw

Ku lay jëw ta yaw doo ko jëw jox na lay
Toonom ak ngañaayam ta des nag taxaw

Sa xol bii bu muy war waree kay wañax
Ngirub jëw muñal ndax payub Yàlla ñëw

Ku far jàpp far muñ ba jot cig payam
Ña kay noonu xëy bon mu xëy féete kaw

Ndegam Yàlla mii boole nit ñépp def
La ñuy dox di moy, lub laram dee ti daw ?

Ku toppul boroomam du topp ub kemam
Ku nar ñépp nangul ko moo gën di ndaw

Bayal rek saw sas, ku wacc ub sasam
La muy def ci boppam la xalseet a law

La lay war ci nit ñépp yaw dee ko def
Ta far fàtte mbooleem la war nit ci yaw

Ku Yàllay defarloo njabootam gi kat
Da ngay muñ nii suuf sii nga gis ñépp aw

Muñal yaw ta sellal sa jëf kon nga am
Payub Yàlla far gën ña lay dox di jëw

# Xarit dëgg

Xarit dëgg bul gaddul ub tànk (1fr) nit
Ku gaddul nit ub taŋk gadduy loram

Xarit dëgg, bul leb ta bul leble yit
Leb ak leble tay jii du may ken ngëram

Ku ñëw leb la say yëf ba fay jot fayul
Da fay yaqq sab der nga yaqqub deram

Ta koo leb ba fay jot fayoo kooka yit
Mu far dañ ci say mbir nga dañ ciy mbiram

Bayyil nit ñi ag seeni yëf wut sa yëf
Ba faf dolli wëllis ku nee kii yëfam

Ligeyal sa bakkan, ku yakaaru nit
Ba far jekki jambat loram ak meram

Ku yakaaru nit ak lamuy def ba tax
Mu xëy tëdd, kookee yorul am xelam

Lu bon bon na ngay xëy di def faaw lëf
Lu faj soxla bul feetewo lekku ñam

Sa bakkan sa bakkan mooyul dib gangal
Gangal, koll baa di sasam dib cëram

Amal lef ci as fulla am as njariñ
Am as itté ndax Yàlla may las xoram

Jëfal yaw ta jël ba nga jëf jox ko sab
Sëriñ lepp' a gën feetewo lekku ñam

Ndegam nag jëfoo jël, jëfoo jox ko it
Ta galloo ko lëf kon ba tay doo loram

## Sëriñ Ndaam Abdu Rahmaan LO

Sëriñ Ndaame, tay ji ma sàkkul la lëf
Ci Yonnen bi ak Yàlla ak Bàmba nag

Li ngay wut ci ñii ñatt, Yàl na nga ko am
Ta Yaw Yàlla boo dañ di jiitoo'ka beg

Bu bis penc baa yit, bu nee faa ku mën
Na jug rammu, Yàlla naŋ fa rusloo ku jug

Bu mbër yépp dee walwaliy ñëw ba ken
Desul Yàlla na ngay mbër ma mbër yépp weg

Ta Yàlla naŋ fa am pay gu lem gépp pay
Gu nit ñépp xaj ndax ku lay sopp jag

Ku ñuy ñee'ka naw, Yàl na lay ñee'ka naw
Sa ndam Yàl na rëy tay ta ëpp it ëllëg

Ta foo toll it, Yàl na ngay jëm kanam
Di dog mépp ndog, tay kuy lëf mën la dog

Ta Yàl naŋ fi yàgg it, di jëf wépp yiw
Lu deewon, nga dekkal, lu baaxul nga feg

Sa mbir, Yàlla na gën mépp mbir, Yàl na ngay
Defar ndaw, di laabire it mépp mag

Ku lay sopp, Yàl na'w yiwam ëpp xel
Ku lay topp, Yàl nay ku ñuy ñee'ka yëg

Sëriñ Abdu, Mboleem limay wax ci yaw
Ta awmag mënam, yii bëyit laa fi teg

Ta kat donte amnaa ludul yii bëyit
Ma fob joxla, santal ta ñaanal ma nag

# Rëy ug bon du tee man ma jug jëm ci yaw

Rëy ug bon du tee man ma jug jëm ci yaw
Nde yaw dongu laa am ci ab jublukaay

Barib tér du tee kay ma jug jëm ci dex
Di yàkkaare set nag ba gën jépp waay

Amul gàq boo xamne mën naa waral
Ma jug moy la ngir yaa di saa póotukaay

Bumay réer akay tëx akay bon jëf it
Samay njort ñaawul ci Yaw ngën ji baay

Ñi baax ak ñi bon seen i jëf, yaa ko yor
Ta yaa gën ci ñoom i ndey ak ay nijaay

Da ngaa am kudul man, ta man awma nag
Kudul Yaw, faral defma ab wuutukaay

Ta yaatal ma bënnal ma, may ngën ji dex
Gudul niis akay fer akay jee'ka daay

Ta feesal ma ak kee bu gën gépp kee
Gu saf Yàlla, saf ñépp may fa di jaay

Ba mbooleem ku ñuy ñee'ka xalseeta ñee
Ñu far bokku ñuy ñee ci bépp ub jotaay

Ku nuy topp ñeeñu, ka cay topp ñee
Ñi ñuy topp, nuy ëpp ñépp iy ngañaay

Fabal lii nu wax, may nu fàww ak ngëram
Ngirug baax akug tab, ku lay roy du aay

Tabeekug yar ak yërmandeekug lewet
Nga fob xeexe yaw mii ba not gépp waay !

Lilee tax ma far dëddu ndaw dëddu mag
Ta jëm nag ci Yaw, def la ab jublukaay

# Xastee fi xew aki fen

Xastee fi xew aki fen, ku mer di wax sa ayib,
Buy bég di wax lu la saf, loo xam ne lii gëmu ko

Ku bég ci yaw, ni la yaa gën ñépp saa su meree
Ci yaw, ni ñépp a la gën, wax say ayib wane ko

Doo daw ba raw ci merum nit mbaa nga jot ngëramam,
Moo tax defal la nga man, yaw loo manul bàyyi ko

Li xew ci jii jamonoo bon, mat na fukki yëf ak ñenent
Yal na nu moy, déglul ma nettili ko

Rëy ak kañaan ak dog ug bokk ak di xas ku la gën
Fopp ak di yab ku la man ak jëw nit ak beru ko

Ak leb te doo xama fey, ak fecci kollëre ak
Wayaani seex ak ku am as lëf nga dem gane ko

Ak bëgg àddina ak sàggan ci laaxira nag,
Ba fàtte Yàlla mu rëy mii mat di fattiliku

La tax ña baaxoon a baax it mat na fukki yëf ak
Juròòma kas lëf xarit ndax Yàlla sédde nu ko

Muñ ak ngor ak diine ak fey bor ba laa feya jot,
Ak sàmm wóllare ak nax nit ba xettili ko

Ak suufe ak wax ca suuf ak doylu ak baña xér,
Ak itte woo ndigal ak farloo ka feddili ku

Ak wacc lépp lu bon, ak wax ci lépp lu jub,
Dalal di def mbaa nga fab say mbir te jébble ko

## Àddina loo ci gis it day wéy nde lëf du fi sax

Àddina loo ci gis it day wéy nde lëf du fi sax
Mootax lu neex ak lu neexul lépp sàmm ca ngor

Mbooleem lu neex ak lu neexul lépp day xala wéy
Ba mel ni lëf masu cee am, àddinaa rëy i wor

Bu lëf waral mukk ngay geesooka soppi sa mbir
Luy daal di wéy lu ca jar geesooka soppi sa mbir?

Lu tàng xol luy xala dañ muñ ko rekk a ca war
Lu sedd xol luy xala dañ dëddu rekk a ca war

Lu tàng tàng bu seddee guyy tàng ga far
Lu sedd sedd bu lakkee jipp sedd ga far

Ak jag akug jagadee yam loo ci jis dana dañ
Bul jag ba soppiw doxiin ak wax, dawal sori lor

Te donte yaw xëy nga móom it réew i Yàlla yi far
Melal ni móomula lëf faf mel ni lar bu ñu yor

Te doonte denc nga junniy junni yit ci sa kër
Na mel ni dencula sax ab tànk waa jile far

Koo xam ni kii saa su ñàkkee mbaa mu am dara bis
Nit ñépp dégg ko kookee yar ba des na bu wér

Koo xam ni kii lu mu làmboo ñépp xam ko du nit
Nit day muñug ñàkk muñ xeewal ni gumm ni mbër

Mbër day lewet yaru, am laf, tuuti wax, rëyi jëf
Bu suqu say kañu muy ub jépp làmb ju gor

Aw fas la muy rawe ay fas loola kay du ŋexal
Aw xél wu yéemu la jiitoo fas ya ak jëfi ngor

Aw fas bu dee daw te caaxaanul du fook a ŋexal
Ndegam dangaa bëgg a raw noppil te def jëfi ngor

Àddina lëf matucee yàkkamti ngir lu ci ñëw
ànd ak ayib, boo yaboo, sag farlu jëm ci ndigal

Ngir lépp loo ci begee’kay kërkëree, bu ñëwee
Day wàññi sag topp, yët lay aajo far la mbugël

Nekkal ci saw sas, di doomal daal akay rafetal
Ludul ngëram ëpp naa geesoo’ka wéq sa xol

Bub añ ñëwee gëramal, bub añ ñëwul nanga muñ
Lu mënti xew aka am, bul yoqi, bul yolomal

Lu ñëw fobal, lu ñëwul bul tudd sax lu ca jëm
Nuural ci saw sas ta def as gor ni cell, di sol !

As gor dafay fàtte ab añ tay fexee yëwénal
Sasam wa rek, ta doyloo Yàlla muñ luko dal

Lo xamne li fàww day ñëw, moo lu jar di ca wax !
Ludul ñëw'it, lu ca jar ay wax, murid bi waxal !

Ludul ñëw ak lay xala ñëw lépp, denc ko fee !
Ta soxlawoo la ñu lay defloo ba faf ko jubal

Lo def ludul jàpp sag njàmbur ne patt di wéy
Boobee defoo lañulay defloo, murid bi yëgal

Ku nekk fii aki ndab yu fees ak safaaraa'ki poseen
Ta gumba, teeyala war teeyal ba neefi mosal

Teeyal ba neefi la “ ndab li fab ko yóbbu sa kër ”
Kon, loo ci mos muy njariñ daal ak ngëram aki pal

Bul fàtteleeti sa mbir ngir ken du fate sa ñoñ
Ku bañ ñu fàttela waccal lepp, jàpp ndigal

## Lu YÀLLA bind, amoo ci ndend

Lu YÀLLA bind,
Amoo ci ndend
Buma amoon njëg,
Dinaa la jënd

Sang bu nekk,
Melna nu nekk
Ta benn sang,
Nuroowul ak yaw

Sang budul yaw,
Dafa yoru yiw
Yow yorula'w yiw
Da nga di aw yiw

Sang dadaa baax,
Ta yam fi ag baax
Yaw nag, dangaa baax
Ba far di ag mbaax

Yaw wayla yombul,
Ngir xamla yombul
Nit nga ku yombul,
Ngir jàll ngak mbaax

Sëriñ bi raw nga
Sëriñ bi dem nga
Sëriñ bi wéy nga
Ba jall képp

Ne nag fa YÀLLA
Ne nag ci YÀLLA
Jee nag ci YÀLLA
Ëpp nga bopp

Yaw fa nga nekk
Yàllaa fa nekk
Ken du fa nekk
Kudul yaw ak moom

Mësee sufaa ne
Nare sufaa ne
Bu ken fas ne
Man mii, damaa juum

Yaw rek ya wéet !
Te metti ag wéet
Ngir amul aw xeet
Fennati ! déedéet !

Kenn du saw xeet
Yàllaa di saw xeet
Doo ñàkkatee wéet !
Doo mënatee wéet

# Sëriñ bi nëbb nga saa mbon gii ba dee fi ma jox

Sëriñ bi nëbb nga saa bon gii ba dee fi ma jox
Nëbbal bon ug nit ku may jox lëf ba dee fi ko jox

Yaa ngi nde boo ma fabul woon ken du xam ana man !
Bay jàpp lëf di ma jox tey toppatoo lu ma wax

Defar nga saa mbir ba gis naa gaa yi may jox i mbir
Te xam ne daa wu ma gis kuy dox ba geesu ma sax

Moo Mbàkke man na ma lay santeeti ak nama lay-
Jàppeeti ak nama lay taggeeti yaa mata sax

Saa nawle yaa ngi ma fiy neexal di raam aka daw
Yaw sab Murid du torox ngir doo Sëriñ bu nasax

Budul kon ag Yàlla ak Yaw gàcce wër ma gu rëy
Goo xam ne kon fu ma janlooteeku nit ne tasax

Yaw Yàlla mii ngay ligéeyal rekk a lay mën a fay
Te waa julay jéem a fay day mujj feeni basax

Mindéefu Yàlla yi seen iy awra nëbbu na ngir
Sa bàrke, yaa sotti sottal, ken gisul lu la sox

Leeral nga xol yi, te leeral gox yi benn desul
Gox yaa ngi lay joobe, taaxum diine yaa ko tabax

Yaa fab wolof soppiko'b yaaram bu tedd ba kenn
Dootul sibeeti wolof, tay wax ni moo mat a rax

Yaa fab ngir Yàlla bekkoor ak Wolof ba mu set
Ngir ub wolof yàgg naa bekkoor akay lax a lax

La dee fi wax bàrke yaw mii yaa ko am, te budul-
Woon ak ragal la, di naa wax lol ku nekk di lox

Naa noppi man, ndaxte mag muy làqu matla fësal
Yaa ngoogu, waaye di naa wax lol ku dégg ni ah !

Yaa saf xorom sàpp, yaa saf diw, te yaa nu safal
Yaa tee ba gaa yi téxam, yaa tee ba gaa yi forox

Yaa indi njàmbaar ak uw fit, kenn dootu ragal
Yaa dindi fen, indi dëgg it, kenn dootu la rax

Yaa indi teggin aki yiw, ken dootu surux
Yaa dindi siisante, ken dootul xulooka bëmax

Mëneefulaa sant ndax yaw lii nga def dafa rëy
Suñu kër yilee ngi taxaw suñu ëtt yii ni bayax

Suñu jàmm jaa ngii di wëy, ken mësta gis suñu ay
Ken mësta gis lu fi xew mbaa ak fetal gu fi rax

Sa ay gi tàngul, wexul ya war di booteel yëf
Dangay yërëm gone, buy jooy it nga daadi ko nax

Guróoki wargaaki suukar ngay naxey gone yaw
Defar nga say gone may leen uw yaram wu nëtëx

Do teg nit uw yar ta koo gis, yaa ko gën gone yit
Ku bëgg raw ku fi daa raw, jàngu baa ngi bërëx

Kuy jàngi weesula moo fumu jomm-jommi di jëm !
Forkat bu lay weesu ngir réer it ñu for la te sex

Dex doy na kuy naan akay sangooka fóotaka duy
Nañ sóobu dex gile ngir dex du jeex ta du nëx

Suñuy mbir ak mbiri mbooleem gaayi talibe yi
Jàppal nu jàppal nu, mbir yaa ngi noonu ñoo la ko jox

# Ndegam ndey ak murit ak soxnaa ngi xëy di tawat

Ndegam ndey ak murit ak soxnaa ngi xëy di tawat
Ta Bàmba mii di gëram, seen ub tawat du ma saf

Ndegam ndey ak murit ak soxnaa ngi xëy di gëram
Ta Bàmba mii di tawat seen ub ngëram du ma saf

Bu Bàmba mii gëramee seen ub tawat du ma saf
Bu Bàmba mii gëramul seen iy ngëram du ma saf

Ndegam damay soof akay sëbëxle ngir ni ma mel
Kuy wut ngëram daa na soof uw nit ba mujj mu saf

Ku wut ngëram mës a soofal moo la mujj safal
Ludul ngëram lumu saf saf tay, mujjam ga du saf

Sëriñ bii yaa ngi nii, jébbal naa la man samay mbir
Tay sàkku sab cant ngir sab cant rekk a ma saf

Ku mer ta xamne meroo, may ree, ku xul te xuloo
May sant, ngir yaa ma saf, yaw yaa am it lama saf

Bu YÀLLA àttee ma am sab cant ak ngëramal
Waa kër gi, mooma gënal, ngir boole gee gën a saf

Bakkan bi xëy na, di wakkàjooka jooy aka xul
Ngir jur gi may fab di jox saa sang bi di ko ba

Bakkan du nit, dof la buy say, kenn xamul lu ko jot
Koo gis mu topp ko, waatal ne moo mat a ba

Koo gis notul bakkanam, doo seeru muy notu nit
Bàmba ko not mootax it, tay mi ngi nii note ba

Not bakan ub Sëriñ akub taalibee ka soree
Not bakan ub Sëriñay jug topp YÀLLA ta ba

Not bakanub Muritay jug topp ab Sëriñam
Mu naa “Defal !” mbaa “Bàyyil !” muy dox di def aka ba

Sëriñ, Boromam dakoy woo jox ko ngën ji ndigal
Mu fab ko nag joxe mootax moy ndigal mat a ba

Na ngay murid bu rafet mbaa gay Sëriñ bu rafet
Kudul murid dub Sëriñ, kuy yewwu daal diko ba

Sëriñ dafay jox Murid ba aw yiw mu nangu ko yor
Ku nanguwul, joxewul yiw nangu ay musiba

# Àjjana jaa ngii

Àjjana jaa ngii
Fu tedd faa ngii
Fu yéemu faa ngii
Fu sell faa ngii

Jongama yaa ngii
Ňu tedd ñaa ngii
Ňu yéemu ñaa ngii
Ňu sell ñaa ngii

Tedd nga jaa ngii
Terànga jaa ngii
Sutura saa ngii
Ta jàmm jaa ngii

Yonent yaa ngii
Maalaka yaaa ngii
Saxaaba yaa ngii
Waaliyu yaa ngii

Yu xumb yaa ngii
Yu takku yaa ngii
Yu sokku yaa ngii
Yu tandu yaa ngii

Ak lal yu yaatu
Ak kër yu yaatu
Ak kér yu yaatu
Lu magg laa ngii

Ak ñam wudul jeex
Ak ndox mudul jeex
Ak mbég mudul jeex
Lu sotti laa ngii

Loo bëgg gis, gis !
Loo bëgg mos, mos !
Doo ñàkk tus bis
Sa cant jaa ngii

Sa soxna soo gis
Doo gis lumuy def
Doo ca gis ub daf
Day ree ne “maa ngii”

Ta ree ja day leer
Jëmm ja yit leer
Nga bég sa xol leer
Lu dàq laa ngii

Kër ya wurus la
Lal ya wurus la
Lu fa ne mbég la
Tedd nga jaa ngii

Way yi ñu fay way
Suuxal na yii way
Ta dàq yii way
Jaloore jaa ngii

Ndaje mudul tas
Foofa la am mbas
File amul tus !
Cam ! àll baa ngii

Garab ya day naat
Seen i xob it naat
Ña koy gis it naat
Naatànge jaa ngii

Fegg ya day yoor
Mel ni luñ uy yoor
Cëy Yàlla! gii ngóor !
Gaayi daraa ngii

Ker yaa nga jokkoo
Garab ya ràbboo
Way kat ya dengoo
Naa "dëkk baa ngii !"

Ken du tuxóoti
Ken du lorooti
Ken du xulóoti
Ngir soppe yaa ngii

Dee wëy na fàww
Lor wëy na fàww
Bor wëy na fàww
Yërmande jaa ngii

Fal gaa ngi nii nag
Mbég maa ngi nii nag
Yëf yaa gi nii nag
Lu safe laa ngii

Yaram ya day neex
Xol ya da ñuy neex
Fàww! lilee neex
Karaama yaa ngii

Loo mën a am yaw
Te ñàkk lii yaw
Amu la lëf yaw
Sa tono jaa ngii

Yàlla na nu am lii
Lépp ak la gën lii
Ta am ka def lii
Nag, dayo baa ngii

Lii ñor na xomb
Ku ci ne yemb
War ci ne yomb
Ngir Yàlla jaa ngii

Ka bind lii rëy
Kay maye lii rëy
Lumuy maye rëy
Lu gën wataa ngii

Xol bu ne guyy
Ta tàlli ñàyy
Jàmm ne day
Jaarama jaa ngii

Ne dàgg cib pal
Taqooki ndimbal
Cay ak dalub xel
Daraja jaa ngii

Mag du ne foofa
Ndaway ne foofa
Ta féete woofa
Mbég solo saa ngii

Balaa nga faa dem
Def ndaw lu am ndam
Lu ñàkk lëndam
Soppiku gaa ngii

Yaram wa day xees
Pecc, nga far fees
Dell, woyof, fees
Lu jafe laa ngii

Sang ba set nag
Wicc rafet jag
Sol yu rafet nag
Soppante baa ngii

Ňu ubbi say kër
Wan la sa waakër
Ňu tëb la far for
Te naa la yaa ngii

Ndax ñoo la namm
Am yaa nu namm
Ku mën a namm
Gisante baa ngii

Jàppante baa ngii
Duggante baa ngii
Soppante baa ngii
Àjjana jaa ngii

Àtte ba daw na
Ndogal ga daw na
Muslu ko wëy na
Moytu ko wëy na

Gantu ko wëy na
Nangu ko jot na
Gëram ko jot na
Ta mer ko wëy na

Ku mere YÀLLA
Réere na YÀLLA
Ta réere YÀLLA
Màgg na rëy na

Ken du def lëf
Yàllaa di def lëf
Kuy mer la miy def
Ndofam ga rëy na

Lu kenn dul faj
Mer ko lumuy faj ?
Xul ko lumiy faj ?
Dëggal ko dog na

Gëram ko yaw mii
Nangu ko yaw mii
Ta ree ko yaw mii
Yaaram ya ree na

Yaaram dafay ree
Lu dikk muy ree
Lu dellu muy ree
Ngoram ga wér na

## Sëriñ bee di saa koor ak samag julli fàwwu man

Sëriñ bee di saa koor ak samag julli fàwwu man
Su ñuy woor ak ay julleek a wird ma ŋëb ko man

Te def naa ko muy saa xam-xam ak sama diine it
Samay solo jàllul Bàmba ŋëb naa ci moo fi gën

Samag bari man-man dootu jëm ci lu dul mbiram
Lu dul jëm ci moomug moy la teg moy farul dagan

Damaa lott ci'g def, lott ci'g bàyyi moo waral
Ma jox ko samay mbir genn cig doyadi aki fen

Ku lott, dafay booley mbiram yépp jox Ka Mën !
Mu far ko defar moo gën di yàq aka def lu bon !

Da naa génne ndaw ak mak ci saa mbiri bopp yii
Te tàbbal ci waanew Yàlla miy rëyal ab gosen

Bu jàppee ku tuutee tuuti bay tollu nib gosen
Mu soppi ko ak tukkël gu rëy, gu rëyub jégén

Bu jàppee ku sew bay saf karan tollu niw fel it
Mu baaxal ko def kow ñay wu am bàrke, gudd fan

Bu jàppee ku ñiy teggee ka yàqte ab deram
Mu def ko jëwub mbég, ñépp xëy duggi, far dagan

Bu jàppee ku daa xaaraan akay sol sagar yu bon
Mu jébbal ko dàggaa kiy baaraya, mu boole gën

Bu jàppee ku daa moy Yàlla ak Yonenam ba nag
Mu leeral digganteem ak Boroomam ñu far ko tin

Ki lée mata jébbal mbir mu yor, waane waa ngi nii
Te ŋoy naa ko, jébbal naa ko lépp a ti fàwwu man

# Dolli nu doo jeele dara

Dolli nu doo jeele dara
Moo tax ma laajati dara
Nde duma laajati dara
Kon mukk ngir am naa la bir

Yaw waande ag dex nga te dex
Du dëy du jeexle mukk ndox
Moo tax ma naa dolli ma ndox
Te dolli mag wér aku tur

Ren jile may nu ab nawet
Bu gën a jub bépp nawet
Te ëpp mbég bépp nawet
Jàmm ak dugub na ne xasar

Aréen akuw sëb ne xasar
Murit yu nangu ne xasar
Mbébét mu nekk ne rasar
Nuy sant nag cant gu tar

Te may nu naataange ju sax
Ju ánd ak-ug cant gu sax
Bunu tawat jegeeti sax
Tay ak ëllëg ci menn mbir

# Bakan bi jàpp ko yar ngir sas ngonee su jubul

Bakan bi jàpp ko yar ngir sas ngonee su jubul
Kuy saytu sas ngone boo jàppul ta yar du jubal

Buy lekk, boo tere wul day lekk a lekk ba fër
Buy wax ta femmoo ko yit, day wax ba far la lëjël

Te buy nelaw boo ko yeewul, day nelaw ba fajar
Mbaa jant fenk, cawal ab yar mu yewwu ca njël

Bul topp mukkati bànneexam, ta dëgg fabal
Ab yar bu dee jàdd ngay caw, degg nga loolu ndigal !

Loo sant muy bañ te boo koy caw mu def ko bu gën
Bakkan mënul, tëlewul, loo teg mu nangu tegal

Loo sëf mu yóbbu, sëfël, loo xañ mu ñàq, xañal
Dalay mebiy fetal i jaaseek i yat te du dal

Loo bëgg a def mu ne "Bul def loolu konte ma dee"
Te xamni kat, boo defee yit loola lëf duko dal

Dóoral mu mokk, bu mokkee lépp jag te yewen
Loo soxla kat mooko yor, buy mokk, deefi la fal

Bakkan bu koy baati yaw muy daw di màmma ak a wéy
Féqal ma laabam ji, boo féqul mu lor la asal

Day màmm akay daw di wéy, jëm nag barab ba nga sib
Lu bëgg-bëggati aw xél nee ko : “Mag du dawal”

Diigul gogam bi mu daŋ, koo xamne neena yalax
Gogam ba sanqu ji, bul jaabal waral ta doxal

Tay sas ngonee ngoogu, boo saytoo ta yar ko mu jub
Te boo ko baa rekk ag boppam, du jub, du jubal

# Taqool akum njàpp ak tuub ak sikar su bari

Taqool akum njàpp ak tuub ak sikar su bari
Tay damm sab seet akay daw gaayi tay lu bari

Fu marsandiis ak jigéen ak Seex ak i teretaŋ
Di nekk boo ko mënee, dëgg ! dee fa sori

Barab buñuy nekk, Séytaanee nga foofa su rëy
Ta boo fa dee xande it daal di fay loroo'ka lore

Njegam dogal ba dalaa fob boole ak ñile nag
Jàppal ci Yàlla, di musloo'kay yeloo'ka tari

Bu kenn mbaa lenn tax ngay génn mukk ndigal
Bu kenn mbaa lenn tax ngay def lu dee fi tere

Loo bëgg bay ba ndigal, loolaa nga far ci ndigal
Ta loo ragal bay moy it ci'g moy la nekk ! Gore !

Sonnal ta bul sonle yaw, baaxal ta bul yabe yaw
Xaaral ta bul xàddi yaw, jiitul ta bul segere

Santal ta bul ndamu yaw, sëggal ñu war ci kaw
Nooyal ba far saf u dër, bul jàgg ni'm fofare

Warlul ta bul warle lëf, nangul ta bul tege lëf
Yombal ta bul jafe it, nekkal di kuy defare

Bul sikk nit, bu ko bañ bul yàq ab deram it
Jàppal sa xol, jàpp say cër, bul woroo’ka wore

Séytaane baaxul balaa am jàmm dox sa digg ak
Say mbokk ak say xarit, ngir bëgg laa soxore

Nekkal bu wér yaw di jaamub Yàlla waxtu wu jot !
Ta nekk nag di ligéeyal sab Sëriñ lu bari

# Jébbal nu yaw suñu Boroom

Jébbal nu yaw suñu Boroom
Woroom i koom ak seen i koom
Nemmal nu it yamb woom
Jox nu xëbam yépp nu moom

Nemmal nu nun yamb wu lëm
Ma mu ne fees akug lemam
Te naanagul lëf cig lemam
Xëpp nu lem gépp nu moom

Nemmal nu sax lu gën a woom
Yamb wu nekk gën a woom
Fopp Morel te gën a woom
Kompañi fopp ak ña ko tiim

Def ma ku ñuy naw ak a ñee
Ku kenn dul gis kumu ñee
Te kenn du dégg it kumu ñee
Mukk ci ñiy jàpp ak a tiim

Bënnal nu it teeni ngëram
Yu xëy ne dell ak i ngëram
Fàww it ne dell aki dëram
Yu lew yu ñuy musal ci juum

Joowal saxaar ak i wagoom
Teral fi nun yebbee ci ñoom
Yéere yu ñàkkati morooom
Jébbal nu yaw amóo moroom

Joowal saxaar ak ndam gu woom
Gu lonku junni bi wagoom
Teeral fi nun yebbil nu koom
Su bari jox nu Yaa Kariim

Géejug njariñ nga yaw gu wér
Def nu pakeb ngëram gu wér
Boo musal ak gaa ya ca war
Jépp ci diig ak ci rajiim

Musal nu fàww ci ñi bon
Tegal sa tànk yi ci bon
Bunu bon ak bon guñu bon
Bóofal fi nun bóofal fi ñoom

Yal na nu for ci yaw lu wér
Lu gën a wér lépp lu wér
Te gën lu kenn mas a for
Ci darajay ngën gi xadiim

Yal na nu for ci yaw dogub
Dugub gu réy loolee dogub
Gerte gu réy lool ak u sëb
Te mucc cim dog ak u fóom

Yal nanu for cér bu rafet
Ci yaw ak ag mujj gu rafet
Te dund dund gu rafet
Wér gudd fan jub jub i doom

Yal na nga fab lu gën i doom
Fàpp te fab lu gën i koom
Jox ñook I doom ak koom i koom
Nangul nu yaw suñu Boroom

# Yaw ki nu bind ciy nelaw

Yaw ki nu bind ciy nelaw
Ba manuñoo ñàkk a nelaw
Faf nu musal ci buñuy nelaw
Ak bunu yewwoo ciy nelaw

Musal nu may nu wépp yiw
Ku gëmm bët musal ko yaw
Ku yewwu may ko jàmm yaw
Jamono teeyal ko xelaw

Nun ñépp teeyal nu xelaw
Teeyal suñuy barab xelaw
Nu lay sant akay naat ak a law
Te jàmm rekk di gelaw

Nun ñépp may nu toolu mbég
Yu nangu lool ak këri mbég
Tay ak ëllëg yu wér te jag
Ak sa ngëram lu ñépp naw

Nun ñépp def nu xejji Buur
Te def nu wëkk-néegi Buur
Te def nu it làmmeñu Buur
Te xol ba faf nu jëme kaw

Nun ñépp def nu géeji leer
Te def ci nun pake yu leer
Ñii yab akay déqeek a leer
Ci suñu biir ak a taxaw

Nun ñépp def nu ñoo wuyu
Ñu penku ak soowu wuyu
Te def nu it ñu la wuyu
Ñu seen i fan guddak u yiw

Nun ñépp def nu ñoo xorom
Ñu bari pepp xorom
Te bari ndox bari ngë ngëram
Saf sàpp raw mboolem ña raw

Nun ñépp def nu ñoo maneel
Te def nu it ñi la fi neel
Te def nu fàww ñoo fi neel
Labal nu nun ñépp ci yaw

Nun ñépp def nu ñoo musal
Nun ñépp def nu ñoo mosal
Nun ñépp def nu ñoo bégal
Ñuy mbég di dar fàww ak a ëw

Nun ñépp walloo nu njariñ
Lu rëy lu suqali njariñ
Ci sag tëy ak ci bàrkeb sëriñ

Tuubaa ki aw fa mat a aw
Naatal nu nun ñépp bu wóor
Fegal nu bekkoor it bu wóor
Saxal nu cig topp gu wóor
Goo nangu yaw ki dul nelaw

# Saxaar ug ngërëm gaa ngi nii tey fi nun

Saxaar ug ngërëm gaa ngi nii tey fi nun
Ku bëggul lu dul dem na jóg ñaani paas

Te mbooleem ku duggul bu déqee ba wéy
Nga rus sonn am gàcce nan ñaani paas

Di sàggan ba muy dem nga jóg nag di dox
Te doo yegg lii ay la nan ñaani paas

Te jóg leegi daw dugg moo gën di nég
Ba muy déqi ngay yuuxu nan ñaani paas

Di yuuxook a wakkaaju muy daw di wéy
Du taarub mukàllaf jógal ñaani paas

Xol ak jur ak ug aw-ndigal fàww nag
Yégal yaw ni yii yett ngay ñaane paas

Te doo tàbbi mukk it saxaarug ngërëm
Te jàppoo bu wér yett yii ñaani paas

Ku fab xol fab ug jur fab ug aw-ndigal
Jox ub sang waatal ni doo ñàkk paas

Cofeel ak rafet-njort ak ug wóolu yit
Ku fab yett yii jox ko am ngën ji paas

Ma far wax la nag luy saxaarug ngërëm
Ba dootoo ko réeree ti doo réere paas

Saxaarug ngërëm moo di Bàmba mii
Ni cas nag sa mbir jox ko looloo di paas

Te Bàmbaa ngi nii nag di yeb aw nitam
Ngegam bëgg ngaa raw jógal jox ko paas

# Ba naa bépp buntub sang ñëw ci sa buntu bii

Ba naa bépp buntub sang ñëw ci sa buntu bii
Da naa am li may wut mbaa ma dee ci sa buntu bi

Te saa soo ma nee dellul ma dellu te daa di ñëw
Bumay dem di ñëw ngir mbàkke yaw daala fiy fabe

Lafañ sax , ka koy toggal akay toggu la faral
Ta yaw daal a may toggal akay toggu may dabe

Kudul yaw dafay suufeel aka xañe ay mbiram
Ta yaw dangay suufee ka jox ñépp yaa tabe

Lu baaxay sa mbir Yaw, lépp loo xamne taaruwul
Yaw du sa mbir, nekkoo ci àllub mbañante bi

Ta nekkoo fi ñuy xiiroo ka soowoo ka def lu bon
Dangaa dem fa Yàlla'y jaamu genn nga gott bi

Dangay dex gu laabal nun ñépp yaa ñu tee
Tilim, yaa ñu tee fees ak lu soof ak lor ak sobe

Defar nga ñi baaxul woon ñépp, ken xamatul ku bon
Ku jug nee fi « ndax kee buur la am moo di xejj bi ? »

Da ngaa fekk yaw nit ñi ak mbir yi bokk lëj
Nga lijjanti lëj-lëj yépp, yaa jiitu yaa xobe

Sa dund gi moo am njariñ, Yàlla na la Yàlla may
Lingay wut ci beppub lar ta yàggal sa dund gi

Sa dund gi moo am bopp am fulla am njariñ
Rëyal nga lu sew, baaxal lu bon, yaa di sang bii

## Jegeb dex xarit am na lor am njariñ

Jegeb dex xarit am na lor am njariñ
Ta lor jaa di sàggan ci cant ak ci duy

Ku sës rëkk ci'g dex, du xam àqi ndox
Ta loo réere àqam, yabantal ko déy

Yabantal ko rekkay jur ag càggan ak
Bàyyig cant ak duy ba lab, nii la doy

Njariñ laa di am gii nga am am ndox mu doy
Di footeeka laabal akay santi may

Amub yar ba doo xuus akay wéy ba lab
Di yam nag fa ngay mucce ngir yeewu cey !

Sorig dex batay am na lor am njariñ
Ta lor jaa di sag ñàkk a am ndox mu doy

Ku nekkul fi ag dex ndoxam dootu doy
Du yendal ta mbàndam du noppee'ka déy

Da fay xam ba dee hàqi ndox waaye nag
Du gis ndox, du am ndox ba mar xëy ko ray

Njariñ laa di xér cig ndox ak ñàkk a lab
Soree'kug jegeñ, lëf la làmboo lu rëy

Ku sës rëkk fig dex la ab dex di ray
Ku dex ray newul woon ca màndiŋ ma déy

Soree'kug jegeñ seen i lor Yàlla na moy
Suñuy jëmm, moy képp kuy tuubi moy

Ta seen i njariñ Yàlla na booloo ci nun
Ta sax fàwwu, ñuy sant akay dox di duy

Sëriñ moo di ag dex, na ngay degge xel
Gileg dex ku dul degge xel doo ci duy

## Gawar gum fasam të lumuy laaji fas

Gawar gum fasam të lumuy laaji fas
Xanaa dof ne kon day defar aw fasam

Ku yor wenn mol, mol wu të mokk fal
Mu naa jox ma téméeri mol, luy mbiram

Ku boppam lëjal, mu réerey mbiram
Bu dee bëgg mbooloo yorul am xelam

Ku yor am xelam dafay jàll wéy
Ba noppi fexee jàlle, yaw nanga ko xam

Balaa kenn a tal kenn paasam ba mat
Ku paasam matul du dem yòbboo du dem

Ndegam yaw da ngaa bëgg a am wépp yiw
Wutal Yàlla, wut sab Sëriñ, wut ngëram

Bariw nit lumuy faj ? Du tee kenn a dee
Ku dee nag ànd ak lu moy ay jëfam

Kudul def budee séenu nit daw it
Na wattoo wuti'w nit, wuti'w nit du ndam

Murid lay ndamam, di xëy aw ndigal
Ba mbooloo xëy jot ko def ay laram

Murid buy wutuw nit du ngën jii murid !
Di wootee'ka waare, du tax kenn a gëm

Ku am pepp, am ndox am i dëkkandoo
Wutal pepp, wut ndox ta wut nag xorom

Ku def nii ma wax daal di am képp nit
Ta koo bëgg a gis daal di koy gis ndaxam

Ku woo nit ta yor pepp ak um ndox mu doy
Mu jug daal di lay wuyu si ak waa këram

Ku ñàkk um ndox ak pepp tay woote nag
Du gis kenn, kuy mer na mer ag bonam

Ku am ndab lu fëqul ta set daal di duy
Ku am ndab lu sellul na sellal ndabam

Ku dib lar bu haajoo ta sangam dalul
Di faj haajo joojee na tuub ug moyam

Ku fii rooti, fattil lu moy ndab lu set
Ta wér, lii waral, ku baaxul du am

Sëriñ baa ngi, kuy set, mu daal di lay duyal
Ta daal di lay yabal, nga ànd ak ngëram

# Yàllaa la may dund akub wér may ko jaamu wér

Yàllaa la may dund akub wér may ko jaamu wér
Mbaa sax nga fay ko boram, boo dul may it war a fay

Ku lay lebal boo ko dul may lëf ta fay ko mu doy
La bon fayooko mayooko's lëf, di may ku ko moy

Ay dal na képp ku am ag jot ta jéemul a jot
Mbooleem njariñ lu ko raw, tay rëccu moy gi mu moy

Ku lay kobas ak a woo diirub ba ngay gone yaw
Ba jàpp tay jii nga war koo geesu faale ko céy

Yàllaa ngi lay soññi ak Yonnen ba ak sa Sëriñ
Ngir bëgg ngay waaju dundal diine juy fegu ay

Ta sab Sëriñ jox na la'b yóbbal bu doy soog a dem
Xamal la ngir ma bu wér soññul ta soññi ñu wéy

Koo gis xamal ko Boroomam Yàlla yaw ta taxaw
Ci diine jonn, bañal, bul def ku àdduna jay

Ku xam lu wér céng biir ak biti kat la ca gën
Jëf jëf ju wér céng biir ak biti noonu la doy

Ta xam nga xéll ni dee day ñëw ta àdduna jii
Day wéy, ta Al-Aahira ngay teg bët bu wér ci sa pay

Dalal di jëf lépp loo sopp ug payam ku ne gis
Ta daal di daw lépp loo bañ ag payam wéy a wéy

Way jot na ngir ku wayul buy raf bijaaw ak a wom
Moo war ne céy li ma dal moo war ne wóy sama ndey

Mag day amug way ndaxam ab liir a mag ku wayul
Ngir way na cig nàmp, way cig dëgg a fii maye way

Wéral ñu céng ta may ñug way tegal ñu ca way
Setal ñu wecc ci bon-bon yépp, jox ñu tubëy

Musal ñu ci bëgg lëf loo xamne lii du ngëram
Rek ak ndigal, def ñu soppeb Yàlla fàwwu bu rëy

Naa jëm ci Yàlla bu wér saa xol bi jëm ci bu wér
Samay cër it jëm ci biir ak biti, may ku ñu roy

Ku nekk foo xamne mboolem yiw wu nekk a fa am
Ta jëm fu deeful fore'w yiw, farlu war nala kay !

Àdduna kër la gu ñuy sàkkoo lu nekk ak a am
Al-Aaxiraa di kërub pay, jëf ju yiw du fa doy

Ta donte dundu nga junni at di jaamu bu wér
Du tax bu ñii fay ngay naw pay ga luy pexe ay !

Ngay dundu loo xamne nii nag xaaju koo jege sax
Ta sànk cii at yu takkoo takku, Yàlla na nga yay

Yaw Yàlla boo far layoo sax, Yàlla, Yàlla na la faf
Yërëm, yërëm ñu ta may ñug doylu wëllis u lay

Dëkkal ci moytu ta dëkkee ag farlu waxtu wu jot
Tay daw ku sàggan akug càggan di fonku sa tay

Sa tay ju ñëw def ko niw sas bay ko mbay mu rafet
Mu sell moo xamne moo gën mbay mu nit mës a bay

Saxal ci tuub ak xalam sag moy di wéet ak a muñ
Ta xam ni kuy fay i jëf, say jëf la lay xala fay

# Yaw mii di sàkku ngëram luy wéy di wéy laxasul

Yaw mii di sàkku ngëram luy wéy di wéy laxasul
Ta sànni àdduna mii daa sànk waaju xamul

Dawal ta bul geesu, boo geeso mu geesu la kat
Ta kon mu dog la ba dooto dem ta far la lëjal

Moo daa werantelu tay fas ay sikim di xatal
Xolub julit ba mu naa saa mbokk mii ma xatal

Yàqal na bokk ya woon yàqal na bokk yii it
Àdduna mii ku ko dul daw foo ko gis feragul

Àdduna day naxe tay yootee'ka fiire ni ay
Ba nax na gaa ya fi daa xeex ak ña daa wuti pal

Mboolem ku daa xare tay jii kooka tàbbi na pax
Ta seeni doom a ngi des fii nag di jooy a ka xul

Ku jaayi sàq jënde kol kol sa njëg ga jarul
Ku jël bakan jënde kom réewit sa njëg tonowul

Kuy dundu bum fàtte dee nay jëf ta jëf lu rafet
Kon bis budee dee malaakay agsi naa ko begal

Lu tolni Al-jannah dreful jëf ba jëf luko jar
Ta moone deeful moy it bay moy lu jar tegu xal

Moy Yàlla moo mata daw ab topp moo mata wut
Lee moo di yoonu mbugal lii moo di yoonu musal

Kuy roy na roy waaju xam tay topp moo mata roy
Ku roy ku dul kile loo am kat na sedd sa xol

Gaa yaa ngi, ngir yaa ngi koo gis am na ngir mumu aw
Seetal ba xam fa nga jëm bul def ku jug nga àndal

Suñ boole nañ tuubi luñ daa moy diggante jëw ak
Wor ak rambaaj ak dog ug mbokk ak di wax lu amul

Na ñuy bëggante ta mel nii doomi baay aki ndey
Bu ñuy xuloo'ka merante kay fabante fetal

Julit da fay julli tay wird aka sàmmi cëram
Ta fonk wollëre moo jaa ag julit lu ni mel ?!

Daanee'ka noone aka dòorantee ka tuddi ayib
Nafeq yaa ko fi daa def ngir nga réere mbugal

Nañ jef ta sellal suñi jëf jëf ju sella di tax
Yàllay gëram aji jëf moo tax na ñii yëwénal

Kuy jëf lu selul du am jaajëf du nopalu yit
Ku xam lu jar dagu dag goo xamni deefu la fal

Xamal ni Yàllaa ngi lay gis foo fii jëm jagalal
Bul melni kuy def lu bon tay fas ne Yàlla gisul

Jaamul ta farlu bangay ndaw moo la saytu ba tay
Di wërsagal aka faj say aajo ak di teral

Wéetal ko bul fàtte xéewal yi mu lay may a may
Ba xam ni tay ji le yaa ngi def boroomi kurel

Seetal Sëriñ bii nga am ak jagle gii mu la jox
Ta Baabakar dëgg santal lii la Yàlla defal

Sëriñ bi fonk la ak doomam yilee ki rakkam
Moo lii ku def lu ko jar santal ba melni géwël

Donte damaa sant kem suuf ak malaaka yi yit
Du tax ma jox Bàmba mii hàqam nde mooma mënal

Bàmba ma yar may ma xam-xam ak alal juma lew
Saa wax ji duy fen nde man xam naani fen daganul

Man rek maa war a beg man rek maa war a tëb
Dogon kon ak Bàmba kon tay maa ngi fii namadal

Woo naa suñuk texe nun gaayi ko def suñu mbër
Ta xam ni mu xala ub, kuy sòoru mbër texe wul

Nun ñoo ngi duñ dëkk mbër duñ def ludul diko way
Tay diw ganaawam ta buy daan it ñu dem ko bësël

Nañ jekki gaayi ta saytul mbër sërëm yile nun
Yàlla bu ñuy sob a sob bay jug ba mbër di nu fél

Way naa fi way wile ngir sàkkuy ngëram ak itam
Fàgguy ngëneel aki pay Yaalnañ ko Yàlla fàggul

# Jiley wax it def na wax joj xam ko war na kune

Jiley wax it def na wax joj xam ko war na kune
Ta képp kuy réere wax jii yaa ngi mel ni gone

Tëdd ak Sëriñ aka bokk ak moom akay tibandoo
Muy lekk ngay lekk lii kay awra sax melu ni

Murid dafay def boppam nib lar ta lar du bokk ak
Sangam, dafay nég u des aw des la bàrke ba ne

Mokkal ko, fonk ko, foo tollooti moo di la gën
Ta bo defee nile doo wóolo lu[dul] làq lune

Waafal ko neexal ko tay wax ndànk, wax ju xumbul
Ta bum la wax lëf itam yaw mii nga naa ko « nga ne ?»

Waa jii da ngay ji ta loo ji loola kat dana sax
Moo tee nga ji lu rafet tay farlu fo mana ne

Féexal ko noppal ko bul kay tàggaleeku fitam
Sukkal ko raamal ko may ko’b yar ta may ko kune

# Yaaw mii murid yi la wër

Yaw mii murid yi la wër, seetal ayib yi la wër
Tay ittewo ag setam, boo sàggane assaru

Gaaya ngi lay jay ta naa eskay Marhaba bihi
Foo dégge marhaba'k eskëy jugal fagaru

Bul gis ku lay jay a jay bay tax nga gëm limu wax
Yaw rek a xam sa ayib seetal na ngay defaro

Ku regg yëg ko ku xiif it xamni lekkula tus
Bul dégg dof yi la naa yaa regg kon nga loru

Lekkal ta naani ba sab xiif ak sa mar demandoo
Ta yóbbu jox ka la naa xiifoo’ka naala maroo

Ku deefi bay ta bayul ngir fas ni amna dugub
Kooka di dof ba ta kooke ken du gis mu maru

Ku ràbbi sàqam takk iy jàggam ta daggul u gub
Ta sollu wul sàq yooyee kooka rek a woru

Ku xam sa bopp ba fab say sàq sollu ko nag
Say sàq jompta doo réccoo ka dox di faru

Ku sollu wul xotti sàqam xiifa kay xala rey
Bul dof ba doylooti yaw ay jëmm wëllis i ruu

# Bàyyil ayib yile ngay yër yaw ta yër sa ayib

Bàyyil ayib yile ngay yër yaw ta yër sa ayib
Ayib ju dul sa ayib joo ja ayib bu ko yër

Ndegam da ngaa amatul nag jenn-jenn ayib
Santal ta foo gis ayib bul tuddu yaw bul ko yër

Koo gis amul ayib it buy tuddu daal di ko am
Koo gis yorul ayib it buy tuddu daal di ko yor

Ayib dafay wàlle biir ak biti wattu ko yaw
Kuy dox di riisoo'ku njàmbal leegi leegi mu yor

Ku jàppul ug njàmburam bay tuddu nag sa ayib
Gëram ko fab na ngëneelam jox la yóbbu sa lor

# Boo kër këreetee ba am ay jëmm sàkkal i ruu

Boo kër këreetee ba am ay jëmm sàkkal i ruu
Kuy dundu moo gën ku dee ngir séeni mbir du nuroo

Ta ruu gi dem jafe moo tax deefi jébbale mbir
Ba sab sëriñ ray la, dekkal jox la ruu nga yaru

Ray gaa di fab sa bakkan bii ray, ba dootu la lor
Dekkal sa xol bi ba ngay janloo ki yëf, ta yëroo

Ku lay mënal lile bul kay def moroom a ka def
Ab nawle ngir war na sàllu Yàlla kat, ta waroo

Dawal ta sàntu ko suqil kaw fasam ba mu set
Sàkkuy mbegam kon nga gis say wéeri mbeg di teru

Kii moo di Yàlla ku kay moy Yàlla rek nga moy
Moo wuutu Yàlla ku wuutee kii waxam na beru

Ku topp kii Yàlla ak yonen nga topp bu wer
Foo fekk waayam moo nga kii yëf yu mii dëgaroo

Ku soxla ler akii mbóot ak bàrke bul sori ki
Waayam da fay yor a yor aw yiw, ba melni yoro

Booleel i kàggoo'ki wird aki juddoo'ki kurus
Jox Bàmba faj loo ko nag say ràgg ndaxte wéroo

Fetal yu rëy yi nga yor jébbal ko dànd bi yaw
Mu may la yàpp ta doo jekkiy rëbbeeka tëru

Laaxoy bu yewoo dafay jaayub fetal, duko yor
Laaxoy bu yorub fetalam day mer ba mujju xaru

Du yàppu mukku ta fum jëmm gàddu ab fetalam
Di kër keree boo ko begge nangu muy xataru

Ta boo ko yuuxo mu bootum ndell, tay daw a daw
Gii ndell lum xala faj teewul boroom a loru

Misaal a ngoogu ma jug man jébbalooti bu wér
Ku saw mburuy bëgg a jee fàggul weneenu mburu

Njébbal akug buma yam boo sàggane mu yolom
Alal akug xol a kay dëgëral ba muy defaru

Sëriñ bi, saa gaayi ak saa bopp a ngii, buñu des
Tàbbal ñu gaali ngëram bañ jiitu, yaw soxaroo

Yokkal nu leer aki mboot ak bàrke ak sa ngëram
Ta daaldi ñuy bëmëxal luy tax ñu tee asaru

## Koo xamni neenab murid laa

Koo xamni neenab murid laa mba mu fas ko na jog
Ta déglu wax jile may wax ndax mu làq i ngëram

Bastul taxaw na, ta tay jii yaari gaaya ngi nii
Ku nekk a ngay peese, tay yokkal pré ay xaritam

Morel dafay pese, Bàmbay pese, kuy wuti ndam
Na jox morel gerte, jox nag Bàmba ay dërëmam

Ku pese nag fa morel jug teggi Bàmba di wéy
Yor xaalisam, fumu jëm, doo seeru muy ami ndam

Ku bëgg gertee'ki tool ak gaayu nangu di wéy
Na jox Sëriñ bile ren, ngir Yàlla mepp mbayam

Bàmba'b nawet la bu nangoo nangu, loo ji mu sax
Ta loo jiwul kat du sax ruujal lu bon ta ji ngëm

Mi ngii di wootee'ka dundal diine, nañ wuyu nun
Ta dëddu kër yile ak jur yi ta jëm famu jëm

Naafeq baaxul ta naafeqay ka naa : « sama ndey »
Ak naa « samay bokk ak kër yeema tee mën a dem »

Ku gëm Boromam ndey ak soxna aki baay aki jur
Du tee mu dem, ku gëmul wax ji na laaji ku xam

Moo jaa ku ndey aki baay ak soxna dog ba demul
Bu dee lumuy layi sangam bee mu moy ndigalam ?

Kuy topp bakan aki bokkam, bu dee dana xam
Ne Yàlla bindu ko ngir bokkam ya ak bakanam !

Modaaralantee'ki baay ak ndey ta jaamu ji yaw
Ka bind baay aki bokk ak ndey ba làq ngëram

# Ma jug defal saa xarit bii nag lu ñépp di gis

Ma jug defal saa xarit bii nag lu ñépp di gis
Ngir ab xarit ku ko am war koo defal lu ñu gis

Ma jox la fi'b denk tay jii yaw Muhammadu Géy
Boo xamni moo gën ci yaw fopp iy giléem aki fas

Notal bakan bi ta farloo farlu yaw ci ndigal
Nuural ci Yàlla sa diir ug dundu rekk ni mes

Ag dundu yombul, lu yombul ëpp naa fowe lëf
Na ngay wax uw yiw akay diglee'ka def aka fas

Jàngal ta jàngale, jàng ak jàngale gën a rëy
Ag pay, ta pay ga kudul muñkat bu rëy du ko mos

Ku mënla muñ fàww waxtaan ak dox ak gis u nit
Du am ci Yàlla lu ñuy naw maa ko wax ci lu fës

Yaw sag murit na rafet say pas pas it na rafet
Loo man di wax aka def fàww it na melni wurus

Ta dëgg waxtu wu jot tuubal ta sant bu wér
Ab lar bu dee tubaal ub sangam di sant du rus

Ta'b lar bu nekk ma ngaa ki moy ma ngaa ki may it
Ta may ya santa ca des moy yépp tuub a ca des

Nekkal di sant aka muñ tay rëccu lépp lu bon
Ndax Yàlla ngay waaju doyle'y may ta set ni weles

Sëriñ bi Yàl na nu may ag mucc may nu njariñ
Ak fan wu guddu ak ub wér teg ca nag di nu wis

Muhammadoo dénk baa ngi jàpp rek a ci des
Yàl nay suñuw yiw di saw yiw tay texeg ku ko gis

## Ma wax fi Ahmadu Sekk ub dénk tay jile nag

Ma wax fi Ahmadu Sekk ub dénk tay jile nag
Ndax Yàlla boole ñu jox aw yiw fegal ñu mbugal

Ta rikk Ahmadu deglul lii ma lay bëgg a wax
Ndegam da ngaa bëgg a gën say kem wayal ci ndigal

Ku bëgg a gën ay kemam day tuubi moy bàyyi moy
Ta jàpp ab sëriñam màggal ko jox ko alal

Sànnil ludul Yàlla yaw mii jàpp Yàlla bu wér
Ta nit bu boppam baa weexe kat mu yell a ragal

Jàppal juróomi bëyit yi fàww maa la ko jox
Ta Hamsatoo lako sàkkul ngir yëram la fabal

# Fàttee ka bon fàtte dee rekk ay waral nit a bew

Fàttee ka bon fàtte dee rekk ay waral nit a bew
Bu dul kon ak fàtte dee ken doo tu reew ak a bew

Bu dul ko nag fàtte dee ken doo tu am lu ko saf
Ken doo tu am lu ko soof it dee waral ku ne sew

Koo xam ne xam na ni dee ngiy ñëw te fàww mu ñëw
Ni nemm rekk ak o war tey jéema daw yëfi ndaw

Tuub ug moy ak yaru moo war képp koo man a gis
Dee gaa ngi dàqe, day jot ñépp ken du ko raw

Lëf mat la siisoo lu dul moy Yàlla kiy jụr u ay
Lëf mat la bëgg it lu dul jub doy kiy jur u yiw

Loo wer wér, wonk bis, loo tedd tedd torox
Loo man man tële bis, loo wax wax it ni selaw

Loo sant sant ni mbas, loo maare maare ni cam
Loo jaglu jaglu tawat, àddina yewwu ci yaw

Bul bëgg nag lu fi nekkul bëgg loola du mbir
Àddina kër la gu ñuy dox jêm ca kër ga ca kaw

Àddina kër la gu ñuy jaamoo ka sonne bu wér
Alaaxiraa di kër ug xéewël lu bon du fa ñëw

Koo xam ne nekk na cig njub tey ba dee ca bu wér
Bu ëllëgee ñépp ñeekoo ñee te bokk ko naw

Lu ab julit mana am tey jii ci luy niru mbég
Yobbal don la, na koy jaamoo ka sante di daw

Kër gii deful kër gu ñuy tëddee ka tedd di wéy
Ku man di fàttee ka bew bul fàtte mukk ak a bew

## Ma jox fi Aaminatu'b dénkam

Ma jox fi Aaminatu'b dénkam bu sedd xolam
Ngir Yàlla ak Yonnenam ak Bàmba mii di magam

Yaw soxna Aaminata yewwul ta sant gëram
Cant ak ngëram moo la war ak roy sa mag ji ci ngëm

Koo seeru may ko sa yëf yaw mii ta naagu yëfam
Jéggal ko gépp moyam, lii rek moo di sa ndam

Ab sang day muñ ta jéggal ñépp i moy ta du moy
Tay doylu doylu gu wér wëllis kunee'ki yëfam

Ag cang a ngii, lu ko moy du'g cang ndof la gu rëy
Li ñépp jëm léegi def ko'g cang yaw bu ca jëm

Jëmal ci Yàlla ta doyloo Yàlla ak ndogolam
Bul fàtte yit sen saa bis penc baa ki mbiram

Bu nit ñi dee fàtte dee'kay bég ci àddina jii
Fabal sa xol teg ca dee ak Yàlla yaw ta xalam

Bul soxla woo lëf ci dunyaa jii ludul jëf u yiw
Ku nekk day mujj wéet ak ay jëfam ci paxam

Boroomu yëf yoo fi gis day muj ñàkk yëfam
Boroomu nit goo fi gis day muj ñàkk nitam

Lo saytu dem ba ko, mbaa sax loola dem ba la yaw
Sa jëf ji nag du la baa kay dem ta doo ko ba dem

Boroomi yëf dana tàggookiy yëfam bu rafet
Boroomi jëf nag du tàggookiy jëfam fu mu jëm

Fabal sa jëf jile ngay àndal defar ba mu jag
Koo gis jëfam ja la am lii rek moo mat a xam

Alhamdulillahi tay sab dénk a ngoogu fabal
Mboleem ku def la ci biiram am lu sedd xolam

Sëriñ bi Yàl na nu may ag cant may nu ngëram
Ta may Sëriñ Abdu Rahmaan it lu sedd xolam

# Budul kon ag ñàkk yóbbal kon ma nemmiku tay

Budul kon ag ñàkk yóbbal kon ma nemmiku tay
Sëriñ ba ndax bëgg naa koo gis ba santati ko

Ma far ca dem ngir ku ñàkkub na nemmiku dex
War dëgg-dëgg ma jug sax dem ca nemmiku ko

Ndegam dangaa néewatim ndox mbaa nga ñàkkati ndox
Jëmal ci dex dexa lay dollee'ka may, gisi ko

Mbooleem ku ñàkk ak ku woomal ak ku xeeb i yëfam
Ko gis mu sàggane cib sangam ñu sàggane ko

Farlul di yonnee'ka yóbbantee'ka waaj aka dem
Ci sab Sëriñ boo fasoo jitoo'ka yëkkatiku

Ku ñàkk, buy jekki, gën faa ñàkk far ko amit
Bu jekki dellooti far cib ñàkk, jekki bako

Sëriñ dafay sànni ñépp bum i topp ndigal
Ku jàpp jëm kaw, ku jàppul ñépp far kawe ko

Ña jug wut pepp akum ndox kay ba dikk fi dex
Ak dàgga juy wéy, ku cay sàggan ñu ëppaleko

Ku nekk cim lef di daagoo'kay taxaw ta ne nag
Day jiitu ñay jaab akay daw day larax mënuko

Ku namma jiitu ay kemam day sànni ab sëriñam
Jëmmam ak xolam ak leppam ta far bàyyiku

Joxe's lëf ak dese as lëf ag murid la gu bon
Ta ken deful lu ko moy, ko gis ba lii tënako

Murid budee bon akay suufee'ka ñàkk xorom
Tay dem ci sangam akay ñëw leegi bon soriko

Murid gëjee'kug Sëriñ rekay loram di ayam
Ta lub murid rëy rëyit gëj fib Sëriñ waruko

Sëriñ dalay defaral say mbir defar sa kanam
Wattul la yit sa ginaaw it gëj këram matuko

Murid siyaare ji daalay ag sagam di ndamam
Budul siyaare ji dootul am xorom gëju ko

Ab sang ab dex la, ab dex dee ca dem aka ñëw
Kon leegi koo gis fi yaw mën koo duyal yewiko

Murid bu itte ja buuree jëm ci ab Sëriñam
Nit ñépp sopp ko seen i itte jug wutiko

Buural ta buural ta buural dellu buurati yaw
Jëm nag ci sag sang fab loo am yëtaaleko

Sëriñ du xeeb aka naw lëf, loo ko sànni mu for
Ta daaldi jàpp nag lu gën loola sànni lako

Nawul lu yéemu ba dee, xeebul lu tuuti ba dee
Ngir xeebul ab tànk moone ab junni nawuko

Junneeki tànk aki koppar lépp loo ko ci jox
Mu fay la yokkal la, may law tagg sange lako

Ba noppi dox sa digg ak lor faj sa aajo bu wér
Foo tollu am may yu rëy yoo xamni xel dajuko

Foo jëm ñu bokk di bàrkeeloo'ka taasu ci yaw
Kalay defal lile matnay dox di fàttaliku

Gëram ko sant ko cantam sax deful luñu mën
Toppal ndigal yaw sa diirug dundu sante koko

# Ka soxna ak njël di jaaxal kooka bokku nu man

Ka soxna ak njël di jaaxal kooka bokku nu man
Man Baabakar la ma jaaxal kay du soxna du njël

Fu may jële'g baax a ma jaaxal ta moo ma lëjël
Moo tee samam xel a dal moo tee samaw fit a dal

Soxnaaki njël jafe wul foo geestu gis ku ko am
Ag baax a tëë am ta ag baaxay jariñ di musal

Baaxay musal nit ci bàmmeelam bu ñépp demee
Ta moo ka fay jariñ it dàqul ko gépp mbugal

Foo dem alal jaa nga fay juugée'ka xëppe ne xus
Ta kuy jubal amatul nag fenn mbaa bariwul

Ken soxlawootul Boromam, koo fi gis wutatul
Ludul jigéen aku fas ak mbubbu mbaate alal

Koo seeru tay marsandiis ak bastul ak tareta
Lay ittewoo'kay, fexe am Yàlla genn na xel

Moo Yàlla sax naka muy tàbbeeti léegi ci xol
Ta xol yi mel niki ay santaare, fenn setul

Ab xol bu dee xalamus ndaw mbaa gileem aku fas
Joteetul ag Yàlla lëf bokkaale day tilimal

Kuy dox di waxtaane dunyaa'kay xalam fumu jëm
Yoonam newul ci boroomam ngir newul ci ndigal

Ku nekkatul ci ndigal nag Yàlla wacc ko far
Xejjam ya wacc ko lii dig bon bu lëf desatul

Sëriñ bi Ak Yàlla ak Yonnen ba Yàl na nu ñuy
ŋëb fàww ñu ŋëb ci ñoomit fàww tay rafetal

Ñii ñatt Yàl na nu am nun seen i cant ta am
Cant ug ku am nag ci ñoom ug cant fàww aki pal

# Añ yaa ngi sas yaa ngi kuy wut añ ta waccu sasam

Añ yaa ngi sas yaa ngi kuy wut añ ta waccu sasam
Du tax mu am ko, ku bëgg ub añ na song sasam

Ku waccu sas dem di foo'kay kun-kuni fexe añ
Sasam wa yàqu mu ñàkkub añ ta ñàkkati ndam

Ku song añ wac aw sas ñàkk añ aki ndam
Bul song añ wac aw sas loolu kat du sa ndam

Farlul ci saw sas ñu yët la'b añ bu sedd sa xol
Boo dul wuteee'ka fexee'kay jëm fu nekk aka dem

Defar sa sas wii la war, boo kay defar ñu ni cas
Loo bëgg lépp balaa saw ñaq a fer ne la am

Sas wee di jébbale say mbir fàww ak sa alal
Ne cell mel ni ku dee far dëgg, bay ko ta gëm

Boo ittewootul ludul bay sas wi leegi nga gis
Ndimbal yu tukkee ci géppug wet ta ànd aki ndam

Soññe'b añ ak geesu ab añ ak tawat yu ni xus
Du faj ludul yeexalub añ rek lee mat a xam

Kuy togg sab añ nga far kay son tay sañaxal
Ba tax mu fàtte la muy def gépp ndof fi la yam

Sëriñ bi Yaalna ñu may kàttan ci def la ko saf
Ta sax ci nag suñu diirug dundu sax ci'g mbegam

Man maa ngi sàkku ci bàrkeem ak kureel yu ko gëm
Raw, muccu jël ndam la, gudduw fan ta sedd xolam

Ta Yaalna may gépp waayam may gu sedd xolam
Ta jox ku nekk lu muy mos nag ba song sasam

# Soppal ka def Al Jànnay firdawsi moo gën a war

Soppal ka def Al Jànnay firdawsi moo gën a war
Ka sàkk añ moo gënub añ sopp koo gën a war

Firdawsi ab añ la ta kat ab añ doo ko seeru mu ñëw
Fab jox la boppam, kakoy fab jox la moo rëy i mbir

Ka lay joxub añ a gën ab añ wutal ngëramam
Ba am ko, booko amee am gar ta am ñu ko gar

Di topp as ndaw akay neexal lumuy xala fac
As ndaw du may kenn boppam neexalal kako yor

Bu ñépp dee neexalus ndaw neexalal kako yor
Mu fab ko jébbal lako ñu xolee'ka jooy aka mer

Kuy sàkku àdduna mbaa muy sàkku Àjjana yaw
Sàkkul ka def ñaari kër yooyi ta def ko sa mbër

Yàlla di mbër ku ko def mbër nag mu def la mbëram
Musal la cib jéll biir ak biti saytul la sa mbir

Bul kër-këreeti ci ab añ am na sax lu ko gën
Ci nit sa kër-kër na jëm ci'w sas ta yam ca bu wér

Waxtaane aw sas a gën waxtaane añ fa ña xam
Waxtaane'b añ du maye'b jëm kaw fa ñoom ak u tur

Mag muy defarlu’b ligéeyam jox ku nekk sasam
Ka wacc sas ya di waxtaane’b añay la ko lor

Ab surga cib sas la yoonam nekk waayee newul
Ci’b añ, di kër-këri cib añ waccu sas luko jar ?

Xuppeel a xuppe ta beglee begle ñépp di bay
Ngay xuppe ñépp di bay,ngay begle ñépp sawar

Soññeel a soññe ñu wéy ! Dem Àjjanaa’ka jafe[ñ]
Ta ëpp naa ñàkk a dem làkkam ba Yaal na ñu wër

Boo tuddatee Àjjanaati as lëf ba ñépp di bég
Tuddal Jahannama, ag tàngam ga moo gën a tar

Koo xamne day sëf, bu bëggee sëf ba jekk ta jag
Fab teg ca wàll gu nekk ub sàkku rekka ko war (céy !)

Di sopp Yàllaa ka yewwu ciy nelaw aka yee
Nit ñee’ka xuppe’ka beglee’kay dagaan a ñu war

# Sëriñ bi ku nekk ak nun nag di muñ ba xol ba jeex

Sëriñ bi ku nekk ak nun nag di muñ ba xol ba jeex
Mu xëy yewwi boppam, dem, musal ko ci jépp lor

Ta mbooleem ku ànd nun di sant aka muñ loram
Ta sax ci suñuy mbég may ko dund ak njariñ lu wér

Ku jug ñëw fi nun ngir Yàlla ak Yaw na yóbb i mbég
Bu kenn ñëw fi nun ngir Yàlla ak Yaw di yóbbu mer

Bégal ñu ci Yaw ñu ñépp Mbàkke ta bég ci nun
Ñu bég fàww ngay bég fàww akay sant, ñuy sawar

Ta dolli ñu teggiin ak ngëram, dolli ñuy dëram
Yu lew domm, ak jëf joo gëram, ju ni gàññi far

Safal ñu ci Yaw mii sàpp, lobbu ñu ndimbal ak njariñ
May ñu jàmm ak wërsag ak njëg gu rëy gu jar

Rëyal ñu ci biir ak biti fàww ta far wasal
Ci nun bàrke, def ñu'w ndell guy tàkk sox bu ñor

Sewal ma fi saa bët bii, rëyal ma fi bépp bët
Musal ma ci lott ak luu akub luuma'kub njabar

Doxal suñu digg ak lépp luy lore ak lu bon
Ta dox suñu digg ak képp kuy jomblee'ka wor

Doxal suñu digg ak mbokk muy fexe lor ci nun
Ta dox suñu digg ak bépp jàmbur bu ñàkk ngor

Doxal suñu digg ak dëkkandoo ju amul njariñ
Ta dox suñu digg ak jaani àll ak jaani kër

Musal ci mbooleem nit ñi ak seen i lor bu wér
Ta yor ñu bu wér yaw kiy jariñ nit ta dooko lor

# Réeray waral nit a bon réer ay waral nit a bew

Réeray waral nit a bon réer ay waral nit a bew
Ku saw yaram maxe say gët suulu doo tala mer

Ku nekk cim pax ba suuf ak bant bokk la war
Nga xamne lépp lu dee faa mer, muñay la ca war

Wéetaayu àdduna jii ngay gis du lor bari wul
Wéetaayu Al-Aaxira rekk ay lor ta moo gën a tar

Sëriñ bi dem na Boroomam des fi Yàlla na nu may
Lu gën, gënal ñu gënal nit ñép may gu nu bir

Loo xam ni lii bu fi nekkoon fàww def ko ci nun
Yaw Yàlla def ko ci nun ñii def gu sell gu wér
Dem gi mu dem def ko muy ndolleen lu màgg ci nun
Dig yokk fàww ci nun tay sàllu ndam wu ñu for

Jagam gi may nu ci faawu jagg wu yéemu wu sax
Akug jegeg Yàlla fàww ak jëf ju sell ju jar

Xëy gi mu xëy ne nu mes fàww musal nu ci lor
Lu saf lu dàq fi nun fopp ag jur ak ña nu jur

Ubbil nu wunti yu ak mbég yuy jariñ di bawo
Yu suxal ub jula fopp ak mbay mu nangu wu ñor

May ñu tab ak sellal ak xaalis bu lew bu lewet
Bo xamne nii luñu jox jox nit ñi, muy niru gar

Loo woo mu ñëw fàww, koo woo it mu ñëw ku la woo
Fàwwit nga niow woowe naala w yiw wuyul ni jasar

Woo naala man ci sa tur woo xamle ak ci sa tur
Woo xamle wul, wuyu ma yaw ngën ji kuy am u tur

Ñëwal ta bul ànd ak us lor àndal ak sa njariñ
Ta dëk fàww fi nun ñuy mucc fàww ci lor

Ngay bég fi nun fàww, ñuy bég fàww fàww ci Yaw
Ngay sant ñuy sant dooto mer ta dootu nu mer

# Musal nu falaŋ ñu dog bu duuf ak i cantati

Musal nu falaŋ nu dog bu duuf ak i cantati
Ci bii jant fàww ak bépp jant bu fenkati

Da ñoo bëgg a for ab dog ta mucc ci bépp ndog
Rafet jëf rëyub yóbbal amub jiitu xëy note

Notal ñu ta may ñu'b jiitu, def ñu ku ñépp ñee
Ku boole fayub dunyaa ki'Laaxira far ko ti

Saxal nu ci naatàngee'ki cant aki mbég yu rëy
Yu dul dog ba firdawseeti fay ree'ki ndam jote

Fabal lile ñuy wut may ñu ak la ña xam di wut
Ta def ñu ñu am mboleem lu kenn xala jog wuti

Lu nekk ci dunyaa jii ki laaxira ci'y njariñ
Falaŋ ko ni cas jébbal ñu fàww ak leneenati

Da ngaa am bu wér Yonen ba ak Yàlla naa la am
Manit am bu wér boo xamni dooto ma rëccati

Suñuy xol na fees ak Yàlla ak xam-xamug njariñ
Suñuy kër ni dell ak wërsëg ak nit ñu dul jote

Samab xol na lay gis ak sa may gët ci sépp saa
Fu may xefe mbaa may xippi Yàlla naa la karfati

Dexug mbég nga Yaw yaa dàq suukar ta dàq lem
Labal ma ci Yaw may sant daal aka korfati

Fegal nu mar ak mer may nu am ndox mu sed muy
Seral xol di feg mar fàww ak mer ñu tarfati

Dugal ma ci sab xol Mbàkke yaatal ma def ma kër
Ta dëkk ci man mii fàww yaw ki ma yëkkati

Sarax nu cofeel ak wóolu ak gëm gu wér ci Yaw
Ta dikke nu mbég bub jant soo mbaa mu fenkati

# Àddina yaw waxal ak say far yu bon yi la nob

Àddina yaw waxal ak say far yu bon yi la nob
Yëgal ne man mile firdawsee di ndaw si ma nob

Mbooleem ku lay nob xamul bon-bon yi làmb ci yaw
Ku xam sa bon-bon yi daad lay def ni médd mu nëb

Koo mës ne yëkkét mu jëm kaw yaa ko sànni mu rot
Koo mës ne jabb sa yëf yii yaa ko xëy ni këlëb

Yàlla alag nala ak mbooleem ku lay may i gët
Sa lor ji Yàlla na nu moy fàww ak li ngay saf u rab

Man dëddu naala ndegam yaw mii danga bëg a kaf
Demal kaf ak gaayi lay woo'kay kobas aka dab

Xamnaa ni yaw koo digeel it fàww mujj ko wor
Mootax ma far njëkk laa wor soo yaboo nga xarab

Qaroona wor nga ko ak firhawna ak ña ko ëw
Koo gis mu ŋëb la xamul lëf yaw ku xam dula ŋëb

Reeloo nga merloo nga bégloo jàqloo toroxal
Teral bonal woyofal diisal, sa ndab li du ndab

Ku def ci yaw ay yëfam, moo sànk dëggi yëfam
Ngir ndab nga luy senn akay tuuroo'ka dëng aka jub

Koo xamne kii mës nga koo far, yaa ko génne falaŋ
Giiñ naa ci Yàlla ne yaw mii am la taxtila « hab »

Mahaa'ki Dàmmeel aki Saa Ngoone ñépp nga wor
Yaa génne Alburi yit muy dox ba dee fi barab

Yaw yaa di tooke, ku fob dee ku mos it ne ŋayam
Ta xamne teewul batay dof yaa ngi mos aka fab

Ku repp rekka lafi mos, moola fii fob itam
Ku bëgg a xam garab ug lor, dëddu laa di garab

Layduur aki reen aki xob yépp kat dana faj
Lëf waaye lay dëgg dëddoo jiitu reen aki xob

Ngir dëddu day faj yaram faj xol mu wér ne palaŋ
Mu dàkku nag sawaaraa'ki ràgg ak lu ñu sib

Ku bëgg a faj ràggi sab xol ak sa ràggi yaram
Naanal ndoxum dëddu jaax laa xam ba fab ne firib

Dëddoo rafet dëddu moo saf sàpp ngir ku ko def
Saf Yàlla saf sab Sëriñ saf ñépp far di hajab

Dëddul ! ku dëddu, lu deefaa bëgg a koy wuti faf
Ab lar bu dëddoo mbébét yaa koy dabee'ka xalab

Ab surga, waxtu wu dëddoo añ ta jublu mbayam
Day geesu fekk ñu taajal kob añam fi barab

Ku dëddu mbay nag ta jublu añ di laaj aka wut
Day tax añam ba bu sottee it ñu far ko fa ub

Sëriñ bi may nu nu dëddu'g moy ta jublu ndigal
Ba làq say ngëram ak firdawsi ndaw si nu nob

## Murid bu nekkul fa sangam bay ligéey aka daw

Murid bu nekkul fa sangam bay ligéey aka daw
Demul àllarba joxeetul lëf, ku xam lumu doon

Xawma'b murid laati xawma'b saarixina bu bon
Séytaane amna ci moom'us buntu fàww aku yoon

Séytaane yàq na, yàqal ñépp, koo mëna gis
Cay as ndigal ja mu daa yor fàww neenako ñuun

Lislaam a ngay joy akay ñaxtoo'ka wax lune ndax
Xàllam wi kenn awatul, xàllam wi Yàlla na ñu miin

Xàllam wi Yàlla na ñu dundal, dundal it suñu xol
Ñu dund, dundal ko biir ak biti faj lu ñu buun

# Yaw ŋoy ci Yàlla ak ub Yonnentam a la jig

Yaw ŋoy ci Yàlla ak ub Yonnentam a la jig
Nun ŋoy ci Yaw dong ak doyloo la rek a ñu jig

Yaa raasi Yàlla akug Yonnen ba far mbég i mbég
Nun ñépp Yàlla nañu lay raasee'ka for mbég i mbeg

Yàlla la jig yaa ñu jig ngir moo la xëpp i njariñ
Nun yaa ñu xëpp i njariñ jiitul ñu topp la teg

Yaw moo la fal yaa ñu fal, Moo tax nga am linga am
Yaa tax ñu amli ñu am doo gag, nun it buñu gag

Moolay defal lala saf, yaa ñuy defal li nu saf
Moo tax nga jekk ta jag, yaa tax ñu jekk ta jag

Moo saytu sab tos ta yor saw xos nga saytu suñub
Tos ak suñub xos, ku teeyul saw ratal dana tag

Koo xamne teeyoo, sa wuy dobtil ta saw ratalit
Dootoo ca jot mukk lii bon ! Yàlla, Yàlla na ko feg

Yaa yegg, yaa jote yaa jot Yàlla, yaa ca jot it
nun ñépp, Yàlla na nu lay jot, jot ci Yaw ta lefog

Na ngay jëlli'g cant ak ndollen lu sax di nu yët
Ñuy dollikoo ci yaw ub cant ak cofeel aku dig

Yokkal nu dig wi ci gépp ub wàll guy maye ndam
Yokkiinu cant wu sedd ub xol wu ñu tax a teg

Yaw daa nga yokku dig ub nit daa nga yokk ndigam
Yokkal ñu yépp ci sag baax ak karaama yu mag

Yaw yaa di mag yaa di jaam ub Mag ta jaamu nga Mag
Moo xamne jig nala gépp ub jig nga boole nu jig

# Bu ay jugee jëm ci nun, yaw Bàmba wëlbati ko

Bu ay jugee jëm ci nun, yaw Bàmba wëlbati ko
Mboolem lu jëm si ci nun ciw ay na wëlbatiku

Ñàkk ak wopp ak bor ak dee ak lor ak lu nu bañ
Na yépp jëm fu ñu moy ñuy sant bay tëriku

Mbooleem ku ñàkk na am, mbooleem ku wopp na wér
Maral wi it na ni mes, naatànge yit asi ko

Nun Yàlla bindu ñu ci'g ñàkk ak lu bon aku ayy
Ka Yàlla binde bon ak ayy jëm ci Yaw të na ko

Naatànge rek ak ngëneel ak xol bu sedd aku yiw
La Yàlla bind ci nun Séytaane dàq nga ko

Bëmax nga sheytaane muy dox jëmm ci gaayi nu moy
Lu dee fi bañ lépp biir ak biti raw na nu ko

Fayoo ñu Yaw da nga ñoo may yaw koo mayul dana rus
Koo gis ci yaw am na may goo xam ni jomb na ko

Seeto la jaadu ci nun, seeto la yell ci nun
Da ngay duyal ñépp, koo gis fab ndabam duyi ko

Danaa la wax fukki yëf yoo xamni yaa ko jagoo !
Amoo ca bokkaale, doo gis kenn fable la ko

Way ak ngor ak tabe ak muñ ak lewet aku fit
Akug ragal Yàlla ak Xam Yàlla ak bàyyiku

Ak yar bu mat sëkk biir ak biti mat gu rafet !
Say fukk a ngii Mbàkke jàppal ken sàccu la ko

Alhamdulillaahi tay noo ngi dagaan ak a wut
Waameey ngëneel aki mbég xiinal ta dotti nu ko

## Sa wax ji suuxal na mbooleem wax ju nit mësa wax

Sa wax ji suuxal na mbooleem wax ju nit mës a wax
Sa jëf ji suuxal na mbooleem jëf ju nit mësa jëf

Sa jëmm suuxal na mbooleem jëmm i nit ju nu gis
Ak jëmm i nit ju ñu déggoon Yàlla may nala lëf

Ken mësla mel ni nga mel, ken dootu mel ni nga mel
Ken mësla jëf li nga jëf, ken dootu jëf li nga jëf

Tabaarakal-laahu rabbul haalamina mahan
Fii kum wa fiinaa mahan yaa Shayxanaa jërëjëf

# Sëriñ bi sab soppe may koy mbegte fàww aki peñ

Sëriñ bi sab soppe may ko'y mbégte fàww ak i peñ
Mbooleem ku lay noonu may ko'y rëkk fàww aki njoñ

Sab soppe Firdawsi lay jëm fàww gaawe ko mbég
Ku lay bañ it naari lay jëm fàww gaawe ko njoñ

Dollil ñi lay topp yërmandee'ki tagg ak i yiw
Ta daal di fab lu ñu am cib coono jox ña la bañ

Mbooleem ku lay bëgg may ko'w gan wu sedd xolam
Ak yëf yu muy terale'w gan, muy boroomi njariñ

Seral nga xol yi teral gan ñépp yaa mën u yiw
Dëkk ak gan ak ñépp a ngiy bég, jàmm neena jalañ

Ba Yàlla àttee nga feeñ ak jàmm Mbàkke batay
Ludul gëram waratul cib lar bu jug di la xeñ

Ñoddil nga nu'g cant muy ñëw, ñëw gu tedd gu sax
Jañal nga nu'g tawat it muy wéy ba mujju nu foñ

Naatal nga kër yépp ak nit ñépp waame nga yaw
Wudul séwét may nga nuy mbooloo'ki pàkk aki pañ

# Waajal nga gaayi ta waajoo yaa ka doy keemaan

Waajal nga gaayi ta waajoo yaa ka doy keemaan
Fooral nga gaayi ta fooroo yaa ka doy keemaan

Seeral ngaa gaa yi ta seeroo yaa ka doy keemaan
Reewal nga gaayi ta reewoo yaa ka doy keemaan

Feesal nga gaayi ta xaajoo yaa ka doy keemaan
Lottal nga gaayi ta lottoo yaa ka doy keemaan

Jeexal nga gaayi ta jeexoo yaa ka doy keemaan
Tiital nga gaayi ta tiitoo yaa ka doy keemaan

Reewal nga gayi ta reewoo yaa ka doy keemaan
Diisal nga gaayi ta diisoo yaa ka doy keemnan

Féexal nga gaayi ta féexoo, yaa ka doy keemaan
Defar nga gaayi ta yàqoo yaa ka doy keemaan

Suuxal nga gaayi ta suuxoo yaa ka doy keemaan
Jeexal nga gaayi ta jeexo yaa ka doy keemaan

Tooyal nga gaayi ta tooyoo yaa ka doy keemaan
Bégal nga Yàllaa'ki jaamam yaa ka doy keemaan

Dekkal nga gaayi fi deewoon yaa ka doy keemaan
Reggal nga gaayi fi xiifoon yaa ka doy kééman

Nooyal nga gaayi fi jàngoon yaa ka doy keemaan
Xamal nga gaayi fi reeron yaa ka doy keemaan

Setal nga gaayi fi taqoon yaa ka doy keemaan
Noppal nga gaayi fi sonnoon yaa ka doy keemaan

Wéral nga gaayi fi woppoon yaa ka doy keemaan
Siggil nga gaayi fi sëggoon yaa ka doy keemaan

Duyal nga gaayi duyul woon yaa ka doy keemaan
Doyal nga gaayi doyul woon yaa ka doy keemaan

Rëyal nga gaayi rëyul woon yaa ka doy keemaan
Mosal nga gaayi mosul woon yaa ka doy keemaan

Safal nga gaayi saful woon yaa ka doy keemaan
Amal nga gaayi amul woon yaa ka doy keemaan

Yaw yaa matal képp nit koo xamni manki na woon
Ta nëbb lépp lu bon mootax nga doy keemaan

Ya jug di aw ngir mu jub maa jub di waaxu batay
Ta mësuloo ko wàcc bis Yaw rekk a mat Ilimaan

Waykat yi way na ba wéy, waxkat yi wax na ba wéy
Ta yëngu woo, geesu woo nun yaa nu doy keemaan !!

Defkat yi def na ba wéy kuy xoole, xoole ba wéy
Kuy waaru, waaru ba wéy Yaw yaa nu doy keemaan !

Jommal nga naaféq ak yefer akub julit it
Kop déglu dégg mu naan kii mo ñu doy keemaan

Dundal nga ñépp ta dooroo xuppeewoo fetaloo !
Yaw rek yaa mësa def lii ! yaa nu doy keemaan

Lottal nga xol yi ta mennum xel dajul fa nga yam
Luñ dee ti wax ?! Ndare «  hun hun kii ka doy keemaan ! »

Nun topp rek a nu war, tay soxla woo sa ndigal
Duñ soxlawoo xam fa ngay jëm, yaa ñu doy keemaan

Yaa topp Yàlla ba am jaaraama Yaw nelawal
Sag ndomba dootu yolam, nun ñoo ngi leey xaaran

Suñuy loxoo ngile feesal ko'ki leer aki yiw
Jugal musal nu ta may nuy may yu fii baawan

Lor ak lu kay niru buñ fiirooti nun ba ba nuy
Xëy tabbi firdawsi féqal fan yi bañ raamaan

Sun boolee ñoo ngii di tàllal may nu may gu nu xaj
Yaa ñuy yëram ta kudul yaw mii da ñuy reetan

Ta ken mënul dara, ken yaakarul it kula moy
Tàllal nu sab loxo bañ doyloo la yaw Mbaaxaan

Yëg nañu may nga nu'b may gog doyna jaam a xalam
Yaw Bàmba, waande da nuy mandee'ka mar ak a naan

Doo jeexle doo xaajal it doo doyle bay nasal it
Wutal nu ag dex ba suñ xel dootul daj rootaan

Ya doylu Yaw ta ku am ag doylu yaa kako jox
Doylul nu wëllis di rootani ka wàqi sayaan

Sàkkal nu ay ngar yu yaatoo yaatu tay jub a jub
Bañ di ko sëf di la yët Yaw mii akay xaabaan

Ba bis bu nekk nu fab ab junni jox la nga yor
Ta boolee koo'ki sëb ak pepp ndimboo'ki balaan

Ak sukër ak yàpp ak déem ak daqaar ak i buy
Ak sump ak laalo ak kuur ak tame ki bagaan

Ak yomb ak naajo ak mboq ak xorom sula doy
Ak lép ngir yaa nu fii jallee'ka dem Diwaan

Sarax nu geesu nu bis, geesug ngëram ba nu bég
Ndegam da ñoo bon itam noo ngi fi Yaw di wayaan

# Sëriñ bi yaw mile tabe

Sëriñ bi yaw mile tabe
Ba jiitu mbooleem ku tabe
Ta mën ku daa yorub dibi
Tàllal nu tay sa loxo bi

Xamal ni koo joxul du am
Ngir képp koo fi gis mu am
Yaa tax mu am loolee mu am
Amal ñu yaa am ta tabe

Ñoo ngii di tàbbi àll bi
Di gont akay xëy di rëbi
Ken dootu def ludul rëbi
Ta say ngëram la ñuy rëbi

Yii gaay a ngii joxe alal
Yi gaay a ngii futiku dal
Yi gaay a ngii di la bindal
Gaa yi di jàng tere bi

Yii gaay a ngii di la duyal
Sa mbànd yi ak a dawal
Yii gaay a ngiii di la wayal
Yii gaay a ngii di la dabi

Koo gis mu ngii di def lune
Ta yaa ko tax i def lune
Ngir Yaw da ngaa defal lune
Yonnen ba ak sa sang bi

Ku nekk yaa ko gën u nit
Ku nekk yaa ko gën jëf it
Sab kem amul ta du am it
Giiñ naa ne yaa donn Nabi

Waxiinamay Yaw sa waxiin
Defiinamay Yaw sa defiin
Doxiinamay Yaw sa doxiin
Ngiram nga teg sa tànk bii

Yonen ba, Yaw rek a ko roy
Toolam bi Yaw rek a ko bay
Mootax ba Yaw rek a ka doy
Lee tax mu jox la *Dahru* bii

àllarba rek aki dibéer
Ak a mbindal la gaayi réer
Daaba yi daaldi délsi wéer
Gopp yi nag wër jàngu bi

Nga dikk Mbàkke jéggi leen
Ku nekk naa «Ay séenu léen ! »
Ngay wéy di wéy ba weesu leen
Nga samp nag sa jàngu bi

Di xëy di gont ak a bayi
Di sol ta doo xama bàyyi
Sa mbay rafet ta doo tàyyi
Rusloo nga ndongoy dëkk bi

Yonnen ba fépp fum doxoon
Dox nga fa, lépp lum waxoon
Wax nga ko, lépp lum defoon
Def nga ko yaa di jàllu bi

Jalle nu ak suñug njaboot
Bu kenn des ! na nga ñu boot
Tay ak ëllëg bu nu fi tiit
Bun gis lu tax ñuy rab-rabi

Àddina jii li fi dale
Ba jàpp Al-Janna jële
Digante bii nang fi jële
Luñuy ragal Yaw sang bi

Suñ wërsëg it na nga ko baril
Suñu'w fan it na nga ko guddal
Suñu'w yaram na nga ko wéral
Ta sol nu nag sa bàrke bii

Sottil nu xéewal gu nu doy
Guy lew a lew tay rëy a rëy
Ba ñuy dundal baay ak i ndey
Ta menn xel du daj lebi

Ta may nu tool it yu nangu
Ak i murid yu bàyyi ku
Yudul yàkkamtee yewwiku
Koo may murid yii mu xëbee

May ñu'y murid yudul xuloo
Kay soow akay dox di daloo
Ak naa « ku xam lu nii jaloo
Sëriñ bi dollil natt bi »

Baaxal nu, may nu gaa yu baax
Neexal nu, may nu gaa yu neex
Feexal nu, may nu gaa yu féex
Jamal nu yaa di dànna bii

Suñii fettal ak suñu xejj
Yep fabal, neeti nu géej
Nu am la Yaw mii tàbbi géej
Ba génn, dàq xare bi

Ku yor fetal gudul yawit
Du tax mu jam fi aw saket
Koo xam ni jamm til u sakket
Moo jaa lumuy yore'g dibi

Kuy bari'y mën-mën ak a léej
Ba joxu la fetalam lée wéej
Ku weddi lii nama ko laaj
Man Baabakar sa ndongo bii

Jox naa la man samag fetal
Dóotu ma fab samag fetal
Yaw rek a mat di jox fetal
Ngir yaa fi dul moy pàddu gi

Seexal nu may nu gaayu seex
Bay jàpp junni naa nu foox
Nu di ko fab naa la ko foox
Ta naala nangul nu su bi

Ngay nangu naa « Lii kay du su
Ab junni kay ëpp na su ! »
Ñu naala « Ab junnee di su
Fi yaw mii suuxal jant bi »

Defal ndigal muy suñu kër
Buñ tàbbi mukk génn kër
Gudul ndigal ngir googa kër
Du kër gu ay ngëram tàbbi

Tàbbal nu yit néegi ngëram
Ta may nu yit lépp i ngëram
Ta rikk buñ génn ngëram
Di sóobu jeeti àll bi

Da ñoo tilim ta bëgg a set
Ta boo yaboo ñu daaldi set
Ndax Yaw setal nga késppu nit
Setal ñu yaa di bootu bi

Setal nu set gu nu jubu
Bu àndul ak jug di fabu
Di dox di daw aka nëbbu
Fegal nu nun sa nattu bi

nun la nga nuy natoo na di
Giléem aki fas ak i béy
Ak i dërëm ak bàyyi moy
Ak a xarab sa buntu bii

Buñ daj fi suñ xol yi ludul
Yaw rek ak loo nu digal
Ak loo bëgg ak lu lay bégal
Léey dëgg yaa di soppe bi

Mboleem lu ñii feexe'ka wut
Yaw rek yaa tax ñu di ko wut
Yaa jar di wut di wut di wut
Ba dee fu kenn dul robi

Suñu diggante Yaalna leer
Ta jag a jag ba nga nii kaar
Ta saf ba doy la gépp waar
Yàllante ñuy sa bopp bii

Yokkal nu gëm gi nu la gëm
Yokkal nu xam gi nu la xam
Yokkal nu am gi nu la am
Yokkal nu yit sa yakk bii

Yakkal nu tay yakk bu réy
Bu kenn xamul naka mu doy
Boo xamni bi da na nu doy
Ta may nu lun duge ja bi

Tawal nu waamey ngëram it
Wuy réy a réy ta du séwét
Di dotti noor ak i nawet
Ta jox nu nag sa loxo bi

Man lar bu bon bii ta jagam
Naa sant Yàlla nag ndegam
Loxo bi kenn amul njëgam
Tegoo na ak saa loxo bii

## Sëriñ bi yee ma ta may ma ag farlu waxtu wu jot

Sëriñ bi yee ma ta may ma'g farlu waxtu wu jot
Musal ma ci'y nelaw ak càggan kobas ma ma wéy

Yëram ma teete ma déey ak man fu kenn newul
Yóbbal ma yóbbu ma def ma'b xejj fàww bu réy

Ta daa nga yee nit ba muy def mag, nga xëy ni ko yee
Bu loolu am sama digg ak yaw ta kat bu ma jay

Musal ma ci'g jay fegal ma'y nax, wutal ma lu wér
Sama'b murid nay soree'ki moy ta ànd ak i may

Samay murid na ñu yokku'g baax akub bari nag
May jëm kanam aka way ñuy jëm kanam aka way

Fàggul nu cant ak i ndollen Mbàkke loo mës a mën
Ta may nu meewum ngëram moo xamni nammul a way

Man dugg naa ci yaw ak saa lépp tëj ma ci yaw
Ta tëj sa boppu ci man may ndab lu set la nga duy

Sàkkal ñu ab ñag bu deeful bëtt deefuko tëb
Ba képp kuy ne ca biiram am njariñ raw u ay

Mbooleem suñuy kër na fees ak nit ñu baax ak i yëf
Yu am njariñ suñu diggantéy bëréx ta du fay

Na jant i cant ne tell ak jàmm fenk bu wér
Ci suñu digg ak Yaw ba mbooleem nit ñi waaru ne céy !

Nun war na ñoo boole tuub ak cant ndaxte nu raw
Lu bon ta jot ngëram ak ndollen di jaab ak a wéy

# Ndaxam lëf a ngii xew loo xamni gaayi dee ko gën !

Ndaxam lëf a ngii xew loo xamni gaayi dee ko gën !
Ta Yàlla na ñu loolee moy ta moy bépp taalibe

Ta loolee du ngor, du'g yaaram it, ta du ag njulit
Lu bon la lu tukke nag ci Séytaane ceddo bi !

Li xew nag ba tax may wax du lenn ndaxam ludul
Murid gu woyof gii toyy ! céy Yàlla bàjjo bi

Murid boo fi gis xol baa nga fees ak i aajo tay
Mu far soppi calpem ab Sëriñ tay fexee lebi

Murid yépp a ngi geesoo'ka rocciku ci'g Murid
Kenn jombatul lëff ken fexeetul jug dabe !

Ta yéefar da daa dee sax ci ab xare ngir bañub
Deram yàqu ngir dunyaa gi déggalé ndongo bi !

Ndaxam gaayi lii am dellu bootoo ko gën ci Nun?
Lu tee nun ñu far jaayante ak Bàmba sang bi!!?

Ta dunyaa dafay wéy leegi Laaxira daal di ñëw
Ku muñ am ndamal dunyaa'ki Laaxira far xëbe

Sëriñ bi da ñoo woo toggi añ bëgg ñoo teral
Ba añ bii fexee ñëw jépp daw dugg jëmbu bi

Du tee kat ñu mos lëf ndax ngënélam yii ëppuwul
Du yëngu, du jeex it mukku ngir moo di jant bi

Lu jar yoqi nekkul sax ci àdduna sax léegi mu wéy
Ku daw yàq sab der nàkk sag ndam def ku ñuy sëbe

Ku xas tàbbi tee moo muñ ba buntam ne péll far
Mu génn ak ndamam ñuy wax ne céy boobu taalibe

# Gaayaa ngi taax ak a jël soxnaa'ka jëndi wota

Gaayaa ngi taax ak a jël soxnaa'ka jëndi wota
Xéewal gi tax na ñu far dof kenn xaml lu ko të

Alal ji ñëw na ta doyloo'kub doyal amul it
Nit ñaa ngi fii gën a bon, Séytaane neexul a të

Ku ñàkk day fas ne ñàkkam gaa ko tee mën a dem
Te kuy am it daadi gàllankooru, Yàlla na ñu të

Réer ak xam ak ñàkk ak am-am du tee nit a bon
Du tax mu baax it ku xam lii kon nga mat ni mata

Du'g ñàkk a lay tax a bon, Du'm koom a lay tax a gën
Nun ñépp, Yàlla na ñu ràññee sunna ak farata

Amul lu tee dara am mbaa luy waral dara am
Ku mucc mbaa demuta Yàlla ko def ci totam

Bàyyi lu bon def u yiw, lii war ci lar bune nag
Ku lay xamal bile xam-xam, kooku sab xarit a

Ku yor sa njëg ta gisoo loo jënd doo tane nit
Ku ñàkk njëg ta gis um njaay it mu far ko fa të

# Gaa yi tabax bii tabax man xawma seen i ayib

Gaa yi tabax bii tabax man xawma seen i ayib
Ku xëy defal sab Sëriñ lii sax mu far sa ayib

Ñoo mat di wax Marhaban, ñoo mat di wax jërëjëf
Ñoo def lu jar jërëjëf, ñoo def lu yéemu ! Hajab

Kañaan a bon moo waral nit ñépp nekku ñu tay
Di yéem akay waaru naa « céy wii defiin aka jub »

Jaaraama yéen a rafet jëf yéen a def lu ma saf
Yéenay murid yu ma saf, yéénay murid ya ma nob

Ku wax lu ñuy sib ci yéen ak séen i jëf du Ka Xam
Ku xam du wax lëf ci yéen ak seen i jëf lu ñu sib

Koo xamne teg na mbiram teg ag juram ci loxob
Sangam di aw ndigalam, Séytaane dootu ko ŋëb

Séytaane tegginaleen ak seen i jëf amatul
Ci yéenu yoonati, seen ub sang yéen a ca lab

Moo lab ci géej ub Boromam, yéen a lab ci gogam
Ku nekk wéy na ba lab ci'b cant, kenn du xarab

Yàllaa ko jox lu ko doy, Moom it mu jox nu lu doy
Ku nekk faj na sa lor, jot laa'ki cant ak i ndab

Tabax bi Yàl na nu ciy tàbbee'ka génn ak a bég
Ba Yàlla àtte mu ràpp ak jàmm, lëf bañ a jib

Ta Yàl na ñuy dund akay doyloo'ka am yu ñu doy
Ta yokku ñépp dugub fàww ak aréen ak u sëb

Ta saa su jot suñu digg ak Bàmba Yàl na fa gën
Nuy mucc akay jariñoo'kay am ñu mucc ayib

Sëriñ si Yàlla na ñu dem, yéefér yi Yàlla nañu dem
Taxaw ca xollu ñu dàkkul ñéppu Sàmba sëbe

Waa penku Yàlla na ñu dem waa sowwu Yàlla na ñu dem
Defar ko, ñibbee'ku yiw jam rab wu dee si rëbi

Ku nekk Yàlla na ca dem def lépp lëf lumu mën
Ñu yokke ca'w fanam ak jàmmam fegal ko sobe

Yàl naa ca def luma mën, Yàlla naa ca def luma am
Yàl naa ca def kuñu dul gis muy yaboo'ka yabe

Ta Yàl na xaalis bi tuuroo tuuru ñépp di am
Luñuy mos ak lu ñu cay tàbbal ta kenn du lebi

Lu deesi am ci jumaa jii, jar na xëy ne rajax
Sa bopp toj boole sag yuur ak simoŋ di tabax

# Wut leen a wut bàrke tay muñ wépp tiis ak u naaj

Wut leen a wut bàrke tay muñ wépp tiis ak u naaj
Ab xol bu seddee boroomam fàtte tiis ak u naaj

Yéenay Murid, yéen a dëggël, waaye Yàl na nu am
Ndam nun, ta am lëf lu bennub lar ñemegul a laaj

Jaangeen a jëf ñeme ngeen ub coono Yàl na ñu am
Teraanga joo xamne jii day sax fi nun ta du xaaj

Nun ñépp Yàl na nu mbéegoo bàrke def njogonal
Ngëram, te def Àjjana'b añ reere ndam ba ni faaj

Nun ñépp Yàl na ñu for ab dog bu ñuy tax a raw
Mépp ub ndog ak lépp lëf loo xamni day tax a maaj

Murid ya daa na ñu waaj as lëf ndigal sog a def
Ta yéen a ngii, ku ci am senn as ndigal du ko waaj

Koo gis ci yéen it bu njël dee jot mu song ndigal
Tay wetti aw ñaq akay not bépp noon aka daaj

Bu bët setee, daara jépp it doo ca fekkati nit
Mbaa koo ca fekk dafay koo xamni wopp a ko taaj

Fasoo namaa def ci yéen ak Bàmba cant gu tax
Yonnen ba bég Yàlla bég, Séytaane mecci ni raaj

Yéen ak Sëriñ bee waral may jiitu ñépp aka gën
Budul kon ak seeni ndimbal, ñépp bokk ma ñaaj

Nun ñépp Yàlla na ñu bar tay bar ëllëg bu rafet
Ta raw ëllëg gaa ya fay bar yépp, raw ña fa waaj

Mag Yàl na fab wépp yiw jébbal nu fàww ta ful
Mbooleem ñi dox sama digg ak wépp tiis aku naaj

# Bis boo xëyee lekk ba suur

Bis boo xëyee lekk ba suur
Ba noppi sàng nag sa biir
Bul ñee ku dee fi tuddee buur
Ca booba bis ngir am nga nguur

Àddina mbooleem ñi ko am
Yëgal ne ken du ci am
Dara ludul li nga ci am
Ag cant war nala gu wóor

Koo xamne ëpple nala
Ay yëf ndaxam ëpplela
Ag coono, coono fitna la
Ku ko amul bari nga muur

Koo xamne moo la ëpp nit
Fàww mu ëpp la ag tawat
Doo seeru nit ku amu nit
Ndare ma ngay tawat ca biir

Koo xamne moo la ëpp nit
Fàww mu ëpp la ag tawat
Doo seeru nit ku am u nit
Ndare ma ngay tawat ca biir

Àddina loo ci am mu doy
Lu tuuti tuuti daal di doy
Lu rëy rëy it du tax mu doy
Kuy sàkku àdduna du suur

Àddina doyle du ci ne
Ag doylu moo cii xala ne
Koo gis mu am ci it lune
Du tee mu soxla ay jóor i jóor

Ku kenn nit rek doyul
Am fukku taxtikoo doyal
Am junni taxtikoo doyal
Rab waa ngi nii sox aka diir

Mbub ak tubëy bula doyul
Xamal ni soxla nga ludul
Loo toppe Yàlla ak Ndigal
Tuubal i moy ta daal di buur

Ku soxla wul ludul bayi
Saa su añee na jug bayi
Ta añ nga kat jugal bayi
Sa daara jaa ngi nii di riir

Waratulaa ligéeye lëf
Lu moy di sant ak a def
Lu sab Sëriñ ne dee ko def
Tay moyu luy waral i toor

Sa may yi rëy na ta bari
Santal a sant lu bari
Tane nga kat gaa yu bari
War ngaa joxe’g cant gu foor

Bàyyi’g tawat warna la yaw
Ag cant it war nala yaw
Ngir sab Sëriñ fay nala yaw
Teg la ca kaw ta jox la nguur

Ku la ni wax ma nag sa nguur
Gi ñu la jox dëgg bu wóor
Nga ni ko ab doyloo di nguur
Ta doylu naa wëlis i buur

## Ma jug man ta déeyaale ak sang bi

Ma jug man ta déeyaale ak sang bi
Ba dag yépp booloo ne xëndëŋ nelaw

Ta déeyaale sax kat balaa saf nga nég
Ba mbooleem ku doon soow akay wax selaw

Limay bëgg a déeyaale nag du'y dëram
Du ay soxna du'y fas du ay taaxi kaw

Du ay tool aki dàgga du'y kër yu rëy
Du mbooloo mu may dox di sàntoo'ka ëw

Du luy ràpp akay tas du luy jee'ka dee
Du lëf lenn sax far ludul am la yaw

Ta yaw Bàmba mii laa di wax yaw ki gën
Ku dee fii siyaaree'ka mokkoo'ka naw

Ludul am la am laa ko gën maa ko wax
Lu far for ludul ndaw sa, ndaw saa ko raw

Ku for ndaw sa doyloo ko doo gis ku far,
Ndaxam ndaw sa dee tay, foraatoo ka ndaw !

Ta far wuy gëram loo ludul jël bu wér
Yëgal yaw ne far woo wa moo gën di ndaw

Ku dikkoon fi as ndaw mu jox ko'y séram
Ta ceebal ko laaxal ko laax ug karaw

Tëri jot mu tëdd ak moroomum faram
Ba koo'ki sëram, kon na wax wóy ca kaw !

Lu far am ludul ndaw sa loolee du tus !
Ludul ndaw sa nax la ta du'y nax yu ndaw

Ndaxam far wu bon sax du for ndaw sa gën
Ta ndaw sii ma gis ag canam dootu sew

La muy bëgg yombul la muy wut sewul
Ka koy jël du sàggan du siiwee'y nelaw

# Lu yàgg yàgg lu baaxay am lu sedd xolay

Lu yàgg yàgg lu baaxay am lu sedd xolay
Am dëgg dëgg ak lu gën loo gis gënal nu lune

Yàllaa rafet jëfam ak léppam rafet mu yéwén
Rafet jëf ak njort a war waayam te gën ca lune

Ñaawul bonul tilimul aayul nayul tëjuwul
Tuubal sa moy gi sa moy gee tee nga jot ca lune

Jortal ci moom ak lamiy def lépp jàmm aku yiw
Bakkan bi nag dee ko tuumaal ag loram ci lune

Bakkan dafay digle aw ay tey teree defu yiw
Yàllay terew ay di diglew yiw ci lépp lune

Mbooleem lu koy saf ci waayam lépp yal na ko fab
Tàbbal ci nun fàww biir ak bitti maynu lune

Cantam ga yal na ko fab jébal nu ak ngëramam
Lu dul tuxooti ci xarbaaxam yi ëpp lune

Dexug ngëneelam gu dul fer mukk yal na ko fab
Saxal fi nun dàkk nuy yokkook a yokk lune

La sedd xol lépp biir ak bitti yal na ko fab
Jébbal nu jébbal gu seddub xol nu làq lune

Waamew teraanga wu lóoral fépp yal na ñëw ak
Lu sedd xol luy waral xel yépp dal ci lune

Mucc ak mbeg ak suturaak ag cant yal na ñu ñëw
Ànd ak lu ñépp ne ngeej ak ndam lu ëpp lune

Ku nee ngi taatan akay yaakaar i waame yu ñor
Ne xépp fees ak lu gën loo gis gënal nu lune

# Sëriñ bi gaa yaa ngi rëbi

Sëriñ bi gaa yaa ngi rëbi
Jigéen a kay dox di rëbi
Ag jur ak ay wut ug xabi
Man Mbàkke maa ngi lay rëbi

Xam naa ne yaa di ngën gi rab
Te ku la jam jam wépp rab
Ku la moy it moy wépp rab
Yal na nu jam sa pàddu bi

Yal nanu fab sun dëggu bi
Teg ko ci kaw sa dëggu bi
Yaw ki foboon sa dëggu bi
Teg ko ci kaw dëggub Nabi

Na nga nu may ndimbal lu rëy
Te may nu it tawféex gu rëy
Gatandu nook i may yu rëy
Yaa gën a am gën a tabe

Na suñu itte yi kawe
Suñuy maqaama it kawe
Nuy kawe bay gën a kawe
Ku ne ci biir ak biti bi

Na nga nu farle ba nu ub
Tay ak ëllëg làmb ju jib
Te def nu mbër mu yaru jub
Mu dul bajantu du tëbe

Te dëgg def nu ab muriit
Mu wecci junni bii muriit
Yoo xam ne bii seenug muriit
Saf na la saf Yonente bi

Teg nu ci kaw suñuy moroom
Fa Yàlla kay suñu Boroom
Ak fa kanam suñuy moroom
Nuy gaa yu gën yu dul tëbe

Bëccëg gu jot jëme nu kaw
Guddi gu jot jëme nu kaw
Waxtu wu jot jëme nu kaw
Jàpp nu ak sa loxo bi

Foo tollu dee nu jëme kaw
Ànd ak mbég ak jàmm aku yiw
Nuy sant akay jëm kawli kaw
Yóbboo nu nii yaw sang bi

Te rikk saa béppub jataay
Na gën ci nit béppub jataay
Fegal ci saa béppub jataay
Séytaane ak moy ak sobe

Fegal nu lor ak sababam
Te may nu yiw ak sababam
Ak sa ngëram ak sababam
Wuyu nu yaw la nuy rëbbi

# Yal na nu far tawat gu am

Yal na nu far tawat gu am
Te feg tawat gu nar am
Mu teggi wéy lumu ci am
Lépp lu sedd suñu xol

Yal na nu am céeboob njariñ
Mu ñàkk lor bari njariñ
Ci darajay ki am njariñ
Ba tax xelum ñi bon a dal

Yal nanu jox ku ne mbégam
Ba noppi nag dolli ko gëm
Bu yéemu lool ak ñi ko gëm
Lu dal xelam ma di ko dal

Ndam Yal na nuy biiw ak a dal
La sedd xol Yal na nu dal
Ci bopp dal gu sedd xol
Ba ñenn joy bay bëgg a raw

Yal na nu yoorekat bi yoor
Caabiy ngëram ya gën a foor
Caabiy ngëram ya foor a foor
Ba gën i tax ak i alal

Ka tabe am yal na ne ciix
Wépp yiwam ne nu ko foox
Nu waaru sant ne ko ciix
Mu yokk nuy néeg ak i lal

Ka jafe laa dagaana am
La jafe laa dagaana am
Fa jafe laa dagaana am
Yal na nu fab yii yatt jël

Yii yatt daal a jar a jël
Ku ci ne yal na nu ko jël
Mu faf nu jël nu faf ko jël
Mu def nu njël nu def ko njël

Yal na njariñ yi walagaan
Ku nekk am la mu dagaan
Lépp ak lu gën la mu dagaan
Seddum xolam yee ko ca njël

Yal na nu yeesal suñu ngëm
Peq te dolli suñu gëm
Fàww te naatal suñu gëm
Yaatal nu boole nu xajal

Yal nay ngëram taw ba wale
Yal nay dëram taw ba wale
Ndam xetti fépp wowale
Foo toll ñuy foog ak a ñal

Yal na nu man jaamu gu të
Ak wépp yiw wu am ko të
Raw jépp lor ju raw ko të
Jot ci lu sedd suñu xol

Ma sant saa sëriñ bile
Te sant saa murit yile
Amuma lut sëriñ bile
Ak saa murit yile ma wër

Samab sëriñ defar na ma
Samay murit dimbali ma
Man sant ñépp war na ma
Ku ne defal na ma lu wér

Yàlla fayal samab sëriñ
Ag yiw te dolli ko njariñ
Te may samay murit njariñ
Ak lépp luy tax ñu sawar

Suñub sëriñ Yàlla na bég
Suñuy murit Yal nañu bég
Fàww te jag tay ak ëllëg
Te bañ a yoqi bañ a wor

Mboleem ñu nuy may sutura
Yal nanu taqoo sutura
Fàww te teggi sawara
Ak gàcca ak sépp saxar

Samay murit wàcc nañu
Ngir ken du wax siisu nañu
Te kenn du wax gàntu nañu
Yal nanu am bàrkeek u tur

Fab nanu kër gépp defar
Yal nanu boole seen i bir
Defar ba dootu yàqu far
Ñu gudd fan wér sori lor

Noor ak nawet duñu taxaw
Ci sama mbir la ñuy taxaw
Yal na Sëriñ Tuubaa taxaw
Ci seen i mbir taxaw gu bir

Yal na sëriñ Tuubaa taxaw
Ci seen i mbir nag te taxaw
Te suñu mbir géppug taxaw
Te dolli nooti sox bu ñor

Soxam bi yal na daa di jib
Buy jib suñuy pexe di jub
Te lëf du jib bii sox a jub
Saasu jibee jubal i mbir

Yal na ne téf soxub ngëram
Gu tax ma bég sant gëram
Moom it mu bég sant gëram
Mbég ne wesar ñépp di for

Yal nanu may waamey njariñ
Yu nuy musal ak a jariñ
Tey dàkku lépp lunu bañ
Di naatali xol ak i cër

## At mile wéy yal na wéy ak

At mile wéy yal na wéy ak
Suñuy tawat tay ak ëllëg
At miy ñëw it yal na ñëw ak
Suñuy bég ak suñuy ngëram

Sëriñ bi at mile teru
Na ci suñuy ngëram teru
Suñuy mbég it na ci teru
Ku ne seral ci ab xolam

Ku ne dalal ci am xelam
Te faj ci it jépp loram
Te far jubal ci ay biram
Yépp te yokk aw fanam

Fabal ndoxum jàmm aku yiw
Sotti ko ngir Yàlla ci kaw
Ay wi te wallu nook i yiw
Te jox ku nekk mébatam

Na jàmm dikk ju bari
Xéewal yi dikk te bari
Cant yi dikk te bari
Te bañatee tuxook i ndam

Li dale fii ba àjjana
Far nu ko soppil àjjana
Nu nekk nag ca àjjana
Di wéy ba tàbbi jee nu jëm

Fegal nu laaj aku layoo
Ak luy waral laajuk layoo
Dolli nu wëlliis di layoo
Tay ak ëllëg te may nu ndam

May nu wér ak wér ci ndigal
Ak dund akug topp ndigal
Lu dul i mbég bumu nu dal
Dàkkul nu Ibliis ak ñoñam

Luy tax nu bég ci suñu xol
Bay sant rekkk na nu dal
Te lu ko moy bumu nu dal
Dàkkul nu hay fàww ak ndawam

Dàkkul nu ràgg ak i metiit
Jëkk jógug ràgg ak metiit
Musal nu it ci mépp tiit
Tay ak ëllëg jëggug ñëwam

Luy wàññi gëm na teggi wéy
Luy rékki gëm na teggi wéy
Luy yàq xel na teggi wéy
Dàkkul nu yii jëkkug ñëwam

Musal nu nun jëkk ug loru
May nub yar it jëkk ug beru
Defar nu jëkk ug asaru
Ngir Yàlla daal ak Yonenam

Na ay wi daal di fay kamaj
Ba mel ne xel dóotu ko daj
Te boo yaboo mu fay kamaj
Ba mel ne sax masul a am

Ay yàgg naa tàkk nga fay
Ay wa ca Daaru yaa ko fay
Ay wa ca Koongo yaa ko fay
Ay yi nga fay Yàllaa ko xam

Fu ay masee tàkk nga fay
Yàlla mi tax ngay dox di fay
Yal na la fay ag pay gu réy
Gu kenn dul wékkum xelam

Bu dul kon ak yaw nu loru
Bu dul kon ak yaw nu woru
Yaw ki nu tee loru woru
War na nu laa sant ndaxam

Boo fi newul woon naka mbir
Boo fi newul woon jépp lor
Dal nu te kon lëf du ko jar
Dàkkul nga nuy lor may nu gëm

Ag cant yaa ko mat a jox
Àddiya yaa ko mat a jox
Ku wax lu dul li ma la wax
Day waa ju sànku ju gëlam

Yaa mat a jox mbir ak alal
Jox naa la saa lépp fabal
Te def ma lar bunu musal
Bu gudd fan wérug yaram

Na nga ma def sab lar bu jee
Tàkk ci yaw ni nga jee
Ci Mustafaa ak ni nga jee
Ci Yàlla mii ba am ngëram

# Nun gaayi ley dundu nañ jug léegi sàkku yóbbal

Nun gaayi ley dundu nañ jug léegi sàkku yóbbal
Suñ mbokk yaa ngi fi sëg yii naa ku ñuy saraxal

Duñ dégg duñ gis ta am ay gët du tax nit a gis
Kuy jis ta doo waaru, kooke kat gëtam ya gisul

Kër yaa ngi sëg yaa ngi, lii koo xamni gis na ko tay
Soxlaati lëf ludut ab yóbbal sa xel bari wul !

Woy man (ter) ! Gaayi réer a ka bon !
Suñ dundu yaa ngi nile ñuy booyal ta lii waxuwul !

Ñoo ngii di sàggan di sàkkuy taalibee'ki alal
Ba dee gi xëy si ñu, Ay ! nañ tuubi lii defuwul

Ta bët bu sébbee ku am am xel da ngay bay a bay
Bu deefi pese ji ay mbay luy pexem ku bayul

Nawet bi dikk na day dënnoo'ka xiin ak a taw
Nañ jug sébbalu bum yendoo ti kër ta daggul

Alal ji nuy dajalee'kay kërkaree'ka baril
Day tax suñuy ndono naa yii gaay a bëgg alal

Ay naar i góor ak i soxnaa'ki alal mayewul
Ngëram fa Yàlla nde kon kay am ngëram di Morel

Ab xol bu sell bu set lii moodi lay maye ndam
Bisub layoo ba ta duy soxnaa'ki taax aki mol

Nañ sànni àdduna mii ñuy dox di téq ak a dog
Ta sàkku Yàlla, ludul wax jii dafay tilimal

Buñ geesu mbooloo yi nu nekkal ba fàtte bisub
Dee ak bisub fayu jëf, nañuy yëg ni Yàlla fowul

Kuy dem Allaaxira doo ànd ak ludul la nga jëf
Doo ànd ak i naar i góor ak bëkk néeg ak i lal

Ku dee ba dee si ko sàng i waaj a yóbbu këram
Nga dégg soxna ya jooyo na ku ñuy xala jël

Mbooleem njabootam naa moo nun fuñuy xala jëm
Wollare wuy wëy di wëy Yàlla ko mat di fasal

# Sëriñ bi nun bëccëg bu jot

Sëriñ bi nun bëccëg bu jot
Bàccal ñu yaw ngërëm mu rot
Bàccal ñu yit bàrke mu rot
Ñuy sant akay farlu di for

Te gépp guddi gudalal
Suñuy maqaama te fulal
Suñiy jëf it ta sellal
Suñub njaboot ak suñu kër

Te sépp saa na nga ne saa
Ci suñu xoll yi ta ne saa
Ci suñu kër yaw, senn saa
Bul jug fi nun mukkati far

Waxtu wu jot dalal di wax
Yàlla mu daad ñuy jox a jox
Lu ñuy mbébét yaw loo ko wax
Da nako def te duko mer

Fegal nu yit ci mépp at
Atte bu ñiy tax a tawat
Ak àtte buy tax um nawet
Di gàntu lennatee'ka mar

Te may nu nag ci wépp weer
Fan weer i mbég ak fukki leer
Ta bu ñu tàggootee’ki leer
Mukkati, mbég yune xasar

Te gépp noo yaw nooyalal
Suñuy waxiin ak suñu xol
Te may ñu ab xol bu ragal
Yàlla, te gëm ko gëm gu tar

Garab nga guy tàbbal ngërëm
Ak dugub ak ndox ak xorom
Ku la forul ñàkk xorom
Ñàkk dugub, tàbbil ñu for

# Yaa xam ta yaa am, ta yaa di'b tab, xañoo ñi la moy

Yaa xam ta yaa am, ta yaa di'b tab, xañoo ñi la moy
Xañoo ñi lay topp, waccoo kenn, ñépp nga may

Ñii may nga leen i ngëram, ñii may nga leen i dërëm
Ñii may nga leen i daraa, ñii may nga leen i tubëy

Xamal nga ñii lëf, amal ñii lëf, mënal ñile lëf
Defal ñile's lëf, wan as lëf ñii tegal ñile hay

Xorom nga ñii, may ñile'm xel tàggatal ñile lëf
Tàggat ñile's lëf may ub yar ñii, tofal ñile way

Musal nga ñii yaw, mosal ñii saytu ñii tëye ñii
Teg bët ci ñii, sàmm ñii nag sàmm loo ñile, céy !

May ug jur ak tabe ñii, may xam-xam ak jëfe ñii
May sag bu rëy ñile, may ngor ñii, fegal ñile nay

May yëf yu doy ñii, may ug muñ ñii, may um pexe ñii
May ug lewet ñile, may ñii fit wu yéemu wu rëy

May jàmm ñii fàww, may tawfeex ak ug daje ñii
May mbir mu jub ñile, may ñii xol bu sedd ak u lay

May ug doy ak doylu, ñii may ñii ndam ak jërëjëf
May ug rafet ñii, may ug saf ñii, notal ñile mbay

May gudd fan ñii, may ug wér ñii, may us colo ñii
May buntu ñii, ubbi buntub ñii, ñu sant di wéy

May bàrke ñii, ñii nga fab nag seen i muj rafetal
Teg ñee ca firdawsi, yaa woomal ta aayula may

May goo mësoon a may ug lar may ñu googale may
Fegal ñu nattu bu nekkoon it ca boobale may

# Diirub li ñuy dundu, tuub ak rëccu daal a nu war

Diirub li ñuy dundu, tuub ak rëccu daal a nu war
Ngir ñàkk a bëgg daraa war ab murid ta të na

Koo xamne kii dafa fab boppam, jox ub Sëriñam
Ba noppi naa ko defal lii mbaa bàyyil woru na

Laaxoy bu fab fetalam ak puutaram ak i wal
Jox dànna, dégloo ko war waande'y nelaw bari na

Koo xamne kii ñu ngi koy yootal di waaj a fetal
Muy soow akay soññi, hunhun yewwu kay jafe na

Ku yewwu day soññi boppam sant ab sëriñam
Jébbal ko lépp lumuy def ciy mbiram, mu ba na

Soññee'ka yeetee'ka yàkkamtee'ka tànn warul
Ku dee si wommat, bàyyil yii ! ba yii ware na

Ku génne boppam ci ñéppam melni jëmm ju dee
Ñuy sàng akay sang akay jullee'ka fab gañe na

Lefug murid yépp a ngii ! mbooleem ku bëgg a dawal
Na ñëw ci lef mi, fa lef mii jëm asal sori na

Amaana ngay gis ku jug bis sóobu lef mi di daw
Ba ñépp tagg ko, doo wooloo lu neefi « ba na ! »

Amaana ngay gis ku raw tay jii ta gis ku ñu raw
Bu ëllagee ka ñu daa raw, neefi tay « rawe na !»

Murid yi yépp a ngi raj-rajloo ci lef mi di daw
Yii saa ñu naa « kii sawar » yii saa ñi naa « tàyyi na »

Yiiy dog da ñoo bari ngir ag ñàq dog na ñu rëy
Ñi xam-xam ak alal ak mbooloo dog it bari na

La dee fi sàkku ci man ak bépp taalibe nag
Ñu bokk mel ni ña dee tay dundu, lii kawe na

Xol yépp bég ci ndigal, cër yépp bég ci ndigal
Ta kenn du bëgg ak a bañ, mbir maa ngi nii ta të na

Murid ci lii la ñu koy jiitoo ci lay rawe it
Ku njëkk a mel nile am loo xamne am ko të na

Sëriñ bi Yàlla na ñu may tuub ak gëm ak melo wii
Ta may ñu ngir Yàlla mbir mii neefi « am ko të na »

# Sëriñ bi bokkoo ci say wax jëf la moo gën i wax

Sëriñ bi bokkoo ci say wax jëf la moo gën i wax
Ta jépp wax joo waxul ay wax la maa lako wax

Man jenn wax joo ma wax may dégg moo ma gënal
Sëriñ bu nekk ak jëfam fopp ak waxam ju mu wax

Sa jëmm doyna ma, wëllis jépp jëmm ju am
Sa wax yi doy nama, wëllis wax yu téere yi wax

Yaw kenn yaa gën a doy mbooloo mi, yaa gën a doy
Mbooleem ña doy ñépp yaa wat ñay wax ak la ñu wax

Loo xamne lii mës nga koo wax, Yàlla def na ko ngir
Yaw yaa ko daa topp akay jaamoo'ka def lumu wax

Nuyul nu ko's lëf ta wax ko's lëf ci nun lu nu saf
Lu sedd xol yépp dal xel yépp yaa ñori wax

Santal nu ko's lëf ci yaw mii tax nu xam ko bu wér
Bay am ci moom i ngënéel ak jëf yu baax ak i wax

Santal nu ko's lëf ci moom ak yaw mi dem dayo ndax
Péeyam ba yaw la ko wan, ndéeyam ba yaw la ko wax

Lu man di am ñoo ngi lay yàkkaar akay bége nun
Yërëm nu, làq nu yaa gën jëf yu baax ak i wax

Yaa ëpp julli gu baax ak wird, ëpp tasab
Gën fopp koor ak aj ak dem jàkka, lii mat a wax

Yaa wér ta yaa am lu wér, yaa am lu sikk newul
Yaa am lu ay nax newul, yaa am lu suuxali wax

Yaa wóori mbir, wóori jëf, yaa wóori wax, weri may
Yaa ñuy defal ci lu ñëw loo xamne am ko të na

# Sa benn kaasub kafe daa dàkk ab komiseer

Sa benn kaasub kafe daa dàq ab komiseer
Ak ub komàndaŋ akay follee’ka sànk aka tëj

Sa wenn lor woo ne tëf nit benne rek a fi daa
Booley lor ak tawat ak aajo’ki ràgg di faj

Yaa daa defal nit ci benn ub tib njariñ lu ñu naw
Ta doo ko tàbbali xalwa’kay dugal ci lu lëj

Yaa daa musal nit ci lor fàww it ta doo ko jox ub
Galen ak ub téere, yaa ub làmb i Yàlla ja kaj

Yaa daa tofal nit ndamal mbooloo ta xamni xamul
Sax wenn wenn u araf, sag cant moo mata daj

Yaa daa faral nit i bàkkaaram ta doo ko sonal
Ubbil ko buntub njariñ, teen ub mbégam ne përëj

Yaa daa fab it njariñal xam-xam dugal ko ci nit
Muy ŋoor i cantam yu dul yam fenn mukk ak a xaj

Yaa daa fab it waa ju melni’b ëkk ubbi ko bis
Mu waar i góoree’ka not buur ak dagam ya ko taj

Lu jub lu rëy li nga def tay jii, la ngay xala def
Bis pénc a koy ëpp gën koo yéemu yaa kawe puj

Yaa boole nopp ak i gët yaa def lu jub lu rafet
Lu buur i nopp ak i gët, yaa tee ñu fay ni kamaj !

Xam laa di ndam, di ngañaay ak bàrke tay alal ak,
Xam-xam, Ndaxam Yàlla sax léppam ci yaw lako aj (Céy !)

Yaa dig ajam ga mu aj mbooleem yëfam ya ko saf
Nun ñépp may ñu ci yaw yoolub aj ak ndam i aj

Buurub Aras, yaadi gaalam, tëj na lépp ci yaw
Tëjal sa lépp ci Nun, dàqal ñu luy tax a toj

Dëëral ñu, def ñu sa ndab loo xamni lëf du ko toj
Ta ku'm xelam neeti yar as lëf ci toj ko nga tëj

# Tay marsàndis um ngëram maa ngii di wékke ni xus

Tay marsàndis um ngëram maa ngii di wékké ni xus
Ku bëgg a jënd na indi'g njëg gu rëy gu rafet

Ta fàtte say mbokk ak say soxla moo di njëgam
Ak sopp Yàlla ta gëm koo gëm ba doo nduru nit

Ba xamni yàakaar i mbooleem say xarit da na tas
Nga mujj far di'b jirim boo xamne ken du la fat

Nga noppi rek ta naa Yàllaa ngi gis li ma ne
Ta waxtu wu mu ko juboo mbir mii ma dal di na set

Bu Yàlla wooloo ni yaw mii soppatoo lu ko moy
Ta jàppatoo lu ko moy muy fab ngëram di la yët

Ta Yàlla joxtila boppam njëkk wii melo yit
Weesul ludul Yàlla wut Yàlla, moo mat a wut

La def i bëgg ak la deefi muslu moo ko am it
Moo ñuy bégal di ñu may moo ñuy fegal lu gënut

Ma dolli ag yeete ngir kuy yee ku dof du tàyyi
Ta donte dof dana yëg lëf it, yeete dootuko mat

Sëriñ ba àgg na nun ñoo des, da ñoo war a jug
Ta jox ko mbir yi le njëkkub dee, ta ñoo ngi màggat

Ka pert moo di ka bokk ak Bàmba mii jamono
Di dégg akay gis ba xëy dee nag ta jébbalu wut

Yàlla na ñu ko Yàlla fegal ak képp ku ñu mës a xam
Ak képp ku ñu mës a gis ak jépp doom i julit

Moo jaa lu jar ne fi ag dex deesi dee ngir u mar
Ku lii di dal texewul, ay dal na waa ju xamut

Nañ feddaliy laxasaay it gëm ta jébbalu nun
Suñ xel yi nay dal a dal ngir Bàmba moo ñu wommat

Ta xamni kum jiite doo too seeru luy ndiru lor
Nañ dëkke ag cant ngir am na ñu lu kenn amut

Moo xamle Yàlla ta weexal mbir ma ba mu fés a fés
Ta awko awlu ko, ki sàkkal ko ndend warut

Moo fekk kuy takki sàkkaañee'ka takki boggal
Mu jàpp seexal, ba ñuy gis muy jubal mbir i nit

Giree'ki foq ak i mbal-bopp moo ko xewwil
Fab gaa ya daa watu yii jox leen kees ak i yat

Di topp Yàlla ta géntoo loola moo ko xewal
Moo tax ba koo gis mu am xam-xam gu rëy ta jàngut

Moo dàq moy Yàlla indi'g topp ñépp di gis
Man kii ma gën moo ma sut, moo sut ku sut kama sut

Lii tax ma toppu ko ngir nit fum fi gis ku ko gën
Na jug ta toppu ko, daw ab àtte day tax a xat

Jox naa ko saa mbir ta fas naa yéene mel ni ku dee
Du man di bàkkoo'ka woote'g mbër du man di tëb it

Maa ngi di sàkkoo def ub jaamam ak ub muritam
Man loolu doy nama ngir jàamam ba deefuko not

Saa xel mi dal na ta man mii sax lumay rëtati
Ku am digaale bu mel nii kooku yellut a rët

Ku bon ta am ku la baaxal lee nga jot kula raw
Ku wow ta deefi la xont it lee nga am yaram it

Ku bëgg a daaney moroomam nay far ak bërekat
Ku bëgg a dàq i moroomam, nay far ak xarekat

Man duma léewooka songanteeka wax ni isib
Def naa la saa mbër kumay sóoróoti, nee ko farit

Watul ma saa bopp ak mbooleem ku làqu fi man
Ta wattu mbooleem kulay yàkkaar akay bégé it

Yoral ñu suñu mbir yi, yaw yaa xam na ngay yore mbir
Musal ñu fàww ta yor ñoo yor ba dootu ñu rot

Yàllaa la wóolu mbindéefam yépp wóolu la it
Ku Yàlla wóolu ku koy wóolóodi kooti yëgut

Def nañ ab sàmm dee ñuy yeew akay wëtali
Akay jëfal ta kudul yaw bumu ñu sàmmati kat

Féqal suñuy fan ta bàrkeelal suñuy jëf itam
Xàjjil ñu Ibliis ak i gaayam ta may ñu mbébét

Mbooleem luñuy wax akay def lépp nay sa ngëram
Ak jikko juñ jikko woo ak lépp luñ di fas it

Bu wuute am suñu digganteeti foo man a ne
Ak fépp fuñ mën a ne, def nañ la tànk ak i gët

Fabal sa jëmm ji ak suñu jëmm yii jaxase
Ba xamne ken du ñu xàmmeetee'ka xàjjale yit

Feesal ñu ak sa ngëram ak lépp loo ñu tànnal
Yaw loo gëram rek a gën, loo tànn rek a rafet

# Li ngay defal Yàlla du doy

Li ngay defal Yàlla du doy
Ngir li mu lay defal du doy
Jàmm ji muy joxe du doy
Jaamu gi muy digle du doy

Bul doyle ci'g jàamooti yaw
Ta doyle woo ci jàmm yaw
Diirub li ngay am aajo yaw
ci'b añ amal itte ci mbay

Yàllaa ngi lay defal lu baax
Ta mingi lay defloo lu baax
Boo ko bàyyee defal lu baax
Mu bàyyi kat noonu la doy

Bul jàpp añ ne xérr mbay
Bul sànni añ ne nikk mbay
Saxal ci añ dëkk ci mbay
Xaral ci lii tànkub tubay

Añ du lu ñuy mën a bàyyi
Mbay du lu ñuy mën a bàyyi
Yii yaari yëf loo ci bàyyi,
Bàyyi nga saw yiw ŋàbb ay

Ku wacci sas ci àll ba
Di yootu añ moo mata ba
Bul ba lu deeful mëna ba
Boo ko bàyyee doo mëna wéy

Ku bàyyi mbay ñaawu doxiin
Ku bàyyi añ ñaawu doxiin
Yàl na nu gën ñépp doxiin
Ka may ñi am Yàlla na ñu may

Ka may ña am gépp ub noteel
Yàl na nu may géppub noteel
May nu ndam ak wallu gu teel
Gu gaawe ni'g melax

# Mbooleem ku nekk ci kaw suuf sii ta yéene ma lëf

Mbooleem ku nekk ci kaw suuf sii ta yéene ma lëf
Loolee mu yéene ci man mi lépp Yàlla na ko dal

Ku yéene as lëf ci man may naa ko yéene ja faf
Xanaa ku yéene ci man aw yiw xelam wara dal

Mbooleem kuñuy soxalub sox Yàlla na sex la mu sox
Soxam ba dellu ci moom ak téf ja yee ko ca njël

Ñag naa ba noppi ku dal ci'b ñag sa boppu nga lor
Kuy sox na sex fàww, kuy yéene's lëf it na ko jël

Sëriñ bi laa wóolu man fab naa ko fàww ñagoo
Awma'g taxas gu ko moy, moo gën taxas gëni wol

Kuy gor taxas aka ñag may xëy di féddali gëm
Kuy sonni ci'g fetal it may sonn man ci ndigal

Man dugg naa ci Sëriñ bii Yàlla na dugg ci Nun
Def naa ko mbubb ak tubay sol naa ko Yàl na nu sol

Def naa ko ag léemu, léemoo naa ko nag sama kër
Léemoo ko yit sama bopp ak kuy seral sama xol

Ngaarew nu wër nu ta ñag nub ñag bu tal bu nu wër
Kuy btt ñag aka tëb ñag baa ngi, gudd na tal

Bii ñag du ñag ba ñu daa sàkkee’ka bëtt aka tëb
Kuy dof ba tëb jëm ci ñag bii dee ñu xëy ko gasal

Kuy daw ba dugg ci ñag bii raw nga lor rawu ay
Duggal ci ñag bi ba dootoo xam na biti bi mel

Man dugg naa ta dugal mbooleem ñi may may i mbég
Nun ñépp Yàlla na ñu jàmmoo, Yàlla buñ dara dal

# Firdawsi rekk a nu saf, firdawsi rek a nu doy

Firdawsi rekk a nu saf, firdawsi rek a nu doy
Firdawsi rekk ay alal, Firdawsi rekk a nu suur

Firdawsi kër la gu sedd ub xol ta boo ca demee
Ba teg ca bët xamni nguurub Yàlla daal a di nguur

Moo sedd guyu xolub koo mën di dégg aka gis
Moo dal xolub koo gis ak koo dégg, jii wax a ka wóor

Sa xol du tàng du bax foofe du war-ware it
Day neex akay nux-nuxee'kay sedd guy ni yuur

Barab ba day kelkelee'kay dàq lem gu nu jar
Sukar ta waajoo fa gis muy baax akay tane buur

Yaw doo fa rus doo fa ras, doo ñàkk doofa torox
Ta doofa dox ba dajee'kub dee'ku tiis aku toor

Koo gis dalay dox di ñee foofee ta doo kofa ñee
Njariñ yi wër la ni gàññ ak jàmm ngay bari muur

Sab xol dafay sax ci guyy ak gutt foofale faa
Nga tëdd ci'b lal bu sedd ub xol bu yaatu bu foor

Doo dégg u ay doo ko gis, loo bëgg teg ca sa bët
Faf teg ca sab loxo teg cib cant jàpp ko ŋoor

Doo wopp doo wonku doo bon doo dajee'ku naqar
Doo muslu, doo moslu, lii jar lépp, déggale góor !

Doo seeru lëf ndare mbég, doo dégg lëf ndare mbég
Doo jug ci mbég doo yëg it ab sedd doo yëg u buur

Doo gis lu jar xule nit foofee ta doo fa xuloo
Jàmm ak saxub jàmm ngay gis foofa ay dufa goor

Am Yàlla ak ngëramam ak àjjaanam a nu suur
Nun ngalla Yàlla na nu am yii yépp am gu nu suur

# Sëriñ bi bégal sab xol na sedd nga sant yaw

Sëriñ bi bégal sab xol na sedd nga sant yaw
Ku Yàlla bégal day bég te Yàlla bégal na la

Bégal nga sëriñ sépp ak murid yi ba ñépp bég
Nga may leen i ndam, Séytaane bañ na la foñ na la

Bégal nga sahaabay Mustafaa teg ca Mustafaa
Ta jël nga ndamal mboolo mi mbër yépp naw nala

Bégal nga Malaakay Yàlla ya ak Yonenam ya nag
Kuréel yépp, péeyib Yàlla, xejji ya xam na la

Teral nga jullit jay bépp yéefër mu wéy nga wéy
Te lëf manulaa yàqal, kañul ! Yàlla kañ na la

Jullit yi ak yéefër yi ñoo bokk yam fi yaw
Amul ku ci xam as lëf ci yaw mile, bir na la !

Ku nëbbu ku feeñ as lëf nga, mbooleem lu deefi naw
Ci yaw, asakay sag mbaax a, sab soppe may na la

Dangay sàkku, teg téeméeri junni fi as mbarab
Ta feeñal ca bennub junni, ñuy fas ne benn la

Budul kon ak ngëmeel ak càggan ak nelaw ak xaraɳ
Sëriñ sépp booloo ñëw ne bir yaa ngi, lew na la !

Ku not gaynde not seg gak mbëfër dàq ñay mu daw
Du soowoo'ki boy, noppil ta wéy, Yàlla gis na la

Ku lay def moroom it xam ni xéll ni yaa ko mën
Lewet gee waral ñuy dendadoo, waaye noonu la

Sarax nus ngëram suy yokk fàww te dootu dañ
Te dal nuy bégal ngir Mbàkke YÀLLA bégal na la!

# Saxal nu ci péeyib Yàlla xejjal nu fàww nag

Saxal nu ci péeyib Yàlla xejjal nu fàww nag
Te fàggul nu fàww sañ-sañ'ak fan wu guddu lool

Te may nu ci Jibriil ak way ak wóolu ak ngëram
Ak ub jagle ak tawféex akub jub bu yéemu lool

Te may nu ci Mikaa-ila xéewal yudul sébét
Yu sax dàkk-dàkk ak jàmm joo xamne rëy na lool

Fegal nu ci Israaila fàww ndog ak tawat
Te duy nu ngënéel ak cant dëgg yu sédd lool

Fegal nu ci Israafila nëx-nëxi bépp bis
Te boole suñiy bis yépp teeyal teral nu lool

Sarax nu ci sag baax ak Malaaka mu aw ndigal
Lu sedd xol ug mbooleem ñi teew ak ña wuute lool

Sarax nu ci bàrkep bépp Yonent ak akuw nitam
Terànga ju dul deñ mukk-mukk ju màgg lool

Sarax nu ci xarbaax ub waliyu wu làq ndam
Ndam ak sutura'kub xam-xam ak raw ñu raw ña lool

Sarax nu ci bàrkeb bépp sang ak ña koy dawal
Ngëram lu ñu dootul far te di ko yokk lool

Sarax nu ci bàrkeb képp kuy gëm akay jubal
Rafet njort fàww ak jëf ju rëy ju ñu nangu lool

Te rikk joxal mboleem kulay sopp ab sarax
Bu duun ak njariñ loo xamne saf na ko sàpp lool

Te jox ku ñu sopp ub jank boo xamne faj na lor
Te faj aajo faj gépp up tawat faj gu waare lool

## Sëriñ baa ngi yonne ndaw ci nun

Sëriñ baa ngi yonne ndaw ci nun booleekoo'ki mbég
Bu ndaw loola yegsee ñépp ñee nu, nu waaru bég

Ligéeye wuñooti's lëf ludul xaaru gan ñu gën
Ñu ànd ak ngënéel ak yërmandey Yàlla jépp nag

Ganub Yàlla day wàccey njariñ dàq lor mu dem
Du maasub ganug Séytaane, Yàlla na ko Yàlla feg

Ku ñëw faj sa lor, yët lay njariñ sax fi yaw di jub
Du maasum ka ñëw fab say njariñ xañ la jàmm teg

Soril nanu ñub céytaane fàww ak lu koy xesaw
Fegal nanu ñub ràgg ak jabar, lépp faf na jag

Bu Séytaane nee ne ñokket nu fél ko mu moy nu nun
Bu yërmànde nee ñokket nu jañ ci suñuy wanag

# Dugal naa saw nit ñépp ak sama jëmm jii

Dugal naa saw nit ñépp ak sama jëmm jii
Ci gaalub Sëriñ tuubaa gi yaw Yàlla seere ko

Musal nu musal mbooleem suñuw nit ci jépp lor
Ta def nu nu lay bégloo’ka sant aka dolliku

Kunuy bëggatee yan wenn ay bu ko yëkkatee
Na këppu ci boppam yam ca képp it mu rëccu ko

Ta kuy fexe cant ak mbég ci nun Yàlla na daaldi bég
Ta gis lu ko dolli’g cant ak mbég ba soññiko

Li feeñ ak li nëbboo ngoogu xam nga lu nekk yaw
Ku dof rekk daal koy def ku wax it nga jàjji ko

Ku def na nga gis ku bëgg a def, na nga nég ba xam
Ku wax na nga xam fàww it, ku noppi nga déglu ko

## Yàllante tay jile may suukar, nga def ma kafe

Yàllante tay jile may suukar, nga def ma kafe
Mbaa sax ma nekk di sag ruu fàww tay sa yaram

Man sopp naala ta lii may wax xamal ni du fen
Billaahi yaa ma gënal saa bopp far ma yëram

Man faalewul kula moy, man sàkkuwul kula moy
Man awma aajo judul yaw rekk ak sa ngëram

Waajalma nag ngir ku fi bar xamnaa ni yaa ko baral
Xorom ma ngir ngir ku fi saf xamnaa ni yaa ko xorom

Yaw sag murid lumu bon-bon doo ko gis mu tëxam
Kudul sa taalibe lumu jag-jag nga gis mu téxam

Nangul suñuy jëf ta bul dellooti lëf lu nu jëf
Ta dolli nu'b cant ak xéewal ta dolli nu gëm

Yooral nu, wëggal nu, may nuy ndab duyal nu ba nuy
Rembat ba far defi dex yoo xamni day duy a yam

Yootal nu, jàppal nu, yaa xam rab wa gis famu ne
Ta gumba buy rëbb, buy jub rab wa fekk mu dem

Yeewal nu rab wii ta jat koo jat ba dootu fi jug
Ta may nu ab dundam ak waajaayam ak mbébétam

Ta bum nu nemmiku buñ koy nemmikooti nun it
Nañ sant muy sant itam, nuy bég ta muy bég itam

Defar nu bañ jag a jag, waajal nu bañ bër a bër
Xamal nu bañ xam a xam fab jox nu bañ am a am

Jaayal nu bañ tono fi, tontul un bañ dugg i nun
Yàlla bunuy gis saxaar ub jéeri déeti gëlam

Gaayaa ngi sànku ji tay wut mbir ma fum jegewul
Ta mbir yaa ko fi yor, moo tee nga far nu yëram

# Ku fiy asar sama digg ak moom akay tilimal

Ku fiy asar sama digg ak moom akay tilimal
Man may defar sama digg ak yaw, di sant ak a tuub

Ku fiy bonal sama digg ak moom akay doyadil
May ràññikul sama dig ak yaw di fob ak a buub

Ku sànni fee la ma soob ak saa ndigal ne melas
Man maa ngi ŋëb sa ndigal tay ittewoo lu la soob

Ta kuy ub it sama digg ak moom akay woyofal
May ubbi man sama digg ak yaw di tibb ak a ŋoob

Ku gis ci man lumu may xeebee'ka xas na ko lew
Man maa ngi lay def boroom ak ab sëriñ ne gurub

Ku sóobu ci'g murid ak kuy sóobu koor a ndiroo
Ñii ñaar a yam ku ci sàggan juubu, nee si ko ciib

Ku gis ci man lumu may tegge'ka wéer ak a bañ
May jéem a def sa murid boo xamne lëf du ko juub

Ku xas ba jébbale boppam um na weeru ndigal
Buy moy ndigal juubu, Séytaane'ku ay faf ne ko diib

Budee ku Yàlla jubal day fëx dabeeti ndigal
Ta sax ca fàww nu dàqal ko'b ayam ni ko wuub

Lu man di ñàkk aka am ak lépp luy mën a xew
Na jàmm am sama digg ak yaw ta lëf bañ a luub

May nu'g juboo ak jegeñ ak cafka ak ja ci yaw
Ta fab ma nag ni ci say yëf ak sa xol bi yabuuf

Yaw Yàlla jébbal nala'y caabéem aki ngëramam
Ubbil nu yaatal nu, nuy tàbbee'ka sant aka tuub

## Bul yedd kuy sàcc yéerey Bàmba mukkati ngir

Bul yedd kuy sàcc yéerey Bàmba mukkati ngir
Nun ñépp a koy sàcc akay leb, ay yëfam la nu yor

Li nuy wute'y taax aki soxnaa'ki néeg aki fas
Ci ay yëfam la, ku nee ngii dox di sàcc aka lor

Li deefi jëndéy wotaa'ki duubal ak parisol
Ci ay yëfam la ku nee ngii tooñ akay tege bor

Bàyyil sëriñ bee'ki sàccam ak yëfam ta fexee
Sellal sa mbir, ku mbiram sellul du sikkal i mbir

Kuy sàcc bul sàcc yaw, kuy jëw nit it bu ko jëw
Kuy leb nit it bu ko leb kuy wor nit it bu ko wor

Sëriñ bi Yàlla na nu jéggal fàww moy gu nu moy
Ta jox nu may gu nu doy wëllis di sàcc aka nar

Ta Yàlla na may gaa yi koy yàkkaar akay jox i yëf
Jàmm ak mbég ak suturaa'kub mucc ak lu nu war

# Xarit xarit bala ngaa yeddaate yaw na nga nég

Xarit xarit bala ngaa yeddaate yaw na nga nég
Ba xam fanuy jaaye ay jëf, jëf ju fay xala jar

Di naw sa bopp aka xeeb as cam ba dee nu ni cas
Jëfam ne xërr sa jëf, lii kenn xamul lu ko jar

Angaari gerte yu rëy yuy waŋŋ muusu ba dem
Ku koy damoo, bu nu peesee, gàcce dal ko bu wér

Koo xamne kii xamagoo sax yaw na ñii xala def
Say jëf ne miig a la war tay sàkku yërmànde far

Fasootumaa geesu nit bay xam mbiram namu mel
Man rëccu naa luma moy farkat bi Yàlla na ko far

Ta Yàlla na far moy yu suñu waajur ya moy bamu far
Ta far moyug ñi nu àndal ñépp far suñu mer

Ta far moyug ñi nu dëkkal far moyug ku nu xam
Ta far moyug ku am as gëm boole ñépp defar

Ta far ñu boole musal baaxal nu, nangu suñuy
Jëf yépp saytu nu ci'g baaxam ta boole nu yor

# Musal nga nu biir ak biti, fal nga nu door a dem

Musal nga nu biir ak biti, fal nga nu door a dem
Sa dem gii du lor, Jaajëf ! Ku wàcci añee ci des

Bégal, jërëjëf sab der rafet na, sa tuuma set
Wéyal nag ca firdawsee'ki cant ne far galas

Defar nga sa digg ak Yàlla ak Yonenam ba yaw
Defar nga sa digg ak ñépp, gën ñépp xëy ne mes

Bi ngay dem ludul dem jekkatul, mbay mi lépp a ñor
Ne xomm xomos, góobee ca des, réer a bon, du tus

Ku réeray tawat dem gii nga dem, ne ku xam la xew
Du wax lëf ludul muñ sant Yàlla ci liñ ci mos

Ku toggu ba sottal lumuy defatee'ka wax
Ludul yakk, yaa sottal bu yàgg, sifal ta fas

Bi àddina jii sottee, sa mbir sotti lépp jub
Na ngay def ba doo jug seeti àjjana, moo fi sës

Gëram Yàlla ak Yonen ba rekk a nu war ci Yaw
Ku santul ci Yaw Yonen ba ak Yàlla, mat ne mbas

Da ngay bay ba ndaw ñëw woo la wàcce la jox la ndam
Ñu wàcce la béppub coono, yaw daal a wàccu sas

Di fàttaliku’b coonoo’ki nguur aki sant a des
Ci yaw, lépp loo daa muslu, dootoo ko dégg bis

Musal nu ci dunyaa gii nu nekk ba bis ba ñuy
Nuyóotee’ki cant ak mbég, nga boole nu may lu fés

Ba bis ba nga ñuy gis yaw, nu gis la, nga ree nu ree
Bu kenn gis ci nun ñii wenn ay, bu ko wenn gis

Ubal suñu digg ak ñépp fàww ba kenn du ñëw
Ta ubbi sa digg ak Nun, duyal nu ba kenn du des

## Ma fàtteleeti waa àddinaati Allaaxira

Ma fàtteleeti waa àddinaati
Allaaxiraati ndaxte nu farlu

Allaaxiraa tiis dëgg ta moo diis
Ku fa ame'w tiis du fa suturlu

Waa sawaraa ngay mel, la nu daa moy
Ta mel ko nag wéy ngir kenn du wallu

Ku nekk naa « wooy ! », di gaññ akay jooy
Di xoole ni'm looy ñu di ko joñlu

Ta di ko jiital, di peslu muy xul
Ñu di ko ñaawal, naa lii ka jaglu

Gàcce yi wër ko, mbugal yi wër ko
Naqar yi wër ko, ñu di ko xaslu

Mbokkam ya gis ko, nawle ya gis ko
Jàmbur ya gis ko, ñu di ko cawlu

Paxta ya dal ko, Séytaane ree ko
Bakkan ba xas ko, ndaw mu yëramlu

Muy yedd Ibliis ta naa ko : « Ibliis
Yaa ma teg uw tiis, yaa mata muslu »

Mu naa ko : “yeddal sa bopp
Yàbbil saa tur wi, noppil, nu bokk dundu !

Ñoo bokk yam tay, taluma lëf tay
Talula lëf tay, moo tee nga xellu !

Topp nga bakkan, ta def ku sàggan
Ba yaa ngi nii bon, tay doo selaɳlu”

Ñu jox ko cangaay, yu tànge ni’g daay
Jébbal ko ay gay, yu gën a raglu

Ñu yan ko ay doj yu tang, muy daj
Lu kenn dul daj, lii mat a muslu !

Ibliis a di’b noon, ta moo di sab noon
Jàppe ko ab noon, ta di ko fuglu

Képp ku daa moy ta tuubul ug moy
Lii la ñu koy fay, tuubal ta farlu

## Ma fàtteleeti waa àddinaati Àjjana

Ma fàtteleeti waa àddinaati
Àjjana jee ti ndax xol yi dundu

Àjjana rëy na xéewal ga rëy na
Jàmm ja rëy na, ay du fa xand

Kune dafay jag, ngay dolliku'b jag
Fàww, akiy mbég, xolam di sedd

Sa xel dafay dal, lëf du ko tiital
Kenn du ko tiital, ngay waa ju tedd

Ñu di la neexal ta di la féexal
Nga ne ci say lal, kenn du la tudd

Say soxna wër la, say toogu wër la
Sa yépp wër la, deesu la yedd

Doo seeru aw tiis, doo dégg aw tiis
Doo ame aw tiis, kenn dula jàdd

Kër ya du ràpp mukk ak a màbb
Nit ña du woppu, suuf sa du pënd

Fas ya rafet na, kër ya rafet na
Yëf ya rafet na, garab ya sedd

Ñam ya du tàng, du sedd dëgg
Noo gën a bëgg lay mel, ni gadd

Ñu tedd wër la kàpp ta saf la
Loo mën a soxla, ñu def nga tëdd

Say kër ne yaɳɳ, say lal ne yaɳɳ
Say lor ne meɳɳ, saw yiw ne modd

Ngay dox di sant, nu dila sant,
Foo jëm di sant ànd ak sa gàdd

Nga def ku sell, sàngoo yu sell
Nekk fu sell, doo seeru pënd

Yàlla gëram la, Yonen gëram la
Ñépp gëram la kenn du la jadd

Koo seeru muy bég ta yéene lay mbég
Nga yéene koy mbég xol yépp ànd

Jàmm ne jemm, lépp ne jemm
Nga far ne gumm ca ya nga xédd

Sab xol du metti, say cér du metti
Lëf du la metti, rab du la sadd

Ngay ku ñu tànn am ña nga tànn
Am ña la tànn, loo wax nu wadd

Ta xam ni doo dee, doo seeru kuy dee
Doo dégg kuy dee, doo xëy di wérd

Doo julli doo woor doo tàng doo guur
Nga falu def buur fàww bu tedd

Lii mat a sàkku, lii mat a fàggu
Na nga ko fàggu yaw mii di dundu

# Fegal nu yaw ki mën dara sawara ak waa sawara

Fegal nu yaw ki mën dara sawara ak waa sawara
Fàww te may nu sutura su dale fii ba Aljànna

Ubbil nu wunti Aljànna yépp te may nu Aljànna
Fàww aki ndam ca Aljànna ak ndam lu rëy ci Àddina

Te rikk lépp la nu neex nay dëgg-dëgg i lala neex
Ba la la neex ak la nu neex du wuute ngir wuute duna

Musël nu fii musël nu fee teral nu fii teral nu fee
Baaxal nu fii baaxal nu fee ba ñépp naa kii gañe na

Jël nga ndamal sëriñ bu ne may nu ndamal murid bu ne
Ak itte ak ngëram lu ne ak way gu nee fi jafe na

# Xarit Yàlla yombul te moo am njariñ

Xarit Yàlla yombul te moo am njariñ
Wutil Yàlla yaw mii ba dee baa nga am

Litax Yàlla yombul ku koy ut te am
Ci lëf soxla doo am ci moom us ngëram

Da lay wan mayam yépp tay yër sa xol
Moyul dëgg muy gis sab xol mbañam

Ku fóotul xolam nag ci mbooleem ludul
Cofeel ug Boroomam du am mukk ndam

Ku bootoon Kajoor ak Bawol ak Jolof
Ta sopp it ludul Yàlla baaxul ndaxam

La ngay sange say kem du wërsëg wu yaa
Du mbooloo du ab juddu, lii far ko xam

Ta ab yar ak ub dëddu ak jëf ju yiw
La nit daa rawantee'ka sang iy kemam

Ludul Yàlla, Yàllaa ko gën dëgg yaw
Wutil Yàlla moo gën di wut ay mayam

Te foo gis ku saytuy yëfëm kat na lay,
Gënal ay yëfam ngir ku nee gën yëfam.

Karaama'aki xarbaax a kiy xam-xam ak
Alal dog na ñu’w nit ñu fonkoon a dem

Ñi daa naaw ak ay dox di wax lu ay garab
Ku cay seeru boppam mbiram far fa yam

Ku gis lëf ludul Yàlla loolee mu gis
Da koy daal di doyloo mu far dib ñagam

Lu nit am ba loolee waral muy taxaw
Bu doon wéy di gis may gu rusloo gogam

Te ag may lu rëy-rëy ci xol ak ci bët
Jarul dëpp kuy dëpp dëppoo ndabam

Amul fenn foo xam ne Yàllaa fa yam
Amul fuy mayam yam wéyal yaw te gëm

Di dox cim ndox'ak jàpp suuf siiy taxañ
Akay sëlbu aw nit du may nit ngëram

La lay may ngëram muñ lewet aw ndigal
Di jéggal ku lay moy te far koy yërëm

Balaa Yàlla mii denk jaamam ba lëf
Dafay genne dunyaa bu wér cib xolam

Ku dunyaa mu bon mii ne dell ub xolam
Ameegul barab kay bu aw yiw di dem

Te kuy woo Boroom ug aras war nga koo
Xaroo xol bu laab it bu dootul tilim

Bu sab xol di set Yàlla daal cay dalak
Yiwam wépp ngay waa ju xam lépp, am

# Sëriñ bi yaw ki ma may loo xamne kenn amu ko

Sëriñ bi yaw ki ma may loo xamne kenn amu ko
Saw tag war na ma war goo xamne kenn xamu ko

Naa jug ta tag la ngir as gor su xam ka ko may
Muy sab géwal waande yaw sag tag kenn mënuko

Yaa jiitu gaa ya fi daa war gaynde yee'ka wax ak
Garab yi ngir da nga koo mën yaw ta naa matu ko

Wutoo ku lay gis wutoo aw tur wutoo daraja
Wutoo ludul Yàlla yaw mii rekk yaa bàyyiku

Bul gëm kudul topp yaw kii nit ta dëgg gisal
Rab waa ngi naaw aka jéggi'g dex ta kenn gëmu ko

Kuy soppi suuf si wurus tay dox di moy ndigal it
Kookaa di dëgg-dëgg i Séytaane yaw sori ko

Séytaane day naaw akay dem Màkka ak Medina
Di dellusiy moy ndigal kii kay ku xam watu ko

Kaaraama moo di bàyyi'g moy lii la Ahmadu wax
Kuy def karaama gudul gii foo ko gis moyu ko

Nañ top suñu waaji moo fii def karaama yu mat
Du moy du moy lu ta suñu waaji ku xam jige ko

Day topp Yàlla ta kum gis top loo la ko nag
Ku fiy gëlam aka laajum ngir na jug wuti ko

Moo yegg yeggale ay gaayam ba kenn desul
Gii tarbi moo mata jox ag jur jugal joxi ko

Fabal sa jur gile ak mbooleem alal ji nga am
Ta fekki sàmm bu deeful lil nga dénk ko ko

Moo gën di sàggan ba naa lil kat yi lil na ma tay
Ay sàmmlul nag yi lii kat bëgg nag jaruko

Xamal ni silmaxa suy sàmmii nagam du jofal
Fo fekk silmaxa suy sàmmii nagam tere ko

Bàyyil palamtu bi jàppal tum bi jox ka ko xam
Mu wan la ngir mi ta sew naa sew ba kenn gisu ko

Ngir maa ngi nekk ci sag wet waaye gumba du gis
Amaana ngay wëra wër ba dee ta doo gindi ku

Tay boo bëggee kula saytul yaw mii sa mbir bàyyikul
Ku fab mbiram saytu deesul def ludul bàyyi ko

Déggal limay wax ta bul doyloo sa fóore gi kat
Séytaane fóore la woon ndax tee na koo alaku

Ta donte xam-xam dafay tax kenn a gën da na gën
Ngir Yàlla jiital na koy at topp rëbb na ko

Malaaka moo mën a gis day jàq ngir la ko dal
Ta’b xejj dëgg la woon bii sang lëf safu ko

Wax naa li may wax ta wax jii doy na waaju xamul
Ku dégg boppam ku déggul man ma fab jëfe ko

## Sëriñ bi tay amoo moroom, fi nit ñi ak fa sa Boroom,

Sëriñ bi tay amoo moroom,
Fi nit ñi ak fa sa Boroom,
Sëriñ bu nekk yaa ko tiim,
Fa nga ne leegi kawe na !

Tay amatoo fa Yàlla njaax,
Amoo fa péeyub Yàlla njaax,
Amoo fa waa péeyam ba njaax,
Doo romb nit ñu naa ka na ?

Barab bu nekk xam na la,
Ña fa ne ñépp xam na la,
Bul fas ne kenn réere na la
Ku la xamul alaku na !

Mbàkke da ngaa laxasu bay
Dëgg say dàgga yu rëy
Nu ñëw nga fab sàq yu réy
May nu suñuy xol sedd na

Yaa gën ci nit ay waayjuram
Ta gën ca fopp ag juram
Ta gën ca waa kër ak këram
Terle nga ñépp tedd na

Yaa di’b Sëriñ matub Sëriñ
Yaa am njariñ maye’y njariñ
Yaa daal a def lu am njariñ
Yaa mat kudul yaw mànke na

Ba nga jóge fa say moroom
Ngir bëg a wéet ak sa boroom
Sëriñ sa lay jàppe moroom
Di ree ni « waaja sànku na ! »

Nga faf ne meŋŋ at ci géej
Ñu fas ne doo génnati géej
Nga xëy ne mall bis ci géej
Ñépp ne jant fenk na

Say bañ di wat-wati di daw
Te mënu ñoo fexe ba raw
Mënatuñoo ñëw it fi yaw
Gii gàcce rëy gi ëpp na

Yërëm nu may nu sutura
Ci àddinaa’ki laaxira
Te may kunuy may sutura
Sutura fàww ak aljànna

## Laajal ma mbooleem ña am xam-xam ba xam lu ñu wax

Laajal ma mbooleem ña am xam-xam ba xam lu ñu wax
Ci waa ju ñuy woo te séq ub jéego wuy ji të ko ?

Mbooleem ñi xam nee ñu kookee yaar a cay xala am,
Yërëm ko fab teg ci aw fas mbaa ñu dem bàyyi ko.

Njegam xolam bëgg naa dem ay céram nar a dem
Muy jéem ak ay tële kon yërmaande fekk si ko.

Ka ab xolam bàyyi yéenew yiw céram ya ba jëf
Kemam ya dem nañ mu des Séytaane jàpp na ko.

Ku jëm ci Yàlla lu bon nay yéene tey jëfu yiw
Kem kàttanam fàww kon lee Yàlla gendiku ko.

Ku yegg sab coono dañ saw ŋàññ rot nga yilif
Say nawle am ngëramal sab sang lii fexe ko.

La lay teree yegg loolee rikk yaw bu ko def
Sa lay mayug yegg loolee dëgg yaw defi ko.

Lu tee nga yegg bàyyil luy tax nga yegg defal
Ag yegg a jar lépp ñàkkug yegg lëf jaru ko.

Lu lay mayug pal defal ab dag ndegam faluwoo
Lu bon lu jóg dal ko dal bokkam ya lii moyu ko.

Luy tee sa sang bi ànd ak yaw ba dem fa kanam
Yónnen ba ak Yàlla jox la'g pal nga délsi ba ko.

Yàllaa ngi woote bàyyil Dunyaa te wuyji ko yaw
Ku wuyji bëgg te Dunyaa rekk tax mu të ko.

# Sëriñ bi yaw mii

Sëriñ bi yaw mii
Sarax ma man mii
Sa bopp man mii
Ja naa la yaw mii

Ba naa ludul yaw
Dëddu ludul yaw
Fàtte ludul yaw
Yërëm nu yaw mii

Ndegam da maa bon
Ba raw ku daa bon
Yaa gën ku daa gën
Gënal nu yaw mii

Dolli nu ag wér
Dolli nu ag xér
Dolli nu ag jur
Ak itte yaw mii

Dolli nu ay mbég
Dolli nu ag jag
Dolli nu ag yëg
Yëgal nu yaw mi

Dolli nu am xel
Dolli nu ag pal
Dolli nu njébbal
Mu bari yaw mii

Dolli nu aw fit
Dolli nu aw nit
Dolli nu ag nit
Notal nu yaw mii

Wargaa'ki suukar
Na bari suñu kër
Ta dëkk suñu kër
Wuyu nu yaw mii

Mburóo'ki mbiskit
Na nga nu koy yët
Ta bu nu kay wut
Wutal nu yaw mii

Guróo'ki ceeb ak
Ndimoo'ki gàtt ak
Tàndarma it nag
Xëpp nu yaw mii

Ngir jëmmi Yàlla
May nu nu am la
Ta lu nu soxla
Fajal nu yaw mii

Lu deefi soxla
Nañ làq loola
Ba noppi xam la
Ta am la yaw mii

Kafee'ki naanaa
Ak kees i naanaa
Ak dégg I maanaa
May nu ko yaw mii

Diw aki yàpp ak
Meew aki mbaanig
Giléem akiy nag
Indil nu yaw mii

Guddi gu neeti
Bëccëg bu neeti
Waxtu wu neeti
Gëram nu yaw mii

Ta at mu neeti
Wer it wu neeti
Ak saasuneeti
Dolli nu yaw mii

Fu nu fu neeti
Ak foo fu neeti
Ak noo gu neeti
Bégal nu yaw mii

Gëram nu yaw mii
Dolli nu yaw mii
Bégal nu yaw mii
Saxal ko yaw mii

Bàrkee'ki wërsag
Ak jàmm akii mbég
Ak dund akub jag
Yullil nu yaw mii

Nattoo'ki kërkër
Ak lakle'y kër
Ak néew I waakër
Fegal nu yaw mii

Lu nekk xam nga
Lu nekk am nga
Lu nekk mën nga
Defal nu yaw mii

Na nga nu bàrkeel
Na nga nu may paal
Na nga nu faf baal
Defar nu yaw mii

Xawma ludul yaw
Awma ludul yaw
Ba naa ludul yaw
Jàpp la yaw mii

Ba naa samay baay
Bàyyi samay yaay
Def la ndey ak baay
Bir na la yaw mii

Man maa fi gën baay
Ngir yaa di saa baay
Ta kenn amul baay
Bu mel ni yaw mii

Man sant naala
Ta fonk naala
Ta sopp naala
Sopp ma yaw mii

Mbàkke Yàllante
Suñu diggante
Di farukante
Ma way la yaw mii

Bu ma amul woon
Nit kenn sax man
Ta am la yit kon
Nga doy ma yaw mii

Ngir man damaa jaay
Maam ak ndey ak baay
Fab seen i kër jaay
Jënde la yaw mii

Yàlla naa la làq
Kon du ma jàq
Ta du ma yàq
Sa ngir mi yaw mii

Naa sedd sab xol
Nga sedd saa xol
Ta fab ma tàbbal
Sa xol bi yaw mii

Naa dëkke sab xol
Nga dëkke saa xol
Nga fab nag jël
Ma jël la yaw mii

Ma jël la man mii
Nga jël ma yaw mii
Ma am la yaw mii
Nga am ma yaw mii

Sa fan wi jàppal
Guddal ta natal
Lépp ta baaxal
Dégg nga ko yaw mii

Fegal ma ag ndog
Fegal ma kuy dog
Fegal ma luy dog
Musal ma yaw mii

Fegal ma yab nit
Fegal ma lor nit
Fegal ma xas nit
Ak wor ko yaw mii

Fegal ma jëw mii
Fegal ma fen mii
Fegal ma bon mii
Ngir Yàlla yaw mii

Fegal ma ngistal
Ta may ma sellal
Baa mën di sellal
Sa lépp yaw mii

Ta may ma ab yar
Ngir am nga ab yar
Bay maye ab yar
May ma ko yaw mii

Sarax nu teggin
Yaa ame teggin
Yaa rëy i teggin
Billaahi yaw mii

Saytu ma yaw mii
Sàmm ma yaw mii
Wattu ma yaw mii
Wommat ma yaw mii

Bu ma bàyyeeti
May sànku jeeti
Fu ma fi neeti
Wommat ma yaw mii

Man dee ma jëfloo
Ta dee ma doxloo
Ta dee ma awloo
Foo bëgg yaw mii

Ta dee ma defloo
Ta dee ma waxloo
Ta dee ma fasloo
Loo bëgg yaw mii

Ta dee ma wutloo
Ta dee ma xamloo
Ta dee ma fasloo
Loo bëgg yaw mii

Ta dee ma xamloo
Ci sama xol loo
Loo ma tere ak loo
Ma sant yaw mii

Ta ku ma jox lëf
Na nga ko jox lëf
Ku ma joxul lëf
Nga jox ma yaw mii

Ta ku ma may xel
Na nga ko may xel
Ku ma mayul xel
May nu ko yaw mii

Ta ku ma reeloo
Na nga ko reeloo
Ta ku ma merloo
Béglooma yaw mii

Ku ma gëramloo
Naŋ ko gëramloo
Ta ku ma bégloo
Béglooko yaw mii

Ta ku ma dëddu
Yaw bu ma dëddu
Sag ñàkk a dëddu
Doy nama yaw mii

Ta ku ma jublu
Na nga ko jublu
Ta naŋ jox lu
Doy sëkk yaw mii

Ta naa la sant
Na nga ma sant
Ta ku ma sant
Sant ko yaw mii

Ta ku ma gotti
Yaw bu ma gotti
Sag ñàkk a gotti
Doy nama yaw mii

Ta ku ma jaaxal
Yaw bu ma jaaxal
Sag ñàkk a jaaxal
Doy nama yaw mii

Ta ku ma réere
Yaw bu ma réere
Sag ñàkk a réere
Doy nama yaw mii

Ta ku ma noppal
Na nga ko noppal
Ta ku ma nangul
Nangul ko yaw mii

Ta ku ma guural
Yaw naŋ ma féexal
Ta ku ma féexal
Féexal ko yaw mii

Ta ku ma gàntu
Yaw bu ma gàntu
Sag ñàkk a gàntu
Doy nama yaw mii

Maa ngoogu rekk
Yaa ngoogu rekk
Wax naala rekk
Man yépp yaw mii

Ta mën nga lépp
Àttan nga lépp
Defal ma lépp
Ta far ma yaw mii

Ku ma siyaara
Naŋ ko siyaara
Ta may ko daara
Ju yéeme yaw mii

Ku ma ligéeyal
Naŋ ko ligéeyal
Ta far ko seexal
Gëne ko yaw mii

Nekkal di man mii
Ma ne di yaw mii
Nga ne di man mii
Ma ne di yaw mii

Ba far di yaw mii
Nga far di man mii
Ba nga di man mii
Ba ma di yaw mii

Ma far di lenn
Ta far di kenn
Suñu mbir di lenn
Nag fàww yaw mii

Fegal ma ag juum
Fegal ma ag luum
Fegal ma ay góom
Ak woppu yaw mii

Fegal nu ag yoom
Ta may nu ay koom
Yu ànd akii doom
Yu sell yaw mii

Fegal nu rafle
Ak bokk i rafle
Ta bu ma jeele
Daraati yaw mii

Ta may ma ag tab
Ta may ma ag jub
Ta may ma may xëb
Ku nekk yaw mii

Fegal ma aw tiis
Fegal ma ag xiis
Fegal ma ag siis
Ak bodde yaw mii

Fegal ma ag rëy
Fegal ma ag jay
Fegal ma ag say
Ak jinne yaw mii

Fegal nu waxtéef
Fegal nu ag xiif
Fegal nu ag soof
Safal nu yaw mii

Fegal nu yéefar
Fegal nu kéefar
Faral nu kéefar
Ngir Yàlla yaw mii

Ta may nu am ndox
Aajo na nu'm ndox
Mën ngaa maye'm ndox
Tawal nu yaw mii

Dindil nu mar wi
Dàqal nu ay wi
Ta indi yiw wi
Ak taw bi yaw mii

Yaa jege Yàlla
Yaa ne fa Yàlla
Waxal nu Yàlla
Mu xétti yaw mii

Xétti gu ànd ak
Yërmànde ànd ak
Sutura ànd ak
Suñu jàmm yaw mii

Yaw rekk lañ xam
Yaw rekk lañ am
Yaw rekk lañ gëm
Wallu nu yaw mii

Topp nga Yàlla
Jàamu nga Yàlla
Ta am nga Yàlla
Mu am la yaw mii

Lum wax nga def ko
Loo wax mu def ko
Yaa ngii mu ngoogu
Def loo ko yaw mii

Njegam da maa bon
Mbaa ma bari'g bon
Ab sang day gën
Jàamam ba yaw mii

Dikke nu xéewal
Xéewal gi jeexul
Xéewal gi xaajul
Fa Yàlla yaw mii

Tay boo nu nee am
Nu dollikoy gëm
Boo nu newul am
Nu gëm la yaw mii

Buñ la mësaa laaj
Nga jox nu lañ laaj
Daawoo ko sax waaj
Yaa tedd yaw mii

Jox nu li ñuy laaj
Tay it ta bul waaj
Ngir doo nit ug waaj
Gaawe ma yaw mii

May nga nu ndox xaat
Dàq nga mar xaat
Indi nga yiw xaat
Yaa gore yaw mii

Gisuma ngay laaj
Ta gis kulay laaj
Nga fab lamuy laaj
Jox koko yaw mii

Gisuma ngay moy
Ta gis kulay moy
Nga dolli ko'g may
Jéggal ko yaw mii

Amula ag kem
Ta doo amug kem
Yëgal ni sab kem
Jafe na yaw mii

Yaa mat a yàkkaar
Doo tas i yàkkaar
Ta waaju lay xaar
Du loru yaw mii

Doo fekke gàcce
Xamula gàcce
Foo dégge gàcce
Faj I ko yaw mii

Gàcce da daa ray
Ta dootu ray tay
Ngir da nga koo ray
Suuli ko yaw mii

Yàlla na la Yàlla
Fay pay gu sell
Sa jëf ta jàll
Sa njort yaw mii

Yàlla na ni jàq
Yiw wumu sàq
Ta ni la jàq
May la ko yaw mii

Ta Yàlla na lay may
Mbàkke akay fay
Ba nga ni lii kay
Ëpp na yaw mii

Yaa àgg yaw mii
Sàkkal ma yaw mii
Ta jox ma yaw mii
Lu bari yaw mii

Yaw rekk a fii góor
Yaw rekk a fii buur
Yaw rekk a am nguur
Ay fal nu yaw mii

Saa kem yayoowul
Xamnaa ni ag pal
Waaye da nga fal
Ku nekk yaw mii

Fal nga ku jàngul
Fal ku ligéeyul
Fal ku la toppul
Yaa tabe yaw mii

Li tax samam xel
Di daj am ug pal
Ngir yaw da ngaa fal
Koo seeru yaw mii

Ngir yaa di aw yiw
Yaa bari aw yiw
Sànni nga aw yiw
Fu nekk yaw mii

Àll yi taa na
Ta kër yi taa na
Mbànd yi bég na
Ta lépp yaw mii

Toyal nga xol yi
Dolli nga gëm yi
Defar nga mbër yi
Yàqu la yaw mii

Budulkon ak yaw
Kenn du xamu'w yiw
Kenn du amu'w yiw
Yaa indi yaw mii

Yaa ame yiw mii
Yaa saytu yiw mii
Yaa di yiw mii
Yiw moo di yaw mii

Ragal nga Yàlla
Teral nga Yàlla
Ta jox nga Yàlla
Àqam ji yaw mii

Sompu la Yàlla
Moyu la Yàlla
Fabu la Yàlla
Ne xérr yaw mii

Mooy sa waajaay
Moo di sa sëlmaay
Moo di sa kiiraay
Sa léppa yaw mii

Toolam ji ngay xëy
Di gont akay bay
Ta laajula'g pay
Yaru nga yaw mii

Bayoo ngir ug pay
Bayoo ngir ug may
Lëf taxulay bay
Lul sopp yaw mii

Yaa jiitu gaaya
Yor seen I raay
Di jàng I laaya
Ba yegg yaw mii

Yonen ba fab la
Yóbbu fa Yàlla
Yàlla gëram la
Fa fal la yaw mii

Malaaka seere
Yonnen ya seere
Ku nekk seere
Sa pal ga yaw mii

Nge délsi fiiti
Di nu lijjanti
Ak a bijjanti
Nde raw nga yaw mi

Jaaraama Bàmba
Ub nga sa làmb
Solal sa mbubb
Siggi nga yaw mii

Yaw rekk a fiy wax
Kenn dootu wax sax
Ludul lingay wax
Yéeme nga yaw mii

Yàllaa la jox lii
Ta du ku wut lii
Am ko, yëgal lii
ta sant yaw mii

Nun ñoo ngi sant
Tay dog I ngànt
Nangul nu ngànt
Yaaram nga yaw mii

Amu nu lëf nun
Wutu nu lëf nun
Loo nu defal nun
Sag baax a yaw mii

Ñoo ngii fi yaw daal
Di xamb sab taal
Naŋ nu sarax daal
Sa des wi yaw mii

Ñoo ngii di seetaan
Ñoo ngii di xaaraan
Ñoo ngii di yalwaan
Sarax nu yaw mii

Sarax nu ay réew
Yu rëy yu nuy xéew
Ngir Yàlla kiy géew
Nuy diglé yaw mii

Ñuy digle aw yiw
Tay def nag uw yiw
Tay wax nag uw yiw
Ba am la yaw mi

# Da ñoo war a booloo fab xar ug dee ta jox Sëriñ

Da ñoo war a booloo fab xar ug dee ta jox Sëriñ
bu mag bi li nuy taaxee'ka jëndé'y wataa'ki fas

Mu jëndal nu ci'y taax ak wataa'ki fas ak njariñ
Ca àjjana, Lii gën nay ci say yëf ta doo fi des

Ku yeewu dafay def cas yëfam joxe daaldi wéy
Bu yeggee fa nuy jëm daaldi boole'y yëfam ni cas

Ku dof nag dafay boole'y yëfam yépp yor bu wér
Ba xëy dee, yëfam des fii mu dem du fa fekk tus

Moyul gaayi tay ngir gaayi tay du ñu yokk nit
Da ñi yàq sa'b dox ak sa yëf dellu gotti mbas

Ñi nekk ci suuf ak gaa ña nekk ca taax i kaw
Fi suuf si na ñi xalseet a mujj ni cëppp bis

Ku nekk ca kaw tuubal ta jekki ci suuf si yaw
Ci suuf si la mboolo mépp jëm si ku daanu rus

Ligéeyal ba am loo xamne jarna'y wataa'ki fas
Ta jar jongomaa'ki taax i kaw joxe ñépp gis

Da maa sàkku man ndimbal ba am ñàkk lépp lëf
Ta sàkkooti ndimbal nag ba faf joxe lépp des

Sëriñ bi sarax nu's ndoole ndax nu defal la lëf
Lu rëy li nu fas am doole  rekk ay waral mu fés

Fulal suñu gëm fàggul nu doole'ku fit wu rëy
Musal nu ta may nu'g pal gu ñuy feddalee'ka wis

Nawet bi nu jëm def ko'b nawet bu rafet bu jub
Na lépp ni gàññ ak jàmm nuy seppalee'ka fas

Aréen ak dugub ak sëb na nangu ta jàmm am
Ku nekk jubóo'kub sangam ak waa këram di mos

# Murid la ko war, tuub ub moyam, sant ag mayam

Murid la ko war, tuub ub moyam, sant ag mayam
Rafet njort, sax ci'g njub, ludul lii warul murid !

Murid, lay waral sangam ba sant ko, nii la doy
Ne ci'b toolam ak néegam, di waxtaane ag murid !

Ta ken du ko gis muy dugu mukk it ci genn kër
Di waxtaan akay caaxaan akay saf kudul murid !

Murid, boo gisee muy gis jigéen ak a dem këram
Di jonjoo'ka bomboo'kay waxante, du ab murid !

Murid bu bëtam dee xelmati's ndaw, mu sëgg, wéy !
Du xam na mu mel sax, gaayi, nañ yeesal um murid !

Murid daa na ñëw ci'b dëkk, am fa ren ak dëwen
Ta xamni du xàmme kër ya, waarul ci lii murid !

Murid bu baree ab dox, bari'y wax, ta gaaw a mer
Def ub jaxasookat teg ca, Wallaahi du'b murid !

Murid, ku ca génne'b yar, ta génne ca aw ndigal
Ta génne ca muñ ak jàpp, loo ba ci ag murid ?

Di musloo'ka daw séytaane, lii rek rekk a des
Ku nekk a ngi tuddoo ag murid, ta sori'g murid !

Wataa’ki fas ak ay jongomaa ne ci xol yi tay
Tuxalna ñu Yàlla ak ub Sëriñ ci xol ub murid !

Ta Yàl na Sëriñ bi sanc fàww ci xol yi nag
Ta dëkkee suñi xol, ñuy murid yuy jëfe’g murid

# Nañ jéem a sant gërëm buur ub aras ki nu jox

Nañ jéem a sant gërëm buur ub aras ki nu jox
Xéewal yu toll ni suufam sii nu gis ni xasar

Mo jàpp gëm jox nu fab Yonnent bi jagle nu, fab
Sëriñ bi yakkal nu, yakkam beeka neex a ka ñor

Fu nekk teg na fa yakkum mbég ba ñépp di bég
Ba noppi jébbal nu boppam ñépp ñee nu ba mer

Sëriñ bi nun ñii ko séddoo nun la Yàlla faral
Yonnen ba ak Sahaaba yépp ak mbër yi nun la nu far

Ñoo jeele ab jéll bépp ub jéll jéll nu ndax
Nun mbër ma yor asamaaw ak suuf a yor suñu mbir

Xarbaaxi ndam ñoo ko am ngir nun da ñoo bërewul
Tei jël ndamal mbër yi biir ak biti ñee wu nu mbër

Ñoo ëpp ndam gaa ya daa bàkkooka lagg aka tëb
Ci biiri géew aka songanteeka sóobu ci lor

Ñoo jël ndamal gaa ya ub ñoo jël ndamal ña ñu ub
Ñoo ëpp nitt ñépp muur ak ndam ku baax a nu yor

Ku baax a yor suñu mbir moo ñuy musal ci lu bon
Moo ñuy may it wépp yiw ràbbooki cant a nu war

Ku baax a tax gisu ñu'y kër-kër te am njariñal
Kër-kër gërëm koo nu war tey sax ci jaamu gu wér

Ku baax a tax ñàkku ñub xam xam te am njariñal
xam xam bu wér kaare nun ñoo am lu gën ame ndar

Ñoo làmb daj Bàmba daj Yonent ba làmbati daj
Buurub Aras bënn géej ug bàrke feesal i xur

# Ca guddi nga woo mbër yépp daane nu xëy du miim

Ca guddi nga woo mbër yépp daane nu xëy du miim
Nga woote ca bëccëg daane ñépp faf ne xiim

Ku lay sóoru day ndaw rekk tay ndaw lu ken yarul
Asal ku nu yar loo wax mu def ko ta sant moom

Ku not bépp noonam ak bépp soppe ba tëj këram
Di jaamu boroom ëpp naa jéem a def moroom

Da ngaa bari ab xam-xam rëy um xel ta dëgëru fit
Rëy ub judd, nangoo suufe gën ñépp yaa nu tiim

Sëriñ nga gu far di'b sang di'b jant di'b gawar
Di buur ub jullit di'b jaamukat, tax nga ñépp luum

Walliyu nga ab muñkat nga ab tab nga yaa jafeñ
Ku tedd nga yaa tee ñiy bërëx ñépp bokk giim

Wutal nga nu taalub cant goo xamne bii du fay
Xatal nga suñuy bañ yépp def nga nu it ne doom

Sewal nga suñuy bañ xañ nga leen it li ñuy mbébét ci Nun
Ta def nga nu'y kàngam yu rëy, yaa di ngën ji koom

Ta roccee nga cant ak mbégte bañ ya dugal ci nun
Da ngaa ràccu sef jébbal nu yëtt nu'w ndawal di siim

Da ngaa xëy ne fokkat lépp jox nu ku nekk gis
Suñuy xol ne dell ak mbég nu yéemu ba faf ne xiim

# Ma way ka ñu daa yuuxoo'k a naa bu mu raw, mu far

Ma way ka ñu daa yuuxoo'k a naa bu mu raw, mu far
Taxaw ba ñu ñëw nag wër ko kàpp mu dàq leen

Ñu bokk ni pëccet benne jam seeni xél di wéy
Di wët-wëti, muy xeñ seeni tànk ba jàpp leen

Fodoŋ ñépp, jiital benne ñuy niru ay warax
Mu sëf leeni yéereem'ak yëfam yépp, not na leeen

Ku tuut ak ku rëy koo dégg cëfkaam a rekk tay
Ku sëf sëfe, ëy ! Sëf leen a sëf ndax ñu wallu leen

Ku mokk mu jox koy gaa yu mokk, ku jàgg nag
Mu jox ko ñu mel niy doj ngirug jàgg, mokk leen !

Li nuy dox di tiisoo noo ko def bu nu tuubi woon
Te dal di jubal am gaa yu nooye ni mbàjji leen

Ma tuubi man samag moy ta rëccu ko rëccu naa
Lu bon lima daa def lépp, bokk yi seere leen

Sëriñ bi faral moy yi far gu rafet gu wér
Ta ful may yi ful gëm yi, gaa yépp dolli leen

Na daara yi ak kër yépp fees aku nit ñu jub
Ñu sax ci ndigal tay sant fàww nu sant leen

Na pepp ak ndox ak xaalis ne gàññ ak ngëram te sax
Fi Nun, suñu digg ak yaw ne nàññ nu sant leen

Na jàmm ni gemm ak lépp xel yépp bokk dal
Ta xol yépp booloo sedd, fan yi nga féq leen

Dugal nu ci bariyeerub ngëram, boole ñoo'ki mbég
Ta dàq luñuy bañ fàww, bañ yépp dàq leen

# Saañal sa nopp yi tay noppeeka gëmm di wéy

Saañal sa nopp yi tay noppeeka gëmm di wéy
Bul déglu, bul wax ta bul xooleeti ngir maa ngi

Nit ñépp gis nañu ngir mii, xam ko xam gu rafet
Ba noppi teggi ko wéy lor jaa ngi ay waa ngi

Kenn fonkatul joxe koo gis day ndurub teretaŋ
Tay denc akay wuti yëf dex gaa ngi lab waa ngi

Murid yi wor nañu ngir koo seeru bëgg na lëf
Ta denci lëf niki man ay amna, wor yaa ngi

Ku wor ñu wor ko, ku bañ ay nax ta bañ ku ko wor
Na daaldi dellu ca kaw ngir maa ngi, mbir maa ngi

Ku jàdd nee fi ko jédd ub yar bu tàng bu saf
Tay mbaa ëllëg jàdd matnaa muslu, yar yaa ngi

Ñàkk ub yaray taxa mos ay yar, ku bëggul i yar
Na daaldi na jébbale léppam, yar bu mat baa ngi

Jëm leen a jëm ci Sëriñ bii fàww ak ndigalam
Ta jox ko mbir yépp ak jur gépp, yiw waa ngi

Sëriñ bi jox na boroomam jëkk tay li mu am
Boroomam it ni ko sam réew ak sa pal gaa ngi

Bay na'w sasam ba mu jeex ñoo toll nun ci fexee
Dal nag suñiy sas ta bay, sas yaa ngi, añ yaa ngi

Ku nekk jox nala aw sas, jox la ñam wu ko bay
Ba noppi dila xool i gëtam, gëtam yaa ngi

Ku rus gëtam yile, foo jëm ñépp bokk la rus
Ta fab la teg ca kaw nag, nañ sóobu, ngir maa ngii

# Alhamdulillaahi rabbil haalamina ma jug

Alhamdulillaahi rabbil haalamina ma jug
Man santfeeti Sëriñ bii may teral ta du ba

Moo jàpp àddina seppil may loram bamu set
mu jox ma nag lu'g tawat nekkul ta def ma jiba

Day jàpp ay mbég yu rëy yoo xamne ëpp na xel
Di sol ci saa xol bi ak saa kër gi sépp suba

Du jekki waxtu ba woowe waxtu wéy ta fabul
Lu yéemu jox ma du man koy deeti sikk aka ba

Kii sell ngor sell ay jëf sell wóllare it
Kii kenn gisul kuni mel, kii daal a jot dayo ba

Mayam yi day mel a mel nii waame fàww fi man
Du guddi muy dog, du bëcëg maaka waaru kaba

Xéewal gi day taw fi man mii sépp saa du séwét
Maa ngii ni xépp aki mbég maa mucc cii musiba

Saa kër du wow sama xol bii it du tàng aka wow
Alhamdulillaahi santay mbir ku xam du ko ba

Dàqal ngëram yaw ba jot koo jot ba dootul a raw
Kon Yàlla dootul a raw Séytaane dootul a jot

Ku dof ta néewum xel it bay dàq lëf lu ko moy
Lu yàgg-yàgg dafay delluy jalooka tawat

Feexal a melni'b dëram ngir ab dëram ku ni mel
Noppal sa bopp ta noppal waaja yor sa mbir it

Doo gis dëram naa boroomam tee nga jënde ma lëf
Bu koy fas it du ko naa ay waaji mbaa duma rot

Rayal sa bopp ta bul dekkeeti konte nga jot
Ngëram lu màgg la ta raw lor nag ba dootul a jot

# Saa bon gu rëy gi ma xam ak saa ayib gi ma yëg

Saa bon gu rëy gi ma xam ak saa ayib gi ma yëg
Ak saa tilim gi ma gis doynaa xalaat aka wax

Ta bis bu nekk ma naa “saa bon gi ndaxte mu yam”
Muy jëm kanam hunhun li doyna kuy wax a wax

Gaayi nga ñuy ñee’kay wax kilee mat a xam
Ngir réere saa bon, wooy man kuy wax it duma wax

La Yàlla xam doyna maa ngii séenu yërmànde man
Xam naa lu xew, ku xamul nay yéemu kuy wax a wax

Maa ngii di jéggalu mbooleem jëf ju bon ju ma jëf
Ta maa ngi jéggalu mbooleem wax ju bon ju ma wax

Te Yàlla nañ Yàlla jéggal jépp moy gu nu moy
Diirub ba ñuy gone ba tay jii lilee mat a wax

Ta Yàlla na nu may nu farloo farlu tay xér a xér
Tay topp a top ndigal tay de flu baax aka wax

Ta Yàlla na nu Yàlla may ñuy ittewoo ngëramam
Ba fàtte mbooleem lu dee faa soxlawoo aka wax

Ba Bàmba mii dëkke suñu xol dëkke suñu yaram it
Ñuy dëkke daw lumu sikk tay dëkk ci def lumu wax

Ba xamni suñu xol yi dootul sopp lëf luko moy
Lul ittewoo ndigalam tay boole jëf aki wax

Ta lépp lum digle Yàlla na nu dàqal it xëbu lem
Yàlla na nu waxam gënal it mbooleem ludul lamu wax

Sëriñ bi fóotal nu saa xol bi ba dootu tilim
Mbooleem ku am xol budul yàqooti yaako ko jox

Jàppal ma saa lépp tàbbal fàww néegi ndigal
Loo deflu, waxluko, naa koy dox di def aka wax

Tàbbal ma néegub ndigal ak jépp waaju la gëm
Ta tëkku yóbbu sa doom ub bunt maa la ko wax

Sàmmal ma saa cër yi ak saa xol ba dootu ma def
Mbaa may xalaat it ndare say mbég jii waxay sama wax

Fegal nu lépp lu bon, féqal nu lépp lu gën
Feesal nu dell aki yiw nangul nu li nu la wax

Def nu'y murid, guddalal suñu fan yi yaw mi ko mën
Sarax nu ngir Yàlla ak Yonnen ba def li nu wax

Maddal nu wunti naqar, ubbil nu wunti mbég it
Doxal nu suñu digg akub yéefar ba dootu nu wax

Foral nu coldaar akub lemb ak lu def i tawat
Fegal nu it lépp luy jur ag tawat ak i wax

Yaa wuutu Yonnen ba tay yaw rekk a fii suñu ndey
Ku am sa ndey danga fay jooyeeka dem aka wax

Jugal ta wallu nu tay, jug wallu bépp jullit
ngir jëmmi Yàlla ta kat yaw sang bii la nu wax

Yàlla nu sàq ak suñuy jëf fab nu dénk la tay
Yaw rekk lay déglu, boo noppee ku fiy xal a wax ?!

Sàqul nu jàmm fa péeyub Yàlla kon danga am
Ngir Yàlla dootul a delloo, xam nga yaw lima wax

Bul ñuy jëméelati ag tar-tar, fobal nu suñuy
Nattooki kër-kër jox ub yéefar ba ñuy tala wax

Tonnil nu mbooleem lu neexul jox ko gaayi nu moy
Buñ seeru mukkati nun kuy def lu bon aka wax

Dollil nu suñu gëm yi ak suñu diine tay rafetal
Suñu njort tay rafetal suñu jëf yi ak suñu wax

Notal nu àddina ak taaram bi jox nu ko nag
Ta sikkloo nu ko it ni nu sikkee góom aki sax

Ngënéeli kër gile ak gee jox nu yépp nu yor
Bu wenn yiw ta luy lor buñ ko déggati sax

Nañ jag fi àddina bay raw jépp waaju fi jag
Ta jiitu firdawsi kuy dëddooka laaji sarax

Mettiitu dee ak siraat ak laaj i jëf aki wax
Fegal nu Nun, bu nu gis kuy laaj i jëf ak i wax

Defal suñug dee mu melnib lem ta dàq ko far
Waxal nu, jéggil nu may nug doylu wëllis i wax

Fu nuy fasanteeki ruu teewal ta may nu sa mbég
Ta àndal ak nun itam bañ tàbbi móomale pax

Ta dëgg móomale pax nay féex akay ngelaw it
Tay leere nig jant tay taarooka yaaka nëtax

Ta waaye kat guddalal suñu fan yi may nu wérub
Yaram, ta may nu wérub xol léegi lii la nu wax

Fajal nu suñu aajo ak aajoy ku gis wile way
Ta daaldi fay ay wu tax koo gis di tiit aka wax

Ngir jëmmi Yàlla ji, nangul way wi nangu gu wér
Fabal nu it suñu bon gii ñuy xalaat aka wax

# Ma jug sant Bàmbaati ngir mooma may

Ma jug sant Bàmbaati ngir mooma may
Lu saa xel dajoon ak lu saa xel dajul

Murid yaa ngi booloo di lim seen i may
Ta man jéemu maa lim samay may asal

Damaa rus torox ngir lu rëy lii ma am
Ta xamnaani man laa jiwoon it, saxul !

Lu bon laa jiwoon ak lu baaxul bonul
Ta tay maa ngi saxle'y teraangaa'ki pal

Ku làqoon ni sangam dakoy jàpp ray
Mu far fal ko aw tund, may ko'y alal

Dafay sant, bég mbég mu ànd ak ngëram
Ta far mel ni ab tóole mbaate'b géwal

Ludul jug ne Jaarama tay baw ndigal
Di farlooka waaxooka daw, jekkatul

Damaa fekk ndaw su'y faram séq bis
Ta ndaw soosa moo sut faram yépp xel

Ma gis muy fasoo jug bégal wépp far
Ba far yépp bég nag, ta aw far du jël

Mi ngii waaj akay sëlsëlii reeka bég
Ta naa wépp far “Yaw na sam xel di dal”

Mi ngii jàpp gëttam di xëpp i faram
Ba tooyal na seeniy sër ak seen i xol

Ma gis nag mu naa “Wax ma loo bëgg yaw”
Ma naa ko “ludul jël la, man soxlawul”

Ku jël lëf ludul ndaw sa ay nax la jël
Ku jël ndaw sa, moo jël la ay nax newul

La ay nax newul rekk laa bëgg man
Ta kuy wut ludul loola, ay xelluwul

Ku am Yàlla am loo xam ak loo xamul
Ku am lëf ludul Yàlla am nag mbugal

Ku réeroon, ku deewoon, ku taalam fayoon
Kamaj, rekk laa woon, Sëriñ bee ma wal

Ba maa ngii bërëx di wal gaa yi fay
Na may sante gii may, xarit yaw waxal ?

Ma wax Yàlla tay jii akub Yonnenam
Ñi santal ma saa sang bii may bégal

Dama bon te soofoon ta xol xos ba dee
Ta moo tax ma baax it ta saf sàpp tal

Damaa dikk def kenn koo xamne kii
Xamul lëf, mënul lëf, mu jug fab ma fal

Ba maa ngii ne dell ak ngënéel ak ngëram
Ta def kenn tay nag ku weccii kurél

Gëram naa ko, gëm naa ko it sant naa
Ko ngir mooma jox man lu saa xel dajul

# Ba naa lépp maa ngii ci sab àtte tay

Ba naa lépp maa ngii ci sab àtte tay
Faxas naa ludul yaw falaŋ naa ko yit

Faxas naa ludul yaw si man mii mu rot
Falaŋ naako yit cee ba dootul ñëw it

Fabal nag sa bopp ak sa mbir def ci man
Te def mab murid dëgg buy sab xarit

Di naa wax ci yaw lëf lutax ñépp xam
Ni sab kem amul sowwu ak penku yit

Ba ngay jápp xaalis di dëddooka bañ
Akay sànni cig dex nga raw képp nit

Ba ngay wéet akay muñ akay dunde ñax
Fa yéefar ya, boobee nga far ñépp not

Ba ngay jáng akay bind ñuy fooka moy
Fi sag wet nga sut Mbákke mbooleem ña sut

Ba ngay jàamu Yàllaaka way Mustafaa
Ta kenn nekkul ak yaw nga am say mbébét

Ba ngay xiif akay mar ta dencoo bu rëy
Waxoo kenn say lor nga semmal ña mat

Ba lay kàrce daa wër ganaaw ak kanam
Ta yàqul la ngay def, nga raw am xel it

Ba ngay damm sag niit akay togg ñam
Ku jug romb lay wéy nga dib yaaram it

Ba ñuy naan akay foon akay tux di saw
Ci sag wet nga am lol bu feeñoon ñu rët

Ba kenn déggatul lëf ci yaw, déggatoo
Ci kenn lëf nga am may gu kenn foogul it

Ba nuy liit akay maaji ngay jàppu yaw
Akay julli, boobe nga saf Yàlla yit

Ba nuy woote ngay julli bañ wuyu ji woo
Ba sëlmal nga def mbég ca Yonnen ba it

Ku lay toppandoo tay ci lëf moo ka dof
Nde Yaw doo moroomam te doo maasam'it

Ku lay toppandoo, tee mu dox fee nga dox
Ba ñëw fii nga nëw lii rafet moo gën'it

Ta kuy ruuj akay bay bu dee toppandoo
Ka farmànku, dof, ay mbiram yàqu it

Ku def tay ludul jox la boppam bu wér
Te bañ laa defub nawle day alku kat

Da ngaa dox fa mbër yépp dox nag ta dox
Fu kenn mësla dox am nga jaajëf ju mat

Da ngaa boole waa àll ak waa kër it
Toroxloo ta jël seen i ndam, lii rafet

Demoo wacc saw nit nu bon alku far
Da ngaa dem ta fab ñépp yóbbaale fat

Da ngaa mën ci kër, mën ci ab àll it
Ku xam xamne yaa ëpp yaw ñépp fit

Kër ak àll ñoo bokk nag yam fi yaw
Lu am doo ca bew doo ca jekkii xul it

Kudul yaw gëtam yaa nga jëm genn wet
Ta yaw sa bët yaa nga jëm gépp wet

Kudul yaw dafay may boroomam ba bët
Bu wér mbaa mu may far njabootam ga bët

Nga may Yàlla yaw bët ta may ñépp bët
Sa wet genn taqul, sa wet yépp a set

Kudul yaw bu gee wet seetee gee tilim
Bu gee wet jotee sëkk yit gee du jot

Se wet yépp a set sa wet yépp a jot
Bégal baarakallaahu sab kem amut

Ta ñoo ngoogu fàww it di say dof yu rëy
Fajal, yaa di fajkat ta yor say dof it

Doxal fàww diggante ñépp ak tawat
Ba kenn dootu gis kuy jalookay tawat

Na xol yépp far sedd mbir yépp jub
Bu kenn ñàkkati'w yiw ba Firdawsi it

Ta mbooleem ku lay top dee ko wan
Lu koy dolli ag gëm akub rafet njort it

Ta fenkal ci mbooleem kulay jox mbiram
Ta leeral ko, leeral barab ba mu ne it

Defal gaa yi lay topp akay sopp far
Ni biddiw akii weer akii jant it

Nga far féete nag yaw ci suuf ak ca kaw
Sa mbir rëy ci waa suuf si ak waa kaw it

Ta def nu'y murid yoo defar yoo gëram
Yu lay dimbaleekay bégal fàww it

Na ngay bég ci nun fàww nuy bég ci yaw
Nu far dund ci'g jàamu téeméeri at

Ta suñu at mu ñëw wecci téeméeri at
Yu ab jaamukat jaamu sellal ko it

Ta dàqul nu mbooleem lu jëm kon ci nun
Ci ay tiis akii lor tay ak ëllëg it

Ta jàppal nu mbooleem lu nuy teggi kon
Ci ay may akii cant ak jàmm it

Ta leeral ta baaxal ta neexal, wéral
Sa digg ak nun it fàww, doylul nu it

Ta may nu'g wér ak way ci loo nuy digal
Ci saa yépp ngir Yàlla ak Yonnen it

Ta bépp ub jullit def ma mbég cib xolam
Ta dàqul ma naaféq ak ub yéefér it

Samab xol na fees ak sa mbég ak sa yëf
Samay cér na mucc it ci loo diglewut

La ngay sopp akay tànn nay sax ci man,
Ta naa ci sax it fàww lii laa mbébét

Ludul yaw namay daw ta naa koy daw it
Ta naa lay fajal fàww soxlaaka wut

Yoral xol bi, yor cër yi, yor lépp nag
Yëlëb naa ludul yaw ci man mii mu rot

# Ku jëm ci ab dëkk xeebum ngir du yegg du dem

Ku jëm ci ab dëkk xeebum ngir du yegg du dem
Yàllaa di dëkk ba sangay ngir ma, sóobuko dem

Baag ak goj ay maye am ndox, fab ko roote ji yaw
Te féey du jalle ci géej ak dex, xel ay maye ndam

Sab sang raase na mboolem yiw wu nekk ba ñëw
Bul raasi lëf lu ko moy, yewwul te sàkku mbegam

Yewwul ta yam ci mbiram, yewwul te raas u yiwam
Kuy raas u lëf ludul ub sangam du for ndare cam

Yàlla di Yonnen ba, Yonnen baa di sab Sëriñ it
Mboolem li ñuy wut a ngee sab sang yor, na nga xam

Ku yewwu, noppalu noppal ñépp, kuy nelaw it
Day sonn, sonle, nelaw baaxul, du tax nit a am

Yewwul te farlu te bul raaseeti, weesu sa yëf
Kuy raasi weesu yëfam, far réccu def ci ndabam

Nun ñépp Yàl na nu yewwoo yewwu jarr bu wér
Te bokk yam ci suñuy ndab kepp, sant, gëram

Suñub Sëriñ daal a xam liy dëgg-dëgg i mbégam
Ci nun, te Yàl na ko am ak lépp luy mbébétam

Moo xam limuy wut ci nun, moo xam lu sedd xolam
Ci nun te Yàl na ko am ak yiw mu xel mës a dem

Te Yàl na Yàlla ne cas waa penku dellu ne cas
Waa sowwu jox  ko mu jël ak may gu dees i xalam

Yàl na'w fanam ak suñiy fan gudd nag, nu jubóo
Te bokk sax ci lu koy béglo di sant aka dem

# Bàmbaa nu jox li fi dee faa dox di bëgg aka wut

Bàmbaa nu jox li fi dee faa dox di bëgg aka wut
Bay jug di waaxu di dem Màkkaaka dem Medina

Ku am la ngay wut ta duggo àll gëj fa sa kër
Loo bay bay it cant booyal, ngir sa mbay bari na

Lu Yàlla def lépp ak mbooleem li muy nar a def
Bàmba nu koy wax si fii, ñoo màgg ab robina

Fab nab xolam bépp dem jébbal ka bind aras
Ba nag yaram ba wa fi nun, mi ngii nde ay sori na

Ab jant lay nduru, boo séenee ne lee soriwul
Ta boo ko dee wuti loo dox doxmu toll la na

Boo soxlawul lëf ludul leeram ga foo mëna jëm
Am waande yegg famuy leeree di mbir ta të na

Leeram gi ñéppa ko seddoo kenn amul bàyyi kee
Ña dem famuy leere nag ñoo tuuti ngir kawena

Foo fekk as ndaw bu toggee ñépp a koy mosandoo
Jëmmam ja nag tuut a koy mos, éy ka mos gañe na

Mootax ku yewwu di yër toggam ga dootul a saf
Jël rekk a lay saf ndaxam lii xam ko sax bari na

Lilee waral gaaya xam far dëddu àddina jii
Di sàkku Yàllaaka daw loo xamni loola du na

Nañuy baril cant wunti cant tijjiku na
Wunti tawat yu deefon tëjlu it tëju na

# Sëriñ bi ak bàrkeb "Dibéer" (dimanche),

Sëriñ bi ak bàrkeb "Dibéer" (dimanche),
Na suñu àdduna ji leer,
Suñu Alaaxira di leer,
Kër gile ak gee bokk leer

May nu ci bàrkeb "Altine" (lundi),
Tay ag ëllëg may yu tane,
Bu kenn gis kumu tane,
Bis ba kuréel yépp di teer

Ak darajay "Talaata" it (Mardi),
Xañal suñuy noon i mbébét,
Fàww te joxleeni tawat,
Ñu ñàkk bay ligéeye xaar

Bàrkeb "Allarba" na nu jot (mercredi),
Lu nu rawoon ci ay mbébét,
Ba noppi jot képp nit it,
Ku rawoon ba raw ko kaar

Dàqal ci bàrkeb "Alxames" (Jeudi),
Lu nu bëggul bamu ne mes,
Tay ak ëllëg ba ken du gis,
Tànkam ba sax ak fa mu jaar

Fajal ci bàrkeb "Ajjuma" (Vendredi)
Saa aajo yépp ta ja ma,
Joxma limay wut, wuyuma
May nu ngëneel i kër yi yaar

May nu ci bàrkeb "Gaawu" nag (Samedi),
Jaglu gudul dañati ak,
Ngëram lu mer dul topp ak,
Buntu ci yaw bu yaa ta leer

# Nëbbal tawat yi ne fi yaw

Nëbbal tawat yi ne fi yaw
Te génne cant yi fi yaw
Boo ko defee am Yàlla yaw
Am sab Sëriñ am ngëramam

As gor dafay nëbb tawat
As gor dafay wann tawat
Aka wéeyaale ay tawat
Ba Yàlla dindiy tawatam

Kuy def lu yëngu mu tawat
Tey def lu metti mu tawat
Tey dox di xul aka tawat
Yàlla du tàbbi ab xolam

Xamal ni Yàlla jis na la
Xamal ni Yàlla yëg na la
Xamal ni it fàttewu la
Du fàtte mukk ab laram

Yàlla du fàtte ab laram
Sëriñ du fàtte'b muritam
Boo xamne awna ndigalam
Yàllaa ngi lay gis na nga gëm

Yàllaa ngi gis li ci sa xol
Waande dugub ju ñoragul
Ken du ko fab di def i njël
Gëm ko ta gëm ag ndogalam

Bul génne mukkati'g tawat
Xamalne génne ay tawat
Du faj ludul yokk i tawat
Dana waral sax nga gëlam

Jullit dafay gëm ug ndogal
Jullit dafay nangu'g ndogal
Jullit dafay xam ug ndogal
Gëmal te nangu yaw te xam

Bàyyil tawat bàyyi gu wér
Te sant nag cant gu wér
Kon Yàlla sant la bu wér
Te may la nag ba nga gëram

Ndogal day dikk aka dem
Ag dundu dafay dikk di dem
Nit it dafay dikk di dem
Ku demul it léegi mu dem

Boo jugul it léegi nga jug
Boo jagul it léegi nga jag
Boo bégul it léegi nga bég
Boo jamul it léegi nga jam

Jant bu fenk lée mu so
Lum tàng-tàng lée mu so
Te moone ab jant du so
Te’b jant fenkul it ndaxam

Tawat bu neefaa fenk na
Mbég ak i cant fenk na
Buur it bu neefaa jege na
Nga daal di seeru ay ndawam

Te mbir mu jub ak i ngëram
Nattoo’ki tiis a di ndawam
Ab dag balaa mos i ngëram
Mos fàww jam-jami yaram

Ku bëgg am lu kenn amul
Na jéem a def lu kenn deful
Te jéem a daj lu kenn dajul
Mbaate ma ngay nax bakanam

Ku bëgg Yàlla day taxaw
Fu kenn dul nangoo taxaw
Moo jar a daw ta doo taxaw
Ngir Yàlla kenn amul njëgam

Kenn mënul a sàkku ak njëgam
Kenn mënuko jox ub njëgam
Ngir kenn nit amul njëgam
Yàlla na nu boole far yëram

Ku mu yëram may la ngëram
Ku mu gëram nga ame ndam
Ku boole nag ndam ak ngëram
Raw i kemam gën i magam

Ab jant day fenk aka so
Ab ñàkk day fenk aka so
Am it dafay fenk aka so
Boo amul yit léegi nga am

Bari na waa ju deef i xeeb
Te léegi deefatuko xeeb
Weesul ku lay yab ak a xeeb
Te wequ yaw wuti kanam

Sëriñ bi deefaa nako xeeb
Yonent bi deefaa nako xeeb
Mootax ba yaw mii kula xeeb
Nga war a bég war a gëram

Ndegam amoo léegi nga am
Ndegam gëmoo léegi nga gëm
Ndegam xamoo léegi nga xam
Boo gëramul lée nga gëram

# Yàlla na nu yees a yees a yees

Yàl na nu yees a yees a yees
Te am ngëram lu yees a yees
Ak may gu rëy gu yees a yees
Amiinu mbég bunu bégal

Te Yàlla na nuy sant bu wér
Tey def lu ñiy sant bu wér
Nu di nu sant nag bu wér
Te di nu dolleeka baril

Man sant naa Yàlla bu wér
Te sant Yonnen it bu wér
Sant samab Sëriñ bu wér
Ngir sama xol bi nu seral

May na nu may mucc ak njariñ
Ba noppi def ma ab sëriñ
Buy maye mucc aki njariñ
Li nu ma may sedd na xol

Cant ak ngëram jotna ci mann
Sëkk raffet na yitt ci man
Dëgg te jekk na ci man
Maangeeki may jëpp aki pal

Li nu ma may jomb nama
Li nu ma may ëpp nama
Man gépp cant war nama
Fasoonamaa sant asal

Fasoonamaa sante lu rëy
Yàlla na nu am lu rëy a rëy
Lu gën a rëy lépp lu rëy
Ba fab ko yët Bàmba mu jël

Wàcc na ngir bay na'w sasam
Bayal kunekk aw sasam
Yàlla na nu sax ci ndigalam
Tay sant fàww'aka jubal

Yàlla na nu dimbaleeti nag
Ndimbël ludul yam fenn nag
Te may nu fan wu guddu nag
Wu àndakub topp ndigal

Yàlla na nu yor yor bu rafet
Te may nu yar bu mat rafet
Ak dundu guy wéy bu rafet
Bu yàgg-yàgg bu ñu ful

Tay ak ëllëg lu mën a xew
Te du mbeg ak jàmm aku yiw
Yàlla na nu moy moy ñi nu ëw
Nuy mucc daal aka musël

Sëriñ bi Yàlla na nuy bégal
Fàww ak may lu ñuy bégal
Yàlla nay may it ku ñuy bégal
Lukoy sawarlooka bégal

Kuñuy fexee def lu gënul
Yàlla nako wan lumu ragal
Fàww te dàl nu koy fegal
Te ji nu mbég mu nu bégal

# Xarit feddalil gëm feddali’g laxasaayati

Xarit feddalil gëm feddali’g laxasaayati
Ta dëddu ñi lay suxlooka suufooka ñormati

Walliyu akub Yonent akub sahaaba ak ku mat
Ni ñokket wutib jub nit ña…

Muñal nit ñi muñ seen ub yiw ak seen u ay bu wér
Ta def nëbbukat boo xamne ken du la xelmati

Ku dégg ni tànjang képp koo xamne déggul it
Di tàndale, muslul ñépp bul wóolu kennati

Ku xam wax, ku réer it wax, li lee xew ci waxtu wii
Na ngay sàmm say wax ak sa jëf foofu nekkati

Na ngay peese say wax, peese mbooleem ña ngay waxal
Te peese ña koy dégg ak ña koy xal di dégmati

Ku ñuy déglu day wax tuuti tuuti lu am njariñ
Te wattu di wax loo xam ne day ëpp a yékkati

Ta Yàllaa ngi lay déglooka sàmmaka teg bëtam
Te doo raw bëtam tuubal sa moy gii ta santati

Lu nekk fi sab xol Yàlla xamnako loo def it
Mu gis loo wax it muy dégg yaw doo ko réerati

Tëjal fàww, say mbóotay sa kee fàww tëj bu wér
Ci sab xol ta bul wax lëf ku wax lëf ñu yalmati

Bu ñuy yalmatis lëf daaldi wax fàww daaldi fen
Ku nekk di déeyaateeka naa maa ko dégmati

Defal nit ku xam nit ñépp tay nit ku ken xamul
Bu kenn gas a gas say mbir ba xam ca lu wóorati

Xamal sa boroom ak say moroom ak sa bopp yaw
Ta sax ci way ak wéy waa ja lëf du ko wëlbati

Na ngay laxasookay feddalig laxasaay akay
Rafet njort bul geesooka bañ kula ñormati

# Bu ñépp dee daw di jëm ciy teen ak ay wuti ndox

Bu ñépp dee daw di jëm ciy teen ak ay wuti ndox
Fëxal te wuti baag ak goj bu wèr sooga dem

Kon boo demee daaldi duy say ndab duyal ku la saf
Te doofa jekkiy xulooka wax yu ñàkk xorom

Bu ñèpp dee daw di jem ciy genti baay ak i ndey
Dawal te jëm ci ndigal sellal ko rekk te gëm

Bu ñèpp dee daw di jëm ciy taax ak iy teretan
Dawal wutib yar ak ug njëg yaw ba boole ko am

Bu ñèpp dee dox di xëccoy suuf ak ay wutu nit
Dawal di jug wuti cantug YÀLLA ak ngëramam

Yaw mii di wut àddinaa kay dàq welbatikul
Te jëm ci YÀLLA ki lay may àjjanaaka yaram

Loo xam ne lii doo ko jot mba donte jot nga ko sax
Du am njariñ loo ca toppey daw di naŋ-naŋi cam ?

Koo xam ne am na lu muy woddoo ka mos na ko far
Doyloo te jëm ci Boroomam, Yàlla moo mat a jëm

Ña boole àddina ñèpp it yaari yëf la ñu am
Lu ñuy mos ak ser yu nuy sànggoo ci seeni yaram

Gisal Morel nee nu béppub teeru am na fa kër
Te kat du def ndare lekk ak sàngg rekk i cëram

Te loolu nag ñépp a koy def ndaxte koo man a gis
Lu ñàkk ñàkk di am cangaay akay amu ñam

Bu lëf desul ndare dee nag ñàkk a fay xawa gën
Ku dee ba fig jur gu dul jee kooku ñàkk na ndam

Doylul te bul ittewoo wërsëg ba génn ndigal
Nit wërsëgam du ko raw wërsëg ak ub dig a yam

Lu ca'g ñëwam jotagul loo ñoddi ñoddi du ñëw
Loo xamne xas na ci ñëw loo dàq dàq du dem

## Am leen a am gëm dollikooti’g wóolu it

Am leen a am gëm dollikooti’g wóolu it
Bu nu lor juge it teggi wéy doxtil fi nun

Yàllaa nu dàqul tiis aki lor njëkk tay
Ta ku Yàlla dàqul lor asal gistil lu ndaw

Ag cant daal a nu war gu ànd ak aw ndigal
Ak tuub akub sellal ta taqoo jëf ju gën

Ku ñu fàggul ub mucc ak njariñ day sante xol
Ak làmmiñam teg ca’y cëram gii cant a gën

Aajootumaa am lëf ludul kàttan gu may
Santeeka jàamoo Yàlla, lii laa bëgg man

Ta amuma lumay sàkkooti it ndare ay ngëram
Ak yàgg dunyaa ndaxte saa jëf yi sakan

Sama xol bi soppul tay ludul ag jëm kanam
Ak am la mbooleem xejji Yàlla ya am ci kun

Yaw Bàmba may ñooti’y njariñ yu’y lor newul
Ak mbir mu jub ak xol bu sedd ak gudd fan

Fab naa samay mbir ak sama’g jug jox la des
Wutal ma say ngëram ak sa bopp ak sa’g yëwén

Bàyyi naa samay mbokk it ca mbaakol ñëw fi yaw
Ngir bëgg sag cant ak sa jaajëf aki galen

Tay nag sa gan laa, sa'b murid laa, maa ngi nii
Yaa dàq ngan mbooleem ku nee faa mën na gan

Fàggul nu ngan goo xamne moo gën gépp ngan
Tay ak ëllëg, yaa gën suñuy waayjur ci nun

# Yaw ahmadul Xaali déglul nag ma wax la yaw it

Yaw ahmadul Xaali déglul nag ma wax la yaw it
Loo xamne lii boo ko toppee jub ta yëkkati ku

Boo yoqiwul geesuwooo seetoo ci kenn ta aw
Ndigal di wéy da nga am loo xamni foogulako

Sa itte jii ne ci yaw tay jii bu wàññikuwul
Tay jëm kanam bis bu set loo bëgg lee nga ti ko

Bul yoqi, bul tàyyi bul yàkkamti dëgg muñal
Ba làq ndam jot ci sab cër am ngëram yewwi ku

Ku gëm ta muñ, yewwikoo ci'y coono fàww aki lor
Ta jëm ci ag cant fàww ak mbég, gëmal, bàyyiku

Bul roy ci kenn, na ngay wéy yaw ba deefi la roy
Ñu tuuti ñoo mat a roy ngir jopp a wëlbatiku

Tay jii ku sàmmul mbiram far dëddu ñépp ta wéy
Di dem nde kenn dematul, kuy dem ñu far tëye ko

Àddina day tëye nit, séytaane day tëye nit,
Bakkan dafay tëye nit, bànneex itam lori ko

Mbokk it dafay doge, tay nag Yàlla, waa ju ca jëm
Ñilee ngi koy tëye, mbokkam naa ma jug dogi ko

Way daal a am solo ngir foo gis murid bu ko def
Kukoy tëyeeka dog it, day mujj rekk ba ko

Tegal sa bët ak sa xol ak say cër it ci ndigal
Ta daal di wéy fàww muuroo way ta bul muriku

Koo xamne dëddu na boppam dëddu ñépp ta wéy
Ñu fal ko sant ko may ko'w tagg, yëkkatiko

## Yaw xaali xàllal sa digg ak Yàlla xàll wu set

Yaw xaali xàllal sa digg ak Yàlla xàll wu set
Wu jub ta yaa, aw ca nag ngir Yàlla aw gu rafet

Tuubal lu bon fàww dëddu'g moy ta jublu ndigal
Ta daal di soppiku tay farlooka def lu ko mat

Bàyyil werante, ba caaxaan ak lulay tax a bon
Ta def ku am bopp am ag doyle faf rëy u fit

Ku tutu fit doo ko gis am cér bu rëy bu ñu naw
Koo gis mu am lu ñu naw waatal ne fit wa sewut

Bul def ku yéesi mooroomam kuy xulóoka tawat
Doo gis ku gën ci'y moroomam muy xulóoka tawat

Muñal ta bul jàmbatug coonooka xul aka mer
Ku am la ngay wut sa waamey coono yépp séwét

Lu Yàlla dindi mu dañ, loo xamni far na ko yit
Mu daal di far, bu faree ag coono, coonoo ba set
Fàggul ngëram fàggu ab yar fàggu jëf ju rafet
Yii rek ñoo mat di fàggookay dagaan aka wut

Yii ñoo di koomi murid, bul ittewoo ndare yii
Bul geesu ñuy fàggu ag jur daal akay wutu nit

Foo nekk, nekkal ci aw yiw, bul jigeeti lu bon
Ta bul jógeeti ci aw yiw, kon lu bon du la jot

Jubal ta way ci lu jub tay yéene ñépp lu jub
Tay wax ci ñépp lu jub, tey sopp bépp jullit

Na ngay yëram ndaw, teral mag, sa kem, na nga def
Sa bopp kon yaw sa digg ak ñépp jag ta rafet

# Bu gaayi dee war i fas tay kaalawooka tëbal

Bu gaayi dee war i fas tay kaalawooka tëbal
Yaw Bàmba ngay jàng téereb Yàlla beeka wasal

Sànkoo sa dund bi, sànkoo dundu gaa yi nga yor
Doo sànku doo sànke yaa aw ngir mu jub ma asal

Koo gis xamul nga xamal koo gis amul nga amal
Koo gis mënul nga mënal, koo gis mu sew nga rëyal

Doo gëdde doo xaste doo móolooka wax ni doxal
Doo faq-faqlu nit, doo jànni, doo toroxal

Gis nañ ku jaaxal i mbokkam ngir bonam ga mu bon
Ta waxtu wam la nuyóo, yaa jàpp bon ga setal

Naar ak wolof ak séréer ak pël, ku dikk nga fat
Doo dàq kenn ta doo wax kenn "yaa ma sonal"

Sa bàrke bii taxulaa def yaw ludul lala war
Bar-barlu woo, téxétoo, jàppoo përëg di tëgal

Reewoo, fowoo, ta defoo kër gii ñu gis mu di kër
Yaw fëquwoo, fàttewoo Yàlla it mii nga àndal

Yaw rekk a am li nga am yaw Bàmba mii ta tëboo
Doo gis ku am li nga am yaw Bàmba mii ta tëbul

Bajantuwoo, féquwoo, baj-bajluwoo, wanuwoo
Tay ku bajantu akay baj-bajlu yaa ko yafal

Seeroo, rëyoo, jafewoo, sab kem amul ta du am
Ta boo waxee ni samab kem amna it bariwul

Diirub li ñuy dund ñoo ngii sàkku nag sa ngëram
Luy tee ñu am sa ngëram, lii dëgg naŋ ko soril !

Raxas nu bañ set a set ngir nun dañoo bon a bon
Ta bon gi yàgg na, suñ mbir yaa ngi nii, defaral

Tàggoo na ñoo'ki  suñuy mbokk ak suñuy xarit it
Ba dikk ànd ak suñuy ndab, rikk far nu duyal

Buñ dellu suñu kër di rootaaneeka xiif aka mar
Feesal nga, feesal nu, bu nu delluy raweeka nasal

# Danaa la taggati kat yaw Mbàkke-Mbàkke bile

Danaa la taggati kat yaw Mbàkke-Mbàkke bile
Te Mbàkke-Mbàkke bi nanggul dëgg tagg wile

Danaa la santa ti yit yaw Mbàkke-Mbàkke bile
Te Mbàkke-Mbàkke bi nanggul dëgg cant gile

Aw tagg yaa ko yeyoo, ag cant yaa ko yeyoo
Yaa def jaloore yi tey faj aajo yee ka dële

Sag cant war na, te man sax maa di kam gën a war
Ngir yaa ma yor di ma dàkkul lèpp luy dogale

Man mii joxoo ma ku bon, man mi joxoo ma lu bon
Murit yu jub yaa ngi ak yëf yii nga may begale

Joxoo ma kuy karabaane kay doxaan aka fen
Mbaa kuy dijòo ka taxawaaloo ka foo ka mbale

Aw mab murit bu ma naa èy may ma fas wu ma war
Mbaa may ma sér yu ma sol, mbaa may ma ndaw sa fële

Woroomi ngor nga ma jox man aw ma kenn ku bon
Te aw ma lenn lu bon ken mas la seeru lile

Te aw ma kuy wax lu tax nga lekk fàtte ma tey
Te aw ma yit kuy werantee kay xulóo ka xule

Naxoo ma man da nga maa tànnal lu rèy lu rafet
Jeyoo ma, sànkoo ma, seetaano ma may fetali

Samab murit foo ko gis day mokk tey yaru yit
Tey sant tey gèm BOROOMAM tey baloo ka bale

Li lépp yaa ma ko may yaw Mbàkke-Mbàkke bi kat
Nde man yeyoo wu ma lii yaw yaa ma koy terale

Joxoo ma ab xarit it boo xamne aajo na lëf
Lu dul BOROOMAM, ku am saa may gu sell gile

Joxoo ma yit dëkkandoo juy soxla woo lu la moy
Yëtoo ma soxna su may reetaan ak ay fenali

Nawet bu nanggu nga, mboolem waaju bey da na am
Ay dàgga tey am itam walkat yu koy walali

Koo xam ni jox na la boppam te mel ni ku dee
Ta yoqi wul dana am jëfkat yu koy jëfali

Yaw yaa mat ub sangg, yaakaaroo julit, ragaloo
Yéefar, amoo ab xarit, doo jengg, doo gënale

YÀLLAA di sab sangg, Yonen ba di sab xarit it,
Foo toll yaa ngi ligéeyal kii di jaamu KËLE

Nangul ma saa tagg wii, ak cant gii ma la jox
Te may nu say ngëram it, yaw Mbàkke-Mbàkke bile

# Julleek a màgg ku kàbbar sànni say yoxo nag

Julleek a màgg ku kàbbar sànni say yoxo nag
Jàppul, yarul, def ca sam xel mépp jàkk xalam

Ngir yaa ngi déeyaale dëgg'ak Mag ma bind aras
Tegal sa xel mi ci Moom'ak ay mbiram ba mu dem

Doo jóg di wëndéelu boo dee julli, bul ba sa xel
Muy jóg di wëndéelu moom it nag na yam te nga yam

Koo xam ne kii yaa ngi déey'ak Yàlla mii fi barab
Waroo ko faa bàyyi dem, man xawma foo xal a jëm ?

Yàllaa di lépp, ku nekk'ak lépp nag fi barab
Lu jar ci yaw jóge fay jëm fenn fennati xam ?

Rusal Mu jis la nga wan kom ndod ngir lu ko moy
Bul seeru loo bëgg mbaa loo bañ ba dëddu ko cam !

Moo gën sa bopp ci yaw, moo gën sa lépp ci yaw
Bul raasi lëf lu ko moy, raasal gëm'ak ngëramam

Boo kàbbare rekk dëddul lépp lëf ba ba ngay
Sëlmal ndimbal la ca péey ub kay gënee ka yërëm

Defal la ngay man te yéenee jub di jéema jubal
Koo seeru def la mu man rekk ay la war ci mbiram

Yaw boo manee jeexal uw sas loo la moo di sa ndam
Ndegam manoo ko, dalal tey séenu yërmande gëm

Boo kabbaree lu sa xel mii daj lu dul sa BOROOM
Ag moy la boo sëlmalee yaw jéggalul sa BOROOM

Moo ëpp a moy te manoo koo topp topp gu wér
Saxal ci jéggulu biir ak bitti yaw ki mu móom

## Sëriñ baa ngi nii tay di tàllal loxoom

Sëriñ baa ngi nii tay di tàllal loxoom
Jugal jox ko ngir lee mu delloo loxoom

Ndijooram bi gën bépp ndeyjoor a ngii
Ku jóg léegi feesal ta gën say moroom

Su boo xamne bii yaa ko fab jox ko sax
Dakoy soppi ay junni delloo la moom

Kilee mat digaale kilee mat xarit
Kilee mat Sëriñ nag ta mat nag boroom

Ku fab cang jox ko mu jox la'y dëram
Ku fab sàq jox ko mu jox la'y njuróom

Ku fab junni jox ko mu jox la'y ngëram
Ta seexal la kaaroo Sëriñ bee ka woom

Kuko lebal sa bopp ak sa kër
Mu daaldi lay faye'w nit aki kër nga moom

Ligéeyal, joxe'g jur ta aw nag ndigal
Ngir gaa yu baaxoon a ngii, aw ko doom

Ta bul bëgg lëf kat ludul sab sëriñ
Ta saa soo bëgee lëf mu daaldi lay ba moom

Ludul sab Sëriñ dawal loola yaw
Ta wut sab Sëriñ boo bëgee ngën ji koom

Ku am sab sërign am lu sa'm xel dajul
Murid buy ami soxla moo luy soloom

Ku làqul ngëram di wéy yeggagul
Na muy kannasoo ba fexee wut ngoroom

Wutal Yàlla Yàllaa gën i soxna kat
Ku am Yàlla am soxna am ay goroom

Ku dof bay fexee dëkk ci'b deq yit
Bamuy xëy ne wëqét du ànd ak sagoom

Wutil géej aki dex ta bul dëpp yaw
Ngirub deq yàggul bas ay mbokk siim

Da ngaa mar ta say mbokk mar mar bu rëy
Amal itte ta bul def ku maasam ga tiim

Ta say mbokk a ngay wax bu dikkee ñu duy
Ba feesal, ku daa wax suñug bon ne xiim

Lalay doy ta doy say ndey ak say xarit
Balaa am nga raw say mag ak say moroom

Na ngay gont akay xëy di waaxooka wéy
Ba xam Yàlla am Yàlla kon ngay Kariim

Ndabal dëgg laa ngii nii muut ak ngëram
Ku bëgg ii ngëram na tibb ak loxoom

## Xam naa ci Yaw lu ma saf, am naa ci Yaw lu ma saf

Xam naa ci yaw lu ma saf, am naa ci yaw lu ma saf
Mos naa ci yaw lu ma saf, ŋëb naa la dootu ma ba

Yaa nëbb jépp ayib, yaa feeñal it lu rafet
Yaa boole ñépp defar, fal ñépp ken du la ba

Koo séen a gën maamam ak baayam te yaa ko waral
Yaa raw ña raw seeni kem, yaa gën ña jot dayo ba

Yàllaa ngi lay gëram ak Yonen ba ngir li nga def
Ci jaami Yàlla yi ak feg gii nga feg musiba

Yaa topp Yàlla bu wér, roy Yonenam ba bu wér
Lor woo ne tëf nit a gën mbooleem ña raŋ fa ja ba

Yaw yaa di kenn ku gën ay junni maa la ko wax
Te dàq séytaane ak yéefar ya, not xare ba

Tooyal nga xol yi, te tooyal kër yi lëf wowatul
Kulay bàyyeeti du man, mootax yaw it bu ma ba

# Ma wax fi lëf lul dafay leeral diggante murid

Ma wax fi lëf lul dafay leeral diggante murid
Akub Sëriñ aki maasam ak kumuy gane ji

Murid bu bëgg diggantéem ak Sëriñ ba rafet
Ak diggam ak kumu gis nay dëddu àdduna ji

Lu yàgg yàgg bumuy gaaral bumuy wut a xam
Jublug Sëriñ ba, bu koy woowit na daw wuyu ji

Ta lumu ko wax na ni pëccat def ko def gu yëwén
Tay gaaw a gaaw it ba far saf gaynde guy dabe ji

Ngirum murid dafa xat ngir junj rekk a ko sos
Lii aajowul jise ji, lii aajo naa jise ji

Lii ëpp naa jise ji, li ëpp naa defati
Lii ëpp naa waxati, lii ëpp naa wane ji

Lii ëpp naa nëbbati, lii ëpp naa xamati
Lii ëpp naa jisati, lii ëpp naa foye ji

Jéexal te bul tàyyi, kuy jéexaatu day gas a gas
Foral te farlu te loo for kat demal joxe ji

Koo xamni jox nga joy say mbir bul ko nëbbati lëf
Ta donte aajo na sag ruu it jugal xaru ji

Bul wax ni man mënuma, bul wax ni kenn mënuko
Bul sàkku ag jege ji bul sàkku ag sori ji

Baatub ndigal fumu rot gaawal ta daw fori ko
Kuy yeexe topp ndigal doo seeru muy tono ji

Nëbbal sa mer ta bukoy wan sab sëriñ bu ko wan
Ludul lakoy tax a bég kon lee nga xëy jote ji

Loo gis mu sopp ko, daal di koy wut ta boo ko amee
Yóbbul balaa laatu daal di koy jox ta bul damu ji

Xeebal li ngay joxe, boo koy naw mu daal di la yig
Sàkkul ngëram, ku ko am loo aajo Yàlla faji

Kuy wut ngëram lu ko dal nay wëy ta bum ko soxal
Ku am ngëram dëgg am ag jur ta doo julo ji

Kuy bay ba xaw aka wollee kay watooka defar
Ba am dugub fàtte bis yooyee mu daa bayi ji

Téereb murid yaa ngi, leerug ngir mi laa ko tudde
Sëriñ bi may nu ndimbal ngir yaw la nuy dabu ji

May nañ la suñ bopp may goo xamne duñ ko nangu
Nangul nu noppal la nun duñ gaa ya lay bàyyi ji

Fasal nu buñ fasut it yaw jox nu buñ amut it
Moo dag bulay weesu tay jii waa jumuy dabu ji ?

Alhaaji yaa ngile tay tay fab seen i jur di aje
Ñoo dàq a haj waande nun yaw mii la ñuy aje ji

Ajjil nu, jullil nu, may ñuy ndam, layal nu ëllag
Ta rikk buñ gis ludul mbég bis ba ñuy daje ji

# Yaa gën ci aajo kudul yaw ken melul ni nga mel

Yaa gën ci aajo kudul yaw ken melul ni nga mel
Doo jàpp aajoy segël muy jëm ëlëg di forox

Sa nopp bii ku ci tàbbal aajo fàwwu nga faj
Xamoo ci aajo ludul faj Mbàkke ñépp nga jox

Yaa jox ku nekk mbégam, roccil ko ag tawatam
Suulal ko aw naqaram, eskay lu deefati wax ?

Woo naala waxtu wamay xaaraani reer aki añ
Ngaa daaldi may wuyu joxma'y ndab yu tedd ta sax

Woo naala it bama daa rafleeka xiiif aka mar
Nga daaldi may wuyu faj saa aajo doo kama nax

Woo naala it ba ñu may wax yaa ka soof aka bon
Nga ñëw safal ma ma saf nag sàpp ñépp ne ah

Woo naala it ba ñu may suufeel akay doyodal
Nga ñëw yëkkatima may ma'y ndam ku nekk di lox

Woo naala it ba nu may jànneeka buux aka tas
Nga dikk yaatal ma it, ñay buuxeeka tas nga jañax

Woo naala it ba nu may wax kenn yéesu la yaw
Nga ñëw ma fal, ña ma daa yab yépp rus ta torox

Seetal nga saa tuuma xëy baaxal ma ñépp di gis
Nga far samay lor fegal ma'g ñàkk yaa ñori sox

Sa benn sox rekk moo gën fopp junni bi sox
Yaa may ku nekk ndawal yaa mat di sant ba ëh

Ci fàddu ngay jam doo muy mukk loo fetal it
Du soox akay jéem a dem ñuy bëgg a jàpp mu fëx

Fetal nga xol yi ba mbooleem xol yi daanu fi yaw
Nga jàpp jëmm yi def leeni murid yu forox

Sa dund gii Yàlla na yàgg ak jàmm gudd ta yaa
ñuy teewe lépp ta ànd ak mbég yu lor bañ a rax

Aamina aamina, nun ñii ñépp Yàlla na nu am
Cantub ki dul bàyyi aajo'y jëm ëllëg di forox

# Man jàpp naa sama xol bii teg fa Yàlla bu wér

Man jàpp naa sama xol bii teg fa Yàlla bu wér
Fàww ak fa mbooleem ña koy mokkooka jaamu bu wér

Ndegam damay jubadee kay sax ci def lu warul
Xol baa ngi ànd ak ña sax cig jub ta sax ca la war

Ndegam damay ku giseeful muy fanaane sikar
Teewul samab xol ne dàq ak ñiy fanaane sikar

Ndegam bu guddee ma song ub lal ne xamm ca kaw
Xol baa ngi ànd ak ña dul mos seen i lal ba fajar

Ndegam damaa boole mbooleem guddi yépp ray it
Xol baa ngi ànd ak ña dundal seen i guddi bu bir

Ndegam bakkan bi damay nooteeka not aka war
Xol baa ngi ànd ak ña koy not, not ko jàpp ko war

Ndegam damay waaju ay noonam not it duma tee
Di sopp akay sant ñay xar bopp i noon aka cor

Ndegam damay ku nëbax koo xamne ñépp a ko man
Xol baa ngi ànd ak ña rëy aw fit, ñeme, bari ngor

Ndegam damay waaju sellul, sellalul duma tee
Di sopp ñay sell akay sellal kuneeka defar

Ndegam damay dox di mànkee kay tàyyeel aka des
Xol baa ngi soppu ña mat, faj gàcce jiitu sawar

Ndegam damaa ne fi suuf it maa ngi sopp aka ñee
Mbooleem ña nekk ca kaw, ñoo tedd ñoo jar a jur

Yàlla naa ca bokku ci baax ub Yàlla gën ca bu wér
Ta jur ñi bokk ca ñoom ak jàmm, gën ca bu wér

Faf naala jébbal samay mbir lépp a ngoogu fabal
Ta faf ma saytu ngir sab saytu moo gën a wóor

Maa ngii samay mbir a ngii, jàppal, yoral, defaral
Baaxal, musal, wattu, ñag, feg lépp luy tax a ruur

Dàqul nu ay, falaŋal lor joo xam ak ju nu xam
Xittil nu waamew ngënéel ak mbég wu tandu wu lóor

Ñoddil nu lépp lu sedd ub xol mu ñëw nu nuyoo
Jàmmante, jàmmoo ni dàkk ak jàmm ju fegu tor

Ñoddil njariñ la ca Màkkaaki mÀddinatu ak
Njariñ la nekk ca Tuubaa yët nu yaw suñu buur

Jébbal nu yiw wa ci suuf ak yiw wa nekk ca kaw
Ak wépp yiw wu ñu def seen ub digante nu ŋoor

Mbooleem njariñ yi ci kër gii yépp ak ya ca kër
Gee gépp na nu nu lew fàww tay suñu muur

Roofal ci nun fàww bépp ub xam-xam ak njariñam
Ta yor nu sab yor a gën sax fopp yor yatu nguur

Musal nu fàww ci buur ak yat wa yàl na nu moy
Tay ak ëllëg dal suñuy bañ, bopp toj wane yuur

Jébbal nu mucc gu teel ak bàrke ak mba mu sax
Ak yërmandey dex ju nuy tàbbeeka féey aka nuur

Seppil nu yiw yi ci dunyaa jépp ak ya ca laa-
Xiraati jébbal nu fàww ak sàlli cant yu suur

Yàggal nu àddina lool ak jëf ju yiw ju la saf
Ju nuy saxal ci yaw ak loo sant cant gu wóor

# Bàyyil bàyyil jaloorey gaa yi ngay yër akay

Bàyyil bàyyil jaloorey gaa yi ngay yër akay
Doyloo ta wut sa jaloorey bopp, moo gën a wóor

Jaloore joo deful ak ñam woo mosul lëf a yam
Ta xet ga gindi la ngay doylooka mel ni ku suur

Xamal ne ray sa nganaar as bopp soo mos a gën
Nag yoo mosul yu ñu naa céy ñoo ka duuf aka suur

Koo xamne wacci na as teenam di bég ca dex ub
Ndar geeka waxtaane, bis teenam ayib, mat a dóor

Ku nekk fii lu ko géej ub ndar di faj ba waral
Mu wacc teenam ba bañ koo raw, ndaway def u toor

La ndar di def rek ngay def, ndox ma nekk ca ndar
Jeexul sa ndox mile it jeexul, xañeeful a nguur

Loo ñee ku mën jam ta doo ñàkkum ndawal aku ñam
Loo ñee ku jàng ta doo moy ngir ma yaa gañe buur

Loo ñee ña nekk fa géej ub ndar ta ñàkkula ndox
Loo ñee ña yor pake it yaw mii ta bëggula nguur

Doyloo rafet, sant a neex it, moo la war it

Doylul ta sant, ñu jañ sab dig ta yokk la muur

Séytaane daa na gis ak nit wenn nag mu fasoo-
Koo nangu, indiy nagam jóo wenn nag wa ci biir

Ba noppi yuuxuy nagam fëx, nag wa tëb ne sarax
Ca nag ya, rëcc boroomam, Yàl na moy lumu diir

Yàl na'w ayam yam ci boppam képp ak ci ñoñam
Ta jàmm dal nu ci bopp ak bàrke, dal gu nu wóor

# Ka xas ŋàbb caabi'b Yàlla Yàl na nu far jubóo

Ka xas ŋàbb caabi'b Yàlla Yàl na nu far jubóo
Ta Yàl na suñub diggante leer it ta neex a neex

Ka tëj buntu yor doomam ba képp ku bëgg a wéy
Ta jaaroo ci bànneexam ba sab xol du neex a neex

Ku jug jëm ci buurub ñépp day jiitalum xelam
Ta wut làpptoo buy wax ci moom it lu rëy lu neex

Wutal làpptoo yaw mii buy lay tagg akay gëram
Fa buur ak i xejjam ndaxte Yàlla nga am lu neex

Am ub làpptoo day tee ñu làpp la, lii waral
Ku am làpptoo war koy defal lu ko neex a neex

Bàyyil dox di am aajooka yàkkamti lëf ba dem
Ta yóbbaale woo sab làpptoo, lii du jur lu neex

Suñub làpptoo nun, Yàl nay bég a bég ci nun
Ba far ne bërét sàkkul nu jàmm ak lu rëy te neex

Ta Yàl na fanaanee sàkku cant gu jëm ci nun
Ba noppi ta yendoo ñoo bégal céy lilee ka neex

Ta Yàl na ni ñokket jëm ci nun fàww akub tabam
Ak ub lewet ak yërmànde, Aamiina kon mu neex

Ta Yàl na nu fàggul gudd fan ak wér ug yaram
Ak ub farlu ak tawféex akii ñam yu neex a neex

Gëram naa ko, Yàl na aam ci moom it ngëram lu rëy
Lu yéemu ludul dañ mukk tay dollikooka neex

Danaa sàkku nag diirub limay noyyi jaajëfam
Ta maa ngi di daw mbooleem la ko neex a neex

Ta Yàlla na raw it mboleem ludul la ko neex a neex
Ta jot lépp lëf loo xamne lii moo ko neex a neex

# Sëriñ bi sa digg ak Yàlla raw nam xel ak xalam

Sëriñ bi sa digg ak Yàlla raw nam xel ak xalam
Te raw njort, man seenub diggante damaa ëlëm

Ñi xam Yàlla ak mboolem ñi am Yàlla yaa ci raw
Sëriñ sépp a am ndam waaye yaa ëpp ñépp ndam

Sëriñ sa ba ñiy waalante, cang ga yaa ko jam
Ba nuy niit akay déqéeka daw jël nga ndam ba dem

Da ngaa teggi tuur ak ndam ba faw toor akuw lëjal
Ku toppul ci yaw mii, dootu am ndam du am xorom

Bu may baax akay bon, maa ngi nii topp man ci yaw
Di séenu ngënéel ak yërmandekub tab ak ngëram

Ku baaxul ta ànd ak waaju baax it di séenu lëf
Ku ànd ak leewu'y junni séenu ca ab dëram

Wolof neena « Koo àndal lu rot ci'y yëfam nga for »
Ta yaw la nu àndal yaw ki rotle lu dàq lem

Rotal nga fi nun ak (…) fi lu dàq lem
Rotal nga fi nun aw ñam rotal fi lu dàqu ñam

Rotal nga ngënéel ak yërmandeeku yiw ak njariñ
Ku tukkee fi sag ron nit ña daw raasi ag ronam

Ña mbooloo ya daa jox seeni mbir bu ñu delsi woon
Asal jox la seeniy mbir te feddali seeni gëm

Xamal ne da ngaa dox Yàlla yaw fu ko ken doxul
Mu jox la lu tax xejjam yu rëy yépp faf wedam

Sa may gi su feeñul woon ñu jis ko ci yaw bu wér
Ñi fas ne gileg may Yàlla joxti ko ab laram

Dañoo sédd mboolem sang yépp ñu dem nga ñëw
Ñu jébbal la ñépp ak seeni cër, doy nga noo xalam !

# Bul moslu sab sang ag jur, dee ko moslu ngëram

Bul moslu sab sang ag jur, dee ko moslu ngëram
Murid bu dee moslu sangam jur du mos ngëramam

Mosal ko sag jur ta musloo moslu ag juram it
Lii lay mosal ngëramam yaw mii fegal la meram

Ta moslu kenn warul, waande'b sëriñ dafa raw
Yaw sab sëriñ bu ko wax lëf foo ko gis, ndare "am"

Ta lépp lëf lu mu lay wax « def ko » nee ko "na am"
Ta bul ko bëggal ludul jëmmam ja ak ndigalam

Tay ngir mu jub maa ngi, kuy aw menn ngir mu ko moy
Na xam ni aw na ngirum Séytaane ak bakanam

Koo gis awul mile ngir, bëgg na'b muritam
Awal ko ngir mile, mootax ngir milee mat a jëm

Amaana boo ko teree fi'w nit nga gis ku ni "mbas"
Ta lëf taxul mu ni mbas lu'b xol bu bon bu tilim

Amaana boo ko teree nit gis ku jug ni "ma dem"
Ngir nit bu baaxul bu deesee waare fàww mu dem

Amaana ngay gis ku neewul mbas jugul dem itam
Ta boo ko dee tere muy bërxal ci biir i waxam

Séytaane waxtu wu dee see noddu muy jam u xél
Ta waayam it waxtu woo dee waare muy fabu, cam

Séytaane lii di mbiram demtil batil ku dem it
Dafay fexee nax a nax waayam ba rekki gëmam

Sëriñ bi Yàl na nu fegal nun Séytaane ak ku ko roy
Ta boole ñoo boole ak boppam ba ñuy yaramam

Yàl na nu may itam ngor ak ug njébbal gu wér gu rafet
Ta fàtteloo suñu xol loo xamni lii du mbégam

Yàl na nu fegal suñu diir ub dund mépp meram
Yàl na nu may it Mbàkke tay jii ak ëllëg ngëramam

# Gis naa fi man senn ndaw soo xam ne fuq na bët

Gis naa fi man senn ndaw soo xam ne fuq na bët
Ku bëgg saa mbég na may ñaanal ma yeggale ko

Diirub ba saa bët bi fettee jàpp tey masumaa
Gisub kemam ab kemam sax YÀLLA sàkkagu ko

Xelam ma, ak yar ba, ak taaram bu réy ba ma gis,
Jaral na ma jàpp tey jii sépp ndaw sànni ko

Bu nee doyul nag ma fab luy doomi nit ni ko am
Fab saa ndey ak sama baay ak saa bakkan wise ko

Danaa ko jël man bu soobee YÀLLA mbaate ma dee
Ngir sépp ndaw su ko moy saa bët bi jéll na ko

Xayam gu réy ga ma xam, ak sempalam ga ma xam,
Ak njaxlafam ga ma xam, giñ naa ne ken amu ko

Lewet na am fulla, am ak doy te mokk ba dee,
Buy ree nga àttana fab ab junni neexale ko

Yàllante won man ma am ay sàkkuy dërëm yu ne xus
Ba xam ne buy reeti may fab sàkku weexale ko

Bu saa alal bari woon kon jépp ree ju mu ree
Ma fab ca ab junni and ak ree ja sante ko ko

Yàl naa ko jël waaye ndaw si am na yaari ayib
Du fekki wujj te bëggul wujj fekki si ko

Boo koy labat, bàyyi séppas ndaw ba jël ko bu wér
Te boo jëlee, boo ko dee yët wujj muy yéwwiku

Day yër sa xol, bu fa dee gis senn ndaw su ko moy
Mu daadi fay, bu fayee tuubal te daw dabi ko

Wattul mu fay, ndax buy fay YÀLLA doo tu la fay
Aw yiw te dootu faj it, say lor ahaa wattu ko

Lay tax mu fay, bu ko def; lay tax mu mer, bu ko def ;
Lay tax mu génn sa xol bii mbaa sa kër moyu ko

Buy génn xol biy lëndam, kër gépp tas ne wesar
Moo tax la koy génne war ngaa lagg génne ji ko

Bul seeru ndaw su ko moy, bul mokku ndaw su ko moy ;
Luy bëgga dox sa digg ak ndaw sii ma gis moyu ko

Ngir ndaw si senn la, déggoo fenn ndaw su ni mel
Ku ndaw si dëddu asal Yonen ba dëddu na ko

Moo tax ba ndaw sile, mat naa jublu jublu gu wér
Ba am ko ndax YÀLLA ak Yonnen ba jublu na ko

Koo xam ne amna ko am Yonnen ba fàww te am
Yonnen ya ak YÀLLA ak loo xam ne bëgg na ko

Sëriñ bi yal na nu may boppam te yal na nu may
Ag can gu réy gu nu jox ndaw sii ba yeggale ko

## Man xejju Yàlla yi daa naa sàkku bokk ci ñoom

Man xejju Yàlla yi daa naa sàkku bokk ci ñoom
Tay maa ngi sàkkoo di seen ub xaj su topp ci ñoom

Man xejju Yàlla yi daa naa jéem a bokk ci ñoom
Tay maa ngi ngéejo di seen us xaj su topp ci ñoom

Daa naa fexeb raay akay sàkk ub saxaar aka wut
Tay maa ngi tuub aka wut paas ak mbégum ku ko móom

Ku dëkk diggante géej ak dex lumuy doye sax
Baag ak goj ak simong ak weñ, Yàl na ñuy sori ñoom

Ku gis wotaaki saxaar ak jàmm jëm fa nga jëm
Duggal ta bul wuti kóoŋ ak fas akay rawi buum

Ku Yàlla noppal da koy xam, waaxu dugg a nu war
Ta fas suñub ràcc akay togg ub ndawal aka siim

Daa naa fexee def moroom ak nawle sang ya tay
May jéem a def ku ci nekk ub sang, def ko boroom

[...]

# Yàllante may xaj su ànd ak xejji Yàlla ya ndax

Yàllante may xaj su ànd ak xejji Yàlla ya ndax
Bu ñiy desal woo ma naa ‘éy éy’ te naa ma ‘xuri’

May yelli yelli di ñëw tay sant fàww aka xab
Di xab samay kem ku ŋàbb as des ma daw ne ‘ari’

Yàllante man mile may seen us warax su ñu sëf
Sëf ub ngënéel ak njariñ buy tax ma sëf ñu bari

Yàllante man mile sax may seen u dàll wu ñuy sol
Ndax ñu sol ma’s njariñ, ñoo am njariñ ta gore

Baax ak bon ak luy am ak luy ñàkk yaw na nga sax
Fi seen i ron, ñoo di sab ñag, muslu leen a sori

Ñoo tedd, ñoo mat di teg bët mat di, mat di wetlikoo
Ñoo mat di sàkku jegeñ, seen ug jegeñ du lore

Ña dee ci ñoom ak ña deewul, képp koo ci gis ak
Bët mbaa nga dégg ko yokk ub yar ta tuub lu bari

Ñoo jub jubal seen i mbir yépp ak yeneen i kurél
Ñoo tax ña jub ñépp jub bay daw lu dee fi tere

Ñoo def lu saf Yàlla biir ak biti def gu rafet
Ta ñoo ko saf bu rafet, ñoo daa dabeeka tere

Ñoo daa muñal nit ñi seen ug moy ta daawu nu moy
Ñoo daa joxe’g jur di musloo ñaan a fepp cere

Mbër yaa ngi nii kang yaa ngii, njuum a yaa ngi, njegam
Bokkoo ci yaw mile ñaanal leen u yiw ta tëri

Mbër yépp Yàl na ñu ub, jël ndam ta bokk bégal
Xaj sii di séenu ci ñoom ag ndes ñu naa ko kuri

# Ma jug feddali'g tuub akub cant man

Ma jug feddali'g tuub akub cant man
Ku for dog bu say kem forul sant kay

Gëram Yàlla ak sant Bàmbaa ma war
Amul kenn koo xamne ñee naa ko tay

Damaa dikk fi'g dex gu suuxal ñu rëy
Ma xuus ak sama'w nit ba far jàll wéy

Ludul dëkke cant ak ngëram jaaduwul
Ci man Baabakar mii ñu may ngën ji may

Samay rakk a ngii lab samay kem di lab
Samay mag di lab may am ug mucc céy

Damay sant xéewal gu rëy gii ma am
Nde kat sant xéewal du jur mukk ay

Ku am may gu rëy fàww cantam ga rëy
Ku cantam ga rëy ndollenam daaldi rëy

Bu ñiy deeka bon kay, ku deewul bonul
Bu taqoowul ak tuub ak cant, moy

Ludul cant gis naa ko muy moy gu rëy
Ta gis cant di'g may gu rëy nag ta doy

Lilee tax ma far bëgg a def cant kër
Ta far def ko mbubb ak mbalaan ak tubëy

Ta def ko'm ndox ak ñam ak ub sànt far
Aku'w fas ta war Marhaban, nii la kay

# Sëriñ bi fas naala yéene sant dëgg fi nja

Sëriñ bi fas naala yéene sant dëgg fi nja
Ak fépp, cant gu dootul dog ba àjjana ja

Yaw dong yaa mat a jox ag cant yaa mat a jox
Ay mbir, ta yaa mat a jox addiya yaa mat a ja

Doo gàntu, doo tege lëf, doo yoqi doo mere nit
Doo wuññi mukk lu bon yaa jox ñi bon daraja

Foo fekk nit ku ayib, sàngal ko ay ayibam
Fo jis ku jinney murid sayloo nga ray jinne ja

Yaa ëpp a sàkkal i kem, yaa mat di sàkku ba dee
Yaa mat di tag aka way, gis naa sa yërmande ja

Yaa ñàkk dëgg lu bon yaa jàpp it ci lu wér
Yaa nekk cig dëgg it yaa jëm ca àjjana ja

# Mbooloo mi ab yeetee ngi nii, waa juy nelaw

Mbooloo mi ab yeetee ngi nii, waa juy nelaw
Na ko daaldi xam tay ndaxte yewwoo gën nelaw

Tay yaari gaa yi seeni mbir matnaa xalam
Kiy daw lu bon fumu toll ak ki li bon di daw

Kiy daw lu bon ngën ji'b murid la bu yeggagul
Ki li bon di daw ngën ji'b murid la bu daw ba raw

Kiy muslu am ndog mbaate muy daw dafa yeggagul
Nde ka yegg dootul dox di muslooteka daw

Bul dof ba gis wax jii ma wax tax nga naa
"Yonnen da daa muslooka daw" laajal lu xew

Loolee mu daa muslooka daw dafa daa xamal
Xeetam wi waa juy door a jug fumu war di aw

Kiy wut yiw ak ki'w yiw di wut bokkewul
Ki'w yiw di raasee gën asal kay raas u yiw

Foo gis murid buy raas u yiw dafa yeggagul
Nde ba yegg dëgg uw yiw da koy raaseeka ëw

Na nga yëg ne nag kuy door a jug day raas u yiw
Ngir nit ku bëgg ug goj dafay sëgg guy ta raw

Ku jàjji ab teenam ta teenam bënnagul
Bumu toppandoo kat waaja ab teenam di saw

Koo xamne ab teenam saw na mën naa daaldi sol
Mbubbam aki dàllam ta wéy ngir jëm na kaw

Ku bënn ab teenam ba sol ab mbubbam di wéy
Bu koo waaja bënnul toppandoo moo gën di ndaw

Sàggan jigul kuy door a jug lii maa ko wax
Yewwul ta gas kuy jàjji day néewiy nelaw

Gis naala ngay dàq ab yaafus ta séenulako
Kon yaw na ngay def ba jot njaxlaf ta dàqulako

Ku yittewoo àddinaakay sàkku am ko të ko
… Ci laaxira bañ koo sàkku, am ko të ko

# Sa xol bi génné ci soxnaaki murid aki kër

Sa xol bi génne ci soxnaaki murid aki kër
Ak doom akii alal ak mbooleem lu koy tilimal

Xamal ni Yàlla du nekk ak lenn lëf ci sa xol
Boo génné wul lépp lëf sab xol mu dëddu sa xol

Ku bëgg Buur aki xejjam dal ngëram, na setal
Këram ga, ngir bu setul Buur ak ñoñam du ca dal

Ta Yàlla ab xol la def muy dëgg dëgg i këram
Xol rekk a dib wàccukaayam dëgg dee ko setal

Farlul ba waxtu bu seete xol bi fekk mu set
Ci lépp lëf lu ko moy, lii daal a di'g rafetal

Bul bëgg Yàlla ba noppiy bëgg lëf lu ko moy
Wax wàqi moo gën a bon, as gor du wàqi, wëyal

Jug jëm ca gaa ya ba mbooleem gaa ya jug di la xar
Di sant akay bég ci yaw ngay dëpp lii defuwul

Bokkal ca gaa ya fa séenii kër di lekk aka bay
Di waaj akay soow akay war seen i fas di dawal

Mbaa gaa ya gàddaaye seenii kër di topp ndigal
Di jaab akay daw ba am ñuy topp seen i ndigal

Bokkal ci ñee mbaa ci ñii ngir ñàkk féete du mbir
Ku féetewul fenn, baaxul, ay mbiram rafetul

Jaayal bakkan bile waajii ndaxte dee bu jotee
Ku deewul it gis lu dee gën, jébbalul, bàyyikul

Defantu baaxul bàyyil yaw mbaa nga def lu nu xam
Nekkal di laab aka laabal waaye bul tilimal

# Sëriñ bi doy ngama doyloo naala it ci lune

Sëriñ bi doy ngama doyloo naala it ci lune
Fegal nu wopp aki dee fàww ak ñu bon fu ñu ne

Doylul nu wëllis i fajkat ak la ñiy faje nit
Ta may nu mucc ak wér ak dund ak ngëram yu tane

Ndegam da ñuy feg i lor yaa dàq a feg kune lor
Mën ngaa feeg ii lor ta doo jam aw yaram ni gone

Loo xamni day ruur akay lor nit na jëm fu nu moy
Man jàpp naala def ub ñag, wër ma kàpp fune

Ngir Yàlla ak Yonnenam ak bépp lar bu ko gëm,
Musal nu, guddal suñuy fan, may nu bàrke bu ne

Nañ mucc fàww bu wér tay musle fàww bu wér
Tay sax bu wér ci ndigal tay sant cant gune

Fegal nu ay wépp ak waa ay wi feg gu rafet
Dàqul nu luy wàlle ak kuy wàlle mën nga lune

Boo geesuwon senn saa, ay dem ta dootu ñëw it
Bàyyil sa nëbbu bi, yaw yaa dàq a nëbbu kune !

Geesul ta ñaanal nu, geesul may nu sax la nu wax
Kuy ñaani day ku amul, yaw am nga may yu gëne

Yàllaa la fab boole fàww gaa ya fekke Badar
Ba dàq Séytaane ak yéefar ya, dàq kune

Tay léegi kenn nga ku'y mbooloo di taj aka ëw
Muy wéet akay wéetal ub sangam ci lépp lune

Doo ñàkk a wéetati ngir xeetoowulaaki murid
Xeetoowulaaki Sëriñ, yaw kenn newul fa nga ne

# Toolub Sëriñ baa ngi nii yoolub ku koy bay a ngii

Toolub Sëriñ baa ngi nii yoolub ku koy bay a ngii
Toolam bi moo ndigal yoolam bi moo di ngëram

Ngëram li làmboo na nag mbooleem lu dee fi gëram
Ni kii ngënéel aki bàrkeeki fereeki dëram

Ak naari góor aki taax ak jongomaaki lamam
Ta du'g pay it nde ëllëg lay jox ku nekk payam

Waayam lu bég bég, balaa bég ruu ga rot ba mu gis
Taaxiy wurus ya mu am foofee lu tee nu xalam

Waayam ja dëgg du jéggéekay layoo aka dox
Buy dekki day daaldi war gaalam mu teri këram

Ta kenn sikkul ne waayam Àjjanaa di këram
Ay gaayi kuy waayi kii war naa feral bakanam

Ku bëgg a am léégi yoolam bii na futtiku dal
Toolam bi tay bay a bay ngir Yàlla tay gëm a gëm

Ku wax ni man bëgg naa yoolam bi nag ta bayul
Toolam bi kookale kat day fooka kaf, du ko am

Ku bëgg lëf di ko wut kuy muslu lëf di ko daw
Ku Yàlla yee, ku mu gis daal nay janooki mbiram

Ku bëgg lëf ta wutul loolee mu bëgg bëggul
Kuy muslu lëf ta dawul loolee fenal na xolam

Ku bëgg wut, ku ragal daw, wax ju wóor a ngi nii
Màndarga yii ku ko xam koo seeru daal di ko xam

Sëriñ bi kenn mënukoo nax ngir dafay yëri xol
Mootax ba kenn mënukoo jommal ba am ngëramam

Nun suñ yaboo faf wéral tay jéem a mel na ko saf
Tay jéem a def la ko saf tay jéem a sàkku mbégam

Ku wax mu dégg, ku fas fas-fas mu yëg la nga fas
Ku def mu gis la nga def, kuy jug mu xam fa nga jëm

Koo gis mu jug ngir xaloo koo nax, bàyyil ba mu dem
Buy dem di xamni ka dee fii nax du kii, du kokam

Amul kumuy jege loo boppam akay soril it
Ka koy bës ak ka fa toolam bay bayee xal a yam

Loo def bu dee ndigalam loolaa di ngën ji sa jëf
Bul def ludul ndigalam, muslul ludul ndigalam

Yàl nañ fegal feg gu rëy mboolem ludul ndigalam
Ak lépp lëf lumu sib ak luy ësaale meram

Yàl nañ may it may gu yéemoo yéemu guy rëy a rëy
Tay ànda ànd aki mbég ak wépp xeetu ngëram

# Ludul Sëriñ bile man mii sànni naako bu wér

Ludul Sëriñ bile man mii sànni naako bu wér
Ludul Sëriñ bii du man koy deeti jàpp aka yor

Ta lépp loo xamni lii daanaako jàpp aka yor
Ludul Sëriñ bile xamnaa tay ni ndof la gu bir

Man génné naa sama xol bii ay xarit aki jur
Wuutal fi Bàmba ki gën foppii xarit aki jur

Def naa ko ab sang def ko'b soppe def ko xarit
Def ko'b Sëriñ def ko baay ak ndey ta Yàl na ma yor

Jox naa ko saa bopp ak saa lépp Yàl nama jox
Boppam ta Yàl na ma jox léppam ta yor sama mbir

Fab naa samay dongo ak saa bopp ak sama kër
Jébbal ko ngir Yàlla, moo jaa tee mu ñoo faye bor

Sëriñ bi tay yaa di jaamub Yàlla maa di sa bob
Foo jëm ma topp la ndax loo rotle Mbàkke ma for

Ta tayle naala samag ruu, ruu gi nag da na wel
Fi yaw nde man du ko jot, ngir jot ci ruu gi du ngor

# Nañ yeesal ug tuub ak ub njébbal ak ug bàyyiku

Nañ yeesal ug tuub ak ub njébbal ak ug bàyyiku
Ta kat Sëriñ bii ludul def lii ma wax safu ko

Fanaani jàkkaaka yar mool akay talaxu
Murid bu yor melo wii, waatal ni kenn yoruko

Murid lumuy bari mën mën bay niru'b sëriñam ?
La war murid mel ni ab lar kon sëriñ ba ja ko

Jigéen akub taalibeekub jaam a bokk àtte
Jëkër, sëriñ, sang, doynaa soxlawooka dagu

Ku geesu bis lëf ludul sab sang yaa mat a ray
Ngir yaa ngi njaaloo ta kuy njaaloo la gën rayiko

Ngën jiy murid moo di bay yendooka gont aka xëy
Di soxlawoo sëriñam, jàmmante sax taluko

Foo fekk kii nee ko yaa aw ngir ma dee fi wuuti
Murid budul bii xamal seexam ba jéppi na ko

Ku am jëkar deeti wut aw far du am ngëramal
Jëkar ja ndaxte ngëram yombul ta sàkku wu ko

Ku am Sëriñ, bumu faaleetib Sëriñ bu ko moy
Bokkaale baaxul, ta benn ub sang taamu wuko

Murid la muy bëgg a wax ak lam xelam di rabal
Sëriñ ba xam nako, wëllis fen ta sikku mako

La dee fi nëbb aka déey ak def ta kenn yëguko
Budul kon ak suturaal uw nit mu nettaliko

Teewul mu naa “lu fi xew” teewul mu naa “na nga def”
Dafay suturlu, nde luy xew lépp dégg na ko

Bul fen ta bul fen ta bul fen mukk bis bu la woo
Yaw boo fa nekkee ludul lay dëgg dëgg ba ko

Ta bum laaj it nga naa “xam” loolu nit du ko wax
Bul koy jëme’k ndof fabal ab yar bu mat jëme ko

Dof rekk a naa “xawma” mbaa muy wax ni “wóoruma kat”
Kuy wax yu mel nile doo gis bàrke mii dali ko

Tànnal waxiinu ku am ab yar bu mat bu rafet
Nga fab ko def sab gobar koo jot nga dëbb ko ko

Ab yar la gaa ya di gànnaayooka xeexe ba not
Luy waaj a lor, gaa ya jug fab yar mu mat jëme ko

Nde duy gobar aki jaaseeki dibeeki kano
Yii donte day faji lor kon Bàmba mii ame ko

Doyloo na sangam ba wëllis ay kanooki dibi
Moo tee nu doylooko wëllis ay juddóoki kàggu

Lay mbir ta lay mbir ta lay mbir moo di wut ngëramam
Ba am ko ngir ku ko am maasam ga fekki si ko

Ngëram la boo ko amee gën, waande nag jafe na
Ngir loo ko jox yaw ludul sag ruu asal doyu ko

Fabal sa xol fab sa waakër dellu fab sa alal
Jébbal ko melni ku dee lii moo di ag bàyyiku

# Xalaase ñoo ngoogu tay yéeneeka lott ci jëf

Xalaase ñoo ngoogu tay yéeneeka lott ci jëf
Li ngay teere ngi, li ngay diglee ngi, dimbali nu

Xamnaa ni xol bokkul ak cër, xol amaana mu fas
Loo xamni cër du ko mën, Yaw Bàmba yokkati nu

Li nuy def ak li nu yéenee wuute ngir da nga gis
Nuy def lu bon ta suñuy xol mer ba dee, tëye nu

Jombul ci sag tabe, ñuy fas tay mën it la nu fas
Jombul nga may nu lu ñuy jaamooti yëkkati nu

Jombul nu xëy fas u yiw, jombul nu xëy def u yiw
Jombul nu xëy ne fi yaw, jombul nga xëy jege nu
Jombul nu nekk ci yaw, jombul nga nekk ci nun
Jombul nu am sa ngëram loo xamni jomb na nu

Jombul nga dundu, nu dund ak jàmm ju saf
Sa fan wi guddu, suñuy fan guddu ñépp tono

Yaa bay lu nekk ba am say jaag i cant yu rëy
Sarax nu nag asakay loo bay ta santle nu

Yaa gas sayaan aki teen ak dex ba yépp ne cos
Sarax nu nag asakay loo am ta sancle nu

Miskin mu bon laa, mu nekk ak yaw, mu lott ci jëf
Boo dee fab ub añ di yët baykat ya fàtliku nu

Man sab sarax ak sa muurum koor aki asakaa-
Kas ñam su des laala ñan ak as cagar wuyu nu

Man laajuma'k pay nde man mii leblewul mayewul
Sarax si daal a waral nuy déglu dimbali nu

# Yàl na nu am gëm gu wér ak jëf ju rafet

Yàl na nu am gëm gu wér ak jëf ju rafet
Ak ngëram ak bàrke ta am mujj gu rafet

Yàl na nu gudd fan ta am wér ug yaram
Ak njariñ ak jàmm nu boole nu yëram

Yàl na nu am sutura am teraanga
Ta sori lépp luy waral yaraanga

Yàl na nu am Yàlla ta am ngënéelam
Tay dolliku'g ragalam ak cofeelam

Yàl na nu am njariñu suuf ak asamaaw
Ta mucc nag ci ayu suuf ak asamaaw

Yàl na nu am topp gu nangoof ak alal
Ju ëpp joj Morel ju lew ju'g cant lal

Yàl na nu jàmm di bawoo ci wet gu ne
Nu di nu dàqloo ay ak tawat gu ne

Yàl na nu jub fàww juboo fàww ak ña jub
Tay jub akay jubalu nit, lëf ba ña jib

Yàl na nu wàcce yërmandeeku yiw ci nun
Tay ak ëllëg ta wasal it bàrke ci nun

Séytaane Yàlla bumu jëm mukk ci nun
Yàlla bu waayam mën a jëm mukk ci nun

Yàlla na nu mucc nun ci moom aki pexeem
Ta suñu ñoñ mucc ci moom aki pexeem

Yàl na nu am mbooleem lu ñuy bëgg aka wut
Ta bañ a jug di ko fexee raas aka wut

Njariñ yi ñiy dox di  wuteeka raasi
Yàl na nu ñuy dox di wuteeka raasi

Mucc ak njariñ, ki dee fi wut waxtu wu ne
Yàl na nu taqoo fàww waxtu wu ne

Mbir yépp Yàl na nuy jubee fi nun
Yàlla bu mbir mu deefi bañ jibe fi nun

Yàlla na nu wommat lu nu bëgg yët nu
Léegi, ta jiital ku nu bëgg yët nu

Yàl na am lépp dee fi aajo
Tay fajal it képp ku nekk aajo

Yàl na suñub xol sedd nuy serali xol
Xol ub ku nekk fu nu tollooka teral

Yàl na nu bàrke bokk dal, lor moy nu
Fàww tay ak ëllag nu dig nu may nu

Yàl na mbébét yépp dajee daje fi nun
Fàww ñi am niariñ ci nun daje ci nun

Yàl na nu jàmm bokk dal ay moy nu
Tay ak ëllëg nu fal nu ful nu way nu

Yàl na nu am yu ñuy jël ak yu ñuy maye
Fàww ta am ñu ñuy jël ak ñu ñuy maye

Yàl na nu boole fàww néeg aki baraag
Di jaamu Yàllaaka toroxlu ne ñuraag

Yàl na nu taqooki dibeeki kaabus
Ba du nu ñàkkati'g ndawal ci benn bis

Yàl na nu ñuy fàddali koobaaki kéwal
Nuy sow akay sant ba faf raw ub géwal

Yàl na nu ñuy ñoddil uw yiw di nu jañal
Lor fàww nuy ñoddil ku nekk aka jañal

Yàl nan nu ñuy borxal i junneeki ngënéel
Waxtu wu jot nuy gën akay maye ngënéel

Yàl na nu ñuy fegal i tiis aki tawat
Waxtu wu jot ñuy feg i tiis aki tawat

Yàl na nu ñuy naatal saxal nu ci lu naat
Nuy wéy di wéy ba ni ci àjjana ja naat

Yàlla na nu nuy dolli ngëram ak ug njaboot
Gu jub gu am njariñ gu way gu neex a boot

Yàl na nu ñuy rokkasi yiw fàww aki mbóot
Yu rëy a rëy ta dolli nu'y reen aki buut

Yàl na nu ñuy gëram aka siyaara
Nuy mayi yiw képp ku ñuy siyaara

Yàl na nu ñuy sant aka dolli'g cant
Ñuy santakay dolliku fàww ug cant

Yàl na ñu ñuy safal ak may lu nu saf
Ta di nu jox fu ñu ne ràcc bu nu sif

Yàlla na ñu ràcc sif jaxas teg ca ndawal
Jébbal nu fàww jopp ñëw di nu dawal

Yàlla na Yàlla ne ci xol yi sax ci
Njariñ lu nekk ne ci xol yi sax ci

Nun ñépp Yàlla na nu rafet fas lu rafet
Wax ko ta jëf ko sax ci, am ko bu rafet

# Diggante Tuubaaki Njaareem ak Nja Yàl na fi taw

Diggante Tuubaaki Njaareem ak Nja Yàl na fi taw
Taw buy waral ñépp fëx ñëw sax fi dëkk aku yiw

Nit ñépp Yàl na nu gental fàww seen i barab
Ta sax fi diggante bii ndax ñépp maase ci raw

Waa fépp Yàl na nu xëy sëf seen i yëre ta ñëw
Di jëndi pàkk aka rëccu'b càggan ak jëf i ndaw

Mag ñépp, ndaw ñépp, jàmbur, mbokk Yàl na nu sax
Diggante yaari jumaa yi sax gu tax kune law

Naatànge Yàl na nu koy jox fàww fàww ña tax
Diggante yaari tabax yii jox gu fés gu ñu naw

Diggante yaari tabax yii, rikk dunde fi yaw
Ta dee fi dekkee fi dem firdawsi dëkk ca kaw

Yàl naa fi dunde ci baax ub Yàlla junni bi at
Yu mànkiwul soga dem Firdawsi xol sori wow

Àddina lépp ngënéelam Yàlla Yàl na ko fob
Ni xëpp fii ku ñëwul fii Yàl na ñee ku fi ñëw

Ku bëgg u yiw ta saxul fii Yàl na ñee ku fi sax
Koo xamne sax na fi Yàlla nay am njariñ yu ko lew

Njariñ yi Yàl na ñu faf gàddaaye fépp ta ñëw
Ni dàkk fàww fi nun nit ñépp bokk nu ëw

Buurub aras Yàl na nuy saytooka sant aka wis
Ba jóo nu Firdawsi daal ak gaa ya aw fi nu aw

Fu nekk Yàl na fa xiine'g cant xiine fa ndam
Xitte fa lépp lu sedd ub xol nu fees aku yiw

# Mbooleem ku ŋëb ci Sëriñ bii mbaa mu ŋëb ci kokam

Mbooleem ku ŋëb ci Sëriñ bii mbaa mu ŋëb ci kokam
Yàl na'b xolam sedd mbooleem ay mbiram jag a jag

Mbooleem ku jébbalu Yàl nay tedd a tedd ba dee
Yóbbaale teddnga dem Firdawsi, tëdd fa nag

Murid yi Yàl na nu am ndam làq seeni mbébét
Murid bu jug fàww Yàl nay melni jant bu jug

Sëriñ bi Yàlla na fab ñéppam ne tegg ca kaw
Ta yokk leen i yiw ak gëm ak ngënéel aki mbég

Ta yokk nag seen i fan, fab seen i jëf rafetal
May leen i ndimbal, fegal leen ub tayeel aki ndog

Ta Yàlla na xëpp ku nekk uw yiw ba ñépp doyal
Mu dàqu dee gi ta feg luy yàqleeka alag

Ta Yàl na jàpp ub murid yeesal ko pull ba koo
Jis ñee nu, bëgg di nun tay jébbalooka galag

Ta Yàlla nay dundu, nuy dund it di ànd di wéy
Muy digle tay tere nuy def tay bàyyeeka lefog

Ta Yàlla na fab suturaakii jàmm sànge nu nun
Mbooleem lu bon, suñu digg ak loola, Yàl na ko ñag

Mbooleem luñuy tax a bég bay sant Yàl na ko fab
Jébbal nu, luy tax nu mer nag loola Yàl na ko feg

Ta Yàl na far fàww gépp ug far ludul suñu mbég
Ta may nu dundu gu bàrkeel ak murid yu nu jig

Ta jox nu yiw wu nu yëg ak yiw wu kenn yëgul
Ak ndam lu rëy lu nu yëg ak ndam lu kenn bañ a yëg

# Ma sant Bàmba ki xëy teggil ma dég yi ma jam

Ma sant Bàmba ki xëy teggil ma dég yi ma jam
Teggil ma lor yi ma dal fab saa mbébét ni ma am

As gor dafay sant ag may sant it ka ko may
May ak ka koy maye matnay sant ta mat di gëram

Ku sant Yàlla ta santul Yonnenam ba bu wér
Cantam ga day dellu far di'g moy gu yéemu ndaxam

Koo xamne sant na it Yonnen ba cant gu wér
Ta santul ub Sëriñam cantam ga moy na ngëram

Ku bëgg cant gu dul moy mukk yeeli ngëram
Na sant Yàlla ak Yonnen ba ak Sëriñam

Ngir Yàlla moo yónni Yonnenam ba jox ko ndigal
Yonnen ba yit fab ndigal loole jox ub Sëriñam

Sëriñ ba it fab ndigal loole digal ka ko nag
Na sant kon Yàlla ak Yonnen ba ak Sëriñam

Ka jàpp ndaw la yabal ak waa ja ndaw la yabal
Kuy jéema xàjjale séenii mbir xamul ta du xam

Sëriñ bi ak Yàlla ak Yonnen ba seen i ndigal
Du wuute yaw bu sa xol bii ñax-ñaxeeka gëlam

Kuy topp Bàmba di gis Yonnen bu mag ba bu wér
Ku topp Yonnen ba it gis Yàlla gis ngëramam

Kuy topp Bàmba di gis Yonnen bu mag ba bu wér
Ku topp Yonnen ba yit gis Yàlla gis ngëramam

Ku moy Sëriñ bile moy Yonnen ba fàww, ku moy
Yonnen ba moy Yàlla nag far alkujeeki moyam

Man sant naa Yàlla ak Yonnen ba cant gu bir
Ci Bàmba mii gën ku daa xëy julli ak kurusam

Ngir amna Yàlla ta am Yonnen ba am gu rafet
Ma am ko am gu rafet maa kóolu man mi ko am

# Ma fab fi ay xalimaaki daa ta santati la

Ma fab fi ay xalimaaki daa ta santati la
Ta dellu fab xalimaaki daa ta taggati la

Man jommi naa waaru naa bay waare ngir lima gis
Ta ken du gis lima gis man mii ta jommi wula

Bu may dikkee ba ma naa “gii may ku xam gu ni doy”
Sëriñ bi dolleetima’g may nag ta naa amula

Kuy saa xarit mbaate ngay saa mbokk foo mën a jëm
Dikkal ta may ma ligéey ub cant mbaa ma ba la

May yaa ngi may wër ta may goo seeru sas la wu rëy
Ku dikk bayle ma boo lottee ma bayle sila

Kuy sàkku lëf ta amoo doo jekki doo selaw it
Ta boo amee na ba tax laa jekki yaw amula

Ab dag bu dee dagu buuram nag ba am ngëramam
Nay sant tay dagu ngir ab dag dafay xarala

Ta’b dag bu làqee ngëram bay tax ndagam ga di rës
Ngëram la day daaldi rës laa awla daggu xala

Yaw donte buur a la jox réewam ma it laxasul
Kon foo fu toll mu fab ndollen lu rëy jëme la

Bul geesu bis lu ko moy bul sàkku bis lu ko moy
Ngir wut ta mbooleem lu dee faa saytu kat xaare la

Lang koy ligéeyal li muy rëy rëy da laa xal a fay
Ba fay ga sotti mu may la'g may gu rëy, gëne la

Nun gaayi Bàmba yi noo ngi wëy ba àgg bu wér
Ta lépp luñ nara tee yegg it nu jug fase la

# Masàmba Xumma fabul jëm kaw li kaw ta fexee

Masàmba Xumma fabul jëm kaw li kaw ta fexee
Jot bépp waa ju la raw yaw mii ba jiitu ko far

Bul des ginaaw aka daagookay taxaw di tawat
Say nawle yegg, nga des, lii kenn xamul lu ko jar

Bakan bi wéqi ko wéq ub ëkk far gore yaw
As gor dafay gore, bul def lëf lu neefi du ngor

Ku tàmbali'b jàjji, bënnul, muy tàyyeeka taxaw
Torox na, yàqu'b deram, yët ñépp tiis aki lor

Ku juddu far daaldi dee moo gën ku dundu ta bon
Ku xas ba dundu, la gën muy mbër mu def jëfi mbër

Wutal lu jàmbur ñi ak mbooleem sa mbokk yi xaj
Ta def ku am itte, njaxlaf, yewwu jar ta xér

Bul gaaw a xëj mukku, yaatul ndaxte cër bu ñu xaj
Ku gaaw a xëj du ko am, nooyal, lewet, ta sawar

Lu nekk nay xaj ci yaw, bul wax ni "lii ku ko mën ?"
Ku bañ ñu gàntu ko day daw ngànt xam ko bu wér

Ku bëgg loo tege dunyaa ak allaaxira yit
Ñu nangu, kon luñu lay teg, nangu daal a ca war

Nangul ñu sëf la, ku gàntub sëf du am kumu sëf
Du am lumuy sëflu kuy wor fàww deefi ko wor

Yaw Bàcc sab dénk a ngii, santal ta jàpp ko nag
Moo gën ci yaw fopp ak jur gën ci yaw ñi la jur

Nun ñépp Yàl na nu ànd ak ndimbal ak jërëjëf
Ak cant goo xamne dootul dog ba Àjjana far

# Sëriñ bi maa ngii, Saa mbàttu saa ngii

Sëriñ bi maa ngii
Saa mbàttu saa ngii
Sarax ma bàrke
Ta faf ma yéege

Man kuma yalwaan
Ma dila yalwaan
Fàww akay xaar
Foo toll Mbàkke

Ta kuma yàkkaar
Ma dila yàkkaar
Fàww akay xaar
Yaa ngoogu, maa ngii

Saa jàmm jaa ngii
Saa loxo laa ngii
Saa mbàttu saa ngii
Feesal ko léegi

Saa jëmm jaa ngii
Saa loxo laa ngii
Saa mbàttu saa ngii
Feesal ko léegi

Saa bokk yaa ngii
Saa dongo yaa ngii
Saa soppe yaa ngii
Fi man di jekki

Ku nee ngi sonni
Saa mbir ta fas ni
Maa ngeeki junni
Fi sama kër gi

Ta awma niini
Waxuma junni
Yaa ame junni
Sa junni yaa ngii

Duyma ma duyleen
May ma ma mayleen
Fabma ma fableen
Sutura saa ngii

Gaa yaa ngi may woo
Man maa ngi lay woo
Nu bokk lay woo
Wuyu nu, yaa ngii

Aajo yi faj ko
Ràgg yi faj ko
Tawat yi far ko
Fegal nu dee gi

Mbir yi jubal ko
Kër yi jagal ko
Dugub baril ko
Ba kenn du jëggi

Moy yépp far ko
Ba noppi feg ko
Ku nekk may ko
Lu gën di jàngi

May nu nu gëm
Dëgg ta safla
Foo jëm nu naa la
Addiya jaa ngii

Na nga nu sarax yaw
Itte yu jëm kaw
Tay jëm a jëm kaw
Ta faf nu yéege

# Sëriñ bi ndab laa ta lu tilim laa

Sëriñ bi ndab laa
ta lu tilim laa
ta kat sa ndab laa
raxas ma, duy ma

Raxase ma'y mbég
Ta duyema'y mbég
Feesalema'y mbég
Mën nga, defal ma

Defal ma bàrke
Ci sama kër gi
Ak nitu kër gi
Ta sakanal ma

Bu ma jis iy lor
Ku nekk saa kër
Bu mu jis iy lor
Tofal nu jàmm

Ku nekk saa kër
Tay wëye saa mbir
Dee ko fegal lor
Fàww aka sàmm

Barab bumay ne
Jàmm na fay ne
Xéewal na fay ne
Dëgg safal ma

Na sama kër tooy
Samab xol it tooy
Samay wax it nooy
*(audio inaudible)*

Na sama jëf baax
Samay wax it baax
Samay mbir it baax
Nga rafetal ma

Aw yiw namay dal
Ngëram namay dal
Jàmm it namay dal
Ta bàrke dal ma

Def ma ku soppeef
Def ma ku tànneef
Def ma ku fonkeef
Fépp ta fal ma

Def ma kudul moy
Mukk, kudul xëy
Benne ba def ay
Dëgg gëram ma

Jàpp ma tàbbal
Fàww ci sab xol
Ma ne ci sab xol
Saf la nga saf ma

Yëram ma fab ma
Yëkati teg ma
Ca kaw ta yor ma
Nag ta gënal ma

Naa dëkk man kaw
Bu ma tuxóo kaw
Di jëm fudul kaw
Mukk, musal ma

Ta may ma fàww it
Itte ju dul rot
Man itte juy rot
Fegal, mu moy ma

Itte bu dee rot
Boroomam it rot
Fegal ma ag rot
Man, te wayal ma

Ittee di ay laaf
Ta ku am iy laaf
Buy ñàkk ay laaf
Daanu, ne nemm

Yaw mii joxe'y laaf
Sarax ma ay laaf
Ta bu samam laaf
Rott, bumu damm

Ta mayma may naaw
Fàww akay gaaw
Ba jiitu kuy gaaw
Ta aw ca ngir ma

Naa jiitu kuy naaw
Jiitu ku daa naaw
Ak ku fasoo naaw
Lii lépp mayma

Naa yegg a yegg
ba dëgg a dëgg
ta bañ a jeng
fenn te temm

Woroomi kàggu
Ak seen i kàggu
Ak seen i dongo
Màngal bëmëx ma

Fan weeri daara
Ak fukki daara
Ak nit i daara
Tojal ma jox ma

Naa jàll jàlle
Di fal di folle
Di mos di mosle
Nu gëm ma weg ma

Ku mëna mànki
Man bu ma mànki
Luy taxa mànki
Loola fegal ma

Kuy sewle itte
Tay rotle itte
Na sama itte
Rëy, nga yoral ma

Man buma rotle
Waande ku rotle
Na nga ko forle
Ta far ko far ma

Yiw wuma rotle
Ak kuma rotle
Ak luma rotle
Fori ko, yët ma

Ta luma daa raw
Ci'g topp akuw yiw
Dabil ma tay yaw
Yoolam ba jox ma

Def ma ndabal yiw
Lu set a set yaw
Ta fees akiy yiw
Dell, bégal ma

Mën nga mënal ma
Xam nga xamal ma
Am nga amal ma
Doyal ma duy ma

# Wërsëg, njariñ, bàrke, mbooloo, Gàmmu daal a ko am

Wërsëg, njariñ, bàrke, mbooloo, Gàmmu daal a ko am
Màggal ko yaw, def ci loo man lépp, gan la gu baax

Ab xaalis ak yàpp akuw ñam matna cee jox u nit
Te ay nelaw matna cee daw fog ci guddi bu baax

Rusal ne xàpp sa bët bii yaw ci gàmmu gu ñëw
Teb jant fenkul ba dox as lëf, ngirum njub a baax

Gëmal ta feddali gëm, muñ coono, muñ nelaw it
Ta wut pay ug Yàlla ak Yonnen ba moo gën a baax

Muslul lu lay nar a gàllankoor akay kal a kal
Ba màggaloo gàmmu, màggal gàmmu warna ku baax

Móomal bakkan boo ko móomee móom i cant aki mbég
Ilis (?) bakan, moo gën móom i njendi yu baax

Waajal ba jag gàmmu gaa ngii ñëw na fekk nga jag
Ba jëndi gàtt aki yëf yoo xamne yii da na baax

Ak cant warna ñi màggal gàmmu ngir du ñu gis
Tay ak ellëg ndare seen ug cant rekk gu baax

Gàmmoo di weeru ngëram gàmmoo di weeru njariñ
Gàmmoo di weeru ngënéel ak mbég defar ko bu baax

# Bu dee si séddoo

Bu dee si séddoo
Yàl naa la séddoo
Yaw ku la séddoo,
Gañe'y moroomam

Bu dee si faaqu
Yàl naa la faaqu
Yaw ku la faaqu
Yéemeefi toolam

Bu dee si waaji,
Yàl naa la waaje
Yaw ku la waaje,
Gën fa Boroomam

Bu dee si giiroo
Yàl naa la giiroo
Yaw ku la giiroo,
YëKkati giiram

Bu dee si jàngi,
Yàl naa la jàngi
Yaw ku la jàngi,
Janlooki wuuram

Bu dee si muuroo,
Yàl naa la muuroo
Yaw ku la muuroo,
Bàrke di muuram

Bu dee si raasi,
Yàl naala raasi
Yaw ku la raasi
Ñibbeeki koomam

Bu dee si yalwaan,
Yàl naala yalwaan
Yaw ku la yalwaan
Feesali buusam

Bu dee si ñaani,
Yàl naala ñaani
Yaw ku la ñaani
Jàmbatu diisam

Bu dee si sàntu,
Yàl naala sàntu
Yaw ku la sàntu
Rangooki buumam

Bu dee si sant,
Yàl naala sant
Yaw ku la sant
Nga dolli nguuram

Bu dee si rooti,
Yàl naala rooti
Yaw ku la rooti
Dellooki buusam

Bu dee si waare,
Yàl naala waare
Yaw ku la waare
Waari moroomam

# Sóobul ngirum Àjjanay waaxooka lagg aka daw

Sóobul ngirum Àjjanay waaxooka lagg aka daw
Ba tàbbi firdawsi biir ak biti door a taxaw

Loo mën di dégg aka gis yaw ciy ngënéel aki may
Ta tàbbiwooko bu wér, am ndog la kat na nga daw

Doo xam ka ngay xala gën, doo xam ka lay xala gën
Ta tàbbiwooko bu wér, loo jëf jëf it bu ko naw

Ndegam dangaa jëf a jëf yaw mii ba naw li nga jëf
Séytaane jëf na lu kenn dul jëf ta mujj na bew

Xam-xam bu rëy ak alal ak jaamu Yàlla gu rëy
Ak jaglu ak siiwu tur, yii yépp taxtila raw

Qaaroona alku na ak koomam mu réy ma mu yor
Firhawna alku na ak mboolo mu rëy ma ko ëw

Ta donte ay koomaki mbooloo dafay tax a gën
Qaaroona gën ñépp ak firhawna, yeewule ndaw

Fee jant biy fenke ak fee muy xaloo sowe tay
Boo saytuwoon lépp yit dee nangukooti ci yaw

Loo saytu yaw mile ak koo saytu dee dana xëy
Bis nangu loolale ak kookee nga des ne firaw

Bul gàtt am xel ba yàkkaarii fereeki alal
Bariy fereeki alal taxtil nga am jëfi yiw

Ta maangi lay bëga dénkub dénk dëgg bu wér
Bul gis sa kem yile lay neexal ba tax nga kejaw

Ñi lay dawal aka waxtaanal di sàkku sa mbég
Boo dee dañuy romb sab xabroo ka dox sa kaw

Bul ñee ka mbooloo ma wër muy xàqataay aka ree
Ngir lée mu wéet ak paxam rekk ak jëfam ni selaw

Ay dal na képp ku mboolo wër di xoolaka wax
Ngir fàww muy jëw akay jëwlooka seere ku jëw

Bul jog di waxtaani bul jàmbat ku gëj fi sa kër
Kuy sooke jëw fumu gëj lor gëj fa santale yaw

Koo xamne mboolo ma day waxtaane téggi la wéy
Séytaane tegginalay wéy ta'b xajam du la mbaw

Na ngay fas uw yiw di wax aw yiw di jëf jëf u yiw
Yii yatt daal ay ngirum firdawsi aw ko ta daw

Ta Yàlla na Yàlla defar gépp ub defar suñu mbir
ba dootu yàqu ta may nu'g doylu fàww aku yiw

Na ngay rañaan aka xëy yaw mii di gont di wéy
Ba tàbbi firdawsi biir ak biti door a taxaw

# Làmboo nga lépp njariñ, làmboo nga lépp ngëram

Làmboo nga lépp njariñ, làmboo nga lépp ngëram
Làmboo nga lépp lu baax it, loo saful safuma

Jublu nu jublug jàmm, yaa bari ndam
Yaa sàkk ndam yépp, ndam loo gis sa doomi ndam a

May nu'y karaamaaki xarbaax ak  yu nëbbu yu rëy
Ku nekk may nga ko lëf, doo gis ku naa amuma

Hunhun ku nekk a ngi bég ngir yaw, mëseefula gis
Ku melni yaw, yaa ma saf, yaa tax ñi yëkkatima

Tàbbil nu for, garabu firdawsi ngay nduru yaw
Man maa ngi riigu fi sag ron, ron gi sàppi wuma

Ay doo tu am mukk ngir Yàllaa fi nekk di def
Ta jàmm dong aku yiw lay def, werantewuma

Séytaane bañ nala, bañ goo xamne kenn mësukoo
Bañ kenn, raw nga ko biir ak biti mucc ci moom

Reeloo nga Yonnen ba, reelo Yàlla, def nga lu rëy
Lu kenn deful, yaa nu gën mootax nga boole nu tiim

Ñaanal nu Yàlla mu may nu'g may gu yéemu gu rëy
Nga teg ca may nu lu ëppu'm xel lu tax kune luum

Tuubaa njariñ lu ca am, tàbbal ko fàww ci nun
Ta def nu nag fàww nuy Tuubaa gu rëy gu ne xiim

Waabal nu Séytaane wumbal nu'y weñam ñu ne mes
Dàqul nu it jépp waayam, yaw ki génn loxoom

Bañal nu, bañle nu bépp ub moy ndigal bu nu xam
Ak gépp moy gu xameeful, may nu topp gu woom

Asil nu naatànge fàww ak cant Yàlla gu sax
Ak ndollen ak xéewal ak gànjar gu ñàkk moroom

Yebbil nu yéere yu sedd ub xol yu dal suñu xel
Ta may nu lépp lu nit móom ak lu nit mës a móom

## Yaw Bàmba dàqul nu'b murid boo xamne day

Yaw Bàmba dàqul nu'b murid boo xamne day
Dem kër jigéen aka bañ ligéey aka dox di kaf

Dàqul nu Ibliis ak ñoñam fàww ak lu bon
May ñu'g jub ak mbooloo mu jub muy def lu jub

Yaa am lu saf, yaa mën lu saf, yaa def lu saf
May nu'g saf ak ñuy wax lu saf di ko dox di def

Bépp ub murid buy gis jigéen aka dem këram
Far ñibbi daal a ca gën nde dootul tekki lëf

Ku bawoo këram tàggooki mbokkam xëy ni mes
La ca gën mu daw loo xamni neexul Yàlla faf

Koo xamni mbokkam yaa nga koy yàkkaar akay
Séenoo njariñ, farloo ko war ak xér ba dof

Ragalal ndax us gor day ragal gàcceeki moy
Delluy yam ak say bokk, lii moo ëpp a def

Gàccee di kuy wut pepp akum ndox nag ba ñëw
Ci'g dex gu rëy ak dàgga, ñibbeekug woyof

Jàppal sa ndab yii duy ba ñuy fees ak njariñ
Ndax boo demee kër ñibbi am Yàllaaki yëf

Mbooleem suñuy ndab Yàl na fees ak lépp ndam
Ak mucc ak njariñ ak ngënéel ak ngën ji jëf

Suñu waakër ak mbooleem suñuy kër Yàl na jag
Suñu itte rëy, ñuy gaa yu am itteeki laf

Suñu xol yi Yàl nay jëm ci Yàllaa kay xalam
Nu walli baax aka def lu baax aka tuubi kaf

## Yaw mii fasoo jot ci Buur

Yaw mii fasoo jot ci Buur ak xol ba Yàl na nga am
Xel ak ngor ak wollaréekub yar bu baax aku fit

Buuray ka gën lépp, moo jar lépp, Yàl na la faf
Gënal sa jëmm ak sa ñépp ak loo mësoona mbébét

Ta Yàl na ngay fàtte yaw mii lépp lëf lula saf
Ngir sopp jëmmam ja suuxal lépp lëf lu rafet

Xarit bu ànd ak yaw ub taw ñëw, mu wacc la daw
Bu doon i sox, na mu def lay def, du ngën ji xarit

Koo xamni kii day daw ub taw ëpp naa teg i sox
Ku'b boy di dàq, bu séene gaynde, deesuko jot

Lu nekk a gën xel mu des, bu'm xel desee lune des
Bu'm xel ñëwee lépp ñëw, xel Yàl na dikk ta mat

Bu nit ñi dikkee fi yaw day melni ñoo yami xel
Ta ni'y garab di sutaate nag la xel ya mel it

Bu ñiy jëf it fi sa bët, day melni ñoo yam i jëf
Ta xamni saa yu ñu peesee jëf ya am ca ju wat

Xamal ni jëf da na rëy fi'w nit ta tuuti ba dee
Fa Yàlla, jëf rëy fa moom it nag ta tuuti fi nit

Yàllaa rëy ak la fa rëy, nun ñépp Yàl na nu wat
Fa Yàlla ñépp, suñuy jëf wat fa jépp jëf it

Gépp ug mayam gu'b laram daa moome ñépp aka not
May googa Yàl na nu dund ak ndam ba taawu ko not

Wallam gu daa joti gaayam, Yàl na ñiy ña mu jot
Ta mbég mu waayam jotoon it, Yàl na ñuy ña ca jot

Nun ñépp Yàl na nu ubbil wunti yiw yi mu am
Dugal nu caaki ngënéelam nuy soreeki tawat

Yàl nay taw ug lem ci nun goo xamne gii ba ba nuy
Tàbbeeki mbég Àjjanay firdawsi dootu séwét

Yàl nay saxal yërmàndee'k as xam-xamam ba ko saf
Ci nun ta def nu nu lor dul teg ci ñoomati bët

Yàl nay sax ak jëmmam ak jàmmam ju nekk ci nun
Tay lonki cant aki ndimbal sépp saa di nu yët

Yàl nay bëmax jépp lor ak wépp tiis aku ay
Ñu bokk nuy teggi fàww ak lépp luy tax a xat

Yàl nay seral suñu xol ciy soppe fàww aki bañ
Seral ko guyy ci dëkk ak gan, saxal ko ci set

Yàl nay gëram lu nu wax, Yàl nay gëram lu nu def
Yàl nay gëram lu nu fas, Yàl nay gëram suñu xet

Yàl nay saxal suñu xol bii ak suñu'w yaram it
Ci guy, Yàl na'y teg it koo xamni bañ na nu ngot

Yàl nay mayum xët ku ñiy yéene'w ay ak ku nu jëw
Yàl nay folet (?) seen i dég nag ñuy ratax di léwét

Yàl nay teral fàww akay teerooki cant aki mbég
Ñay wax ci nun jàmm akay def noor akub nawet it

Yàl nay fab it ndab i mbég ak gaali cant aki ndam
Ci sépp saa di nu jox nuy nangu fàww aka fat

Ta Yàl na fab yërmàndeem ak mbóotam ak njariñam
Jébbal nu boole ca mucc ak bàrke fàww aku fit

# Yàl na nu waxtuy juróom daaldi waxal suñu Borooom

Yàl na nu waxtuy juróom daaldi waxal suñu Borooom
Mu may nu ci'g baaxam juróom yoo xamne sedd nanu xol

Mujj ci àddina kune ak njëkk firdawsi kune
Ak jëf ju gën jëf i kune ak rafetum xel aku xél

Yàl na nu waxtu yi waxal wax ju rafet ju ñuy bégal
Fa Yàlla fàww aka musal ci lépp lëf lu ñuy ragal

Waxtu yi Yàl na nu ñu ful, waxtu yi Yàl na nu ñu fal
Fàww ta boole nu tofal naatànge, boole nu safal

Yàl na nu waxtu yi yëram, Yàlla na nu waxtu yi gëram
Yàl na nu waxtu yi xorom, Yàlla na nu waxtu yi notal

Yàl na nu waxtu yi soril sawara boole nu soril
Toroxte, boole nu soril ay ak lor ak lu ñuy xatal

Yàl na nu julliy juróom jox ngëramal suñu Boroom
Ak njariñal suñu moroom ak darajaakug rafetal

Yàl na nu waxtu wune wax wax ju nu dàqal wépp wax
Yàl na nu julli gune jox jóori ngëram yu gën i pal

Sang bi dong a am njariñ, Sëriñ bi daal a ñuy jariñ
Topp ko rekk a ñuy jariñ, moo gore moo jar a lebal

Du tëye bor, du yàq ngor, ku mu yorel dara ci bor
Danala fay boobale bor, ta may la may gu ko labal

Xam-xam du tee nit a loru, jàng du tee nit a loru
Julli du tee nit a loru, ndigal a gën lépp, fabal

Fabal ndigal ta bàyyiku, ku fob ndigal ta bàyyiku
Ñu yor ko yar, ko tëye ko, may ko lu rëy lu sedd xol

# Déggal Muhammadu Maamun ak yiwam wu bari

Déggal Muhammadu Maamun ak yiwam wu bari
Day may ganam aajo ak jàmm ak njariñ yu bari

Moo tedd moo tabe, moo mën gan, lewet, am u yiw
Moo baax i wax baax i jëf,  Kaar ak ndamam yu bari

Moo sedd, moo sedd i wax, ñàkk u ay ta rafet
Ab yar, rafet jikko, moo gën fopp gaa yu bari

Ndabam ya, kaasam ya, kafceeram ya waxtu wu jot
Ñuy rembat iy mbég i mbég, moo dàq ngan nu bari

Ñi saytu ñam ya, da ñuy def jooxe jëm si ci yaw
Ku yeksi dij la ndabal boppam lu jar lu bari

Do jekki as caa ta séenoo kuy ñëw ak lu la saf
Lu sedd guyy sa xol bii dal xel ub ñu bari

Foo toll gis ay ndabam ñuy maj-majeeka nuyoo
Ànd ak teraangaaki cant ak mbég yu gën yu bari

Doo geesu mukk ta séenoo ndab lu jëm si  ci yaw
Bawoo fa moom aku yiw, moo ëpp yiw ñu bari

Fay kat bi Yàlla na ko fay aw yiw ta Yàl na ko may
Aw fan wu sut  fan u baayam, teg ca ndam yu bari

Wërsëg wa baayam amoon it wépp Yàl na ko am
Ta am lu rëy lu ko gën fopp ak ngëram yu bari

Yàl nay soree sori am ndog fàww fàww aka for
Ab dog bu duuf aka gën maasam gu jub gu bari

Yaaram bi fukki bëyit ak yaar a ngii yu la lew
Ngir yaa nu may aajo ak jàmm ak njariñ yu bari

# Sëriñ bi ngir Yàlla ak Yonnen ba tay gantandul

Sëriñ bi ngir Yàlla ak Yonnen ba tay gantandul
Sa gaa yi lay dab a dab tay néew a néew i kàttan

Dollil ku am ba mu doylee doyle may ku amul
Ba kenn dootu tawat, yaa am lu nekk ta mën

Ku nekk jox ko lu dootul jee ta saytu mbiram
Fegal ko lépp lu bon nag may ko lépp lu gën

Fu sab murid nekk yaw dàqal loram ba mu dem
Ba xamni waa ju ko gis naa kii du waaji fi woon

Yaw daal a fi dàq lor yaa fii mënal ku mënul
Yaa fiy jagal lu fi bon yaa fiy defar ku fi bon

Mbooleem murid yépp seeniy aajo booleko faj
May leeni maqaama yit yuy gudd a gudd aki fan

Bu jenn aajoy murid des Mbàkke joo fi fajul
Bu muy murid ba fi yaw mii, mbaa murid ba fi nun

Ngir fu'b murid nekk yaa tax muy ligéey aka daw
Ku nekk xamnani man mii nekkumay wax waxi fen

Koo xamne mësnaa juge'b néegam ba dikk fi yaw
Ngir Yàlla mbaa fi sa kog sàkkul ko mbir mu yéwén

Bul fàtte koo xamne mës naa sukk jébbalu bis
Moo xam dafay farlu mbaa muy dox di fooka sàggan

Ku baax a baax ak ku bon booleela boole defar
Mën nga def ii jàkka santaareka póot aki sën

Ndox gaa ngi laabali jën, yàqul ndoxam mi batay
Te'g dex nga laabal nu kon ni'g dex di laabale jën

Samay wax ak waxi mbooleem waa judul man a ngii
Sarax nu ngën ji kàttan ngir am nga ngën ji kàttan

# Jubal nga nit ñi ta kenn xeexul waxul fitalul

Jubal nga nit ñi ta kenn xeexul waxul fitalul
Xamal nga leen it ta kenn jàngul haraf laxasul

Giiñ naa ni boo fi nekkul woon déy wolof yi torox
Mbooleem ñi fii am ug baax seen baax ga yaa ko waral

Ngënéeli waxtu yi yaa leen saytu kenn du ko faj
Ku ñëw nga fal ko ku bañ day dee nde kenn du ko fal

Ka alku moo di ka jug jëm ci'b Sëriñ bu la moy
Moo jaa ku mar bu jéggé'g dex jëm feneen lu ko dal

Boofun ma réer a ka aay boofun ma kañaan a ka bon
Dogonte réer ak kañaan nuy ñëw di laaj si ndigal

Koo dégg muy wax ni man déy awma soxla ci yaw
Saa waaji doynama, kookee moy ka fen soxalul

Yaw yaa di jant bi, boo fenkee lu dee si doye'g
Niit ak sondeel aki kees bay jug di taal aka wal

Defar nga suñ xol yi ak suñ cër yi teg ca di faj
Suñ aajo nag, céy Sëriñ bii yaa ka dal suñu xel

Xaarul pay ug Yàlla kiy fay waa ju baax lumu jëf
Xamalne xalset nalaa fay fay gu sedd sa xol

Nekkoo di reetaani miskin ak di bañ kula yab
Ak dox di wax gaayi seet leen lii ma am ci alal

Dangaa lewet teg ca nag siisoo dëngoo soxatoo
Yonen ba ngay roy ta moom siisul dëngul soxatul

Doo xeebu nit bariwoo'y wax doo rambaaj aka jëw
Doo dox di feeñali bon-bon yaw dangay suturaal

Mootax nu wutsila ngir suñ bon gu ëpp gi ak
Suñ réer gu metti gi tay yàkkaar ni dang nu jubal

Diirub ba ngay gone bil tay jii mëseefula gis
Ngay wax lu bon ta ku koy wax dang ko wax ni noppil

Ñaanal nu Yàlla ta boo koy ñaan mu daal di la may
Ngir doo ko moy mootax it loo laaj du wax lu fabal

Suñ soxla senn la tay ñaarul ñattul bariwul
Ta moo di jug ci lu bon tay sax ci lang nu digal

Digal nga way-gëm yi yaw kiy Yàlla bañ julli aat
Ci ngën jii koo bind jullil book ci moom ta musal

## Naa jug fexee sant cant ug xol gu rëy gu rafet

Naa jug fexee sant cant ug xol gu rëy gu rafet
Ku ag mayam rëy rafet cantam na rëy ta rafet

Yor naa borub cant ta yor ab pay ta képp ku yor
Bor yor lu fay bor ba fay bor booba war na ta jot

Sëriñ bi yaw kima may saa may gi may ma bu wér
Ag cant goo xamne genn ub cant dootuko jot

Xamnaani maa war a raw kuy sant maa war a raw
Kuy tagg maa war a raw kuy fab alal dila yët

Ta Mbàkke maa war a raw kuy topp maa war a raw
Kulay ligéeyal akay yendoo gëram aka wut

Man yaama fëkke ci suuf sii benne teg ma ca kaw
Waa suuf si bokk may séenooki xel aki gët

Gii may gu rëy namakoy santeeti man lama war
Cig cant Yàllaako xam ak yaw ki sut kama sut

Ta donte saa suma jot fab junni jox la nga jël
Du tax ma def lima war cig cant xamngani kat

Ta donte waxtu wu jot may ñukki ñukki di daw
Saa ñaq wiy rot du tax may jot sa àq ji kat

Sa àq kenn mënuko jot Yàlla daal a ko mën
Yaa tedd dëgg ta di’b yaaram di ngën ji nawet

Yaw daal a di’m céebo képp koo xamne jox na la lëf
Am fukki yëf yu ko gën yaa sakk wunti tawat

Yaa ubbi wunti njariñ yaa jox ku nekk njariñ
Far boole ñépp musal yaa def lu rëy lu rafet

# Ka saytu lépp, ta bëggul lëf, ku topp ci moom

Ka saytu lépp, ta bëggul lëf, ku topp ci moom
Lo mën di bëgg aka wut, jombul nga am ko ci moom

Ku yoqiwul, naaguwul, njortam rafet ta jëfam
Gën koo rafet, lumudul am Yàlla bindu ko moom

Fabal sa ndab yépp taataan fàww, bul dese ndab
Loo taataanul, bu ko soobee yépp fees aki koom

Ku nekk Yàl na nu koy gën njort gën ko jëf it
Gën ko'b yar ak jiko mat ko'b sang def ko boroom

Ku nekk Yàl na nu koy teg tànk, teg ko ca kaw
Teg ci'b loxoom i njariñ, muy wax lu ñàkk moroom

Fu nekk Yàl nafa mbooloo buure ñëw ne nërëm
Fi nun, nu boole nu yor, nun ñépp xëy nga nu tiim

Yàl na'y kuréel yu rafet pas-pas ñëw ak lu rafet
Ku nekk jox nu mbiram, tàllal nu yaari yoxoom

Yàl na'y kuréel bàyyikoo suuf ak ka wak fune ñëw
Jébbal nu seen i njariñ ak seeni jëmm ni xiim

Yàl na'y ngënéel aki mbég na sépp saa "xaxaxa"
Ta naa jirim nag fi nun nuy sant fàww ci ñoom

Yàl na’y njariñ dàqe biir ak biti jëm si ci nun
Yiw yépp dàqe di ñëw dàq ab terànga bu woom

Yàl na’y njariñ naa jalañ ndam lépp naa rutututut
Nag jàmm na xëtëtët, ay wépp dëkk ci giim

Yàl na’b solom sampe nag firdawsi, sampe ci nun
Nuy biis akay bég akay am mbég ba tàbbi ca moom

# Man mii fasoowoon a dox yaw mii nga teg ma ca kaw

Man mii fasoowoon a dox yaw mii nga teg ma ca kaw
Sëriñ Yàl na nu fab nun népp teg nu ca kaw

Bég naa ci yaw yéene la’w yiw yaw Muhammadu Kan
Ngir yaw da ngaa bari yittekub yar ak jëf u yiw

Jaaraama noonu la, bul tàggooka def lu rafet
Dirub li ngay dundu nag sàmmal ma wax jile yaw

Fonkal Sëriñ bile ak gaayam yi ak ndigalam
Koo gis mu def nii ci yoonam wii asal dana raw

Fonkal ligéey ak joxe’g jur, lii di yoonu Murid
Bul wàcc yoonu murid, ngir maa ngi aw ko ta daw

Bul toppandoo gaa ya delluy laaji seen i Sëriñ
Ag jur di dimbalikoo, Lii bon ta lii gën a xew

Murid bu mujjee di waaxuy fab jur ug sëriñam
Mbiram ma yàquna dootul yokku, far na taxaw

Notal ta bul notti, kuy nottib notam dafa dof
Lum metti metti muñal tay séenu wallu gu ñëw

Nim céebo la'g wallu mel day teel a sébbi ci ñii
Di yeex a sébbi ci ñii, foo seeru nag dina taw

Lum xitti xitti ta yaw mii sas mbarab ne kërës
Sa njort nay taaru ngay seeru taw ak lu ñu naw

Ag ñàkk day dëkk sos koo seeru dox nafa wéy
Ku muñ ñu tàggalekooku'g ñàkk jox ko yu law

Yàkkaaral ug wallu tay farlooka sant aka muñ
Ku'g sang saytu sa mbir jombul nga xëy ne ca kaw

# Firdawsi dëkk bu sedd ub xol la, Yàl na ko mbër

Firdawsi dëkk bu sedd ub xol la, Yàl na ko mbër
Fab ak ngëram may nu fàww ak luy jubal suñu mbir

Mbër Yàl na fab jannatul firdawsi ak njariñal
Àddina jépp ak ngënéelam, jox nu jox gu nu bir

Njabal ga jàpp na, mbooleem say ngënéel a ngi ñëw
Yile ngi lay nuyu, yee ngay waaj a ñëw ta sawar

Yaw sab nawet jub na, say mbir jub na, jag na, yéwén
Sa aajo yépp a fajoondoo, góom i tuuma ya wér

Fital nga ndam, jam, sa mbooleem cin ya ñor na xomos
Ta saf na sàpp, sa may yaa ngii di wéy ni xasar

Say bañ torox na ñu, seen i cant neena melas
La ñii ragal ni jalañ, seen ub tawat ne wesar

Dundal ta jekkoo sa mbooleem bañ yi fàww ni gaa
Yay rendi jekko la ñiy ñàddooka rendi bu wér

Yaw Yàlla Yàl nala fenkul jépp waa ju la bañ
Tegal la fàww fi suuf ak wépp ay wumu nar

Ngaldoole Yàl nala guufal tànki gaa ya la bañ
Ñu bokk jóoru fi suuf ak jépp lor ne lañar

Ka teg ca kaw asamaawam yépp Yàl nala teg
Ca kaw sa bañ yépp ak say soppe ak ña la jur

Ka saytu waame wa sab xol sedd, Yàl na ko fab
Jébbal la njébbal gu sab xol sedd, sedd gu tar

Ka yor ndamal gaa yi biir ak biti Yàl na ko fab
Jébbal nu njébbal gu sedd ub xol ta boole nu yor

Mboolem ya sedd suñub xol guy Yàl na nu ñuy
Gungeeki mbég fii ba dugg ak nun ca Àjjana, sar

Mbég yépp Yàl na nu ànd ak nun di wéy ba sar ak
Nun ñii ci àddina dugg ak nun ca Àjjana far

Nu dëgg dàgga ju dootul fëgg mukkati bis
Maa baale fépp mudul jeex ak terànga ju bir

# Sëriñ bi tay maa ngi nile

Sëriñ bi tay maa ngi nile
Samab xol it mingi nile
Sama kër it mingi nile
Duy noo ki cant aki ngëram

Xol yi na fees aki cofeel
Kër yi ni dell aki ngënéel
Nu am cofeel aki ngënéel
Te gudd fan mucc yaram

Suñu digg ak yaw na rafet
Fàww ta luy tee mu rafet
Na nga ko feg feg gu rafet
Loo gëramul bumu fi jëm

Loo gëramul bumu fi jëm
Koo gëramul bumu fi jëm
Ñongal nu wëllis lu tilim
Ak lépp luy waral tilim

Am ng ayu taaru yoo gëram
Yu nu gëram lépp ngëram
May nu ca yooyee ñu gëram
Ba nu doyal, tabe nga, am

May nu yu sedd suñu xol
Guyy ak ñu sedd suñu xol
Ta def nu ñuy seral sa xol
Guyy ak jëm fàww kanam

Tay ak ëllëg lu ñu dogal
Yàl nay lu sedd suñu xol
Luñuy sawarlooka bégal
Tay la ñu tànnoon ug amam

Lépp luñuy bëgati Nun
Yàl nay la gën ta gën ci nun
Tay la ñu far dogal ci nun
Tay suñu jàmm ak suñu ndam

Lu nu gënal Yàl na gënal
Sëriñ bi fàww ta gënal
Yonen bi fàww ta gënal
Nag Yàlla fàww aki laram

Yàl na nu mucc cig tawat
Fàww ta musle cig tawat
Ta làq nag mépp mbébét
Fàww ta dàq xëbu lem

Yàl na nu dàq xëbu lem
Fopp ta def ku bari lem
Koo xamni dootul jeele lem
Tay tibb nag ci ay xëbam

Lu Yàlla def Yàl na nu neex
Lumu ba it Yàl na nu neex
Ta Yàl na ñii def lu ko neex
Ta sax ca sax gumu gëram

# Waa jii rusal gaa yi xëy jëm àll ngir sa ndigal

Waa jii rusal gaa yi xëy jëm àll ngir sa ndigal
Nga xëy di fëgg sa lal bii yaw di waaj a nelaw

Tëdd ak nelaw ak a fëggub lal xamal ne taxul
Sëriñ bi jox lay murid, ëy néewalal sa nelaw !

Kuy topp yaw sa ndigal buy tee nga topp ndigal
Yaa ngay nelaw te yëgoo boobee ni yaa ngi nelaw

Ku lay ligéey al akay neexal di dab sa ngëram
Bum tee nga def la la war, yewwul te bul fi nelaw

Ku booti mbooloo te moomi njend rekk ba tax
Muy xëy di jekki asal moo dof ba dee te nelaw

Njendee ki nit du musal ab lar fa deefi layoo
Lay musle foofale sell ab xol te néew i nelaw

Ligéey alal ka la may kuy xëy di aw sa ndigal
Moo gën nga xëy yaw di fëgg ub lal di waaj a nelaw

## Ma jug feddali'g tuub akub cant man

Ma jug feddali'g tuub akub cant man
Ku for dog bu say kem forul sant kay

Gëram Yàlla ak sant Bàmbaa ma war
Amul kenn koo xamne ñee naa ko tay

Damaa dikk fi'g dex gu suuxal ñu rëy
Ma xuus ak sama'w nit ba far jàll wéy

Ludul dëkke cant ak ngëram jaaduwul
Ci man Baabakar mii ñu may ngën ji may

Samay rakk a ngii lab samay kem di lab
Samay mag di lab may am ug mucc céy

Damay sant xéewal gu rëy gii ma am
Nde kat sant xéewal du jur mukk ay

Ku am may gu rëy fàww cantam ga rëy
Ku cantam ga rëy ndollenam daaldi rëy

Bu ñiy deeka bon kay, ku deewul bonul
Bu taqoowul ak tuub ak cant, moy

Ludul cant gis naa ko muy moy gu rëy
Ta gis cant di'g may gu rëy nag ta doy

Lilee tax ma far bëgg a def can't kër
Ta far def ko mbubb ak mbalaan ak tubëy

Ta def ko’m ndox ak ñam ak ub sànt far
Aku’w fas ta war Marhaban, nii la kay

# Manoon nga maa wacc, bañ maa sàkk

Manoon nga maa wacc, bañ maa sàkk, may ku amul
Manoon nga maa sàkk, def mab ceddo, may ku gëmul

Manoon nga maa sàkk, def mab luu bu silmaxa, tëx
Manoon nga maa sàkk, def mab rab wu deefi fetal

Manoon nga maa def kudul tàggooki woppaki lor
Manoon nga maa def ku ñuy xañ paal akay doyodal

Manoon nga maa def ku ñuy wóoloodikooka joxoñ
Manoon nga maa def ku ñuy suufeel, akay woyofal

Manoon nga maa def ku deeful dégg, deefu ko gis
Manoon nga maa def ku dee cab lay, ñu koy saraxal

Jaarama Yaw, jërëjëf, Yaw yaa Manoon a dogal
Ci man, lu ken amulub reenam , faroo ko dogal

# Fab naa samay mbir ta fab saa bopp dénkatila

Fab naa samay mbir ta fab saa bopp dénkatila
Musal ma baaxal ma yor saa mbir yi, lëf tëwu la

Teggil ma mboolem lu tee man mii ma tekki fi lëf
Tekkil ma, yaa tekki yaw, ngir kenn nit yabu la

Fa dee fi seete la nit daa xëy di wax aka def
Bu kenn jis la ma daa wax ak di def mani la

Nëbbal ma saa jëf yi, fab say jëf sarax ma ko man
Sa jëf yi mooma gënal saa jëf yi, yaw bonu la

Samay wax ak sama jëf nay ngën ji wax aki jëf
Defal ma, yaa mën ta def, ken dootu wax « mënula »

Faral ma moy guma moy, soppil ma ko'y ngëram it
Fegal ma gépp moy it guy dikk, lii doyula

Yaa xejji, yaa am ngëram, sab sang yaa ko teral
Moyoo sa sang bi, yaw sab sang it moyula

Mbooleem kudul yaw bamuy ndaw daa na def aka wax
Yaw nag ba ngay ndaw batay yaa ngii defoo, waxula

Àddina ag dex la gog suuxal na gaa yi fi woon
Ta gaayi tay yaa ngiley lab, waande yaw labula

Yaa ngii di féey aka wéy, gaa yaa ngi xuus aka lab
Ku yewwu jox sila boppam, koo gisul gone la

Damaa xamul man numay def bañ yëgoo ta juboo
Nde kon ma def ko ba saa mbir yépp faf jubula

Man donte mën naa ko duñ juuyóoti mukkati lëf
Ta donte may ngama lii kon dey ma santati la

Lamay mbébét buma koy am doo ma sikkati lëf
Yàl naa ko am, kon nga am koo xamne soppu nala

Ta saa mbébét moo di man moo xamni kenn du ma gis
May dégg lëf mbaate may wut lëf ludul jege la

Soyom ma, seeyal ma, yëngal maa yëngal ne finit
May saw yaram tay sa mbubb it nag ba soppiku la

Man lii ma doy, ta ludul lii waa ju bëgg na fob
Man jox ma lii jox gu ànd ak fan wu guddu ngala

Man naa di yaw nga di man ñuy jenn jëmm ju wér
Defal ma lii mala wax, def lii ma wax tëwula

# Di xutbay murid ta doo def ludul nelaw

Di xutbay murit te doo def lu dul,
Nelaw daal a kay lekk cëy lii ka bon.

Di santaane ak jub te doo def lu jub,
Ndaxam gaayi ngay dox di xutba a la gën.

Dangaa jàpp gaayiy nelaw yépp yee,
Ba gaayaa ngi nii yeww yaw ngay xaran.

Jarag joo fi jis yaa ko may ay garab,
Ba góomam wér ëy jugal fajlu ren.

Boroomub leget boo fi gis yaa ko faj,
Ba góomam wér nag nga tee koo xasan.

Te yaw nag fajoo sa bopp it wéroo,
Bawoo it xasan gënoo kenn kon.

Te fajkat bu jàppoon jarag yépp faj,
Te jàppul loram faj jarag yaa ko gën.

Jugal faj sa bon gii bu wér door a tee,
Fajal kenn ak bon asal kon nga gën.

Ku wax lëf nga mer ku def lëf nga mer,
Te kuy mer nga naa ko du yaw deeti man.

Di foppeek a raggeek a footiy tilim,
Te fees ag tilim lii du tee kat nga bon.

Di waaree ka woote te yaw waaru woo,
Jugoo wuy ji it ëy sa bon gii ka jan.

Ndaxam Bàmba tay yaama wan saa ayib,
Ba jis naa ko sellal ma nag yaa ko man.

Ayib yii nu jis ak yu dul yii nu jis,
Fobal yépp fóotal nu baaxal nu nun.

Lu dul loonu tànnal fegal fàww yaw,
Fegal noo fegal it lor ak gépp bon.

# Ma jug way fi man Baabakar way wu jub

Ma jug way fi man Baabakar way wu jub
Sëriñ beeki bokkam akii taalibeem

Sëriñ beeki bokkam da ñoo mat di way
Ta ay taalibéem it da ñoo mat di yéem

Defal leen i way war na mbooleem ku mën
Ta man mii ko sàntaane kat maa ngi jéem

Sëriñ bee yayoo way wu saf ndaxte moo
Defar jàmbur ak mbokk ngir yërmandeem

Ba mbokkam mu jug melne ab jant a jug
Ta ab taalibéem it ku koy gis di raam

Ndaxam menn mbokkam du rus benn bis
Ta ab taalibeem it du tàggooki jaam

Ta foo seeru mbokkam mu yor ag cangam
Ku gis taalibeem it mu yor teddngaam

Defar na'w nitam, jenn waayam desul
Ju nee faa jagul, kii teralna'y fereem

Mosal na'y nitam ñam wu gën wépp ñam
Ba mootax ña daa dem fa buntam ba faam

Magum Bàmba moo gis ma ngaa ku'w magam
Goneb Bàmba goo gis ma ngaa kiy goneem

Ndegam yaw da ngay topp, toppal ma kii
Ku def lëf ludul topp kii yàq I reem

Dofay sàkku ji'b sang, moy Bàmba mii
Ta koo gis mu moy ko, nga gis tuskareem

Ka koy moy akay romb akay wéy du man
Damay wut ngënéelam di fas wóllaréem

Bëmax naa ko saa ñépp ak seen i jëf
Ta saa lépp fab naa ko tàbbal jibaam

Ta saa lépp a ngii, Yàl na fab lépp jël
Ta wuutal ma jëmmam ja may sol daraam

Ta Yàllante (3) man
Ma di'w karbatam mbaa ma di'b taalibéem

# Mbooloo mi ag yeetee ngi nii

Mbooloo mi ag yeetee ngi nii, waa juy nelaw
Na ko daaldi xam tay ndaxte yewwoo gën nelaw

Tay yaari gaa yi seeni mbir matnaa xalam
Kiy daw lu bon fumu toll ak ki li bon di daw

Kiy daw lu bon ngën ji'b murid la bu yeggagul
Ki li bon di daw ngën ji'b murid la bu daw ba raw

Kiy muslu am ndog mbaate muy daw yeggagul
Nde ka yegg dootul dox di muslooteka daw

Bul dof ba gis wax jii ma wax tax nag nga naa
"Yonnen da daa muslooka daw" laajal lu xew

Loolee mu daa muslooka daw dafa daa xamal
Xeetam wi waa juy door a jug fumu war di aw

Kuy wut yiw ak ki'w yiw di wut kat bokkewul
Ki'w yiw di raasee gën asal kay raas u yiw

Foo gis murid buy raas u yiw dafa yeggagul
Nde ba yegg dëgg uw yiw da koy raaseeka ëw

Na nga yëg ne nag kuy door a jug day raas u yiw
Ngir nit ku bëgg ug goj dafay sëgg guy ta raw

Kuy jàjji ab teenam ta teenam bënnagul
Bumu toppandoo kat waaja ab teenam di saw

Koo xamne teenam saw na mën naa daaldi sol
Mbubbam aki dàllam ta wéy ngir jëm na kaw

Te ku bënn ab teenam ba sol mbubbam di wéy
Bu koo waaja bënnul toppandoo moo gën di ndaw

Sàggan jigul kuy door a jug lii maa ko wax
Yewwul ta gas kuy jàjji day néewiy nelaw

Gis naala ngay dàq ab yaafus ta séenulako
Kon yaw na ngay def ba jot njaxlaf ta dàqulako

Ku yittewoo àddinaakay sàkku am ko të ko
ba fo ci laaxira bañ koo sàkku, am ko të ko

# Sëriñ bi dëgg na mbooleem fan yi gudd

Sëriñ bi dëgg na mbooleem fan yi gudd ta mbooleem
Lépp lëf lu nu ñaan it nangu ak lu nu bay

Na jàmm am fépp mbooleem nit ñi bokk sant la ren
Ta bokk jébbal la seeniy mbir nga may kune way

Bastul bi neexal ko lool it fab ko sànni ca kaw
Ta jàpp meetar bi delloo yit ci tànk batay

Murid yi seen ug murid nay yokk, seen I murid
Nay yokk, seen i ngëram, nay yokk fàww di wéy

Bu kenn wàññiku mbaa muy waññikoo ka taxaw
Ku nekk nay jëm kanam tay yokk can aki may

Mboolem ku toppul ci yaw, nay ñee ku topp ci yaw
Mbooleem ku lay topp lor ak ñàkk, Yàl na ko moy

As ndaw nga soo xamne sii dox naa la ay at i at
Ngir bëgg laa am ta man mii am la rekk a ma doy

Yaa jar di jox junni, yaa jar junni, ndaw su la moy
Jarul su sax la ko war yoole'b dërëm sor a séy

Yaw yoole la'b junni dox la'y at nga door a fexee
May kenn bunt a la war, yaa jar di yool aka fay

Yaw kenn xamul lula jar, yaw kenn amul lula jar
Sarax nu ndimbal ta may nu'g wall Mbàkke gu réy

Ta rikk jàppe nu sag baax ak sa yërmande nun
Ta bul nu jàppe suñug bon, yaa di tay suñu ndey

Yàl naa di sab cant, Yàl naa yegg a yegg ci yaw
Ba far la yeggaale bay musleeka mucc ci ay

Jigéen i àddina jii ak ñee ca àjjana jee
Koo xamne amna la am lenn ak leneenati céy

Mootax ku rate ludul yaw sew ba tol ni karan
Tabarakallaahu santal, lëf doyul ni nga doy

Yëgal ni yaa di samab ñag, awma ñag bula moy
Bu lenn luy ruur akay lor jëm ci nun ni la doy

Ñagal nu wallis lu ñuy muslooka bañ ta jagul
Suñuy kër ak suñu waakër ñépp ak suñu mbay

# Xamal ni taalibe diineemay gëm ub sëriñam

Xamal ni taalibe diineemay gëm ub sëriñam
Jox ko'g juram ak mbiram doyloo ko aw ndigalam

Murid bu yewwoo ta dëggal, day def ub sëriñam
Ni Yàlla jox ko'b xolam, jébbal ko ab fetalam

Fetal ga moo di fexee ñoddeeka jañ ta mënoo
Bay fitt sab sang akay léemooka dox di gëlam

Murid bu dee léemu boppam booba yor na mbiram
Nangoo na aw jàngam ak boppam ci ab Sëriñam

Murid bu nangoo mbiram yor, jaajëf ay la ca war
Ta waccikoo ki mbiram, saytul keneeni mbiram

Moy goo yëgul gën a rëy, moy goo xamul gën a bon
Lii tax murid bu ne juuyóo'kug jub ak njariñam

Murid bu bëggee dajee'kub jub, daj ub sëriñam
Jot ci'b xolam fàww day muñ mbër mu nee'ku yiwam

Tawféex i bépp ub murid boo mën di dégg aka gis
Waxtaane ab sëriñam doylooko yam ci mbiram

Jabar du waxtaane aw far moone ab murit it
Warul di waxtaane benn ub sang akay wut a xam

Murid jabar jaam akub dag képp képp ku cii
Wax wax ju moy kilifaam, ag juum a tax na ko xam

Jabar murid jaam akub dag ñent ñii bu ci ñee
Kudul ka am kilifaam ak yar bu réy bu nu xam

Kudul ka am kilifaam ak yar bu sell bu rëy
Amul ludul aa cam ak cam Yàl na Yàlla yëram

Boo dee fexe's lëf ludul sab sang yaw safagoo
Sab sang dénkooko lenn it, lee nga ñàkk xorom

Sëriñ balaa sax ci sab xol yaw nga sax ci xolam
Ta set ci lépp ludul bànneexam ak ndigalam

# Boo jaamuwul Yàlla ngir jëmmam ja jaamu ko ngir

Boo jaamuwul Yàlla ngir jëmmam ja jaamu ko ngir
Firdawsii mii fees akii taaxi ak wurus aki leer

Ta fees akii cant ak tànneefi jongoma yuy
Yaram ya day leere niy seetooki jant aki weer

Nga làq Soxna yu mel nii, dox fi junni di wéy
Ta bis bu nekk nu gën faa taaru foppati kaar

Ngay dolliku'g ngóora yaw foo toll mel niki gan
Nuy dollikug jongomaa'kug xay, lilee mat a xaar

Sa benn lal dana doy foofe ne liy dale fii
Ba jàpp nag asamawas Yàlla sii ndiru mbaar

Nga toog ca kaw lal ya, yol yay dox di daw ci sa ron
Ngay naane koofi wurus, foo toll gis lu la waar

Foo toll yàppu wu doy woo saytu nekk fi yaw
Doo sex ba daj fenn yax doo gis butit aki faar

Garab ya wër la ta seeni cëgg nekk fi yaw
Doo sëgg doo yóotu doo gis ñuy yolom aka dëër

Ndegam da ngay tëdd mbaa ngay jekki mbaa nga taxaw
Yëf yépp toll fi yaw loo bëgg daal di ca jaar

Ku jàpp loo xamne dóotul yàqu mukk aka jeex
Di jënde àddina jii giiñ naa ni moo gën a réer

Xasab ca àjjana moo gën fopp àddina jii
Ak yëf yi nekk ci biiram àjjanaa gën a seer

Ta tàbbi àjjana gis Yàllaa ko dàqati nag
Gis Yàlla, màgg na, rëy, Yàl nañ ko seeru bu leer

# Li tax man ma jaaxal samay kem

Li tax man ma jaaxal samay kem damaa
demul woon ba ñiy dem ta far jiitu léen

da ñoo jug ca njël man ma xëy man di muñ
ba gaalug ndigal ñëw ma war rombu léen

Ñu far mujj may dox di sàntooka dab
ta kenn séenatul lëf ci man waaru léen

ku daa sàntu aw nit di waaxooka daw
ñu far mujj koy sàntu ndax yéemu léen ?

Sëriñ bii du maasum ña teew ak ña wéy
Ñi teew ak ñi wéy ñépp semmal na léen

Ku koy wéq mbir am ñu lay wéq mbir
Du lebloo, ku mos xam, murid sant léen

Du wax jenn waayam muñal jëm ëllag
Dakoy daaldi jox dig ko ëllëg yeneen

Dañuy ñee kokam tay, bu ëllag ñëwee
Ñu far gën ko faa ñee murid seere léen

Ta sax ñam wu ñiy togg woo xamne day
Xaloo yéemu buy bax xesaw, dégg léen

Li ñuy am ci kër gii, la ñuy am ca kër
Gëlee koy xaloo gën, murid waaxu léen

Ku jug sóobu am ngir ta sëf ndox mu doy
Akuw ñam, layam jeex na kat, lagg léen

Ku xam ngir xam ug dëkk yor yóbbalam
Na daw nag ba jot ay kemam, jiitu léen

# Buurub Aras yaa ngi ànd ak say malaaka bu wér

Buurub Aras yaa ngi ànd ak say malaaka bu wér
Di julli fàww ci Yonnen baa ka jullilu yaw

Jullil ci Yonnen ba ak mbokkam ya tedd ya gëm
Ak sahaaba yépp ak sëtam yépp ak ña aw fa mu aw

Jullig ngënéel ak ngëram wuy dàq yiw wu nu raw
Ba ŋëb ko jox nu ko jox goo xamne dootu nu raw

Jullil ci jëmmam ja fàww ak ruu ga julli gu nuy
Saxal ci naat ak nétëx dàq ak ci jàmm aku yiw

Jullil ci moomati jullig ndam gu màgg gu tax
Mu bég bégal nu ci biir ak biti teg nu ca kaw

Jullil ci moomati jullig cant guy saxal ub
Xolam ci sedd ak ci guyy ak gutt waxtu wu ñëw

Jullil ci moomati jullig mbég gu sax gu saxal
Ci nun mbégum cayy muy yokkooka màgg aka law

Julleeti cag julli guy wommat teraanga ju sax
Jébbal nu fàww ak lu gën téeméeri junni nu lew

Julleeti cag julli guy jañ aw ay ak jëfi ay
Ñoddi'g yiw ak jëfi yiw ñoddi'g taw ak yiwu taw

Jullil nu ca’g julli guy leeral tay ak ëllëg ak
Demb ak ren ak déwén ak daaw ak lu xew ci lu xew

Jullil nu ca’g julli guy leeral li teew aku yiw
Leeral li wéy lépp leeral luy ñëw ak ñu nu ëw

Jullil nu ca’g julli guy def cas njariñ yi taxañ
Niw dénd sëpp fi nun fab sànni ñooti nu aw

Jullil nu ca’g julli guy tax ñépp ñee nu ëllëg
Fa Bàmba ñee nu fa Xayrul Xalqi ñee nu fa Yaw

Jullil nu ca’g julli guy tax bis nu tëdd nelaw
Yewwoo ca firdawsi daal ak mbég faseeki nelaw

Jullil nu ca’g julli guy naawal nun ak suñu ñoñ
Ba jóo nu Firdawsi jéll ak nun fu nit mës a aw

# Fan yaa ngi nii li ci des nag Yàlla na gën li ci wéy

Fan yaa ngi nii li ci des nag Yàlla na gën li ci wéy
Gënal ko Yàllaaki tànneefam, gënal nu ko fuuf

Li des ci mbooleem suñuy fan Yàl na sut li ci wéy
Gën koo rafet fopp, gën koo yàgg ëpp ko fuuf

Li des ci nun Yàl na ëppub cant fopp li wéy
Ci nun te ëpp ko jàmm ak bàrke dàq ko fuuf

Yaw Yàlla léegi suñub ruu jeex fa ngiini ndulus
Wàcceeti cig may gu rusloo may gu mbër mës a wuuf

Wàcceeli cant ci biir ak may yu seddati xol
Yu àppuwul yu waral waa fépp nuyusi nu bóof

Wàcceeli bàrkeeki ndam yoo xamne yii du ñu lor
Ci biiram ak mbég i mbég yoo xamne yii du ñu soof

Wàcceel i ndimbal yudul jeex ak njariñ yu ñu ful
Ci biiram ak xiiji xéewal yuy waral mer a giif

Wàcceel i àngaari àngaar ak teraanga yu tal
Ci biiram jaagi jaag ak kuuyi kooba yu duuf

Wàcceel i ndollen yu suuxal junni bii miliyon
Ci biiram ak ñu rafet ab yar ñu mokk daliif

Wàcceeli waame yu teel ak jàmm juy jur u yiw
Ci biiram ak doole juy yokkooka musle ci loof

Tuural ci bii barab ak mbooleem barab yi nu am
Wërsëg wu lew wu nu doy doy ñépp, regg ku xiif

Yaa saytu wërsëgu mbooleem nit ñi, wërsëgalal
Nit ñépp wërsëg wu deeful wàññi lëf aka xuuf

Sottil ci nun fàww wërsëg wuy jariñ wu lewet
Ta lew nu gën wépp wërsëg, teg ca ëpp ko fuuf

Jébbal nu wërsëg wu suuxal wépp wërsëgu nit
Ak gëm gu wat gëm gu nekk ak fan wu sut wune fuuf

# Farlul ta waxtu wu jot ngay yër sa bopp ba xam

Farlul ta waxtu wu jot ngay yër sa bopp ba xam
Fi gaa yi sàggan nga nekkam gaa yu farlu yu xam

Bu Yàlla àttee nga nekk ak gaa yu farlu yu xam
Santal ta roy leen a roy tay sàkku seen i ngëram

Bu gaa yu sàggan ya dikkee wër la nag, tubëyul
Ta dollikug farlu tay moytoo jëm it fa ñu jëm

Aw bëy buko'y bukki ak gayndeeki till wëree
Bu sàgganee alku, wax jii doyna ñépp a xalam

Wii waxtu nag ñi ci sàggan ñoo ci ëpp, dawal
Yaw jópp, roy gaa yu tuutee tuut a lay may u ndam

Koo xamne kii da ñu koo sas, sas la, boo ko gisee
Amaana boobale séytaanee ko yónni yëfam

Sëriñ bi neena nu bis Séytaane boo ko xamee
Du dikk mukkati, day yónnee ca suufi ndawam

Ta neena yit boo xamee Séytaane xam ndawam it
Mu jekki, jàppi ndawam, jox nag sa ñoñ yu bonam

Séytaane am kilifaa cay musle, loo mën a def
Ta xamne yaw amewoo ab sang, dib muritam

Bul ñàkk mukk ub sëriñ, ñàkk ub Sëriñ waxuwul
Foo gis ku ñàkkub Sëriñ Ibliis a dib Sëriñam

Loo farlu farlu, wutal ab sang, aw ndigalam
Ab bëy lu daw daw ta ñàkk ub sàmm, sànk u xélam

Toppal ca sang ba not ay noonam ak bakkanam
Mu dox sa dig aki bon-bon ngay ku mucc ku xam

## Sëriñ bi gaa yi ne fi nun

Sëriñ bi gaa yi ne fi nun
Ngir fas ne lëf ne na fi nun
Te xamni lëf newul fi nun
Defal li ñiy njort ci nun

Ñi njort wépp yiw ci nun
Tay séenu wépp yiw ci nun
Defal li ñiy njort ci nun
Tay ak ëllëg ak lu ko gën

Ku rafetul njort ci nun
Dëgg na xëy seeru ci nun
Lu rafetal njortam ci nun
Fàww ba muy réccu lu bon

Suñu boxos yi lëf newul
Ndare ngelaw ta kenn yëgul
Na yépp fees ak ngëramal
Yàllaaki mbég, yaw daal a mën

Ki réere boppam ak mbiram
Ngir gaa ya koy topp aka gëm
Di daw akay wut ngëramam
Giiñ naa ne kookale du man

Defuma luy maye dara
Waxuma luy maye dara
Fasuma luy maye dara
Bama ñëwe fi yaw ba ren

Waaye man ak ñi ne fi man
Na nga nu may yaw ki nu gën
Sag cant ak mbir mu yéwén
Fàww ak ngënéel ak gudd fan

Koo xamne séenu na njariñ
Ci nun ba ñëw di wut njariñ
Fi nun, na am ci nun njariñ
Bu la mu séenu defi fen

Man sama mbir yaw laa ko diis
Ku fab mbiram di mako diis
Mbiram ma yit yaw laa ko diis
Mbir yépp yaw la nu ko yan

Boole nu ak li nu yanu
Tay ak ëllag far nu yanu
Ta def nu fàww say kenu
Nuy dimbali'y néeg aki jën

Xamu nu lëf, mënu nu lëf
Déggu nu lëf, gisu nu lëf
Jéemu nu lëf, defu nu lëf
Ludul nelaw daal ak xaraŋ

Ta ñoo ngi yor ndabi kese
Ta far di ay dofi kese
Koo gis ci nun dafa dese
Mootax nu ñëw ne fi sa ron

Yaw ki li ñiy njort ci yaw
Tay ak ëllag nekk ci yaw
Ak luñu njortuwul ci yaw
Defal mbébét mune ci nun

# Sëriñ bi nun yaa nu rokkas yaa nu roofat u yiw

Sëriñ bi nun yaa nu rokkas yaa nu roofat u yiw
Yaa tee nu haf yaa nu tee xëy daanu, yaa gën a baax

Doo fecci wollare, doo bës kenn, doo dige wor
Kudul yaw ak man a yam, yaw rekk rekk a fi baax

Kudul ak yaw ak man a yam day gén di def lu rafet
Dellooti cii bon-bonam, yaw daal a way ci lu baax

Koo xas ni cas jëme kaw, kaw rekk lay xala jëm
Du daanu mukkati, jaajëf sant naala bu baax

Yaa tax ñiñuy sopp bég, yaa tee ñi ñuy bañ a bég
Budul kon ak yaw, lu bon am, santnaala bu baax

Doo fekke gàcce ta doo seetaan u ay jërejëf
Dundal nu dundu sa digg ak nun di dund bu baax

Koo xamne kii mësna ñoo xëy wacc, xëy nga nu yaw
Wuutal nu fukk kemam, céy saw defiin a ka baax

Budul kon ak yaw nu xëy bis daanu jéll bu rëy
Fegal nga ñu'b jell fàww ak suufe, def nga lu baax

Man fàttewooma ta seetaanooma, yaa ma teeree
Dee sax bu yàgg ba neefaa donte dundu na baax

Koo xamne nag moo la may ag dundu jox la alal
Musal la cib jéll matnaa jox sa bopp bu baax

Jox naa la saa jëmm jii ak lépp lëf lu ma yor
Musal ma, saytuma, may ma’g yokk fàww bu baax

Rokkas nu, dàbbat nu, roofat ñoo ku yiw wu nu saf
Nu jekk jekki ni kekk ak lépp lépp lu baax

# Ey yaw murid bile bul sol dàll ak mbaxana

Ey yaw murid bile bul sol dàll ak mbaxana
Fu sab sëriñ jekki, ngir màggal sëriñ ware na

Àqiy sëriñ rëy na rëy gug ken xamul lu ne doy
Ngir àqi Yàllaa di àqam, ag murid jafe na

Mëneesukoo bind, nee saa mbir ma dëgg a ngi nii
Mëneesukoo wane bay gët gis ko ndax sori na

Xam ug murid të na gaa yiy mag, të gaa yi di ndaw
Gaa yii ngi naa sori na, gaa yii ngi naa jege na

Sëriñ ba ak këram ak mbootaayam ak lumu am
Fonkal ta màggal, ku daa def lii ma wax kawe na

# Bi Yàlla àttee nga def nag bunt yewwula yaw

Bi Yàlla àttee nga def nag bunt yewwula yaw
Bul def lu yegsi nga for jël loola kon du rafet

Góor ak jigéen ak mag ak ndaw ñépp a nekk fi yaw
Ta seen i wërsëg fi yaw lay dox si waxtu wu jot

Yewwul, ku dee si defarloo muy nelaw rafetul
Ku nekk jox ko ta fab, ñuy sant ngay gëram it

Ku dee si séddaleloo, day jox ku nekk yëfam
Ta fab yëfam, loolu moo gën, moo di sax yëf i nit

Ku jàll, day jàlle, bo jàllee ba noppi, jàlleel
Ñi jàllagul kon nga am ndam Yàlla wóolu la it

Jagal sa bopp ta yam ca'w yiw la waaye du ndam
Lay ndam nga jag jagal uw nit, boo defee nile mat

Bul fàtte mukku sa bopp ak nit ku jàpp ci yaw
Bul fàtte yit sab xarit, bul fàtte benn jullit

Koo gis mu soppu la, Yàllaa tax, ba loo jële nag
Ci Yàlla, war na nga bañ caa fàtte kenn yaw it

Ta fàtte ak càggan ak moy Yàlla ñoo xaritoo
Bul fàtte kenn te bul sàggan ci menn mbir it

Koo xamne kii dafa laa doyloo ba dénk la lëf
Farlul ca dénk ba ngir moo dig njullit di ngor it

Ku saytu nit aki yëf, ndénkaane rekk la yor
Ta saytu nga'w nit aki yëf, farlu warna la kat

Lu dikk am nga ca lëf, koo saytu am na ca lëf
Séddul ta sédd sa ñoñ, lii daal a jub ta rafet

# Lii tee mu taw ñoo ko def ngir ñoo defu la nu war

Lii tee mu taw ñoo ko def ngir ñoo deful la nu war
Ñoo wac u sas dem di soññeb añ da ñoo war a tuub

Koo xamne kii dafa tooñ as lëf ta bëgg ñu may
Ko's lëf dafay tuubi tooñam door a wax lu ko soob

Nun ñépp Yàlla na nu tuubal Yàlla def la ko saf
Mu boole ñooti yëram jébbal nu waame yu sóob

Nun ñépp Yàl na nu jéggal, may nu waame yu ñor
Gancax gi mag tàlli, tëb, jëm kaw di saf lu nu juub

Nun ñépp Yàl na nu may tuub ak ngëram lu rafet
Ak mbay mu nangu mu kàntoon bépp dul mën a góob

Nun ñépp Yàl na nu may ndollen lu yéemu lu rëy
Ak ñag bu yéemu bu ñuy làqoo ba lëf du ñu luub

Moo daa yëram ñépp moo daa jéggaleeka bégal
Soppeeki bañ, Yàlla na sànneeti'y njariñ kune buub

Du kuy fayantooka toppe'b lar lu bon lumu def
Ku mat la, Yàl na yëram jaamam ñu mànke ñi, diib

Ña koy mo yak ña ko dul moy ñépp Yàl na ñu lab
Ci yërmandeem ak ngënéelam, gàcce màttu, ne ciib

Ñiy bëgg ab taw ci mbooleem gox yi Yàl na ñu am
Taw ub ndam ak gan ñu sedd ub xol ñu ñëw ne gurub

Nun ñépp Yàl na nu tinkee tinki fàww ta war,
Ku tinkiwul bu waree it, jommi, wàcc ne cuub

Tinkil ta war, bala ngaa wax aajo tubal i moy
Lu wax wax it duñu yëg say wax ta njëkkul a tuub

## Budul kon ak la ma déggoon jëkk tay ci lu jub

Budul kon ak la ma déggoon jëkk tay ci lu jub
Ma topp saa njël yi man tay wëy di wëy ba ni mes

Budul kon ak la ma déggoon gaa ya jub di ko wax
Ma jekk jekki ni mes, ken dootu gis kuma gis

Budul kon ak la ma daa digleeka wax ci lu jub
Xamnaani lëf du ko jar ngir kon ma def luma rus

Budul kon ak sàmm ngor ak sàmm wollare yit
Ma wax lu ñépp ni xaaloo, moo ku xam lile mbas

Budul kon ak la ma deefaa dox di dégge lu jub
Ma def lutax penku ak waa sowu bokk ni mbas

Budul kon ak li ñu naa céy Baabakar aka jub
Ma def lu ñépp ne njekkar amna, lii gën a fés

Lu jub li ñuy wax ci man mii fàww far na ma ŋëb
Ba xamne man mënumaa def sax lu ñaawati bis

Xanaa ma jekki ta far muñ ŋëb ci Yàlla bu wér
Ta xamne àddina tiis ak coono rekk a ci des

Foo daw ba dem fa ba naa fii jenn lor du fi am
Nga seeru fay lor, foral far muñ ta jàpp ko fat

Muñay garab, faral ub doomam ne cell te sex
Ta gëmm sàkkami wannaale'y naqar aki tés

Loo xamne lii boo ko wannee raw lu bon jot u yiw
Du neex a fab wann, wannal mer ta muñ ku la xas

Wéyaale tiis ak tawat ak nëbb jëf ju rafet
Di mucc akay musle moo gën jug di wéy ba ni mes

# Sëriñ bi may nga nu ñu baax

Sëriñ bi may nga nu ñu baax
Mbàkke ta may nga nu yu baax
May nu nu sax ci jëf ju baax
Te guddu fan bari xorom

Nun ñoo ngi lay sant bu baax
Di sàkku sag cant bu baax
Am nga suñub cant bu baax
Sag cant Yàllla na nu ko am

Ñi lay gëram dañoo bari
Ñi ngay gëram bañ a bari
Musal nu nun ci yu bari
Ta may nu sag cant ak ngëram

Def nu nu lay sant aka gëm
Far la gëram am sa ngëram
Nga di nu sant aka gëram
Nu dila sant aka gëram

Làq nga yaw suñu ngëram
Yàlla na nu làq sa ngëram
Tay ak ëllag ta far la am
Am gu rafet gu ñépp xam

Yàl na nu bokk ci ñi lay
Sant ta bokk ci ñi ngay
Safoo ta bokk ci ñi lay
Jox seen i xol aki dëram

Yàl na nu bokk ci ñi lay
Safoo ta bokk ci ñi ngay
Safoo ta bokk ci ñi ngay
Defal lu baax aka yëram

Yàl na nuy dund aka wér
Dila gëram ta sax bu wér
Ci la nga nuy sante bu wér
Ta bari ay may aki ndam

Yëkkati naa lépp ludul
Sa jëmm jii ak sa ndigal
Jënde sa jëmm ak sa ndigal
Doylul ma wëllis i xëram

Fegal ma jaamu ay xëram
Ak képp kuy jaamu'y xëram
Fegal ko it ku fob mbiram
Jox ma, ta dàqul ko ñoñam

Xam-xam budul bi nga ma jox
Ak may gudul gi nga ma jox
Awma ci aajo maa ko wax
Li nga ma jox doy naa xalam

Jox ngama ngën ji lu nu xam
May ngama ngën ji lu nu am
Jooyu ma xam, jooyu ma am
Fegal ngama'g réer ak ngëlam

Seral nga guyy sama xol
Sa xol bi Yàl naa ko seral
Seral gu yéemu ta seral
Xol ub ku lay jox i mbiram

Fegal ngama'g jàq ak tawat
May ngama it may gu rafet
Dolli ngama'g gëm gu rafet
Ku la amul yées i kemam

Boole nu nun ci ñi la am
Boole nu it ci ñi nga am
Boole nu it ci ñi la gëm
Ta gudd fan bari xorom

# Njaaréem a di dig dex

Njaaréem a di dig dex, ku sàggan sànku fàww ta lab
Ta ñàkk nag sab ligéey ak Yàlla, alku ji far

Koo seeru yitteem a ngiy xàppooka damm aka rot
Muy denc nag ag juram tay waaj a denci jabar

Ku jug di saf rab u dex tay denci yéeré yu jag
Tay lim atam ya mu am cig taalibeeka nafar

Doo dégg kuy tudd Yàllaateeka wax wax u yiw
Doo seeru kuy daw jigéen it mbaate kuy moy u lor

Ku nekk a ngii dox di riisooku'w jigéen aka kaf
Ta sépp ndaw sumu gis xam tur wa xam ka ko jur

Lii du'b murid du lu kenn xam ag muriid du ni mel
Ag saahir it du ni mel, lii muslu rekk a ci war

Ag tarbiyaa gën a jee, ag tarbiyaa gën a dee
Yaw yoonu tarbiya jooyal, gaa yi xëy na la wor

Danaala jooyal sa lor ndax Yàlla fay ma ci yaw
Ag yiw ta yeesal ci man ag tarbiyaati bu wér

Samay rangooñ a gi ñëw ngir dee gu wér gi nga dee
Ta ñépp far jekki, kenn junjul lu jëm ci defar

Ku seeru gaa ya la daa dundal ta dee du ñu bég
Ci nii nga mel ndaxte kenn bëggul ku wàcc sa ngir

Ku seeru tay Baababakar mbaa sax nga seeru Omar
Mbaa sax Aliyooki Usmaan ak Uwaysu ñu mer

Ngir ñoo la daa aw akay awlooka sàmm ba dem
Ma jug fas ak yaw man it tay wollareeti bu bir

Danaala dundal ba dootoo wopp mukk aka dee
Ngir jëmmi Bàmba ki fab mbir yépp boole ko yor

Murid bu kër naratee yàqal na daaldi xalam
Bisam ba muy dee nu fab ko'y génne googale kër

Këram ga des fa akii soxnaamakii alalam
Ta kenn du wax dara, lii matna'y xalam aka yër

Murid bu dëggal dafay dog lëf nde lëf du ko dog
Day cor lëf it daaldi waaxu'y wéy nde lëf du ko cor

Koo xamne kii dafa ànd ak Yàlla ak sëriñam
Ak itte dëgg ju rëy, day nott di fàdde ni mbër

Tay randu bay ndiru gar tay fiir i ndog aka dog
Tay melni saatu su wat tay dagg tis ni gobar

Murid bu dëggal dafay not waande ken du ko not
Ku deefi not dafa yor pas-pas yu bon aki nar

Murid da daa nëbbu, daawul bëgg sax ku ko gis
Lu tuuti daa na ko doy ci'w ñam batay aki sër

Murid bu daa xooj i sër day tàbbi néeg ba ta ub
Ngir néeg ba rekk a di kuutaayam ta doy na ko far

Kuy denc mbubb aka wëndéelooka duggi butik
Kuy far ci Yàlla…, giiñ naa ni kii du ko far

Ndax gaa yu gëm yu fasoo am bàrkee dootu nu ñëw
Yuy jëf bëcëg gépp aw yiw tay fanaane sikar

Ndax gaa yu mat yu fasoo am Yàlla dootu nu ñëw
Yu melni njaa àll seeniy ndigg booy aki der

Ndax gaa yu xér yu fasoo mën ñépp dootu nu ñëw
Yuy daw jigéen aka daw ag moy ba dee niki gar

Ndax gaa yu mar Yàlla, mar Yonnen ba dootu nu ñëw
Yu aajoowul lëf ludul seen ub Sëriñ, ta sawar

Ndax gaa yu way yu fasoo gën ñépp dootu nu ñëw
Yu dëddu àdduna seen i bopp far ne suxur

Ndax gaa yu wér yu fasoo dem dëgg dootu nu ñëw
Yuy aw ndigal fàww akay yokkooka yokke bu wér

Ndax gaa yu am ngor yudul wor mukk dootu nu ñëw
Yu far taxaw temm ci'w yiw fàww ba saf i xer

Ndax gaa yu màgg yu màggal Yàlla dootu nu ñëw
Yu jàpp diine ji dundal, ŋànk ndab yi ci xar

Ndax gaa yu màndi yu melnii jant dootu nu ñëw
Yu jàpp xol yépp tooyal, tex ko, bay ko mu ñor

Ndax gaa yu màndi yu melnii jant dootu nu ñëw
Yu jàpp xol yépp leeral, fóoti moy feg i tér

Sëriñ bi may ma ma mat gaa yii ma tudd Sëriñ (Céy)
Ta jox ma nag seen i kem ngir Yàlla sangema far

# Tawat naa samag bon ci yaw miy fajal

Tawat naa samag bon ci yaw miy fajal
Nit ug bon, jugal faj ma yaa faj kune

Fajal dëgg mbooleem samay ràgg tay
Ba mbooleem samay ràgg wér wér gune

Ndegam man damay bon ba gën fee bon it
Du tee Mbàkke may séenu ngir yaw lune

Lu deefaa mbébét maa ngi koy seeru ngir
Dangaa def ku am ngor ta gën waaju ne

Ña daa jàpp mbooloo jubal seen i mbir
Ci saa boo fa teewoon ñu melni'y gone

Limay soof akay def ku suufeeka bon
Du tee kat ma yàkkaar a am yiw wune

Ta xamnaane lar yépp man ñooma gën
Ta saa yoo yaboo yit man gën lar bune

Ta xëy jiitu gën ñépp jombul ndaxam
Ci man ndaxte saa sang bee gën bune

Lafañ sax bu gaawul ta war gaalam it
Dafay daaldi jot ñépp far raw kune

Ku baaxul ta sab sang gën ñépp it
Saxal cant kat war ci yaw war gune

La bon dëgg sang ak laram bokk bon
Ku bon sangam it bon mu bon bon gune

La gën dëgg sang ak laram bokk gën
Ku gën sangam it gën mu gën gën gune

Ta nun nag suñub sang a gën ñépp kat
Nun it Yàlla na nuy bokk gën lar bune

Fajal ñoo fajal ràggi xol ak yaram
Nu wér céng far ëpp ag wér kune

# Tee ngeen a far muñ Sëriñ baa ngii ñëw ak lu rafet

Tee ngeen a far muñ Sëriñ baa ngii ñëw ak lu rafet
Bu ndey ñëwee, jooyi doomam dakk, léegi mu ñëw

Bis penc nit ña bu ñuy yuuxooka jàq aka rët
Ba Mustafaa ñëw ñu ànd ak seen i xel am u yiw

Nun nag dañoo xal a bég tay bég ëllëg gañe far
Sëriñ bi jub na, pexeem it jub, nu nekk ca kaw

Sëriñ bi nag moo nu jur, Yonnen ba jur ko bu wér
Suñub ceerif a ka wér, ñoo jub ta jub fu nu aw

Ñoo sell nun, sell maam ak ndey ta ñoo rëy i yax
Nun ñoo rëy ub juddu, ñoo dii garmi, ñoo mat a naw

Ñoo dond ag pal ci biir ak biti, ñoo di la wax
Yu rëy ya daa taq ndombay tànk, dootu nu sew

Yàlla nu yëkkati nag ak Yonnennam ba bu wér
Jébbal sëriñ bii mu xëy jébbal nu yiw wu nu raw

Jébbal na nu'y ndomba jébbal nu'y medaay aki pal
Jébbal na nu'b xaalis ak ñuy ñukk ñukki di daw

Jébbal na ñu'b yar akub xam-xam, defar suñu mbir
Ta may nu yàpp wudul jeex ñoo ngi  sant aka xaw

Bënnal na nu'b jàjji jox nu'm pepp, may nu xorom
Ta teg nu nag ci barab boo xamne lor du fa aw

Moo boole mucc ak njariñ jébbal nu fàww bu wér
Ba noppi nag wër nu may nu'y may yu rëy yu nu lew

Moo tax nu raw lor ta jot aw yiw ba dootu nu raw
Na njort yépp rafet, mbooleem lu baax a ngi ñëw

Lafañ bu war ci'g saxaaram laa, lu bon du ma jot
Yaafus bu jàpp ci njaxlaaf laa njariñ du ma raw

Miskin bu taq ci ab tab laa bu ñàqul i yëf
Laaxoy bu sax ci ganaaw ub dànna laa bu ñu naw

Lilee waral lépp, lii ray pël bi, lii mën a am
Laaxoy bu dee dawaloo koobaa'ku ñay, lëf a xew

Ku mànke laa ku ni ràpp ak mbër mu tedd mu mat
Ku taq laa ku ni ràpp ak dex gu  fees aku yiw

Ku gàtt laa ku nu fab jébbal ka sut ca ña sut
Mu fab ma sànni ciy mbaggam may wax ak ña ca kaw

Ndaw rekk laa mu ne ràpp ak mag ma mag ca ña mag
Mu def ci man mbóoti mag, may mag ta naate ni ndaw

Kuy sàkku ndox laa ci géej ak dex amaana ma am
Ku làqu laa ci ginaawag mbër amaana ma raw

Yàlla naa raw ak ñi ma àndal ñépp raw gu rafet
Yàl naa ni nuus aku yiw mbooleem njariñ lu ma raw

# Ba naala ag mbir yi tay maa ngi ci say yoxo man

Ba naala ag mbir yi tay maa ngi ci say yoxo man
Yër naa ba xam ni kudul yaw mii mënul ta du mën

Yëg naa ni ag bari mën-mën rekk taxtila gën
Loo xamni taxtila gën nag sànni rekk a ca gën

Li tee ma yegg ci yaw man mii ba am sa ngëram
Ci man la kay du ci yaw ngir maa la wax wax i fen

Maa wax ni jox naala saa mbir mii fabal ta defar
Ba noppi yor sama mbir saa jëf jilee gën a bon

Yaw waande bul topp sab lar ngir amul kula moy
Ta amnga yaw kuko moy mootax defal ko lu gën

Faral ma moy yi ma daa moy soppi leen i yiw ak
Tawféex akii ngëram ak bàrkeeki mbir yu yëwén

Ta mayma dund ak wér ak way mayma it nu juboo
Loo digle fàww it na melni'g lem gu taaje fi man

Moy naa ba noppi ta bëggu'g may ta bëgg mbay it
Mootax ma dikk fi yaw mii am ta yéene ta mën

Yaw ngën ji sang bu deefaa jug di fekki këram
Ñëw naa ngir ug ñàkk gaawal may ma, am nga, yëwén

Samab loxoo ngile, tàllal naa ko teg ci lu rëy
Loo xamni tàlli na saa xol ñàyy ak sa bakkan

Ngir Yàlla ak mustafaa nag ak sahaaba ya ak
Malaaka yépp fajal saa aajo yaw kima gën

Litax ma jug weesu mbooloo mépp dikk fi yaw
Dañoo yam ak man i mbir ngir kenn mënul ta du mën

## Nañ nég ba dem àjjanay maareeka

Nañ nég ba dem àjjanay maareeka noppalu ndax
Falay bànneex aki xéewal ak mbébét di dajee

Ta googa kër moodi kër goo xamni duñ fa tuxoo
Ku bëgg a def lula saf foofee nga koy defe ji

Waa Àjjanaa nga fa tay war seen i fas di tëbal
Ku yewwu buy war i fas foofee lakoy ware ji

Ku Yàlla fal foofa dootoo deeka folliku ji
Te loo bëgg it am ko mbég kay war na kuy falu ji

Ku tàbbi Àjjana day am aajo ta bég a bég
Du noonu kenn it ta doo gis mu xulóoka wuje

Xamal ni jikko ju bon ak gaawa mer du dara
Ludul màndargam kudul baax ak kudul texe ji

Kuy wut ndam ak bayre ak saf gaa ya doo ko wute
Boddante ak xas u nit, ab yar nga koy wute ji

Kalay desal aka naa « loo tekki ? », bul ko faje
Mer ak fayantoo, fabal nooy ak lewet te faje

Seetal Sëriñ bile nii koy nooni Yàlla di def
Ta xamni gistee ko bis mu wax ne naa fayu ji

Yonnen ba lay roy nde roytil gaa yi jii jamono
Du làq loos aka ger awookaa akay maye ji

Ta moo nu fii jiite nañ koy roy na muy royee kii
Man xawma waa ju royul njiitam lumuy layi ji

Ku fekk sab soppe jug jëm penku yaw ngani naa
Jëm sowwu ta ñu ànd yaw moomee dangay woru ji

Na nu yër limuy jëf a jëf tay déglu wax yi mu wax
Ba gis ko dégg ko fab lañ mën ta dem jëfe ji

# Dëkkal ci xol yi

Dëkkal ci xol yi,
Dëkkal dëram yi
Ci suñu kër yi
Ta saytu mbir yi

Fegal nu lor yi
Fegal nu moy yi
Indil nu may yi
Ànd ak ngëram yi

Fayal nu bor yi
Ta far ayib yi
Néewal nelaw yi
Wéral yaram yi

Xol yi defar ko
Jur gi baril ko
Itte yi fab ko
Weesale kër yi

Alal ji nay taw
Ànd ak jëf uw yiw
Ku nekk jub aw
Sa yoonu mbég yi

Bàmba defar nu
Fàww ta far nu
Fàww ta may nu
Nu aw ndigal yi

May nu ba ñuy xëy
Aw ngir ma tay wéy
Di moyu ag moy
Di muslu moy yi

May nu nu fàddu
Lépp ta fàddu
Ci yaw mi fàddu
Ci xëbbi lem yi

Mosal nu lem gi
Ku mos sa lem gi
Bëgg sa lem gi
Ba fàtte lem yi

Yaa dàq ag lem
Ta dàq aw ñam
Ta ku la ñam xam
Xëpp nu xëb yi

Ku wut ludul yaw
Dalaa xamul yaw
Nde kula  xam yaw
Du faale yëf yi

Foo ne ku fay gëj
Asal ma ngay gëj
Àjjana tay gëj
Ngën ji barab yi

Ab dof bu dee gëj
Fa kër kakoy faj
Ndof ga lukoy faj
Wax leen dof yi

Ey dof yi déeleen
Dem, ndax mu faj leen
Bu wér ta may leen
Ngën ji garab yi

Bàmbaa di kay faj
Moy Yàlla tay faj
Ag ñàkk tay faj
Ràggi bakkan yi

Ta moo di kay feg
Musiiba tay feg
Gàcce yi tay feg
Ëllëg mbugal yi

Moo di kalay may
Di la fegal moy
Dila fegal ay
Jubal sa mbir yi

May nga nu aajoo
Faj suñu aajo
Yaa mat a aajo
Ta jar a fekki

Far nga suñug mbon
Fegal nga ñug bon
Yaa tax ba ñuy gën
Jaajëfe Mbàkke

# Ni xam-xam jafee kug jur ku xëy boole yépp am

Ni xam-xam jafee kug jur ku xëy boole yépp am
Te jàngoo ligéeyoo yal na ngay santkat bu rëy

Ku xëy fori fuguraasam yu jub yu mu raasiwul
Ak ug xam-xamam, far rey giléem ak ñayam yu réy

Sëriñ bee ma jébbal yii te yèr loo wu may yax ak;
Saraa kiy wesar ak wéy jëfam jee ka saf te réy

Jañax na ma meew ak mbaanig ak yàpp may ma diw
Musal ma ci sàmm ak wëgg ak ratt lii ka réy

Musal na ma ciy nattoo kiy nëx-nëx ak iy nax ak
Yu bon yépp biir ak biti fal na pal gu réy

Ubal na ma mboolem làmb yépp fegal ma nag
Tëb ak bëreek leewoo karaamaa ngi nii gu réy

Tojal na ma mboolem réewi cant it ba yépp toj
Mu jébbal ma léen ak ndollen ak ndam lu wér lu réy

Da maa fab tëb ak man gépp lor ak lu deefi bañ
Dal ak man ci jàmm ak wépp yiw, wiiw defin a réy

Da maa fëkk jéll a man lu may bañ akay ragal,
Dal ak man ca Firdawseek i mbég, may ma may yu réy

Da maa ŋàbb naaw ak man dal ak man ta raw xalam,
Rawum xel, ma raw xel, raw xalam, jitu bër yu réy

Gëram naa ko, def naa kob xarit bajjo bee ma jig
Bu may jëm ci moom as lëf, mu daaldi may falaŋ lu réy

Falaŋ na ma junniy junni ak gaay yu sedd xol
Te yal naa ko jox cantam gu ñor guy waral lu réy

Da maa ñëw mu tibb as lëf sarax ma ma sant bég
Mu fab ndab la ak boppam jañax maak i mbég yu réy

Da maa lab ci moom ak xééwalam yii te koo labal
Nga man dara, koo lab dëgg yaw doo ca man lu réy

Labal na ma bir ak biti moo tax ma lott man
Ci cant ga jot hàqam ga koy jox mbégam mu réy

Na waa penku ak waa soowu ak waa fu nekk ñëw
Gerëmle ma kos lëf moo yeyoo jox ngëram lu réy

Na BUURUB Aras ak Yonnen ba ñëw ak malaa-
Ka yépp te jox kog cant guy wey di wey te réy

Na YÀLLAA ki gaayam yépp dikk nu jox ko lay
Mbégam degg ak hàqam, te hàqam du man lu réy

Defal na Boroomam ak moroomam mu nekk u yiw
Lilee waral ug cantam jafe ndaxte day lu réy

La xol biy jafee jot lépp yal na nu dund nun
Ba jot caa ki cantam boole cay ndollenam yu réy

# Xamal say ayib te far say ayib

Xamal say ayib te far say ayib
Te lii rekk a dig xam ludul lii du ag xam

Ku xam ag bonam te dindig bonam
Kilee xam Boroomam te am nag Boroomam

Ku xam ay dërëm te am ay dërëm
Kilee xam lu wér ndaxte moo xam te moo am

Ku xam ay dërëm te ñàkkiy dërëm
Gileg xam ku xam lumuy faj boroomam?

Xam ak am mi ngiy jafee xam ba dee
Balaa kenn a am xam, balaa kenn a xam am

Ku xam bon bu wér te xam yiw bu wér
Bàyyig bon, defuw yiw, kilee sell xam-xam

Balaa kenn a man lii defub sangg moo
Ku man lii namuy jóg di weesooti boppam?

Fabal yaw sa mbir jox ko ngën jiy Sëriñ
Mu wommat la yët Yàlla man foofu laa yam!

# Ngirum Sëriñ bile jàpp ug njàmburay la ci war

Ngirum Sëriñ bile jàpp ug njàmburay la ci war
Koo xamni kii jàppu ci'g njàmbur du mucc ci lor

Kuy woor akay julli ak koo xamne defti ca lëf
Maandul ci ñoom ak la ñiy def yaw ta sàmm sa mbir

Ab sàmm day sàmm, sàmmul, sàmm jur gi nga yor
Sàggan ci sag jur ba sag jur bar, ku xam lu ko jar

Biir ak pëy ak loxo, làmmiñ, tànk nopp aki gët
Yii rek rek a di sag jur, dee ci farlu bu wér

Bul gës(tu) mbirum kenn, bul wax diw ku xam lumu yor
Ci'y soxna sax namu doy, kuy gëstu doo ka ñu yar

Xamal sa bopp ak sa waakër ak sa kër bu rafet
Ndegam dangay lim, limal say soxna ak ña nga yor

Nun ñépp noppee nu war tay fas ci nit lu rafet
Tay soxla woo suñu mbir wëllis mbirum kune far

Ku saytu kenn na yar boppam ta yar kamu yor
Ku saytuwul kenn na yar boppam, ta kenn bañ a mer

Ku xam lu  wér, na ko wax boppam ta wax ko ñoñam
Ku nekk mbootaayam ak boppam la war di defar

Ku am njariñ na ca jox boppam ta jox ca ñoñam
Ta jox ca képp ku koy ngéejooka raas aka for

Mayal sa bopp ndigal ak gaa ya jàpp ci yaw
Bul may ndigal ku la naa “Man saytu woo sama mbir”

Kuy bañ nga di’b sëriñam, muslul nga di’b sëriñam
Tollul fu nit tollu kon doo lor ta kenn dula lor

# Ma wax fi lëf lul dafay leeral diggante murid

Ma wax fi lëf lul dafay leeral diggante murid
Akub Sëriñ aki maasam ak kumuy gane ji

Murid bu bëgg diggantéem ak Sëriñ ba rafet
Ak diggam ak kumu gis nay dëddu àdduna ji

Lu yàgg yàgg bumuy gaaral bumuy wut a xam
Jublug Sëriñ ba, bu koy woowit na daw wuyu ji

Ta lumu ko wax na ni pëccat def ko def gu yëwén
Tay gaaw a gaaw it ba far saf gaynde guy dabe ji

Ngirum murid dafa xat ngir junj rekk a ko sos
Lii aajowul jise ji, lii aajo naa jise ji

Lii ëpp naa jise ji, li ëpp naa defati
Lii ëpp naa waxati, lii ëpp naa wane ji

Lii ëpp naa nëbbati, lii ëpp naa xamati
Lii ëpp naa jisati, lii ëpp naa foye ji

Jéexal te bul tàyyi, kuy jéexaatu day gas a gas
Foral te farlu te loo for kat demal joxe ji

Koo xamni jox nga joy say mbir bul ko nëbbati lëf
Ta donte aajo na sag ruu it jugal xaru ji

Bul wax ni man mënuma, bul wax ni kenn mënuko
Bul sàkku ag jege ji bul sàkku ag sori ji

Baatub ndigal fumu rot gaawal ta daw fori ko
Kuy yeexe topp ndigal doo seeru muy tono ji

Nëbbal sa mer ta bukoy wan sab sëriñ bu ko wan
Ludul lakoy tax a bég kon lee nga xëy jote ji

Loo gis mu sopp ko, daal di koy wut ta boo ko amee
Yóbbul balaa laatu daal di koy jox ta bul damu ji

Xeebal li ngay joxe, boo koy naw mu daal di la yig
Sàkkul ngëram, ku ko am loo aajo Yàlla faji

Kuy wut ngëram lu ko dal nay wëy ta bum ko soxal
Ku am ngëram dëgg am ag jur ta doo julo ji

Kuy bay ba xaw aka wollee kay watooka defar
Ba am dugub fàtte bis yooyee mu daa bayi ji

Téereb murid yaa ngi, leerug ngir mi laa ko tudde
Sëriñ bi may nu ndimbal ngir yaw la nuy dabu ji

May nañ la suñ bopp may goo xamne duñ ko nangu
Nangul nu noppal la nun duñ gaa ya lay bàyyi ji

Fasal nu buñ fasut it yaw jox nu buñ amut it
Moo dag bulay weesu tay jii waa jumuy dabu ji ?

Alhaaji yaa ngile tay tay fab seen i jur di aje
Ñoo dàq a haj waande nun yaw mii la ñuy aje ji

Ajjil nu, jullil nu, may ñuy ndam, layal nu ëllag
Ta rikk buñ gis ludul mbég bis ba ñuy daje ji

## Jumaa ji Bàmba digal mboolem ñoñam sog a dem

Jumaa ji Bàmba digal mboolem ñoñam sog a dem
Ku ca'y dem ak ku ca dul dem dee ca sant aka dem

Bul def ku cay dem di wax as lëf ña ca'y bañ a dem
Bul jekki bañ caa dem it, yii yaar i yëf du ñu ndam

Bul ñee ka cay dem akay xas jépp waa ju demul
Bul roy ka cay bañ a dem Séytaane Yàl na wedam

Dem caa rafet Yàl na ñuy dem nun ta noppi ci kuy
Dem ak ci kuy jekki ak ci kuy soow akay gajadam

La war ci nun lépp biir ak biti Yàl na nu cay
Sax dàkk fàww ta raw kuy woo lor ak xadadam

# Julleek a màgg ku kàbbar sànni say yoxo nag

Julleek a màgg ku kàbbar sànni say yoxo nag
Jàppul, yarul, def ca sam xel mépp jàkk xalam

Ngir yaa ngi déeyaale dëgg'ak Mag ma bind aras
Tegal sa xel mi ci Moom'ak ay mbiram ba mu dem

Doo jóg di wëndéelu boo dee julli, bul ba sa xel
Muy jóg di wëndéelu moom it nag na yam te nga yam

Koo xam ne kii yaa ngi déey'ak Yàlla mii fi barab
Waroo ko faa bàyyi dem, man xawma foo xal a jëm ?

Yàllaa di lépp, ku nekk'ak lépp nag fi barab
Lu jar ci yaw jóge fay jëm fenn fennati xam ?

Rusal Mu jis la nga wan kom ndod ngir lu ko moy
Bul seeru loo bëgg mbaa loo bañ ba dëddu ko cam !

Moo gën sa bopp ci yaw, moo gën sa lépp ci yaw
Bul raasi lëf lu ko moy, raasal gëm'ak ngëramam

Boo kàbbare rekk dëddul lépp lëf ba ba ngay
Sëlmal ndimbal la ca péey ub kay gënee ka yërëm

Defal la ngay man te yéenee jub di jéema jubal
Koo seeru def la mu man rekk ay la war ci mbiram

Yaw boo manee jeexal uw sas loo la moo di sa ndam
Ndegam manoo ko, dalal tey séenu yërmande gëm

Boo kabbaree lu sa xel mii daj lu dul sa BOROOM
Ag moy la boo sëlmalee yaw jéggalul sa BOROOM

Moo ëpp a moy te manoo koo topp topp gu wér
Saxal ci jéggulu biir ak bitti yaw ki mu móom

# Sëriñ bi man bu ma santee sant bay bëg a ba

Sëriñ bi man bu ma santee sant bay bëg a ba
Ngay jàppi yëf di ma jox yaw mii te doo xam a ba

Man mii damaa wara jòg tey sant a sant ba dee
Ngir moo di ngor te ludul ngor ab julit na ko ba

Yaw yaa ngi may jox te xaaroo yoqi woo bàyyi woo
Kon nag na may deeti yoqeetee ka xaar aka ba

Yaa dib julit yaa di as gor yaa di ngën ji sëriñ
Te yaa di ab yaaram it jiitul nu wéy bu nu ba

Sëriñ si ak seen i mbooloo ngii nga boole yilif
Mboolem ku fiy toppe ak ab toppe yaa ko fi ba

Ken toppatul ku la moy ken jàppatul lu la moy
Yaa jàpp sab sang yor, moo tax ba ken du la ba

Yaa jàpp Yàlla bu wér yaa sànni yit lu ko moy
Ya xàjji lor ba mu dem, yaw kenn dootu la ba

Te Yàlla kenn la, deeful seeru mukk kemam
Yonen ba kenn la ngay kenn it ku xam du la ba

Yonen ba ak Yàlla nag yaa làq seeni ngëram
Yaa saytu yit seeni yëf, dof baa di waa ja la ba

Koo gis mu weesu la yit day delluseeti fi yaw
Te naa la "May ma ndigal man yaa ma doy bu ma ba"

Ku dem fa Yàlla te àndul ak yaw it du ko wax
Ludul “Demal toppi waa jii sang bee nga fa ba !”

Koo jàpp yaw Yàlla ak Yonen ba daaldi ko ŋëb
Koo jàppul it Yàlla ak Yonen ba daaldi ko ba

Yal naŋ nu jàpp te yaw mii Yàlla boo nu ba yit
Te yal naŋ ngay yora yor suñ mbir te doo xama ba

# Bu gaayi dee war i fas tay kaalawooka tëbal

Bu gaayi dee war i fas tay kaalawooka tëbal
Yaw Bàmba ngay jàng téereb Yàlla beeka wasal

Sànkoo sa dund bi, sànkoo dundu gaa yi nga yor
Doo sànku doo sànke yaa aw ngir mu jub ma asal

Koo gis xamul nga xamal koo gis amul nga amal
Koo gis mënul nga mënal, koo gis mu sew nga rëyal

Doo gëdde doo xaste doo móolooka wax ni doxal
Doo faq-faqlu nit, doo jànni, doo toroxal

Gis nañ ku jaaxal i mbokkam ngir bonam ga mu bon
Ta waxtu wam la nuyóo, yaa jàpp bon ga setal

Naar ak wolof ak séréer ak pël, ku dikk nga fat
Doo dàq kenn ta doo wax kenn "yaa ma sonal"

Sa bàrke bii taxulaa def yaw ludul lala war
Bar-barlu woo, téxétoo, jàppoo përëg di tëgal

Reewoo, fowoo, ta defoo kër gii ñu gis mu di kër
Yaw fëquwoo, fàttewoo Yàlla it mii nga àndal

Yaw rekk a am li nga am yaw Bàmba mii ta tëboo
Doo gis ku am li nga am yaw Bàmba mii ta tëbul

Bajantuwoo, féquwoo, baj-bajluwoo, wanuwoo
Tay ku bajantu akay baj-bajlu yaa ko yafal

Seeroo, rëyoo, jafewoo, sab kem amul ta du am
Ta boo waxee ni samab kem amna it bariwul

Diirub li ñuy dund ñoo ngii sàkku nag sa ngëram
Luy tee ñu am sa ngëram, lii dëgg naŋ ko soril !

Raxas nu bañ set a set ngir nun dañoo bon a bon
Ta bon gi yàgg na, suñ mbir yaa ngi nii, defaral

Tàggoo na ñoo'ki  suñuy mbokk ak suñuy xarit it
Ba dikk ànd ak suñuy ndab, rikk far nu duyal

Buñ dellu suñu kër di rootaaneeka xiif aka mar
Feesal nga, feesal nu, bu nu delluy raweeka nasal

## Am leen a am gëm

Am leen a am gëm dollikooti'g wóolu it
Bu nu lor jege it téggi wéy doxtil fi nun

Yàllaa nu dàqul tiis aki lor njëkk tay
Ta ku Yàlla dàqul lor asal gistil lu ndaw

Ag cant daal a nu war gu ànd ak aw ndigal
Ak tuub akub sellal ta taqoo jëf ju gën

Ku ñu fàggul ub mucc ak njariñ day sante xol
Ak làmmiñam teg ca'y cëram, gii cant a gën

Aajootumaa am lëf ludul kàttan gu may
Santeeka jàamoo Yàlla, lii laa bëgg man

Ta amuma lumay sàkkooti it ndare ay ngëram
Ak yàgg dunyaa ndaxte saa jëf yi sakan

Sama xol bi soppul tay ludul ag jëm kanam
Ak am la mbooleem xejji Yàlla ya am ci kun

Yaw Bàmba may ñooti'y njariñ yu'y lor newul
Ak mbir mu jub ak xol bu sedd ak gudd fan

Fab naa samay mbir ak sama'g jug jox la des
Wuutal ma say ngëram ak sa bopp ak sa'g yëwén

Bàyyi naa samay mbokk it ca mbaakol ñëw fi yaw
Ngir bëgg sa'g cant ak sa jaajëf akii galen

Tay nag sa gan laa, sa'b murid laa, maa ngi nii
Yaa dàq ngan mbooleem ku nee faa mën na gan

Fàggul nu ngan goo xamne moo gën gépp ngan
Tay ak ëllëg, yaa gën suñuy waayjur ci nun

## Jugal fa ñépp di buxbuxloo

Jugal fa ñépp di buxbuxlooka soowe ta dem
Fa Yàlla nekk aki xejjam boo bëgee yaatu

Fa Yàlla nekk aki xejjam rek moo mat a dem
Foo dem fudul foofa it doo sant doo yaatu

Fa Yàlla daal aki xejjam nekk boo fa saxee
Sab xol ni guy nga am jàmm ak ngëram yaatu

Fudul fa Yàllaaki xejjam nekk boo fa demee
Gis ñuy bañantee ñàkk ub leer akub yaatu

Fa Yàlla daal aki xejjam nekk boo fa demee
Gis gaa yu dëddu yu sellal seen i xol yaatu

Bañante àggufa ak tisante ak tilim ak
ñàkk ub yar ak yabu nit, yii day xañek yaatu

Lii tax ku tàbbi ca péeyub Yàlla nag ta amul
Ab yar, ñu génné ko, tegginay maye'g yaatu

Yarul ta may ñépp ab yar may ko gaa yi la gën
Ta may ko gaa yi nga gën kon ngay amub yaatu

Yaral sa làmmiñ wi yar say cér te yar sa xol it
Sa lépp far yaru, ngay ab lar bu jub yaatu

Bu xol bi ak cér yi ak làmmiñ wi bokk yaroo
Nga jiitu say kem te foo dem am fa ag yaatu

Sa xol bi nay fasu yiw, làmmiñ wi nay waxu yiw
Sa cér yi nay jëfu yiw, lii lay mayug yaatu

Noo def nu dul nile far bon sàkku noon aki bañ
Ñu xat, nga xat, di tawat, doo yaatu duñ yaatu

Bul noonu kenn ku dul bànneex akiy bakkan ak
Dunyaa'ki Séytaane ñii rekk ay teree yaatu

Tuxul te ñibbi ca péeyub Yàlla fàww te may
Ab yar ñi lay may ci Moomug yeggakug yaatu

Ku yóbbu ab yar ca péeyub Yàlla làq fa ndam
Ngir ñee dalay sant ñee sàkkul la ag yaatu

Sëriñ bi yaw ki nu xam gën ñoo xam it ku nu xam
Ñoo ngoogu fàww wutal nu'b xejj akub yaatu

Tuxoo na nu ci ludul yaw fàww dëkk fi yaw
Dalal nu may nu ci yaw ag cant ak uw yaatu

Te rikk dàqul nu fàww lépp luy tax a xat
Bégal nu yaatal koo yaatal mu bég yaatu

Sa may yilee ma gënal mboleem kuneeki mayam
Sa jëmm jee ma gënal say may akub yaatu

Nit ñépp ak seen i may ak may yu rëy yi nga yor
Jëlal ta may ma sa jëmm ak jàmm akub yaatu

Naa yaatu fàww ci yaw ngay yaatu fàww ci man
Nuy bokk sant aka am ndollen akub yaatu

Alhamdulilaahi warlul naala cant gu sax
Gis naa nga may ma lu raw am xel ci ag yaatu

Man yaa ma may ci sa bopp ag yaatu ak ci sa ñoñ
Te foo ma gis di ma ree lii rek a di'g yaatu

Amnaa ci yaw am ci mbooleem gaa topp ci yaw
Jàmm ak ngëram ak u yiw, lii doyna ag yaatu

Defnaala ab sang def mbooleem ñi topp ci yaw
Xarit aki àndandoo dolleetinu'g yaatu

# Fabal sa ñam joxe te xiif

Fabal sa ñam joxe te xiif
Te bàyyi sa'b lal tëdd suuf
Summi sa dàll dox fi suuf
Ndegam dangay wut ug tasawuf

Lekk ba sa'b kolliy saxar
Nga tëdd ci'b lal ba fajar
Jog di sol i dàll a ka wër
Lii kay du yoonu waa tasawuf

Murid bu ab kollam ne muut
Na jàpp boppam te ni muut
Ngir gone rekk la gu tuut
Te gone guy wax rekk a soof

Murid bu biiram ba ni muut
Du man a am leer ak i mbóot
Te ku amul leer aki mbóot
Kemam bu jug jiitu ko fuuf

Lay tax nga jiitu say moroom
Tay ak ëllëg fa sa boroom
Ba ñépp naa amoo moroom
Du nelaw ak lekk lu duuf

Fexeel a am lu kenn amul
Te loola nag Yàllaa asal
Du kër yu jag du ay alal
Du soxna yuy soq aka fóof

Yàlla la ñépp amagul
Yàlla la ñépp jëlagul
Nde lu ko moy ñépp a ko jël
Ñépp a ko am dawal ni fiif

Yéefar yi am na ñuy alal
Te am nañuy soxnaaki njël
Yàlla la ab yéefar amul
Ak topp Yàlla gu nangoof

Bari alal taxul a gën
Néew i alal taxul a bon
Luy tax nit ay gën aka bon
Ca xol ba lay nëbbooka bóof

Nun dey dañoo sàggan te bon
Te bëgg a gën ku mas a gën
Luy tax nu gën ku mas a gën
Sëriñ bi Yàlla na nu ko roof

Yàl na nu dolli wépp yiw
Te may nu dund ak gépp wér
Te may nu ngën ji bépp yan
Ak barabub yiw bu yaboof

Yàl na xolam sedd ci nun
Te bañ a tee tàng ci nun
Yàl na xolam tàlli ci nun
Fàww te Yàlla na nu roof

Yàl nanu rokkas ak i yiw
Ba nu ni kekk ak i yiw
Ba far ne daŋ aki yiw
Ba du nu daanu du nu loof

Kuy xuufe yit dóotu nu xuuf
Kuy duufe yit dóotu nu duuf
Kuy fóofe yit dóotu nu fóof
Ba guufe yit dóotu nu guuf

Yàl na nu fab jëme nu kaw
Te fab suñuy jëf jëme kaw
Fab suñu lépp jëme kaw
Ba dunu jëm mukkati suuf

Yàlla na nu def nuy asamaaw
Tey dëgg dëggi asamaaw
Su kawe sépp asamaaw
Te mokk nag ba ni dëliif

Yàlla na nu may tay ak ëllëg
Tawféex ak jàmm aki mbég
Te may nu fàww ak jiitu nag
Wa saayir ak gaayi tasawuf!

# Demba kebe ma dénk la

Demba kebe ma dénk la
Ndax dénk bii dimbali la
Ci'g aw ndigal te yóbbu la
Fala sëriñ bile jëme

Ludul ndigal yaw noonu ko
Noonu gu wér ta fase ko
Fase gu wér ta sori ko
Bula ca kenn mën a jëme

Fabal ndigal def ub xarit
Boo ko fobe def ub xarit
Dana la jox la ngay mbébét
Ba jox la far loo dul gëme

Tay boo fasoo daaldi jote
Ngala moyul bari'g jote
Murid dafay new ug jote
Ak nit ña tay néew ug xame

Dalal di jug ta laxasu
Ta daw balaa sa'b jant a so
Ab jant buy fenk di so
Ni'b jant la'g dund deme

Àddina mii bumu la nax
Ndax Yàlla sax nga far ko nax
Fexeel a def ni ña ko nax
Ba raw loram, fab ko ame

Na ngay ligéey akay joxe
Ta bul wëréelookay waxi
Ngir kuy wëréelookay waxi
Fàww mujjam ga lëndëmi

Jëmal a jëm yaw ca kanam
Ab jàjjikat buy jëm kanam
Amaana léegi mune : « ku xam
Luy mbir ci ndox mu bari mi »

Loo mën a am, an ko joxe
Kuy jàjj akay an di joxe
Léegi mu bënn bay joxe
Ndox mu rafet muy tem temi

Jëmal kanam, bul jëm gànnaaw
Muslul ci Yàlla ag jëm gànnaaw
Murid bu dee delly gànnaaw
Du am ngëram du gërame

Fabal sa itte yëkati
Ndax Yàlla fab la yëkati
Sëriñ bi fab la yëkati
Ta jox la yóbbal boo deme

Xamal sëriñ bi gépp xam
Jëmal ci moom it gépp jëm
Ngir Yàlla daal a mat a jëm
Ta moo ca jëm moo ca jëme

## Murit moo di koo xam ne bëggul dara

Murit moo di koo xam ne bëggul dara
Sëriñ moo di koo xam ne ñàkkul dara

Defal ab Sëriñ mbaa nga def ab Murit
Ku dul ab Sëriñ doo Murit doo dara

Fexeel ug Murit yaw ba am ag murit
Te loo def lu dul lii du faj kat dara

Ku tëb bëgg a dal cig cëriñ jell ag
Murid, doo ko mat kat te doo am dara

Ku jeggig murid dem di yóotug cëriñ
Dafay ñàkku yiw, ñaare amtil dara

Ku jëm cig cëriñ fàww dox cig murid
Doxal cig murid boo bëggee faj dara

Lu guy rëy-rëyub dàtt ab gif la won
Sëriñ dib murid won bu moomul dara

Sëriñ day bawoo cig murid dib sëriñ
Njegam lii amul doonagul kon dara

Ndaxam bépp lar bub xolam bëgg lëf
lu dul jëmmi sangam yayoogul dara

Ku bëggul lu dul Yàlla dëkkeb xolam
na rus Yàlla seetub xolam jis dara

Na rus Yàlla seetub xolam jis ca lëf
lu dul ag cofeelam gu taqul dara

Ku sab xol setul wicc yelloowulaa
fexee laaji kon Yàlla yaw sax dara

Wutal ndab ñu dal lay joxuw ñam wu doy
te ndab lee di ab xol bu bëggul dara

Ku bëggul lu dul Yàlla fees ak njariñ
Akug mucc dib lar bu ñàkkul dara

Damay sàkku nag ndab ak ug yiw fi yaw
Ki am ndab ak uw yiw te bëggoo dara

Kudul yaw amul ndab amul wenn ñam
Faroo soxla yaw lëf ta ñàkkoo dara

# Murit boo bëggee raw lu bon jot ngëram

Murit boo bëggee raw lu bon jot ngëram
Moyul denc i soxnaa ka denc iy alal

Nangay jajj ak ay an te bul gas di jal
Fi sag wet ku koy def du gis ndox asal

Te kuy denc ag jur ma ngay gas di jal
Nangay farlu cib gas te loo gas anal

Nangay gas te loo gas fabal génne yaw
Lu ñëw jox ko sab sëriñ far mu jél

Sëriñ moo di am céebo loo tex mu sax
Texal lépp loo bëgg tey bey di sol

Te bul sagganem céebo farlul te bey
Ku sàggan ci am céebo yalwaani njël

Di sàggan ba say kem di góobee ka gar
Akay dëgg ngay moslu lii kay gên ul

Jógal leegi yaw mii lebal sab sëriñ
Lu sedd ub xolam kon ñu seddal sa xol

Bàyyil yépp ak ñépp jem ciy mbiram
Ku jóg sóobu ngér yépp demtil xamal

Ku teg ñaari tànkam ci kaw yaari ngér
Bu bëggee dem it lott cig dem yegal

Defal sab xol ak sam xel ak sag xalam
Ci sab sang lii lay may ug dem fabal

Tegal say mbir it ak sa jur gépp cib
Loxoom it te yem képp doyloo ndigal

Te bul jàll bul jàlle lëf sab sëriñ
Yarul, ab murit day yaroo kay Jubal

Bu sab xol bu say gët di gis it lu dul
Sa jëmm iy sëriñ ngér milee jub awal

Na say tànk boloo ci kaw menn ngér
Ndegam bëgg ngaa yegg foo yeggagul

Sa wax jépp nay jem ci sab sang yaw
Sa jëf jëm ci moom ak sa mboolem alal

# Murit saxaar a ngi ni seetal mbiram ta xalam

Murit saxaar a ngi ni seetal mbiram ta xalam
Nit yaa ngi daw di ca jëm ak seen i yëf di gëram

Koo gis da koy bëgg akay teeroo ka sànni yëfam
Te xél wa muy daw a tax, xél wee ko may limu am

Te donte day tëdd fib gaaram du yóbbu du dem
Kenn dootu gis lumu am, kenn dootu gis ku ca jëm

Dawal ku daw am i yëf bul bëgg yëf te taxaw
Taxaw di bëgg i yëf ak ñaawal sa bopp a fi yam

Xëy tëdd tooke la ngir day xañ ku am la mu am
Tay dox diggantee ku ñàkk ak am di yokki moyam

Xëy tëdd baaxul ci ndaw, baaxul ci menn mag it
Baaxul ci ab sëriñ it, baaxul ci ab muritam

Farlul ku am tax a sàggan, am xelam rafetul
Kuy daw ba jot lëf bu daagoo loola rëcc ko dem

Foo yam ñu yam fa ta boo fay weesu jëm ca kanam
Nga gis ñu nangul la faa weesooti jëm ca kanam

Ab dag dafay farlu buuram raw ko foppati far
Bu farlu wàccul ka jiitoo kay du wàcc ñoñam

Ahãzanallaahu cig réer ak ci képp ku naa
« Sëriñ bi doy na nu, kuy jaamooti doo ka ko gëm »

Doyloo Sëriñ bile wëllis jaamu Yàlla ta doo
Doyloo njëlam ba wutoo njël bokkul ak la nu xam

Sëriñ bi day raas akay wut lëf ci nun nun itam
Nuy raas akay wut ci moom it lëf, na am ta nu am

Mbooleem limuy raas akay wut lépp Yàl na ko am
Nu am li nuy raas akay wut lépp bokk gëram

Wax jaa ngi nii mat ta wax jii doyna ñépp a xalam
Ku yor xelam na xalam am xel du faj lu xalam

# Koo xamne man mi maa ko tooñ

Koo xamne man mii maa ko tooñ
Yàl na nu boole la mu tooñ
Boromam ak lima ko tooñ
Jéggal nu fàww bu rafet

Koo xamne kii yit mooma tooñ
Yàlla na nu fab lamuma tooñ
Booleko fàww ak lama tooñ
Soppil nu far cant gu mat

Yàlla na nu mucc far ci tooñ
Yàlla te mucc nag ci tooñ
Bennub laram ba du nu tooñ
Deefunu tooñ aka tawat

Yàlla na nu yàgg a def u yiw
Tay njëkk a def kunekk u yiw
Di mujje def kunekk u yiw
Nangub nawet mujjub nawet

Sëriñ bi yaa di suñu tool
Nanga nu may ñuy jëkk tool
Ñépp di mujj ñépp tool
Far boole nag gaaw ak rafet

Na nga nu may gaaw ak rafet
Te may nu mucc gu rafet
May nu'g jubóo it bu rafet
Te def nu fàww sab xarit

Nun far nu jàppe ab xarit
Fàww te def nu sab lar it
Nuy sab xarit di sab lar it
Tay ak ëllëg lii laa mbébét

Def nu ku léppam wér a wér
Candaŋ te mucc nag ci lor
Gu nekk biir ak biti far
Luñiy ragal bumu nu jot

Luñiy ragal bumu nu jot
Tay ak ëllëg bu nu ko jot
La ñépp ngeeju na nu jot
Nu jot ko tay raas aka wut

Yàlla nanuy ame ngëram
Fàww aka sax ci wut ngëram
Te sax ci dollikuy ngëram
Di sant akay tuub aka set

Bàmba jañal nañu'b tawat
Ak lépp luy jur ub tawat
Tay ak ëllëg jañ gu rafet
Ñoddil nu cant gu rafet

# Sànnil sa sang bi'g

Sànnil sa sang bi'g cofeel
Moom it mu sànnila'g cofeel
Buko defee seeni cofeel
Daje, nga daj gépp ngënéel

Dara du tawféex ak ngënéel
Ludul dajeek yaari cofeel
Yàlla na nu am yaari cofeel
Yu daje far daje gu teel

Yàlla na nu sànni ag cofeel
Bàmba mu sànni nu'g cofeel
Cofeelam ak suñu cofeel
Yàlla nañiy fóonante daal

Sëriñ garab la gu jafe
Yéegéeko yaw xam ak jëfe
Ku yéegéwul xam ak jëfe
Jéllam ba rëy mu toj ne xaal

Sopp a la sopp sab sëriñ
Ngir lu'b murid sopp sëriñ
Kem lune doy lakub sëriñ
Di sopp, lii doyna misaal

Dojuk ngëm ak baagub cofeel
Jàppal ba rax teenug ngënéel
Tay wëgg a wëgg say ngënéel
Di sant akay daw ug tàyyeel

Ndegam xamoo teenug ngënéel
Ab sëriñay teenuk ngënéel
Gu fees a fees aki ngënéel
Ku feesalul cat a ko laal

Laa hawla cat Yàl na nu moy
Cat yàgg naa xañe lu rëy
Cat yàgg naa jeexal ku rëy
Barina kog cat a ko jeel

Sëriñ bi nun fegal nu cat
Te kat fegal nu lor i bët
Ak lor i béppu bindkat
Ak lor i kuy fen aka jiil

Nun bu nu kenn jëme lor
Mbaate ku jóg jëme nu lor
Na nu ko delloo jooja lor
Te bu meree nu ni ko déel

Tay ak ëllëg tëjël nu yaw
Buntu bu kuy lor xal a aw
Ak buntu buy lor nar a aw
Te fob nu nag tëj ci sa gaal

Boole nu te ci gaali mbég
Yu jompatul aki mbég
Ñuy bég akay nekk ci mbég
Ba tàbbi Àjjanay ngënéel

# Ma jóg te fàggul jullit ñi yóbbal

Ma jóg te fàggul
Jullit ñi yóbbal
Ndaxte ñu gaawal
Dox bi te sellal

Sëriñ bi jàppal
Jullit ñi baaxal
May leeni xëy dal
Yu soxlawul njël

Gaawal fegal leen
Ay wi te faj seen
Aajo yi faj seen
Wopp yi, déggal

May leeni dundu
Ak xol yu dundu
Ñi sedd a sedd,
Doo gàntu nangul

Jullit bu nekk
Ak fumu nekk
Na daaldi dikk
Jébbalu, dëggal

Képp ku daa gëm
Dolliko yaw gëm
Ku amagul gëm
May ko gëm ak xel

Kune gënal ko
Boppam gënal ko
Këram gënal ko
Toolam bamuy dal

Kune na fàtte
Bopppam te fàtte
Baayam te fàtte
Ndey ja ko nàmpal

Ngir bëgg laa xam
Ak bëgg laa am
Koo may ci boppam
Lii, may ngako'g pal

Ku nekk nay ñëw
Baa muy fexee ñëw
Baa muy fexe'w yiw
Wumula tàllal

Ku teela jekki
Waxtu wu jekki
Jotee, du jekki
Ta lile jekkul

Ku farluwul bay
Waxtu wa ñiy bay
Bu deesi fat mbay
Mu jooye ak xol

Yaw sa Sëriñ ba
Dëgg xoolam ba
Dee ko seral ba
Mu xëy la feesal

Te fumu nekk
Yaw deefa dikk
Fàww aka yàgg
Ta diko sonnal

Jant bu fenk
Nala fa fekk
Mbaate mu fekk
Ngay fexe yóbbal

Sa ñàq yóbbal
Bumula yàqal
Siyaare, muslul
Séytaane baaxul

Yóbbul sa jëmm
Yóbbu sa jàmm
Ñu may la jàmm
Ta ni la ñibbil

Séytaane kuy dem
Munila doo dem
Ngir mënulaa dem
Jagula jekkil !

Kune damay xëy
Munila bul xëy
Tay du bisub xëy
Wopp nga, tëddal

Lii rekk lay def
Te nila daa def
Nila xaloo def
Waa ju ko nangul

Day ŋëb a ŋëb nit
Di nax a nax nit
Ba dootu def nit
Murid bi farlul

Bàyyil a sàggan
Képp ku sàggan
Kenn ladul gën
Ngir gëne yombul

Yaw mi tilimle
Sa xol tilimle
Sa kër tilimle
Dex gaa ngi fóotal

Na ngay siyaara
Sa xol siyaara
Say ndaw siyaara
Kon lee nga laabal

Xamal ne sang
Moo di ka sang
Boppam te sang
Gaa ya ko dikkal

Ku bëgg sang
Nag dila sang
Defal sa sang
Ni yoonu urmbël

Mbaate nga def ko
Ni ndox te def ko
Niw ñam te def ko
Ni sër ya ngay sol

## Sëriñ bi yaa mat a jubóol

Sëriñ bi yaa mat a jubóol
Yaa mat a sopp mat a yool
Kuy dox te yeex ub tànk lool
Nga teg ko cib wotomobiil

Ko yebu aw tànkam du yeex
Koo yebu ab doxam du yeex
Ko yebu aw yoonam du yeex
Boole nga waa jamono móol

Na nga nu móolal sa ndigal
Fàww te far nu ko notal
Nu far ne jàq ci ndigal
Te bañatee geesooka xool

Bay nga ba noppi yaw sa tool
Na nga nu bayle suñu tool
Te def nu gaa yu nangu tool
Te mucc muuroo seen i tool

Ñag nu ñagal nu suñu tool
Boole nu fàww ak suñu tool
Musal te def ci suñu tool
Bàrke bu màgg a màgg lool

May nu mbég ak nganu gëram
Gu rëy a rëy gu nu gëram
Bu kenn xamul ken ku am
Nganu ngëram gumu yemool

Musal nu nag ci wépp ay
Musal nu yit ci gépp moy
Fàww te may nu ngën ji may
Ngir Yàlla ak bàrkeb Rasuul

Fu nu fi jëm tay ak ëllëg
Na nga nu taqaleeki mbég
Luy tee nu bég tay ak ëllëg
Jàpp ko ray fàww te suul

Yàggal nu yit yàgg gune
Ci àddinaaki yiw wune
Musal nu yit musal bune
Ci jëf ju bon ak jëf ju niil

Yaa ngi ci kaw sëriñ bune
Teg nu ci kaw murid bune
Te may nu xol bu gën bune
Budul tilim mukk aka ñuul

Saytu nu yit saytu gune
Te may nu gudd fan gune
Tegal nu ca'k mucc gune
Fàww te def nu koo jubóol

Na nga nu may lu ñépp yéem
Ak guddu fan bu ñépp yéem
Def nu ku ñépp bokk yéem
Nu far di sab wotomobiil

# Dàq nga lor mu sori nu

Dàq nga lor mu sori nu
Ñoddi njariñ mu jege nu
Sëriñ bi nun gëram na nu
Yàlla ci yaw ta sant ko

Fa nu bawoo xeebuñu nu
Fi nu ne it xeebuñu nu
Yaa tax ba kenn xeebatu nu
Lu bon ci nun nëbb nga ko

Ku santul it, sant na nu
Kuy tawat it, tawatu nu
Kuy rëccu it, rëccu wu nu
Xam nga ko, Yàlla xam na ko

Budul kon ak yaw fu nu jëm
Ñépp ne ñee bu nu fi jëm
Budul kon ak yaw gàcce am
Gu xumb waaye jël nga ko

Ba gàcce gii xàwwee ca kaw
Nig dënn jëm ci suñu kaw
Bopp yi, Mbàkke yaa ko aw
Sànni ca àll, tëye ko

Ku gore jébbal la mbiram
Ta jéem a sàkku sa ngëram
Ta lumu am ci ay dëram
Jox la ko ngir sante lako

Yaw def nga mbooleem lala war
Ñoo defagul nun la nu war
Yéene na ñoo def la nu war
Yéene ji nag yeggale ko

Jëf ju rafet ji nga yayoo
Ak yar bu mat bi nga yayoo
Ak pay gu rëy gi nga yayoo
Def ko ci nun nu génne ko

La nga gëram feeñale ko
Ci nun, sa mbég doxale ko
Ci nun, sa ndam awale ko
Ci nun ta maynu'g dolliku

Yóbbal nu yóbbalub ngëram
Ta dolli nu'g leer ak ngëram
May suñu ñoñ wérug yaram
Ta dollileen ug bàyyiku

Suñu digg ak yaw it na leer
Suñu digg ak ñoom it na leer
Suñu tay ak ëllëg na leer
Kuñuy bégal yëkkatiko

Ta yëkkatil nu përé bi
Metar bi it wàññil nu ko
Ta may nu junniy bërigo
Yu nu la jox, nga sant ko

## Ligéeyal nga Yàlla, ligéeyal Jabeel

Ligéeyal nga Yàlla, ligéeyal Jabeel
Ligéeyal nga mbooleem ku am ay ngënéel

Bà Yàllaa ngi lay fay, jabeel it di fay
Ku baaxon a ngiy fay, bégal Mbàkke teel

Sa yiw wi du jeeti, sa pay yii du jee
Sa may yi du jeeti, dangaa weesu jeel

Toroxloo nga mbooleem ku daa xëy jëfal
Jabeel ak boroomam, sa ree jotna, reel

Ku dee faa wax ub sang tay merna, rus
Ta yaa tax mu mer, rus, sarax nu'y meteel

Sëriñ saa ngi lay naw murid yaa ngi gëm
Ta koo  seeru nangul nala daal di deel

Sëriñ boo janoowul, janookub xolam
Murid boo gisul, gis nga yaw xol ba daal

Damaa xér ta awma'y alal moo waral
Ma far bëgg a def sab géwal, deema baal

Limay wax jagul man limay wax gënul
Damaa mënla noppeeti ngir sag mbëgéel

Bumay junni yomboon nga gis bis bu set
Ma xëy yët la ay junni tay bës sa yeel

Ndegam awma am nga te amnaala yit
Sarax ma’y ngënéel ak woroom i ngënéel

Ta man Baabakar mii nga gis fas namaa
Def ub lar bu lay wut ba xëy dem bàmmeel

Ta maynaala saa guddi ak saa bëcëg
Fabal lépp jël, man du yaw may deseel

Soril ma’y lor ak  moy mosal ma’y ngëram
Fegal ma’w naqar yaw, fegal ma’g tàyyeel

# Gis naa lu rëy la nga def

Gis naa lu rëy la nga def, gis naa lu saf la nga def
Gis naa lu jub la nga def, Yàl naa gëram nga gëram

Guddal nga aw fan, defar mbir, far lu bon, fegu ay
Wéral yaram, seral ub xol guyy, dolli xorom

Jagal nga kër jagal ub tool ak nawet, rafetal
Njort ak jëf ak xol akum xel, boole ñépp yëram

Yaw jël nga ndam, maye ndam, amnga'b yar it bu rafet
May ñépp yar bu rafet, koo seeru far nga meram
Setal nga sab der setal koo gis ba noppi setal
Deram ba, képp ku am ab lor faj nga jépp loram

Yaa wacci, wàcce sa jaan it wàcce fàww sa coo-
Wal ndam ne woll ca kaw, yaa tee nu toppi xëram

Yaa wér wéral ku wérul, yaa way wayal ku wayul
Yaa saf safal ku saful, yaa tee nu xëy ne jirim

Yaa tee nu yalwaani, yaa tee ñépp xëy nu yëram
Yaa tee nu ñaxtu ci biirum ñax mu woow ne ŋaram

Yaa tee nu rus, yaa nu tee ras yaa nu tee jege lor
Yaa tee nu mos gàcce, sax ci'b rëccu, sax ci nëram

Yaa sàngu yaa sànge, yaa am, sédd ñépp ñu am
Koo gis ma ngaa'kub cëram, koo gis ma ngaa'ki sëram

Yaa sangu, yaa sange, yaa set yaa nu boole setal
Yaa mat mat ub sang, jaajëf may nu lépp ngëram

Nun ñépp Yàl na nu lay sàntooka sant aka gëm
Bu wér ta Yàl na nga ñuy ñeel ak sa lépp ngëram

# Baaxal ta bul gis mukk nit kuy bon di bon

Baaxal ta bul gis mukk nit kuy bon di bon
Bay tax nga naa waajii ma gis amtil ngëram

Ngir Yàlla kum jubloo jagal daad lay jagal
Moo moom i jàamam ak yëfam kumu jox nga am

Da nga gis ku jug jiitu'y moroomam dellu bon
Gis waaju bon xëy jiitu lii doynaa xalam

Doo xam ka ngay gën, mbaa ka lay gën njëkk dee
Kuy dundu Yàllaa xam mbiram xam ag mujjam

Ragalal ta koo fi gis nee ko bul may fàtte kat
Lii laala wax bul fàtte wax jii foo fu jëm

Farlul ta bul sàggan ta bul yeexe'w yiw it
Lu'b àll yaa yaa, boo ko sóoboo lee(gi) mu yam

Gii kër du kër goo xamni dañ fii sax di wéy
Dañ fii ligéeye aka wut ngëram, lii na nga ko xam

Kuy fas ni kër gii kër la bay maareeka ree
nañ koy yëram ndax léegi muy yuuxóoka xëm

Firhawna ab yéefar la woon boo xamne daa
wul julli daawul def ludul jaamu'y xëram

Te nga xamni teewul muy am nguuram gu réy
Tey weddi sangam, ngën ji am am moo di gëm

Mootax ku am ngëm deefi wax « man awma yëf »
Dafkoo yëgul boobee nde kat amna'y yëfam

Ta ku làq gëm kookee gëram Yàllaa ko war
Buy wansa tay saf nit ci nit moo am ndaxam

Def naa bëyit yii yóbbalub béppub jullilt
ak yóbbalub saa bopp Yàlla nañ am ngëram

# Moyul lu bon kem sa kàttan, dab ngëram la nga mën

Moyul lu bon kem sa kàttan, dab ngëram la nga mën
Lu Yàlla def nag nga gis, doo gis ludul la mu def

Moo dawlu ag moy ta dablu'g njub ku raw la mu daw
Nag mbaa mu jot la mu dab, Yàllaa! Xamal lile faf

Xamal ni kenn deful lëf, Yàlla daal a fi def
Moo bind jaamam bu nekk ak jépp jëf bu mu jëf

Ku deef i bind du def lëf ndax mënul dara sax
Ka bind a mën lépp tay def bul mereeti ku dof

Ta kuy mere'b dof akub dof ñaari dof la ñu faf
Ñaanal ku dof ba mu wér moo gën di ree'ka suruf

Foo seeru ab dof ta mën koo faj, fajal ba mu wér
Ndegam mënooko faj it ñaanal ko mucc ak i yëf

Ab dof tayul la lu ngir kenn bëggut a dof
Ag ndof ndogal gu ñuy teg nit du kenn mu saf

Koo seeru jub la fasoo, koo seeru baax a ko saf
Koo gis mu def nag lu bon nag Séytaane tekk a ko féf

Séytaane baaxul bu dàqee nit ba kookalé raw
Mu daal di waññiku ciy gaayam di yoot aka këf

Day sàkk buntu, bu ñàkkee fàww ci yaw
Mu sàkk buntu ci saw nit waaye Yàlla du xef

Day jéem a buddi garab, buy lott daal di yësam
Garab ga xob ya rot as lëf mu yóbbu ca lëf

Ndegam dafay bëre tee moo seeti gaa yu nu moy
Xiibon yu bon la nu yuy wut laf fa kay maye laf

Ñoo ngii fi mbër mu nu doy ñoo ngii fi mbër mu nu saf
Mu boole mbër yépp gor fél, yépp far ne xëlëf

Ku ñuy jëme bëre kay sóorooka yab du nu saf
Ngir ñoo ngi làqu fi mbër moo xamne mën na ta def

Moo nuy fegal ku nu yab, moo nuy musal ci lu bon
Moo nuy bégal ba nu bég, moo nuy defal, du nu def

# Xamal ni Yàlla bu tijjee bunt ken du ko tëj

Xamal ni Yàlla bu tijjee bunt ken du ko tëj
Ta moo la tijjil asal buntub ngëram gëramal

Gëram ko sant ko ngir cant ak ngëram ku ko def
Mayam ga dolliku waande'b santkat bariwul

Koo gis boroomam da koo may gu yéemu gu rëy
Muy jooy akay jalu lii mootax ku am bariwul

Xéewal dugub la ju ndaw ta'g cant a koy nëtëxal
Ngir cant moo di taw ug xéewal Ku sant doyal

Koo xamne sant na toolub xéewalam du maral
Ku sàggane'g cant nag toolam ba daal di maral

Koo xamne may nala boo sàgganee mu dolli la lëf,
Kuy sant fàww di am Yàllaaka yokku alal

Koo xamne mbooleem moroomam yépp dee na mu des
Muy xul ta santul boroomam Yàlla lii rafetul

Ta Yàlla mii bu ko sooboon ken du jooy aka xul
Kuy jooy akay xul bu deewoon dootu jooy aka xul !

Ag cant moo gën, ku santul moy na Yàlla bu bir
Tab lar, moy ub sang a koy tax muy dajeeki mbugal

Sëriñ bi Yàlla na nu fegal nun wépp xeetu mbugal
Fegal ko képp ku nuy àndal ta far nu bégal

Alhamdulilaahi fas naa yéene tàmbali tay
Ag cant goo xamni dootul dog ta noo gi dogul

Ta noo gi sax bu dogee may sant fàww ndaxam
Ngir Yàlla may nama ag noo at yu yàgg asal

Koo xam ne xamnag mayam nam tollu kooka du man
Saa may gi xawma ko man saa may gi ëpp na xel

Man mii duma'b dof duma'b yéefar te deefu ma xas
Te Yàlla mii bu ko sooboon yépp bokk ma dal

Man gumbawul làggiwul woppul te nàkku ma lëf
Ludul lu bon gaayi man mii lag tawat waratul

# Xëy naa la gaawu di sàkku'b wallu gaawe ma yaw

Xëy naa la gaawu di sàkku'b wallu gaawe ma yaw
Ni gaawe ag wallu wallul nag ci man suñu giir

Te yëkkatil suñu askan wépp fàww ci man
Saa mépp mbokk na mel ngir man ni ab libidoor

Sa bépp dongo na mel fàww it ni jant bu jug
Di leer akay leeral i maasam di dolliku nóor

Yawmal xiyaamati man ko xamne xam nama sax
Te daa ma sopp fegal ko'y gàcce yaw ak i dóor

Te may nu ay sët yu def ay awliyaawu yu rëy
Yu maandu yuy jàng akay wérdaa'ka julli di woor

Te may nu soxna yu am ab yar ta taaru lewet
Rafet wax ak jiko ak jëf tay moyoo gis u góor

Te may nu daara ju rëy ak kër gu yaa gu rafet
Ak topp Yàlla gu nangoo f… alal ak i wuur

Te may nu mucc ci lor fàww ak di musle ci lor
Fegal nu yit ay wu ñi wàcce'g nawet ak i noor

# Sëriñ bi yaa gën a am yërmànde may nga nu xaat

Sëriñ bi yaa gën a am yërmànde may nga nu xaat
Am ndox mu doy, ku la xas am wenn yiw du ko faat

Maral wi dañ na suñu'g ràgg ak suñu'g tële dañ
Naatànge ñëw na ba gàncax gaa ngi màgg ak a naat

Nun ñoo am ug texe ngir ñoo ŋëb ci xejj bu rëy
Goo xamne wax ju mu wax, koo gis dakoy mën a waat

Ñoo ŋëb ca xejj ba yor caabiy ka sàkk aras
Moo ñuy tijjil màngasiin ub Yàlla beeka tëjaat

Bu ñuy am us coxla muy tijjee'ka fab di nu jox
Bu soxla say faju muy tëj mat na ñépp mamaat

Mootax suñu'm xel a dal, moo tee suñu'm fit a dem
Moo tee nu rus nun sëtam yii bon ba melni bonaat

Mootax nu teel a fëxal ñëw fi'g ronam di ko way
Ndax Yàlla teggil nu, teggil ñépp tiis u siraat

Yàkkaaru nu's lëf ludul moom ak notam yi mu not
Ñoo ngii wayaanoo'ka jeexaatoo'ka dox di foraat

Ndax Yàlla buy notti may nu's lëf lutax du nu ñee
Ña deefi ñee ba nu far ñuy ñee'ka dox di nawaat

Moo jàpp diisam budul dog sànni Yàlla bu wér
Nu sànni ko'y goj yu bon mootax nu war di rawaat

Rawaati goj moo di loo daa def nga def lu ko gën
Gën faa nangoo joxe gën faa farlu far fa gënaat

Ku nekk warnay rawaati ab gojam lumu mën
Goj bi xaloo dugge matna'y yokk akay wéralaat

Tey yokk say itte fàww ak say hidaaya bu wér
Ak sab siyaara, ku def nii sab Sëriñ du la faat

# Sëriñ bi sa’b lar bu yakaarul ludul yaw a ngii

Sëriñ bi sa’b lar bu yakaarul ludul yaw a ngii
Amul xamul mënul it tay bëgg nag sa ngëram

Bëggul lu[dul] yaw te xamul loo bëgg bam di ko def
Wutul lu yaw te amul ay gët ba gis fa nga jëm

Wax na’y wolof wax i yaaram ngir ga sàkku sa mbég
Sol na’y sagar dox ak i tànkam di gaar i sëram

Te yaw sa mbég jafe ngir doo bég te YÀLLA bégul
Do def te YÀLLA deful sa’b lar du mën lu gëlam

Mi ngiy yërëmtalu tay waaro’ka réeré mbiram
Waxtee ko ndax naka muy def ba am sa ngëram

Nun YÀLLA na nu dundu bay duy néeg bilee’ki dërëm
Di jox Sëriñ bilé muy nangoo’ka ree’ka gëram

YÀLLA nañ ko mën bala ñoo dee mën gu sell gu wér
Te def ko nag def gu ànd ak cantam ak ngëramam

Te kat fa ñuy tàmbalee lii ak fa muy xala yem
Lu gàtt-gàtt na mat fan-weer i at yu nu lim

Te at yi ñuy dundu at muy mujj dikk na gën
Ba mel ni xaalis gëne xott ak i sagar yu tilim

Addiya ak ay murid ak kër yu tooy ak i njël
Ak Bàmba ak ngëramam yii yépp Yàlla na nu am

Am dëkk am dàgga am bayree'ki bàrke bu rëy
Ak fan wu gudd wu ànd ak toppatoo ndigalam

Séytaane yéefér jabar naaféq ak naxekat
Fégal nu gaa yiilé ak seen i xarit fu nu jëm

Jinnee'ki njuumaa'ki waxtéef ak lu lor di bawoo
Fegal nu yit ak seen i lor ak luy loree'ki loram

Kuy lor aki loram ak luy lor aki loram it
Bu nu dox ba fiiróoti buñ laaleeti mukk yaram

Doylul nu wëllis i reen ak maxtumee'ki sunguf
Ak takk téeree'ki dox béjjënn di suul ak a gëm

Musal nu yaw koo musal lor dootu jëm fu mu jëm
Doylul nu wëllis di laajeeti'b jabar lu mu xam

Nawet yi ñiy jëm na nangoo nangu tay bari ndox
Lu deefi bay na ne xus ci yéefér yi yépp ne xeram

Taalal nu jàmm fayal nu'w ay ba muy fay a fay
Kamaj ba dootu nu gis sax mukk nun saxaram

Ren gii na gépp jullit bég mbég mu jàq raxul
Nañ am adiya te am ak wér te am sa ngëram

# Alhamdullillaahi yaw yaa gën alal gën u nit

Alhamdullillaahi yaw yaa gën alal gën u nit
Yaa gën bakkan gën barab, kuy jug fi yaw fu mu jëm ?

La gën nu sopp la tay jekkee'ka déglu ndigal
Loo wax nu def boo waxul ñuy déglu daal ak a gëm

Lebal nga Yàlla lebal Yonent ba bor bu rafet
Ba Yàlla ak Yonnenam gàddul la pay ak i ndam

Yaa sànni say mbokk sànni'y taalibee'ki alal
Sànni kër ak sa bakkan ànd ak sa jëmm ji dem

Di jàamu Yàlla ba am ay at te deggu la nit
Nit deggul yit lëf ci yaw rusloo nga ñépp ndaxam

Yaw rekk a sell ta sellal yaa def it lala war
Yaa gën Sëriñ si ñu daa dégg ak Sëriñ si ñu xam

Nekkoon nga ay at fu kenn nekkul di xiif ak a mar
Di sonn akay muñ di wut Yàllaa'ka wut ngëramam

Ba Yàlla jox la ngëram Yonnen ba jox la ngëram
Nga délsi nag di nu woo'kay xettalee'ka yërëm

Sa'b xol na sedd ku buurul fay la lii nga jëf it
Yonent ba fay la Boroomam fay la pay bu ko lem

Koo sant lëf bu deful gis ab kemam bu ko def
Te moone kat bu defee yit ànd koo'ki kemam

Ku Yàlla nangul ku koy gàntooti dof la bu rëy
Ku Yàlla jublu ku koy dëddooti rek a gëlëm

Tàggoo gënul nañ bàyyi tàggoo murid du ko def
Murid bu gis Sëriñam moo jaa ku xam fu mu jëm

# Sëriñ bi yaa baax

Sëriñ bi yaa baax
Yaa yeému yaa jeex
Ci Yàlla. yaa neex
Neexal nu Mbàkke

Yaa sell sellal
Yaa màgg màggal
Yaa jiitu jiital
Jiital nu Mbàkke

Yaa am tawféex
Yaa maye tawféex
Sarax nu tawféex
Bu yéemu Mbàkke

Màgg nga màggal
Taaru nga taaral
Yegg nga yeggal
Yeggal nu Mbàkke

Ub nga ubal nga
Raww nga rawal nga
Doy nga doyal nga
Doyal nu Mbàkke

Gën nga gënal nga
Set nga setal nga
Way nga  wayal nga
Wayal nu Mbàkke

Wér nga wéral nga
Fës nga fësal nga
Jub nga jubal nga
Jubal nu Mbàkke

Fay nga fayal nga
Faj nga fajal nga
Jam nga jamal nu
Jamal nu Mbàkke

# Man Bàmba doy nama

Man Bàmba doy nama, doyloo naa ko dootu ma fab
Téerée ki maxtumi ak ndomboy përëg di ko sol

Koo xam ne bëgg na gàllaaj ak alal aku nit
Na dàl di jóg tàbbi géttam gii, te moo di ndigal

Ku tàbbi gétt gi biir ak biti tàbbi gu wér
Dootul gis i lor ta ab xontam du jeeti asal

Mboolem ku tàbbi ta génnul genn lor du ko dal
Tàbbil ta bul génn ngir kuy génn lor di ko dal

Ki samp gétt gi, day wër gétt gée ka fegal
Bëyam wi lor, waaye bëy wuy génn lëf di ko jël

Aw bëy bu takkoon i téeree'kii galen ta amul
Ab sàmmu it lee nga gis ay bukki def ko ndawal

Jugal wuti'b sàmm waajii ta aw ndigalam
Sàmmmay musal nit ne téeree'kii galen du musal

Xarit gisal rëbb baa ngii xëy sox ug fetalam
Jóg rombu gétt gi wéy, dem yooti rab wa fetal

Xam ngay li tax rëbb bee jóg rombu gétt gi wéy
Di weesu bëy yii, li muy gis sàmm bee ko waral

La tax mu jóg weesu bëy wii, tàkki téeré taxul
La tax mu dem rayi rab wee, ñàkk i téeré taxul

Am sang a tax bëy wi deewul, ñàkk sang a waral
Rab wii ne jànjaŋ te ken neewul ki ray lu waral?

Sëriñ bi nun fabu ñuy téerée'ki ndomba di sol
Fegal nu lor may nu aw yiw nun sa gëm la nu sol

# Yaw Ibra xujja wutal ab yar ta not sa bakkan

Yaw Ibra xujja wutal ab yar ta not sa bakkan
Te daaldi xàjjiku daw ndax Yàlla Mbàkke nga raw

Bul toppandoo gaaya dul daw lëf te dàqu ñu lëf
Dawal lu bon fàwwu dab aw yiw ba jàpp ko yaw

Fexeela taqoo'k ndigal gëm Yàlla sax ci lu jub
Te def Sëriñ bi sa wettal sànni nag jëfi ndaw

Bul fas ni ab xaalis ak ay dàggi joppaki yëf
Ak kër gu jag dana tax kat gaaya xam di la naw

Lay tax ña xam di la naw loolee du àddina kat!
Ngir àddina ak li ci biiram ak mujjam ni ngelaw

Ña boolewoon peŋku ak waa sowwu ñépp yilif
Koo gis ci ñoom mi ngi tay jii ci's paxam ni selaw

Bari'y jur ak rafetub juddoo'ku fas du sa ndam
Xamal ni lëf du sa ndam yaw mii ludul jëfu yiw

Bul wut ludul Yàlla ak Yonnen ba ak sa Sëriñ
Ngir maa ngi nii ngir mudul mii mooma ngir buko aw

Koo gis mu aw ngir mudul mii ngir ci àll la jëm
Bul ittewoo taaxi kaw bul ittewoo ñula ëw

Sa itte jépp na jubloo jublu fàwwu ci luy
Waral bu bis péñc baa doo rus fa ñépp taxaw

Luy tee nga rus booba bis nag loola rekk a di ndam
Te loola xam nga du juddóo’kiy moy ak jëfi ndaw

Nañ bokku farlu di muslu’k moy ndigal aka daw
Lu bon ba raw jotu yiw ndax nun nu muccu te raw!

# Jaaraama gaa yi Bàmba yi

Jaaraama gaa yi Bàmba yi
Bàmbaa di sangub sang yi
Yeen a di njiital dongo yi
Am ngeeni ndam tay ak ëllag

Seen ub Sëriñ tay moo fi gën
Gànnaawam it yeen a fi gën
Moo gën sëriñ si, yeen a gën
Nag seeni kem, bég leen a bég

Lii fàggu sax maye wu ko
Itte ju rëy maye wu ko
Pexe mu rëy maye wu ko
Mbay du mayeb nawet bu jag

Ku Yàlla may ci sang yi
Sang ba gën ci sang yi
May la nga gën ci dongo yi
Nga xam ne ag baaxam a nag

Yeen a gën ub Sëriñ ku ne
Yeen a gën ub murit ku ne
Sëriñ bu nekk xam na ne
Yeen a gën uw nitam bu dog

Asaka daal aki sarax
La ndongo daa boole di jox
Ab sëriñam te di ko wax
sëriñ bi maak a mat a yëg

Benn ub sëriñ masul a am
Ku koy jox ug jur ak mbiram
Ndare Sëriñ bi ak ñoñam
Ku weddi lii mat a alag

Sëriñ bi daal a mas am
Ku koy joxug jur ak mbiram
Di aw ndigal di wut ngëram
Di boole guddeeki bëccëg

Jombu ko ngir def na lu ken
Deful te daj na yit lu ken
Dajul te dem na yit fu ken
Demul ba ñëw ñuy door a jòg

Ku jóg di daw dootoo ko jot
Ku waru fas dootoo ko jot
Ku war saxaar it doo ko jot
Fa mu ne Yàllaa ko fa teg

Ku wax lu dul amul moroom
Te fab mbiram jébbal ko moom
Aw ndigalam def ko boroom
Yàq na, fen, runge te gag

Yal na nu boole nun yërëm
Fàww te may nu ngëramam
Musal nu cig moy ndigalam
Teg nu ca kaw tay ak ëllag

# Gëram naala yaa xutbal waraa Mbàkke, ndaxte man

Gëram naala yaa xutbal waraa Mbàkke, ndaxte man
Bawoo maa'ki doktoor ak kolee'ki nu kenn xamul

Da ngaa jàpp saa ràgg i yaram ak saa ràgg I xol di faj
Akay mocc baa tàggoo'ki bon-bon ta kenn yëgoul

Ta dàqul ngama'k dee far samay ràgg feg ko nag
Ta guddal samaw fan may ma xéwal akub jubal

Saxal nga fi man xéewal, saxal ma ci sépp saaa
Ci cant ak ngëram man mii ba àjjana, yaa ma fal

Musal nga ma ci'y bon-bon, musal ngama ci'y tawat
Ta neëbbal ngama'g bon gog bu feeñoon doy uw lëjal

Ta boole ngamaa kas lëf lumay sàmm akay bégal
Ba nee fi ma "Firdawsee'ki may donga ngii, dugal !"

Da ngaa jàpp saa kër gii jagal, jàpp gee jagal
Ma far jag samay kër jag, ludul sant kay desul

# Xarit defal bàyyi'g tawat ak sa bakkan muy sag tawat

Xarit defal bàyyi'g tawat ak sa bakkan muy sag tawat
Bàyyi'g tawat doyna'g tawat doyloo ko wëllis di tawat

Murid muñ ak santa ko war, jéemala sax ca la la war
Bul bàyyi mukk lala war, ba lala war, day taxa xat

Ku sab sëriñ may ug jigeñ, ngay fab lu bon ak la mu bañ
Waxtu wu jot di ko sabañ léegi mu fab la sànni kat

Ku am ci sa sang ub jigeñ war koo ragal ngir ku jigeñ
Ab dex, bu sàgganee suluñ ca dex ga, céy yewwoo ka jot

Am ug jigeñ ci sab sëriñ du tax nga sañ ci sab sëriñ
Lu kenn sañul ci sab sëriñ, ku ragalul Yàlla du nit

Bul maare ngir amug jigeñ, gisal weteñ amna'g jigeñ
Ta gis nga ñuy dindi weteñ mu deñ ñu fab sànni mu rot

Dalal di dolliku'b cofeel ta dollikub ragal ca teel
Ñu daal di lay dolli'y ngënéel ta may la mucc ku rafet

Tuubal ñu may la sutura far li nga moy ci sutura
Feg li nga bañ ci sutura nga daal di jag fàww ta set

Ku wacc luy nduroo'ki moy ta rëccu lu nduroo'ki moy
Day melni sax mësula moy, récculi moy fàww xarit

Ku bàyyi moy yépp ci suuf ñu bàyyi aw tiisam ci suuf
Ta daal di koy fobe fi suuf yóbbu ca kaw mu daaldi set

Dalal di rocciku ca suuf, bàyyi ludul ndigal ci suuf
Ñu daal di lay rocci ca suuf , jéggal la may la sa mbébét

Ab lar bu sangam woo ci ndéey wax ko lamuy bëgg ci ndéey
Na def lamuy bëgg ci ndéey ne cell nag bañ a tawat

Adduna ñàkkulub tawat, ku ci ne ame loo tawat
Ku bëgga ñàkk ag tawat day génn àddina wérét

Kilifa amna ag tawat ab surga am na ag tawat
Ku nekk amna ag tawat bàyyi'g tawat daala rafet

Ku ñàkk amna ag tawat, ku woomal it amug tawat
Kenn du ñàkk ag tawat ta tàbbi wul Àjjana kat

Koo gis ñu naa sant na it mi ngii wéyaale ay tawat
Yu rëy a rëy aki mbébét yumu amul yewwul xarit

Àdduna mii kër la gu tiis ngir Yàlla moo ci defu tiis
Ku ci ne fàww amu tiis, muñal taa far def ku lewet

Loo mëna dégg na la neex, loo mëna seeru na la neex
Lu Yàlla def mu wara neex ta Yàlla daala fii def it

Ña jiitu ak ña des gannàaaw, ñépp ak ña far yeex ak ña gaaw
Yàllaa ko def tee nga ni waaw, nangul ta bul bañ aka xat

Ka jiitu kenn jiitaluko, ka topp kenn tofaluko
Kudul boroomam dégg nga ko, ku réere wax jile du nit

Lu Yàlla àtte kumu neex ak kumu neexul na la neex
Képp ku àtteb Yàlla neex mu falu am lamuy mbébét

Yàlla na nu àtteb Yàlla neex fàww ta lépp lu nu neex
Loolale Yàlla na neex a neex Yàlla ta saf Sëriñ bi it

Maa ngi dagaanati yu baax, yu am njariñ lool ak ñu baax
Ñu am njariñ ñu baaxa baax ta boole am xel aku fit

Maa nggi dagaanati lu yees ngir Yàlla amna may gu yees
Sëriñ bi amna may gu yees, mën na ñu maa dolleeti yit

Yàlla na nu ñuy dolli'g murid gu yéemu lool aki murid
Yu gëm yu ràññiku'g murid nu gudd fan amug wér it

## Gis naa fi ndaw su ma nob

Gis naa fi ndaw su ma nob, gis naa fi ndaw su ma saf
Gis naa fi ndaw su rafet, Yàlla naa ko jël bu rafet

Yàlla naa di far wa mu nob, Yàlla naa di far wa ko saf
Yàlla naa di far wa ñu koy jébbal, mu nangu ko fat

Ndaw laa ngi nii, Kilifaa mit nëbbuwul soriwul
Ku saytuwul can gu ñuy naw, sab nuyoo du ko mat

Fexeel a jël waaye jëlkat, yatt a koy tax a jag
Dem kat ba bég, Kilifaa'mit bég, nga jot sa mbébét

Am ngay jamaale yu rëy nag, waaye Yàlla na nga jam
Yaw say jamaale, ta jël ndaw sii nu bokk di wut

Yonen, Malaaka, Walliyu, Saahaba, gaayile faf
Yi ngay wateel aka séqal, ndaw si Yàlla na nga wat

Yaa màgg ab goro ! Buntam bii, ku nekk a fi ñëw
Nuyoo fi, wàcc fi, waxko's soxla, sànni ko bët

Waa kaw nuyoo na fi, waa suuf nuyoo fi, defal
Njaxlaf lu rëy itte, rëy am xel ta way, am u fit

Ku nekk ñëw na joxe's tuutam, di dab ngëramam
Ngëram li nag nar a raw, Yàlla nañ ko dàq ba jot

Ngëram li Yàlla nañ ko am, koo xam ni am na ko sax
Yàlla nañ am ug ngëramam suy yokk fàww gu mat

Ñi ngay jamaaleel a rëy mbir, koo ca gis nelawul
Ñàkkul xorom, ñàkkul ub yar, ñàkkul ub dëram it

Ñaawul rëyul, sàgganul, sooful, naxul, naxewul
Réerul rëyul, amul ug moy, am na may gu rëy it

Woroomi càggan a ngi coo kiy junni ak miliyoŋ
Woroomi tundu a ngi coo kiy réew i réew ak i rat

Ku am jamaale yu mel nii tay nelaw ba doyal
Sam xel rëyul, rafetul ab dof nga buy nduru nit

Ku bëgg jot ci lingeer ak waa këram ta yorul
Ndare'y wax ak xobi ngeer ak rat, ku xam lu ko jot

Lingeer a gën xob i ngeer ak rat, ñamuy ame sax
Ñoo gën rat ak xob i rat gën fopp geer ak u yat

Yaw ndaw si Yàlla na la nangoo gis ta xam la bu wér
Tawféex a lay may ku taaroo nii ta neexe ni xet

Li ñuy dof ak li ñu bon bon, gaayi Yàlla na nu am
Ka bind ndaw sile ak ndaw sii ni nàññ ak i xét

Yàllaa di sab goro, Firdawsee di ndaw sa nga nob
Yàlla naa ni cas goro bii ak ndaw si jël bu rafet

## Kulay jiiñati'b sang akay naw sa mbir

Kulay jiiñati'b sang akay naw sa mbir
Xamal yaw ne ab dof la doo kenn kat

Ku bànneexam ak àddunaam ak bakkan
Di jëfloo'ka waxloo du ab sang kat

Bu fekkoon sa baay ak sa nday ñoo fi gën
Ta moomoo bakan, gënoo kenn kat

Bu fekkoon sa baay ak sa nday baaxul it
Ta toppoo bakan yaw nga gën ñépp kat

Sa baa yak sa nday gën ta jàppoo bakan
Di not fàww taxtil nga dib sang kat

Bu ab jant soo ngay fanaanee nelaw
Di neenal sa bëccëg du ak cang kat

Ni dell ak ndox ak ñam ñu naa sang bii
Nga dof ba naa "Hun !", da  ngay sànku kat

Ni dell ak lu baaxul, ñu naa sang bii
Nga naa « hun » ngirug dof, dangay alku kat

Ni dell ak moy tir bu rëy ak tilim
Ñu naa sang baa ngii, lile'b jay la kat

Ñu  lay kaw kawee'kay siyaaree'ka gëm
Dañoo réere bon gii nga bon rek kat !

Bu fekkoon ña ngay gis sa bon gii nga bon
Ku jog teggilay wéy ta lii xam ko kat

Bakkan joñ la jittal nga far di'b laram
Ñu naa yaa di ab sang, doo benn kat

## Sëriñ bee ne fii, moo nekk fépp

Sëriñ bee ne fii, moo nekk fépp te moo nu yor
Lu jag mooma loo gis mooma moo tee nu déglu ko

Saxaaray ndigal, jug ñëw fa gaalam ba moo nu war
Di dégloo'kay muñ tay sant Yàlla ba dugg ko

Ku dugg ndigal jot gaaya duggul ta teela xëy
Négal yaw ndigal, yàkkamti day xañe ndam ba ko

Samay mbir a ngii, saa jëmm a ngii sama lépp a ngii
Ma jébbal sëriñ bii, Yàlla na fab lépp saytu ko

Ta Yàlla na nu baaxal ñag nu dàqul nu lépp lëf
Lu baaxul fegal nu'g jëm ci loo xamni tànnu ko

Te Yàlla na nu xëy fees ak lu ñépp ni ngeej am
Te fees ak coofeel ak gëm gu dul dañ du rekki ku

Ne naa cas samag def ak samag bàyyi ak samag
Bañ ak sama bëgg ak bopp ngir Yàlla dénk ko

Def ak bàyyi ak bëgg ak bañ ak luma mën di def
Na tukkee ci moom ak fàggutéefam, nu ànd ko

Lu may def na def loo xamne mooma ca may ndigal
Lu may sànni nay loo xamne mooma ni sànni ko

Bu lëf ne ci man mukk it ludul lumu def ci man
Te naa sax ci mbooleem lépp loo xamne saf na ko

Bu lëf jëm ci man mukk it ludul loo gëram bu wér
Bu may jëm ci senn as jëf ludul jëf ju ràññiku

Terànga na ñuy wër kàpp ak mucc fàww nag
Toroxte na ñuy teggee'ka dànd nu dànd ko

# Yaa baaxi benne ta sax cay wéy di wéy aka wéy

Yaa baaxi benne ta sax cay wéy di wéy aka wéy
Doo wéy ba wéy mukku, yaw yaa neexa way mat a way

Yaa ëmb àddina jii, yaa ëmb àjjana jee
Yaa ëmb ñay ëmb ñépp ak seen i ëmb batay

Yaa aaye fàww ta kat doo wéy sa ay gi du wéy
Suuxal nga ñay aaye ñépp ak seen i ay nila day

Yaw yaa di jant bu jaaxal ñépp bu jeexal i xel
Jëmoo ci ag so doxoo ci'g fenk, jàll nga céy

Yaa bind céy ak lu jar céy lépp yaa gën a rëy
Ña naa céy ak ña ñu naa céy menn mbër nga mu rëy

Nun def nu gaa yu la saf yoo saf yu mel na la saf
Yoo far ñu far la nga am leen it ñu am la ta way

Yaa rëy ta yaa am lu rëy yaa mën lu rëy ku la moy
Rëyul amul mënul it, jéggal nu boole nu may

Jéggal nu moy gu nu xam nun ñii ci moy yi ñu moy
Ak goo ci xam yaw, ta may nu'g mucc fàww ci ay

Musal nu fàww ci géppug moy ta far li nu moy
Nun ñii ci moy yi ñu moy far loo ci seeru mu doy

Ta may nu cant gu yeesal gëm yi peq seral
Xol yépp guy dalal xel yépp baaxal i mbay

Ku nekk Yàlla na mbayam yegg ak ngëram ne xasar
Ñu def ca bàrke ta wóoram wépp Yàlla na ko yëy

Yàllaa rafet tabe, réy am bàrke Yàlla na nu may
Aw fan wu ëppuwul ak bàrkee'ku tagg aku way

Jébbal nu ci'm pepp akub xaalis lu mbay mu ne lab
Nu faf la noppal nga faf noppal nu, kenn baña bay

Yaw yaa gënub taw ta gën bay may nu may gu labal
Mayug taw ak mayi mbay yaa ëppi jëf gëni pay

Bub taw ñëwee na rafet bub taw ñëwul na fi gën
Baaxal ci nun gën ci nun dolleeti nuy mayi may

Ñoo ngii ci say yoxo tay tàllal suñuy yoxo yaa
Daa teg ci ay yoxo may guy dolli ndam  fari moy

Taw ak mbay ak ñàkka taw ak ñàkka bay lu ci am
Lor ak njariñ du kudul yaw yaa ko def ni la doy

Loo def njariñ mu jariñ lëf, lépp loo ko deful
Du am njariñ du jariñ lëf Yàlla na ñuy ña nga duy

Duy ñoo'ki cant aki ndollen yoo gëram yu nu saf
Feesal nu dell ak i xarbaax it musal nu ci déy

Loo mën di def na suñuy xol sedd guyy ci yaw
Ta sedd guy ci ñépp ak lépp may nu sa way

Ta def nu ñoo saytu ñoo jébbal sa lépp bu wér
Fàww ak sa géppub cofeel ak gaa yu tandu yu way

Jébbal nu nun koomi biir ak biti yuy seral ub
Xol fàww akay dalalum xel tay fegal kune wuy

Saxal nu dàq ci tawféex ak ndigal ta ni cas
Ndam jox nu teg nu sàll uw mbég nu barmako wéy

Luy mën di am na nu am luy mën di ñàkk nu am
Luy mën di am bu nu dee am, jàmm am na ju rëy

Noor ak nawet lu ci ñëw Yàlla nay ñëw ak suñu ndam
Buy dem ba ñoo ku yiwam yóbbul nu ay wu ne ray

Terànga Yàlla na ni ràpp ak nun ne ràpp ci Nun
Ñu raw nu raape nu biir ak biti fàww mu doy

# Ku bëgg a am gàncaxub ndollen bu jub bu rafet

Ku bëgg a am gàncaxub ndollen bu jub bu rafet
Na ngay teral gaaya lay jiitoo’ka féete ca kaw

Am ub yar tax ñu xëy fob nit ne tegg ca kaw
Ñàkk ub yaray tax ñu tegge nit ca kaw di ko caw

Ab yar la deefaa wute’b pal ba am ta kat
Ab yar la deefaa yore’b pal ñoo ngi sant aka daw

Yarul ta bul ñàkk ab yar, ab yaray sa njariñ
Ku ñàkkul ub yar du ñàkk ub pal, ku reew a nelaw

Ab yar la ñuy waaje loo jag-jag ta yaw yaruwoo
Bukkee la gën fopp, loo rëy rëy ku bon nga ku sew

Aw yàpp duufa ca gën, ab ndongo nooya ca gën
Jabar ju taaroo ca gën joo xamni xol du ca wow

Ab sang santa ca gën, ab lar muñay la ca gën
Ab ceddo tuuba ca gën tay rëccu yiw wu ko raw

Koo seeru farloo ca gën, moy Yàlla wacca ca gën
Ab xol bu laaba ca gën buy yéene jàmm aku yiw

Ku jikkowoo tabe, woomal tekk ca rekka ca gën
Kuy sant dollee ca gën ndax Yàlla cant ga raw

Sëriñ bi moo dib Sëriñ, bis penc baa di bis it
Firdawsi rekk a di kër, Séytaane moo mata daw

Teggin a gën lépp, baarkee ëpp lépp lu rëy
Nun ñépp Yàlla na ñu war yii yaari sàll ba raw

Sëriñ bi fab naa samay mbir teg ci sab loxo man
Bégal nu fàww ta jox nuy mbég dugal nu ci yaw

Naatal nu ta saxal naatànge fàww fi nun
Musal nu yit ci ludul yaw mii mosal nu ci yaw

# Naa jug siyaare ji Sëriñ

Naa jug siyaare ji Sëriñ
Tuubaa ki am lu am njariñ
Ta am njariñ mën maa jariñ
Gëj koo siyaare waruma

Jekki warul waa ju xamul
Jekki warul waa ju amul
Jekki warul waa ju mënul
Ta xawma awma mënuma

Ku bëgg ndox siyaare dex
Ku bëgg ndox du gëj fi dex
Man fàww may siyaare dex
Siyaare dex wàccaguma

Kàttan gu may deme ci dex
Ak yëf yamay yëtaale dex
Laa bëga am, tay waayi dex
Ju sopp dex mu sopp ma

Yàlla na nu dex fegal loram
Ak musibaam aku ayam
Ta may nu fàww njariñam
Yu lor newul ta tëgguma

Sëriñ bi yaw xamnga lune
Ta am nga yit lépp lune
Ta man nga yit lépp lune
Ma ñàkk lépp wallu ma

Daa nga ñu may wallu gu neex
Dolleeti ñuk wallu gu neex
Goo xamne gii moo gëna neex
Wallu gu nekk, wallu ma

Daa nga ñu may lu sedd xol
May ñooti may gu sedd xol
Boole ñu nun ñépp bégal
Ta sant ñépp sant ma

May nu luñuy bégal ci yaw
Fàww ak lunuy saxal ci yaw
Ta kat képp koo xamne du yaw
Nañu ko gën fa pénc ma

Bu ëllagee ba ñépp teew
Ba kune ag jëfam di teew
Teg ma ca kaw mbooleem ña teew
Ak seeni jëf ta tagg ma

Naa gëna gudd fan kune
Ta gën jëfit képp kune
Ta sut maqaama it kune
Ta doylu wëllis njëkk ma

Lépp lumay daw aka bañ
Jox ko ñamay siis aka bañ
Ta jañ ñamay siis aka bañ
Jañ ku rafet ñu randu ma

Yaatal nu yaatal suñu ñoñ
Ta kuma bañ na nga ko joñ
Njoñal përëg ta far ko jañ
Muy wéy di wéy ba fàtte ma

Na nga ñu may doylu gu wóor
Ak yëf yu doy gu woora wóor
Ak dëddu àddina gu wóor
Musal ma it ci lent ma

Maa ngii ci sab loxo nga yor
May maati lëf ci la nga yor
Koo yor ma am ci li nga yor
Jox maati lëf doylee guma

Am nga lu nëbbu, am lu feeñ
May ma lu nëbbu ak lu feeñ
Ta def ma nag ku nëbbu feeñ
Ñu bari xam ma réere ma

Lu deesi gis ci man na baax
La ñu gisul far gëna baax
Ma baaxa baaxa baaxa baax
Ba bon gu nekk sorima

Def ma ci àddina ku baax
Ba gën ñu ràññiku ñu baax
Bu ëllagee it ku fa baax
Na ñépp xamni jotuma

Tay ak ëllëg lépp lu baax
Ak lépp lëf lu gëna baax
Taxañ ko niw dénd bu baax
Joxma ko, lépp gëne ma

Mayma  nu nangoo nangu lool
Aki nawet yu nangu lool
Ak ndollen it lu bari lool
Ta far ni ñokket gane ma

Bis ba nga nuy xaloo gane
Yàlla nang nu fekk ak yu gëne
Ndax nu mën la caa mane
Gane yaw sa ngan jomb na ma

Gan nga gudul sàppi fi bët
Gan nga ku kenn dul tawat
Yaw gan nga guy faji tawat
Foo dem nu sant bir nama

Yàlla na nga tàbbi suñu kër
Tàbbi gu wér gu jenn lor
Newul ta am njariñ lu bir
Ñépp ne sant war nama

## Ndegam awma ndam boppam

Ndegam awma ndam boppam samab sang amna ndam
Ndegam manke naa moo xam samab sang mankiwul

Ndegam tuuti naa moo xam samab sang tuuti wul
Ndegam suufee naa moo xam samab sang suufee wul

Ndegam gàlli naa mo xam samab sang gàlli wul
Bu may sàgganit moo xam samab sang sàgganul

Ndegam jekkinaa moo xam samab sang jekkiwul
Ndegam fàttenaa moo xam samab sang fàttewul

Li lee tax lumay bon-bon ma xamni lu mën di xew
Damay mujj gën mbooloo mi, jël ndam ñu xëy ma fal

Ku war cib saxaaram tay nelaw it du tee mu raw
Waral ! Lépp loo bañ ñàkka war donga koy waral

Waral ci saxaarub cant dab ña la jiitu woon
Ta bul dof ba wàcc benn teerub tawat, wéyal !

Wéyal yaw ta bul teeral teeru budul ndigal
Ku teeral ci teerub moy ndigal, ñàkk ndam, dawal

Ku bëgg teraangaa'kub pal ak mbir mu jub yëwén
Na ngay teer akay teeral ci teerub muñ ak ndigal

Muñ ak ndigalay teerub ña gëm Yàlla, nég fa yaw
Saxaarub ngënéel ak bàrke loo mën a daj muñal

Saxaarub ngënéel ak bàrke buy ñëw nga daal di bég
Ta am darajaa’kuw tur wu siiw ak ndam ak ndawal

Sa jëf na rafet lool ak sa njort nga fas lu rëy
Di séenu ndam ak loo bëgg sab sang mànkiwul

## Bari'y wax ak bari'y nelaw tageefuko

Bari'y wax ak bari'y nelaw tageefuko
Doo gis kuñ nee faa moo fi gën bari leko

Noppil ba gis lu mat a wax, nga wax ko yaw
Boo ko gisul, nga bàyyi kon nga amu yiw

Yaw boo fajul dara, nangay faje dara?
Boo tekki wul dara nangay tekkee dara?

Fajal sa bopp door a jòg faj i dara!
Tekkil sa bopp door a jòg tekki dara!

Sëriñ bi tay lu tee ma faj fajal ma ko
Lu tee ma tekki dara yit tekkil ma ko

Xamnaa ni maa bon te xam it ne maa ayib
Xamnaa ni yaa di kay faj ug bon ak ayib

Xamnaa ni xawma lëf nga xamni xawma lëf
Ma xamni xam nga lëf, nga xam ni xam nga lëf

Xamnaa ni awma lëf nga xamni awma lëf
Ma xamni am nga lëf nga xamni am nga lëf

Xamnaa ni bëgg naa lëf it nga xam ko
Ma xamni mën nga maa jox it nga xam ko

Te maa ngi nii dila dagaan ak a wayaan
Sarax ma lii malay dagaan ak a wayaan

# And ak lu bon gën a bon

And ak lu bon gën a bon ànd ak ku bon gën a bon
Day lakk nit di ko teg gàcceeku ay aku tiis

Lëndam ga waa sawaray sax ak mbugal ga ñu sax
Xalam ko mën naa waral ab jaam a ñàkk gariis

Noonoo la ñuy dëkke fàww ak xol yu tàng yu ñor
Koo seeru muy bëgg a génn as lëf, ta kenn du ne riis

Ag moy la muy jur a rëy, ag moy jarul la mu jur
Lëf wecciwul ne ca naariy yuuxu, neefi la nuus

Réeray dëgg lu bon ci'b lar, yàl na génn ci nun
Xam Yàlla dëkk ci nun, nuy teggi luy nduru tiis

# Ma ñaanal ki xëy jébbal ma mboleem samay mbébét

Ma ñaanal ki xëy jébbal ma mboleem samay mbébét
Te defloo wuma's lëf ,Yàlla na am lumu daa mbébét

Ma ñaanal ki xëy dàqal ma mboleem samay tawat
Te nattu wuma's lëf, Yàlla na bég sori ab tawat

Ma ñaanal ki xëy sàngal ma mbooleem samay ayib
Te wuññiwuma's lëf Yàlla na am pay gu ëpp bët

Ma ñaanal ki xëy feesalma dell ak lu gën wurus
Te rusloo wuma's lëf, Yàlla na am tono bis bu set

Ma ñaanal ki xëy doylul ma joxma'y njariñ yu doy
Te jànniwuma's lëf Yàlla na taawu lu deefi wut

Ma ñaanal ki xëy jébbal ma bàrke bu rëy bu sax
Te laajuma as lëf Yàlla na am may gu dul séwét

Ma ñaanal ki xëy jébbalma wërsëg wu yaa wu lew
Te bodduma as lëf, Yàlla na yaatu ci gépp wet

Ma ñaanal ki xëy jébbal ma mbooloo mu dul tawat
Te yàqul sama'b der Yàlla na làq lu rëy, rafet

Ma ñaanal ki faj saa aajo faj sama jépp lor
Te weeruma fi'w nit, Yàlla na léppam rafet te mat

Ma ñaanal ki tee gaccee’ku ay dal ma dal bu wér
Te jàppuma weŋ may wonku, Yàlla na ko jàmm jot

Ma ñaanal ki faf ñaanal ña koy sopp akay gëram
Ñu am Yàlla am Yonen ba am ko ta bokk set

Ku xëy may la boo lottee ci fay ko, jugal gëram
Ta ñaanal ko ngir ñaan ak ngëram war na képp nit

Sëriñ ba ca Tuubaa rekk a tax wax ji jépp jug
Ne moo woote jox mboleem ña wuyu si la ñiy mbébét

# Ma tagg Bàmba

Ma tagg Bàmba
Ak wax i Bàmba
Ak jëf i Bàmba
Ak gaay i Bàmba

Bàmba di kenn
Waxam di jenn
Jëfam di jenn
Kenn du Bàmba

Gisu ñu kenn
Xamu ñu kenn
Deggu ñu kenn
Ku niru Bàmba

Gisu ñu fenn
Xamu ñu fenn
Déggu ñu fenn
Ku mel ni Bàmba

Bàmba du maasum
Fóore, du maasum
Buur ak i kàngam
Eskaye Bàmba !!

Waxam ja day set
Jëfam ja day set
Jëmmam ja day set
Sang a di Bàmba

Foo fekk waayam
Day gën i baayam
Gën i nijaayam
Céy waay i  Bàmba

Ku àndul ak moom
Dara ludul moom
Yàlla bëggul moom
Ku dëddu Bàmba

Bàmba damaa yar
Ba ma am ub yar
Ta tegu ma'b yar
Maa sant Bàmba

Ku bëgg Yàlla
Ak topp Yàlla
Ak xol bu sell
Na fekki Bàmba

Xam na Boroomam
Am na Boroomam
Raw na'y moroomam
Ka des du Bàmba

Day xëy di jàngal
Nit ba mu mokkal
Te du ko bindal
Céy Yàlla Bàmba !!

Ku Bàmba jàngal
Nga mën a jàngal
Képp ku dikkul
Siyaare Bàmba

Ñépp a ngi may yéem
Man maa ngi lay yéem
Ñu bokku lay yéem
Yéemu nga Bàmba

Ñépp a ngi may soow
Man maa ngi lay soow
Ñu bokk lay soow
Waare nga Bàmba

Jëm nga ci Yàlla
Jëme ci Yàlla
Ñi sopp Yàlla
Jaajëfe Bàmba

Yéefar yi tëb na[ñ]
Jullit yi tëb na
Ku nekk tëb na
Wut si la Bàmba

Yéefar ne day ray
Jullit ne day roy
Ñi ba roy ak ray
Ngir tële BÀMBA

Mëneesulaa ray
Mënesulaa roy
Të nga roy ak ray
Xalaase Bàmba

Ku la fi daa roy
Bàyyi na laa roy
Ku daa fexe ray
Ba nala Bàmba

Mënuñulaa roy
Mënuñulaa ray
Yaw yaa rëy ug may
Marhaba Bàmba !

Man jéemumaa roy
Ta jéemumaa ray
Damay fexee bay
Ca tool i Bàmba

Démb amoo maas
Tay ji amo maas
Do amm ëllëg maas
Kenn nga Bàmba

Defar nga képp
Defar nga lépp
Defar nga fépp
Bokkoo ci Bàmba

Sa lor ja dem na
Sab coono wéy na
Sab fay wi ñëw na
Du jeeti Bàmba

Saw ngàñ rot na
Saw tagg jot na
Te kañ la jot na
Ma kañ la Bàmba

Xare nga fépp
Dàq nga fépp
Wasal nga fépp
Noyal nga Bàmba

Kongo ña xam na
Gabong ña xam na
Maayombe xam na
Ni mbër nga Bàmba

Làmbarna xam na
Limberwali xam na
Mbaafali xam na
Ni jub nga Bàmba

Konaakeri’ki
Garàmbasaa’ki
Kablabisaa’ki
Ndar xamna Bàmba

Ndakaaru xam na
Waa Mbàkke xam na
Waa Dawme xam na
Ni lëf nga Bàmba

Waa dex gi gis na
Waa Jéeri gis na
Waa fépp gis na
Sa jëf ji Bàmba

Ta Yàlla gis na
Yonen ba gis na
Sahaaba ya gis na
Sa jëf ji Bàmba

Malaaka gis na
Jine yi gis na
Gaa yépp gis na
Sa jëf ji Bàmba

Teg nga sa tànk
Bile fu nekk
Ngir sopp rek
Yonen ba Bàmba

Def nga lu nekk
Wax nga lu nekk
Daj nga lu nekk
Ngir Yàlla Bàmba

Daa nga mosub ñax
Ba ngay mosub ñax
Amoo ludul ñax
Boobale Bàmba

Génn nga say kër,
Bàyyi sa waakër
Di saytu sab der
Yaw rekk Bàmba

Def nga ko ay at
Ta tawatoo it
Giñ naa ni yaa mat
Ab sang Bàmba

Dëkk ak i soldaar
Di bind akay waar
Yooyale soldaar
Def nga ko Bàmba

Ta bu ñu daa waaj
Ak a fexee maaj
Ngay jàpp akay waaj
Di julli Bàmba

Ñuy naan akay fóon
Nga ne ci saw yoon
Ta aw ci saw yoon
Ne patt Bàmba

Ba Yàlla xëy la
Dindil la loola
Fajal la loola
Ngay sant Bàmba

Dee nga ba dekki
Dox nga ba jekki
Yaw daal a tekki
Tekkil ñu Bàmba

Sa ngor gi rëy na
Njullit gi mat na
Sa fit wi rëy na
Naw naa la Bàmba !

Sa jëf ji rëy na
Sa jëf ji mat na
Ñépp gëram na
Sa jëf ji Bàmba

Yàlla gëram na
Yonen gëram na
Kune gëram na
Sa jëf ji Bàmba

Gëram nga Yàlla
Yàlla gëram la
Yonen gëram la
Wàcci nga Bàmba

Génn ci mbir yi
Ta jox la mbir yi
Nga saytu mbir yi
Moo dese Bàmba

Loo tere sànneef
Loo digle songeef
Foo nekk nekkeef
Lii gëne Bàmba

Joxnaa la saa mbir
Jébbal la saa mbir
Saytul ma saa mbir
Maa ngoogu Bàmba

Bakan dadi'b noon
Àddina di'b noon
Séytaane di'b noon
Musal ñu Bàmba

Ta moone bànneex
Ki tax, ku daa baax
Xëy ñàq ag baax
Móolu ko Bàmba

Yaw not nga say noon
Dàq nga say noon
Jàpp nga say noon
Tëj fàww Bàmba

Notal suñuy noon
Dàqal suñuy noon
Bu ñu gis ub noon
Mukkati Bàmba

Fegal nga say noon
Ba dàq say noon
Bawoo ci saw yoon
Luy doge Bàmba

Sa sox bi ñor na
Sa mbay mi ñor na
Sa jàjji bënn na
Safe nga Bàmba

Daane nga saw rab
Dagg nga say gub
Tabax sa teen ub
Robine Bàmba

Jekki di waxtaan
Ñu dila ñeetaan
Nga di ñu reetaan
Nga dese Bàmba

Jot nga bisiy mbég
Ak jamonoy jag
Sàqal sarax nag
Su yéeme Bàmba

Ngir jëmm i Yàlla
Ak gaay i Yàlla
Ñu topp Yàlla
Sarax ñu Bàmba

Sarax ñu am tib
Yaw mbaate ay tib
Mbaa junni bii tib
Tibbal ñu Bàmba

Tibbal ñu as ndab
Yaw mbaate ay ndab
Mbaa junni bii ndab
Yakal ñu Bàmba

Fobal sa jëmm
Ta fob sa jàmm
Ne ñu ko yomm
Ngir Yàlla Bàmba

# Nit ñaa ngi wer àddina'kay jaab a kay wuti yëf

Nit ñaa ngi wer àddina'kay jaab a kay wuti yëf
Bàmbaa ngi jekki di wut Yàllaa'ka wut ngëraman

Nit ñaa ngi caaxaan akay soowo'ka réere lu xew
Bàmbaa ngi sellal akay noppeeka xam fumu jëm

Nit ñépp a ngi tandalee kay làmbatoo ka fital
Bàmbaa ngi gis lépp akay def jëf ju wér ju ñu xam

Nit ñépp a ngi wayadee kay wacc u yiw aka ŋëb
Bàmbaa ngi way dengg ciw yiw teg ca Yàlla bëtam

Nit ñépp a ngii wuti surnaal ak di njumblaŋ u nit
Bàmbaa ngi ŋoy ci Boroomam rek jox ko mbiram

Nit ñépp a ngay diir i moy tay téq daal aka moy
Bàmbaa ngi diir i ngëram tay téq daal aka jam

Nit ñépp ngii soy akay ñàkk ug ndawal aki pal
Bàmbaa ngi jam fàww tay am nag ndam ak ndawalam

Man maa ngi topp ci ginaawam, wépp rab wu mu jam
Ma daw foral ko mu may ma'w lakk dolli ma gëm

Moo sàkku Yàlla ba am, moo daw ba raw lu ñu bañ
Moo dàq ndam la ba jot, Séytaane dem na mu dem

Moo jiitu gaa yépp ! Moo raw ñépp ! Kenn du ko jot
Moo sàng sang ya, moo dỉb sang ken du ko raw

Nun ñépp Yàl na nu may as ndam ci ndam yi mu yor
Ci yërmandéem ak ngëneelam lii di wéy ta du yam

Nun ñépp Yàl na nu may wërsëg gu wér gu lewet
Ak jàmm ak guddu fan ak wér ta teg ca ngëram

# Ngëneeli Àdduna ak Alaaxira ngi fi yaw

Ngënéeli àdduna ak allaaxira ngi fi yaw
Ku bëgg a jituy moroomam te mu fekk sila

Kuy kër-këree'ka wutug baax it fa waaju la moy
Amtil la muy kër-këree kay wut ta nuyusi wula

Yaa woote ngir Yàlla, nun ñoo ngii, ku gàntu torox
Ta yàggatil ba xolam sedd it ta wuyusi wula

Wootel a woote kudul dem Naari mujju ne « Hun »
Ba mel ne « hun » waande kay dem Naari déglu wula !

Bàyyil ka jëm naari muy tëx-tëxlu naa « duma gis –
Sëriñ ba ndax la mu xam, xam naako » ngir gëmu la

Ta Yaw ku lay weddi tay sax ak ka lay gëm a yam
Tànnefi waa penku ak waa soowu topp nala

Ku dof ba jekki ba naa « Man de siyaare ji wul »
Woroomi juddoo' ki xam-xam jug siyaare si la !

Tay garmi yaa ngi fi yaw, waadola yaa ngi fi yaw
Di mokk akay wut ngëram, kuy dof ba mokku wula ?

Woroomi daara la fii raamal akay taxanal
Sa diine wér na ku key linkaar itam safula

Yaa weesu ay lor ta weesu'y tuuma, ta weesu lu bon
Yëgal ne Yàlla mi ngay gonloo'ka xëy naxula

Ku nekk boole na Yàllaa'kas lëf it ndare yaw
Yaw Yàlla rek nga wut mootax ba kenn jotula

Dibéer akiy Aljumaa'ki ngondal ak mbindal ak
Baax ak i allarba yi yëf yaako dindi wala

Yaa boole guddee ki bëcëg Yaw ne Yàlla fobal
Lii tax mu jox la ngënéelam yépp nag ta jala

Yaa bay ta bayloo nu, tool ub Yàlla Yaa ko setal
Toolam bi sant na, waa toolam bi sant nala

Defar nga mbokk defar njàmbur defar nga murid
Defar nga ab doxandeem it Mbàkke Yaw fowula

Yaa jàll jalle ta may mboolo mi séen i mbébét
Ta jàpp haajooki lor faj kuy tawat gisula

Doo lor ta xamne ku lay lor Yaw nga may ko dërëm
Jéggal ko ngir Yàlla tay dof-dof lu, Yaw dofula

Ku dof du jéggale, day dóoreeka leble lu bon
Tay séenu pay gu rafet, kii déy ku dof tigi la !

Wutal nu ngir Yàlla tontub fépp fuñ mën a jëm
Nun yaa nu doy ba nu jug ngir Yàlla fekk sila

# Murid bu itte ja daanoo matul a waarati sax

Murid bu itte ja daanoo matla waarati sax
Ngir jom ja jee na, amul soxlaati far ci lu baax

Kuy waare, muy meccitookay randu, lëf du ko saf
Ludul ndox ak lal bu nooy ak ñam wu sell wu baax

Murid bu mel nile, matnay muslu fàww aka daw
Ngir day joxe'y ràgg akay wàlleeka tee nit a baax

Mat nay ragal, mat di daw waxtaanam ak barabam
Baaxul, ta képp ku kay déggal du jëm ci lu baax

Boo dee wut ug yokk, bul wéet ak ku itte ja rot
Murid bu itte ja rot, doo gis mu wax la lu baax

Bul yoqi, bul xaritoo'kub yoqikat wutal ub
Xarit bu yewwu, sawar, gëm Yàlla, bëgg lu baax

Ku yoqi day yàqe, mootax yoqi bon ku ko def
Du dem, du nangu ku dem, yaw dee ko moytu bu baax

Ku yoqi ab ëkk lay saf ndax du dem ta ku jug
Mu fél ko fàww, fasoo wul kenn làq lu baax

Nit ñépp bokku ñu yam, jëf yépp bokku ñu yam
Tànnal ci nit ñi ña gën, tànnal ci jëf yi lu baax

Bul ànd mukk ak kudul koo xamne kii dana tax
Ngay yokk itte, di yokk um xel, di yokk lu baax

Koo xamne kii ànd ngeen us lëf mu wall la lëf
Bul ñakku yaw ci ku bon, ñakkul ba jar ci ku baax

And ak ku yokk ci yaw as lëf lu bon-bon a gën
Ànd ak ku wàñña ci yaw as lëf, wayal ci lu baax

## Luy tee nga ñëw nima jaajëf fàww Yaalna ma moy

Luy tee nga ñëw nima jaajëf fàww Yaalna ma moy
Luy tax nga jog ni ma jaajëf fàww Yaalna ma dal

Sarax nga ña daa yalwaani ñépp ba koo ci gis
Mi ngiy saraxeekay sant, Yàlla na la Yàlla fay

Ta Yàl na la nangul jépp jëf joo mësoon a jëf
Musal la ci tiis ak lor yu bon, lépp faf la moy

Sa ngir mile Yàl nay dund fàww aka saf xorom
Sa taalub ngëram bii tàkk fàww ta dootu fay

Sa taalub ngëram bii Yàl na tàkk bërax ca kaw
Ñu soññ ña cay jaarooka teggi, ñu lagg wéy

Wutal nga ku nekk um ndox wutal nga ku nekk u ñam
Wutal nga ku nekk uw fas, fegal nga ku nekk u ay

Fegal nu'b layoo fàww ak la koy jur ba ñuy layoo
Na fekk nu jàll ak mbég nga faf nu layal ba yay

Ludul suñu mbég nay kumpa fàww ci nun bu rëy
Na nuy umpale'w ay fàww tay lump fàww i may

Ludul jàmm i biir ak biti Yàlla na nu dégg doy
Ca loolale ak bépp ub jullit bu nu bëgg céy

Na jàmm di nun ñuy jàmm fàww ba xamni nun
Fu nuy neeti faf dig léemu nag gu fa Yàlla suy

Suñuy jëmm Yàl nay jëmmi jàmm tay ak ëllag
Di mucc ak njariñ di'g léemu dëgg gu rëy gu doy

# Maryama Yàlla moo la móom

Maryama Yàlla moo la móom
Teg naa la fàww ci'b loxoom
Ba naala fàww ci'b loxoom
Loxoom a gën loxo'b kune

Lu mën di am jàppal ci moom
Lu mën di xew jàppal ci moom
Kon mu musal la fàww moom
Tay ak ëllëg ci ay wune

Yaa ngi fi Yàlla bul ragal
Ku ne fi Yàlla du ragal
Dara, ludul jàdd ndigal
Séenul a am mucc gune

Jàppal ci lii ñu la digal
Wéyal ci lii nu la digal
Xamal ni lii nu la digal
Moo gën ci yaw lépp lune

Séytaane kat dalay xëbal
Ta naa la "Ay dawal dawal"
Ngir bëgg laa génne ndigal
Dugal la ci'b àll bune

Bul déglu mukkati'y waxam
Bul geesu mukkati'y jëfam
Bul faale mukkati'y mbiram
Yàqal na kat gaayu kune

Bumu la nax bumu la fab
Bumu tàbbal it ci lëf
Bumu la génne it ci lëf
Ceddo la buy naxi kune

Am nga ndigal lu wóor a wóor
Ku am ndigal lu wóor a wóor
Na aw ndigal lu wóor a wóor
Bàyyiku am tono june

Lu am njariñ dafa jafe
Ta bala ngaa am lu jafe
Daj lu ñu naa aka jafe
Ta naa la moo "na nga ko mëne"

Koo xamne àttanul a jaay
Baay ak ndey ak maam ak nijaay
Jënde ngëram, du am ngañaay
Muñal ta wut ngëram lune

Muñal ta sant Yàlla far
Ndax mu fegal la gépp dur
Ta may la ndam jubal sa mbir
Gëram la may la may yune

Farlul ci waxtuy juróom
Tay jàpp boo mënul nga tiim
Ta jublu nag ci sa boroom
Fàww ta jéem a gën kune

## Yaw rekk a am solo, aa cam jox ma sab loxo man

Yaw rekk a am solo, aa cam jox ma sab loxo man
Nu ànd wéy, ku la am sottal na yaa di ngañaay

Yaw yaa di Gàmmu ci aw nit di'b tabaski ci mbég
Di ab nawet ci'y njariñ, rusloo nga taax aki njaay

Yaw ab xarit nga ci nun, ag Tamxarit nga ci nun
Séet ub ngëram nga, bu ñëw, may ñépp, fal kune, saay

Nun ñoo di sa'm topp, ñoo lay topp, may nga nu ndam
Ba noppi far nu gëram, Yàllaa rafet ci sa waay

Mbooleem ku yegsi nga jug toggal ko togg bu jub
Jaxas ndawal, ràcc say dab, sif ba noppi ni kaay

Sab woote rekk ay jariñ, foo toll woo ma ma ñëw
Nga jañ ma ràcc bu sedd ub xol, tofal ca cifaay

Yaa teggi lor yi ba mbooleem lor yi set ni welas
Nga jox nu nuy jariñoo'kay sant yaa gën i baay

Gëram nga Yàlla bu wér, moom it gëram nala kat
Ñéppam gëram nala it, ngir yaw da ngaa bañ a aay

Yàllaa la jàpp xamal boppam, yabal la nga ñëw
Xamal ko ñépp, asal, toolam bi tee nga mu ñaay

Defar nga toolam bi, jox baykat yi añ bu rafet
Koo séen a ngii sànni gopp ub cant, yaa saf i gaay

La deefi wut lépp a ngii tay jii ñu denc fi yaw
La deefi wut nekkatul Màkkaaki Faas aki Xaay

Fu as njariñ mës a nekk ak bàrke, jug na fa tay
Ay xott a des fépp, yaw mii dong yaa di ngañaay

# Jàppal sa dund bi dundal lépp ak jëf i yiw

Jàppal sa dund bi dundal lépp ak jëf i yiw
Ta waxtu woo deful uw yiw, ray nga waxtu wa yaw

Ngir waxtu jëmm la jëf nag moo di ruu nga, ndegam
Defoo ca lëf, waxtu way ab ëkk kon bu taxaw

Ta waxtu woo lebal uw yiw kat bu saa taxawee
Nga seeru waxtu wa jug ñëw fay la woowale yiw

Ta yaa ngi nii waxtu yaa ngii nag di romb fi yaw
Loo def ci ñoom it ñu naaw ak loola yóbbu ko kaw

Loo bëgg a làq ëllëg, gaawal ci leble ko tay
Di séenu loo leblewul ag ndof la mbaa yëfi ndaw

Ta gis nga waxtu wu dee taw lépp loo bëgg a am
Doo def ludul fab ko daal koy tex ca boobale taw

Loo bëgg tex ko mu sax, loo soxlawul bu ko tex
Ku tex lu bon, bu saxee doy koo xalaat aka daw

Tuubal bu wér la nga daa def lépp yaw ci lu bon
Ngir tuub a fii tax a jub, bañ tuub a fii tax a bew

Ta loo moyoon ba la sànni'g moy waree ba fi saa sii
Boo ko tuubee ta sellal daal di jot ku la raw

Ta daal di jot wépp yiw woo xamne daa na la raw
Ta daal di bokk ca gaa yay dem ci péey aka ñëw

Lii waaye nit du ko jox boppam ta gaa ya ko am
Da ñoo bawoon seen i mbir ak Yàlla ñoo gën a ñaw

Ta topp nag seen i sang ak Yàlla melni ku dee
Di sant akay aw ndigal, yewwul ta roy ñile yaw

## Murit dëgg seeyal ci sab sang yaw

Murit dëgg seeyal ci sab sang yaw
Ndegam bëgg nga sab Sang xëy fab la naan

Xamal yaw ni suukar bu seeyul ba jee
Xelum kenn nit kat du daj fab ko naan

La ndox may fasoo kay la suukar fasoo
La ndox may fasoo waxtu wuy am ñu naan

La suukar fasoo mel ni ab doj ta saf
Te looli du am mukk seeyal ñu naan

Na ngay dëëre ni'w doj ? Di gaw sab sëriñ
Ku sab sang naanul asal doo ko naan

Li tax nanguwoo seey a tax sab sëriñ
Du nangoo jòg it fab la moom it di naan

Ku seeyul da di'w doj te nit nag du dof
Ba jòg jàpp aw doj di yëngal di naan

Ndegam bëgg nga sab sang seeyal ba jee
Mu am la nga am ko, nga naan it mu naan

Ku seeyul ba jeex tàkk sag cafka des
Ku sag cafka des tuuti doo neex a naan

Murit dëgg seeyal ba jee tàkk yaw
Nga di'm ndox di suukar ba far neex a naan

Te sa'b sang kay doo ko saf mukk yaw
Te seeyoo ba di'm ndox mu yëngal la naan

Ku seeyul du saf waa ji seeyal ta saf
Te saa soo safee sab sëriñ fab la naan

Murit bub sëriñ naanagul, seeyagul
Bu seeyee sëriñ daal di koy jàpp naan

Te suukar bu seeyul, ku naan it du saf
Dofay jàpp suukar su seeyul di naan

Balaa taalibee xëy di kenn ak sëriñ
Di mbubbam di jëmmam, sëriñ fab ko naan

Sëriñ nag ku seeyul ba jee tàkk far
Ci biiram, xelam kat du daj fab la naan

# Lar ub Yàlla bii yaw mii na ngay ñàkke lenn lëf

Lar ub Yàlla bii yaw mii na ngay ñàkke lenn lëf
Ta sab sang gën mbooleem ñi gën ñépp, ñaani ko

Ku sab sang yor suuf ak kaw ak fépp, xëy yilif
Kajoor ak bawol, jombul ci yaw, fal gi raasi ko
Ku sab sang xam, am, sañ, ta mën tee nga sant, bég
Ni xërr ludul moom ak mbégam nag ta faale ko

Na ngay ñaawe yaw mii njort akay séenu jenn lor ?
Ta sab sang fal mbooleem bañam yépp, xaari ko

Na ngay séenu fàww fal bu ab jant fenkatee
Bu ab jant soo ngay séenu ndam ba fanaane ko

Bu lëf mën a tax ngay naagu yërmànde senn saa
Lu lay bëg a yët ag naagu, dàq ko, aaye ko

Sa sang bi moo mat ndax deful ku lor ak njariñ
Di jublu, njariñ ak lor du jolli ba laali ko

Dafay musle ci'y lor daal akay mosle ay njariñ
Nde doylu na wëlis muslu ak moslu, waati ko

Du mos lor, du mos aw yiw, lu jombu la ci'y mbiram
Mbiram ëpp na'm xel Yàlla na bégle ta gaawe ko

Ludul jëm ci moom ak jox ko say mbir amul njariñ
Amul aajo, ñàkkul lëf ta ab tab la, laaji ko

Demal ni ko mayma'g pal gu rëy, fab ma teg ci kaw
Samay kem bu wér, siiwal sama'w tur, wesaare ko

Demal ni ko may ma'g mucc ak musle fàww man
Mu jébbal la mucc ak musle lii rëy, dagaani ko

# Yaa gën alal gën u nit, fab naala wettalikoo

Yaa gën alal gën u nit, fab naala wettalikoo
Fab naala mottalikoo, amnaala, dootuma bon

Sarax nu donga yu dootul jeeki teen aki mbég
Ba kuy dem ak képp kuy ñëw far ni képp fi man

Koo xamne jug na fi man, wuutal ma kookale yaw
Rooful ci man ak ci saa waakër ta may nu kàttan

Roofal ci nun bàrke ak tawféex akub rafetal
Ak canti Yàllaaki ndollen ak nawet bu yëwén

Feesal nu dell aki teggiin ak ngëram aku yiw
Ak jëf ju yiw ak rafet njort ak tabeeki galen

Leeral nu leeral suñuy xol, leeralal fu nu jëm
Leeral fu nuy nekk, dàkkul nu'g tawat aki fen

Tàbbal nu fàww saxaar ub mucc, far nu ca tëj
Nuy mucc akay wéy ba dem Firdawsi, wàcc fa nun

Da ñoo tilim, bon, ta yaw ngay dex gu yaa, gu lewet
Laabal nu, baaxal nu, def nu'y ron yu sax fi sa ron

Njegam da ñoo bon ta suufee suufe bay bëg a dee
Yaa tax ña jëm kaw a jëm kaw, may nu ag kawe ren

Ta may nu yëkkatikug mbég ak ngënéel aki ndam
Teg ca’g wér ak guddu fan ak muccu, def nu nu gën

# Yaw yeete kat bile, yewwul yaa ngi yeete ba far

Yaw yeete kat bile, yewwul yaa ngi yeete ba far
Dolliy nelaw ngir da ngaa nar kenn dootu nelaw

Loo yeete yeete du tee ñii yewwu, ñii di nelaw
Ñii yewwu, delluy nelaw, ñii dëkk far ci nelaw

Ngir Yàlla yeete na, Yonnenam ba yeete ba dem
Sëriñ bi yeete, ta teewul, jopp a ngii di nelaw

Xamal ni kuy nelaw ak kuy yewwu fàww mu am
Foo toll gis ku ñu yee, foo toll gis ku nelaw
Doo ñàkk a gis kuy nelaw doo ñàkk a gis ku ñu yee
Mbooloo du yewwu ba daj, mbooloo du bokk nelaw

Yëgal ni silmaxa ak njàccaar a fii xal a am
Kuy dellu ci'y nelaw it, bul dellu yaw di nelaw

Ku bëgg ñépp gis, yaw rekk a silmaxa far
Ku bëgg a yee képp nit yaw daal a far di nelaw

Yewwul, amaana nga gis kuy soññ ñépp aka yee
Ba ñépp yewwu ta kat moo ëpp ñépp i nelaw

Danaa la jox sax misaalum kaw mu fés mu rafet
Ta dëgg déglu ko ak sab xol ta tuubi nelaw

Aw njur la ñuy daase saatu's wat ba saatu sa wat
Ta xamni njur wa du wat, ay tuut a ñàkk nelaw

Ku nekk fi'w nit ta yor aw ñam, na lekk ta jox
Ku nekk mbaate mu bokk ak nit ña, kon du nelaw

Bul def ku dof, saytu aw ñam rek, doy na ko ndam
Ku saytu ñam wu mu lekkul tay damooka nelaw

Sëriñ bi Yàl na nu may aw ñam wu sell wu ñuy
Mos fàww akay mosle tay yewwooka yee ku nelaw

Tëj naa samay mbir ci gaalug Bàmba fàww bu wér
Tëj naa ci saa jëmm tay muslu fàww i nelaw

Man tàbbi naa ci saxaarug Bàmba ak sama ñoñ
Mo ñuy musal bu nu yewwoo fàww mbaa nu nelaw

Def naa ko ag léemu, léemoo naako nag sama kër
Léemoo ko saa waakër ak saa bopp man ki nelaw

Def naa samaw nit ci biiram def ci saa bakan it
Yàl nañ fegal lori gaa yii yewwu ak yi nelaw

Ta dénk naa ko ku may yàkkaar akay wut a xam
Ta Yàl na yee ci'y nelaw mbooleem julit bu nelaw

Teg naa it sama digganteeki tiis aki lor
tay ak ëllag Yàl na feg tiis ak lu bon ci nelaw

Ta jàpp naa ko sangee saa bopp ak sama jëf
Ak saa kër ak sama waakër ak murid bu nelaw

Ta Yàl na may ndimbal it koo xamni may na nu nun
Ndimbal ta boolee nu yee fàww it ci jépp nelaw

# Sëriñ bi yaw ki ame'y xarbaax aki kemaan

Sëriñ bi yaw ki ame'y xarbaax aki kemaan
Sarax nu dëggati ay xarbaax aki kemaan

Ku mës ne ñokket fasoo feeñal ayib ji ci nun
Nga daal di nuy dikke ay xarbaax akii keemaan

Budul kon ak yaw nu gis bon gii ni gumm ci man
Yaa tee nu seeru ci man mii bon gu doy keemaan

Sàngal samag bon ta sàngal ñépp seeni ayib
Bu kenn seeru lu bon, yaw daal a mën keemaan

Fab naala sànge samag bon fab la sànge bonug
Ñi lay gëm ak ñi ma doyloo, dolli nu'y kemaan

May nooti xarbaaxi mbég yoo xamni bette na ak
Keemaani cant yu rëy, doo jeele yaw keemaan

Màngal lu ñépp ne ngéej ak mucc fàww gu wér
Ni xëpp benne ci nun yaa mat lu doy keemaan

Nun ñoo di say bànd feesal ñooti dell ci kun
Nit ñépp xëy fekk ñuy rembat akii keemaan

Na xol yi fees aki mbég kër gépp fees aki mbég
Waakër gi fees aki mbég dell lu mat keemaan

Ndimbal lu rëy laa la ñaan ak xol bu sedd bu set
Ak fan wu guddu wu nee faa wii fanay keemaan

Ta saa digg ak yaw na wér, leer it ba àjjana far
Ba ñépp naa bii diggantee mat ndaxam keemaan

Yëram nu wallu nu, yaw sag wall daal a rafet
Day bett, noppale, neex it nag ba doy keemaan

# Yàl naa gëram Yàlla ak Yonnen ba sant Sëriñ

Yàl naa gëram Yàlla ak Yonnen ba sant Sëriñ
Tuubaa gëram ko ta doyloo fàww li nu ma may

Ku am yëfam fab ca lëf jébbal la, sant a ca war
Ag doylu moo rëy, ku am ag doylu am nga lu rëy

Ta képp képp ku ñàkk ug doylu ñàkk lu rëy
Ku ñàkk a sant lu tuut it ñàkk a sant lu rëy

Xam ay jur ug cant fàww ak doylu Yàl na nu xam
Réer ay jur ug tawat ak bon fàww Yàl na nu moy

Ag réer a bon ku ko def, ag may du rëy fi bëtam
Ku yewu nag ag mayam day rëy fi moom aka doy

Bul teg sa bët ca ña seen ug jur labal la nga am
Ci'g jur, xar ak gaynde ñoo yam, koo gis da na ray

Tegal sa bët ca ña sag jur ëpp jur ga ñu am
Kon jàmm am gëram ak santante am, nga ni céy !

Àddina kenn matu cee ñee kalal (?) sa mu am
Ña dëddu àdduna wéy ñoo mat di ñee aka roy

Àddina kenn matu cee ñee, koo ci gis la mu am
Lu rëy rëy it  xaajukoo doy, ñépp ak bokk ni woy !

Ndaw ñépp a bokk ni woy, mag ñépp a bokk ni woy
Ku dee fi ñee ma nga naa fi’s rukk « wuy sama ndey ! »

Kuy moslu fàww mu xul, kuy mosle fàww mu xul
Àddina moo di kërug ay, kenn ñàkku ci ay

Nun ñépp Yàl na nu doyloo Yàlla am lu nu doy
Ni dàkk ci’g cant doyloo fàww lii nu nu may

# Buurub Aras def moroomam rekk a jomb

Buurub Aras def moroomam rekk a jomb, ludul
Defub kemam loola man naa ñàkk a am, man a am

Lu dul di jëmm ja loolag may la, jombul a jis
Ci ab laram, jis laram buy moom a jomb ndaxam

Mayam gi nag li mu rëy rëy rëy amaana nga am
Amaana yit doo ko am, dig waa ngi ñépp a ci yam

Du yàgg yàgg ba yaw ngay Yàlla mukk, te kat
Du yàgg yàgg ba Yàllay yaw, wutal ngëramam

Moo féete kaw, féete suuf ak fépp, féete ko yaw
Cig jaamu fàww te sax cig cant sax ci mbégam

Bul yóotu mukk palaasub Yàlla jomb na lar
Bu nekk, yóotul ngënéelam yaw te ñaanu yiwam

Moo tedd, moo tabe, man naa fab yiwam wu mu am
Jébbal la lépp nga dib jaamam bu saytu yëfam

Lu nekk man na ko biir'ak bitti waaye du tax
Mu def la mukkub kemam, lii man-manam du ca jëm

Li Yàlla man doy na sëkk ak barke, Yal na nu jox
Mboolem lu jombul a am ciw yiw te ful suñu gëm

Moo màgg mbir, moo di buurub dëgg Yàl na nu di
Dagam bu bépp ub dagam ñee muy gëram di yëram

Nun ñépp Yàl na nu raw ay wu'b laram mës a raw
Ta am ci baaxam gi nag yiw wu'b laram mës a am

# Jugal ta dem, ku nar a dem danala jot

Jugal ta dem, ku nar a dem danala jot
Moo gën di waareeka xulooka woowu nit

Waaral sa bopp yaw ta waar it kula jot
Kula gisul bàyyiko muy def la mu jot

Yàlla laram bumu fasoo jubal mu jub
Bumu fasoowul a jubal, booba du jub

Yonen ba jub na, kuko topp jub na
Séytaane bon na, ku ko topp it bon na

Sëriñ bi gën na, ku ko topp it gën na
Ngiram mi it jub na, ta yaa na, wér na

Bind na wax na, def na, digle aw yiw
Ku jekki nag, melni ku tëx, sa bopp yaw

Ku réere Yàlla, réere waayi Yàlla
Moo jaa ku koy rammu ëllëg fa Yàlla ?

Ku toppatul Yàlla, na toppi waayam
Mbaa lu ko dal bumuko xul fa laa yam

# Yaw ngën ji wéttalu bët tay ngën ji wéttalu xol

Yaw ngën ji wéttalu bët tay ngën ji wéttalu xol
Nekkal di wéttalu saa bët fàww ak sama xol

Ta donte waa penku ak waa sowwu ñëw na ñu tay
And ak man it, bu ñu tax mbég tàbbi sax sama xol

Saa gët yi nay ja ci yaw, saa xol bi nay ja ci yaw
Saa cër bu nekk nalay béglooka daw ci ndigal

Bu nit ñi dee denci ay soxnaaka fàggu dugub
Di jëndi fas aka war tay dox di denci alal

Naa denci man sa ngëram, tay fàggu nag sa ngëram
Tay jënd it sa ngëram yaw mii ta jàpp la jël

Naa raw ñi lay sopp raw mbooleem ñi lay jox i yëf
Raw gaa yi lay jëfal it, raw gaa yi kenn jotul

Ta jox ma nag itte juy jëm kaw li kaw, rëy a rëy
And ak wér ak gudd fan ak ndimbal ak rafetal

Sakkal ma bunt bu lëf xalseet a dox di ma lor
Ta may ma nag lu nu may soppeeka ñee, yëramal

Yëram nu, jagle nu yërmàndeeki yiw ta dogal
Ci nun lu sedd suñub xol fàww ful nu te fal

Baril nu, yokk nu biir ak biti, ful nu bu wér
Ta fal nu tundu ngëram ak bàrke fàww, defal

May ñooti, jox ñooti, sellal ñooti, yeeti nu nun
Yeeteg ngëram ndax nu far gëmlaati, yaa nu soxal

Gëm yépp nay dollikookay jëm kanam bu rafet
Ta itte yiy yokk nit ñiy sante jëf aki xol

# Ci bunt bi laa xalseet a nekk ba dee fi man

Ci bunt bi laa xalseet a nekk ba dee fi man
Te loo wax wax ak loo noppi ma sax fi man

Fegal ma kudul yaw fàww akas mbuntam ak yëfam
Ta doylul ma wëllis gaa yi bon yépp ak yi gën

Falaŋ naa kudul yaw fàww akas mbuntam ak yëfam
Ta jublu ci yaw fàww ak sa bunt bi, fal ma kun

Ta def ma ku yokkoo yokku yokk gu ñépp xam
Musal ma ci gépp ub jëm ganaaw ak lu jëm ci bon

Ta may nu ci sag tab yaari àjjana may gu wér
Nu am jur gudul xaaj ak ngëram, sut ku nekk u fan

Wéral nu ci yaw ceng it ta may nu wér ug yaram
Nu ëpp ci nit ñi nit ñi xaalis ak diine far ca mën

Ta àddina jii mbooleem ku rëy ku ci dee fi ñee
Na waññiku ñee ñoo ñee ba jébbalu faf ci nun

Bu bis pénc baa mbooleem ñu rëy ñu fa dee fi ñee
Na ñuy ñee suñuy dongooka làqu ci seen i ron

Ta tin ma ci saa bopp ak ku jàpp ci man bu wér
Ta tin nu ci ñéppam def ma fàww ku dee fi tin

Ta jéggal nu jéggal gaa yi nuy topp seen i moy
Ta far seen i moy yépp suñuy moy, fegal nu fen

Yëram nu ta nangul nu mbay mi, nangul nu jépp jëf
Ta nangu çli ñuy ñaan ak li ñuy jox ñi ñuy gétën

Musal ma ma ci gépp ug nattu, dàqul ma ay wu jug
Mu teggi ma gépp ug teggi, teggi ñi sës fi man

# Bu nuy dem, bu nu jekkee, Yàlla yaa ngi fi yaw

Bu nuy dem, bu nu jekkee, Yàlla yaa ngi fi yaw
Ta dénk naala ginaaw it ak kanam, taxawal

Kuy tukki, dénk la boppam ak këram, da na bég
Ci boppam ak waakëram, ñoo ngoogu, far nu ñoŋal

Loo nëbb deesuko gis, loo saytu deesuko fab
Loo denc deefu ca dem, koo wattu, lëf du ko dal

Doo gëmm, doo xef, ta doo sàggan, faroo di nelaw
Doo fàddu, doo wuute lëf, luy am nga yëg, musalal

Lu ñëw ci nun ta du jàmm ak cant, waññiko far
Mu daal di jëm ci ñi ñuy xañ jàmm akay xadadal

Ta def nu xejj ub Sëriñ Tuubaa bu sedd xolam
Bu koy bégal fàww akay reelooka sax ci ndigal

Ubbil nu wunti mbégam, tàbbal nu néegi mbégam
Suñub diggante, bu fi's lëf am lu koy tilimal

Ta jàpp naa sama digg ak Bàmba dénk la nag
Leeral ko, neexal ko, far sellal ko, far ko jubal

Fu ñuy nuyóo, na ni teqat ree nu bokk di ree
Ta bokk sant mu sedd ub xol, seral suñu xol

Def nu'b laram, def nu ab soppeem akub xaritam
Def nu'b loxoom it bumuy tibbeeka sex, di sexal

Def nu'y gëtam fàww akii tànkam ta boole nu raw
Ni'b goj nu def kenn kuy rusloo juróom u kuréel

Def nu'b xolam fàww akii noppam yu dégg ndigal
Ta may nu nag ci ngënéelam ag way ak rafetal

Ta def nu boppam ta def nu'w làmmiñam wu rafet
Mbooleem lumuy aajo lépp it naa ko cay taxawal

# Sëriñ baa ngi ànd ak nun di xool aka sàmm daal

Sëriñ baa ngi ànd ak nun di xool aka sàmm daal
Ku jëm ci nun ak loo xamni neexul mu femm daal

Ku jëm ci nun ak loo xamni jub na, mu teg ca kaw
Demul fenn, kuy def lëf ba tay jii, mu fay ko daal

Da ñuy nduru jur gu'b sàmm nekkul ta wépp rab
Wu cay bëgg a def lëf, sox ba tàkk, mu daanu daal

Ta sàmm bu deeful seeru lëf ndare ab soxam
Gonee koy ñemeñ, tay ñépp a mëytu juram gi daal

Deful tay ku nuy riisooka teg bët di wax mu wax
Gëm ak xol a koy riisooka gis, wax, mu tontu daal

Gëm ak dëggal ak wóoloo la cay yeggaleeti tay
Ku làmboo fen ak ngistal du yegg ca Yàlla daal

Ci Yàlla akub Yonnentam ak Bàmba laa jëmoon
Di yóotu lumay yóotooka ñoddeeka féq daal

Bumay kërkaree kay féq akay ñoddi saasu jot
Ba dee mbaa am saa xol bu sedd, ma sant daal

Ku am goj bu jot moo jaa na muy fabe ab gojam
Di fas ci beneen ub goj di saf waa ju mànke daal

Ku gis fu mu jëm, moo jaa na muy fabe ay mbiram
Di jébbal moroomam ñuy weranteeka xaste daal ?

Ku jëwriñ jox uw sas, sas wa jeexul, lumuy dooyee-
Ti kuy sas ak uw sas xanaa ñàkk fulla daal

Lu ñuy jaamu biir ak biti, Yàl na ko Yàlla fab
Ta boole nu fàww ak ndaw si gën ndaw su nekk daal

# Sarax nga ña daa yalwaani ñépp ba koo ci gis

Sarax nga ña daa yalwaani ñépp ba koo ci gis
Mi ngiy saraxeekay sant, Yàlla na la Yàlla fay

Ta Yàl na la nangul jépp jëf joo mësoon a jëf
Musal la ci tiis ak lor yu bon, lépp faf la moy

Sa ngir mile Yàl nay dund fàww aka saf xorom
Sa taalub ngëram bii tàkk fàww ta dootu fay

Sa taalub ngëram bii Yàl na tàkk bërax ca kaw
Ñu soññ ña cay jaarooka teggi, ñu lagg wéy

Wutal nga ku nekk um ndox wutal nga ku nekk u ñam
Wutal nga ku nekk uw fas, fegal nga ku nekk u ay

Fegal nu'b layoo fàww ak la koy jur ba ñuy layoo
Na fekk nu jàll ak mbég nga faf nu layal ba yay

Ludul suñu mbég nay kumpa fàww ci nun bu rëy
Na nuy umpale'w ay fàww tay lump fàww i may

Ludul jàmm i biir ak biti Yàlla na nu dégg doy
Ca loolale ak bépp ub jullit bu nu bëgg céy

Na jàmm di nun ñuy jàmm fàww ba xamni nun
Fu nuy neeti faf dig léemu nag gu fa Yàlla suy

Suñuy jëmm Yàl nay jëmmi jàmm tay ak ëllag
Di mucc ak njariñ di’g léemu dëgg gu rëy gu doy

# Yaw miy ligéeyal ku bëggul lëf sa xel bumu dal

Yaw miy ligéeyal ku bëggul lëf sa xel bumu dal
Loo def def uw yiw mu mën laa sànni sànni sa jëf

Ngir moo la bind ta moo bind it sa jëf yi nga jëf
Koo xamni kii moo la may ay yëf, du soxla sa yëf

Ku sàkk sab sàmm ak sag jur ba noppi di fay
Sa sàmm boobale lëf, sag baax a kat nde du lëf

Jëfal ta bul naw sa jëf, bul xeeb itam ku jëful
Yàllaa ko def ak la muy def, def la ak li nga jëf

Yaw mii defoo li nga def, moom it deful li mu def
Loo xeebe kenn aka naw say jëf, waxal, mbate dof ?

Nit ndab la, ndab nag du fab boppam di yatt aka duy
Boroom a koy yatt duy koo’kum ndoxam mu ko saf

Jàppal sa njàmbur gi yaw mii, jépp jëf yi nga jëf
Ak jëf yi mbooloo mi jëf, ngir Yàlla daal a ko jëf

Ndegam da ngaa yëg ni Yàllaa def jëf ak ka ko jëf
Moo tee nga far jàpp sag njàmbur ta noppalu faf

Ndab yaa ngi nii fees a fees ak ñam yu wuute ba dee
Ku def ludul jàpp sag njàmbur ci ndab yi, suruf !

Ndab lii ngi def mbeqi lii def ay tujal, lile ndab
Defum sibet, lile def ab ràcc nag bu ñu sif

Yaa ngii fi ndab yile nag, bul boole, bul hayibal
Rusal ki yatt i ndabam, xëy def ci yii mu ci def

Ndab loo ci sikkal mu mer, ndab loo ci tagg mu bég
Taggal ko ndab yile ngir ndab yii di jëf yi mu jëf

Njegam da ngaa bëg a roy nag kon dëgg na nga roy
Koo xamni kii seen i ndab ñoo bokk ñam wu ñu def

Koo xamni kii yéen a bokk ub teeru, bokk ca jëm
Mën ngeen a ànd di wéy bokkii waxiin aki jëf

Koo xamni nag bokku léen ub teeru boo ko gisee
Muy génn akay wàcc, tàggoo leen i wax aki jëf

# Murid bu dàqee yenentii yëf ñu génn xolam

Murid bu dàqee yenentii yëf ñu génn xolam
Mu tàbbi péeyub Boroomam ànd akub Sëriñam

Yenenti yëf yii ma lay wax nag xarit mingi nii
Sa bopp ak képp ak lépp ak fu dee fi xalam

Kuy tàbbi taaxum Komàndaŋ sax du ànd aku nit
Njegam nangoo wul a tàggoo nag du dem, du ñu dem

Njegam Komàndaŋ a bañ lii, gën ka bind Aras
Subhaanahu jaayal ub bokkaale jënde ngëram

Jug jëm ci bunt ñu fab ay yat ni kee bumu ñëw
Luy tax mu am dee ko daw ndax ngën ji bunt nga jëm

Luy tax nga tàbbi ca buntub Yàlla génn aki ndam
Lu metti metti defal, bul sib lulay jox i ndam

Ta naaju mbay li mu saf saf muñ ko muñ gu rafet
Moo gën di xaaraani sab nawleeka bëgg i yëfam

Dénkal sa xol bile ak say cër sa sang bi kon
Sab xol di fas ngëramam, say cër di jëf ndigalam

Sab sang tëj ko ci sab xol bul nangooti mu dem
Ku'b sang génn xolam Séytaane tàbbi xolam

Xol kër la gub boo ko seete fàww fekk ca lëf
Ta loo ca fekk bu génnul, lée mu woowi kemam

Yaa ngii sa xol baa ngi nii dee ko seet aka yër
Lu bon lu ciy duggu, boo dàqul mu def ko këram

Bépp ub murid bu fasoo jël ndam na génne xolam
Mbooleem lu cay yar yareekay daw ludul Sëriñam

# Da ngay maye rekk uw yiw ku ñuy dégg yaa ko may

Da ngay maye rekk uw yiw ku ñuy dégg yaa ko may
Ta yaa may ku ñuy gis ndollen ak may gu sedd xol

Malaaka ya ak Yonnen ya yaw daal a tax ñu am
Lu rëy la ñu am, baaxal nu may nu ci ñoom i pal

Sahaaba ya ak mbooleem waliyu yaa waral
Ñu mel ni ñu mel, fàggul nu tawféex akub jubal

Sëriñ sépp sépp ak seen i taalube yaa waral
Nu raw seen i kem jël ndam faral jox nu ndam nu jël

Ñi xam ñépp ak mbooleem ñi am ñépp yaa waral
Ñi xam, am, ta sikkoo lii ma lay wax, ku lay manal ?

Fu lëf nekk yaa tax, ñépp ndab la ñu, koo ci duy
Mu fees ak njariñ, feesal nu dell ak lu ñuy bégal

Da ñoo bég ci yaw ngir bind gii nga nu bind nun
Ba noppi xamal nu's lëf ci yaw ak ci sab dogal

Gëram na nu ngir sax gii nga fiy sax ta doo fi jug
Ni deng ak sa nguur ak say njariñ, ku la saf nga fal

Asal yaa di Buur ub dëgg dëgg gu ñépp xam
Jugoo fi, mësoofee jug, te doo fi jug it asal

Lu mën di xew ak luy am ta deewoo du wenn ay
Musal nga nu ci'w ay fàww, Yàl na nga nuy musal

Ludul moy la rekk ak Yaw mu dee jàmm laa'ku yiw
Fegal nga nu sag dee, sag moy it bu mu ñëw fegal

Na ñuy mucc ci'g moy ak lu bon ni nga mucce Yaw
Ci woppaki dee, sàkkul nu xarbaaxi mbég yu tal

Ta mbooleem lu ñuy jañ Yàl na dem dem gu sedd xol
Lu ñuy ñoddi lépp it Yàl na ñëw ñëw gu sedd xol

**Abonnez vous sur notre**
**chaîne Youtube**

**Fils du célèbre érudit Xaali Majaxate Kala, Serigne Mbaye Diakhaté naquit en 1875 dans le Kajoor. Héritier d'une tradition savante, il fut très tôt attiré par la voie spirituelle de Cheikh Ahmadou BÀMBA, qu'il servit fidèlement pendant plus de vingt ans, de la Mauritanie à Diourbel, en passant par le Jolof.**

**Envoyé à Xuru Mbacké en 1918, village devenu sanctuaire, il y vécut dans le recueillement, l'enseignement et l'écriture. Poète soufi et pédagogue, il mit sa plume au service de la formation spirituelle des disciples, abordant dans ses vers les pièges de Satan, l'amour de ce bas-monde, l'oubli de Dieu, les exigences de la voie mouride …**

**Ce recueil réunit une sélection de ses poèmes très profonds, reflets d'une vie de dévotion, de lucidité et d'humilité. Plus qu'un héritage littéraire, ces textes sont des balises pour quiconque aspire à cheminer vers Dieu.**

La chaîne Serigne Mbaye Diakhaté a été créée en mars 2018 pour diffuser les enseignements et la pensée des premiers disciples de Seexul Xadiim. Ce travail s'inscrit dans une continuité : après la publication de la V2 en février 2020, cette nouvelle édition paraît le 16 juin 2025, pour marquer les 77 ans de la disparition de ce grand érudit.